# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ общественно-политическэ журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ, ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2014

# Псалъащхьэхэр

*КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

**КIыщокъуэ Алим.** Си илъэсищэ. *Усэ* ........ 3

**Публицистикэ**

**Гъут Iэдэм.** Лъэпкъым и набдзэ........ 5

**Прозэ**

**КIыщокъуэ Алим.** Хъуэпсэгъуэ нур. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*.... 15

**Усыгъэ**

**КIыщокъуэ Алим.** *Усэхэр* ........ 33

**Прозэ**

**КIыщокъуэ Алим.** Нал къута. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* ........ 38

**Усыгъэ**

**КIыщокъуэ Алим.** *Усэхэр* ........ 59

**Прозэ**

**КIыщокъуэ Алим.** Лъапсэ. *Романым щыщ пычыгъуэхэр* ........ 67

**Публицистикэ**

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Шум и гъуэгу........ 87
**Къэжэр Хьэмид.** Насып мыухыр зи гуращэ........ 90
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Тхыдэр и лъабжьэу........ 99
КIыщокъуэ Алим хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 106

**Усыгъэ**

*КIыщокъуэ Алим теухуа усэхэр*

**Тхьэгъэзит Зубер.** ПсэупIэ. *Усэ*........ 112
**Елгъэр Кашиф.** Алим и унэр. *Усэ*........ 113
**Гъубжокъуэ Лиуан.** Мазэ ныкъуэ нал. *Усэ*........ 114
**Къагъырмэс Борис.** Бгъэ хабзэ. *Усэ*........ 114
**Бицу Анатолэ.** КIыщокъуэ Алим деж. *Усэ*........ 115
**Тхьэзэплъ Хьэсэн.** «Тызолъхьэ уанэ си шагъдийм...» *Усэ*........ 116
**КIэмыргуей Толэ.** «Си сабиигъуэм и утыкур...» *Усэ*........ 116
**Къэжэр Хьэмид.** Шу закъуэ. *Балладэ*........ 117

**Публицистикэ**

*КIыщокъуэ Алим теухуа гукъэкIыжхэр*

**Мэзыхьэ Борис.** МылIэжыныгъэм и жьантIэр зи хэщIапIэ........ 121
**Елгъэр Кашиф.** Апхуэдэр зырызт ........ 133
**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** Жагъуэгъу и куэдт........ 138
**КIыщокъуэ Хъамсинэ.** Гуауэри гуапэри зэдэдгуэшырт........ 144
**Бицу Анатолэ.** Уахътыншэ........ 150
**БищIо Борис.** КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэр........ 157

**Мыз Ахьмэд.** КIыщокъуэ Алим теухуа псалъэзэблэдз........ 166

КIЫЩОКЪУЭ Алим

# СИ ИЛЪЭСИЩЭ

**Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр –**
**А гъэр мыгувэу езыр къэсынущ.**
**Бжьыпэр зыIыгъым къыIэщIихынурэ**
**Зыри зимыIэм къылъигъэсынущ.**
**«Нобэ щэ хъунут», – сэр папщIэ жаIэу**
**Iэнэ тIысыни хэкум исынущ.**
**Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр**
**УемылIэлIэххэу езыр къэсынущ.**

**Къуалэбзу цIыкIухэм, хъуами нэхъ мащIэ,**
**Абгъуэ ди жыгхэм къыпащIыхьынущ.**
**IукIэ шхын къахьу шырыр ягъашхэу**
**Си уэрэд Iыхьи бзухэм къахьынущ.**
**Я ней къыстехуэм сагъэгумэщIу**
**Си ужь итари къэсэхэжынущ.**
**Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр**
**УемылIэлIэххэу езыр къэсынущ.**

**Гъэмахуэ шылэу дуней дахэгъуэу,**
**Узэгугъуахэм уагъэгуфIэжу,**
**Жыг хадэм уисмэ, псэм зигъэпсэхуу**
**А махуэм тохуэ сыкъыщалъхуари –**
**Уафэри гъуагъуэу уэшхыр къежэхмэ,**
**Псы къэмыжари диным икIынущ.**
**Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр**
**УемылIэлIэххэу абдеж къэсынущ.**

Иреуэлбанэ е иребзыгъэ,
А махуэм бзухэр абгъуэ исынкъым,
ВакIуэ дэкIыгъуэм жаIа уэрэдхэр
Ягу къэмыкIыжу яхуэшэчынкъым.
Iугъуи жьэрыми зэхэзэрыхьрэ
КъысщIихьэ закъуэм, сыкъэтIысынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу абдеж къэсынущ.

А пIалъэм си бзэу сызэрыпсалъэр
Лъапэ зэвыпIэ иувэпэнкъым.
Си лъэрыгъыпсыр зыубыдахэм
Ящыщым я лъэр ягъэбыдэнущ.
Уэрэд къыхадзэм зэрыгъэгушхуэу,
СхужымыIари къыпащэфынущ.
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIырщ
Нэхъ къызэлIалIэу си гугъу щащIынур.

Дунейр абдежи яфIэщIэщыгъуэу
Игъуэ нэмысу Iэджи кIуэдынущ.
СафIэкIуэдынкIэ къысхуэгузавэу,
Си гузэвэгъуэр гъыбзэу жаIэнущ.
Си илъэсищэр пхуэмыгъэныщкIуу,
ЗыгъэныщкIуами хуемыгъэхыфу,
Илъэс минитIрэ илъэс пщыкIуплIыр
УемылIэлIэххэу езыр къэсынущ.

# ЛЪЭПКЪЫМ И НАБДЗЭ

Мы дунейм зы лъэпкъыбзи теткъым узыхуей гупсысэр кърипIуатэ мыхъуну. Нэхъыщхьэр – лъэпкъымрэ абы и бзэмрэ я зэфIэкI псори зыгъэнэхуэфын цIыху уиIэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ адыгэхэм Тхьэ лъапIэм и нэфI къытщыхуауэ жыпIэ хъунущ.

Ди лъэпкъым къыхэкIащ цIыхубэр фIым хуэзэным щIэбэн узэщIакIуэхэмрэ лъэпкъыбзэм и IэфIыр щIым и гулъым хуэдэу къэзыгъазэ усакIуэхэмрэ. Абыхэм ящыщ зыщ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр.

КIыщокъуэр 1914 гъэм июлым и 22-м Налшык пэгъунэгъу адыгэ къуажэ Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Алим и адэ Пщымахуэ и зэманым елъытауэ щIэныгъэфI зиIэ лIыт. Абы егъэджэн Iуэхум фIыуэ хищIыкIырт, тхыдэм, есэпым, хабзэ-бзыпхъэм хъарзынэу щыгъуазэт, диным хуеджат, хьэрыпыбзэкIи урысыбзэкIи псалъэрт икIи тхэрт. Алим школым щыкIуам щыгъуэ япэ Iустазу иIар и адэращ.



И анэ Куэзи, усакIуэм зэритхыжымкIэ, куэду цIыху хьэлэмэту щытащ. Ар Пщымахуэ къришат Адыгейм щыщ Хьэкурынэхьэблэ къуажэм. Пщымахуэ дин Iуэхум щыхуеджар а жылэрат. Куэз унагъуэ IуэхукIэ икъукIэ IэкIуэлъакIуэт, IэпщIэлъапщIэт, езыр жьэрыIэзэт икIи жьэнахуэт, къызыхэкIа абазэхэ адыгэ лъэпкъымрэ къызыхыхьа къэбэрдейхэмрэ я хабзэм, я хьэл-щэным, я IуэхущIафэм дахэу хэлъыр дэплъагъурт. Абы псалъэ шэрыуэу, къебжэкIыу, уэрэду, хъыбару ищIэхэм къыщIэхъукIа Алим иужькIэ итхыжащ: «Сэ усэбзэм и IэфIым сысабий щIыкIэ гу хуэсщIамэ, таурыхъхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ пасэу сыдахьэхамэ, ар зи фIыщIэр си анэращ».



КIыщокъуэм и акъыл зэрыубыдыгъуэу нэIуасэ къыхуохъу къэбэрдей псор зэрыгушхуэ усакIуэ телъыджэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ абы и ныбжьэгъуфI ЛIыгъур Ибрэхьимрэ. 1926 гъэм Алим Бахъсэн дэт школ-интернатым щеджэну ягъакIуэ, абы щыгъуэ Iустаз къыхуохъу зи цIэ къитIуа лIы щыпкъэхэр.

ИужькIэ, 1931 гъэм, Алим щIотIысхьэ Владикавказ дэт пединститутым; щIэныгъэ нэхъыщхьэ игъуэтауэ 1935 гъэм къокIуэжри адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ иригъэджу Налшык щолажьэ. ИтIанэ ар Москва макIуэ бзэ щIэныгъэмкIэ аспирантурэм. АрщхьэкIэ илъэс нэхъ дэмыкIыу къигъэзэжын хуей мэхъу. Езым зэритхыжымкIэ: «Унэм зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIужу си шыпхъуитхур щIэст. Ахэр егъэджэн хуейт.

Си анэм и закъуэ абы пэлъэщынт? Езы унэ дызыщIэсри щIыбышэ хъуат, къэуэпэнкIэ уигъэшынэу... Къуэш нэхъыжьми дзэм къулыкъу щищIэрт. Арати, унагъуэ Iуэхум сыпэрыувэн хуей хъуащ».

1938 гъэм КIыщокъуэ Алим Налшык дэт ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и директору ягъэув. 1939 гъэм абы къыIуашри дзэм къулыкъу щищIэну яшэ.

1941 гъэм КIыщокъуэм и япэ усэ тхылъыр къыдокI, ауэ, Хэку зауэшхуэр къохъейри, а тхылъым гу щихуэну, щыгуфIыкIыну хунэмысу, усакIуэр фронтым Iуохьэ.

Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ зауэр иухыху, КIыщокъуэр зэуапIэм Iутащ псэемыблэжу. Ар япэщIыкIэ щытащ ротэм и командиру, итIанэ 115-нэ шууей дивизием – Нацдивизиек Iэ зэджэу щытам – и офицер хахуэу. Нэхъ иужькIэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым зэрыхэтыр къалъытэри, ар фронтым Iутхэм папщIэ къыдэкI «Сын Отечества» газетым ягъакIуэ. Хэку зауэшхуэм Алим къикIыжащ майору, зэрихьа лIыгъэм къыпэкIуа орден, медаль зыбжанэ и бгъэм хэлъу.

Зауэ IэнатIэр къиухыу и унэ къигъэзэжа нэужьи, и псэм хэлъ литературэм хуэлэжьэну хущIыхьэркъым. Зауэм зэтрикъутар къэзыIэтыжын, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цIыху республикэр хуэныкъуэт. А лъэхъэнэм КIыщокъуэр ягъэув ди республикэм щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и наркому (министру). Илъэс зытIущ докIри ар къулыкъукIэ драгъэкIуэтей – партым и Къэбэрдей обкомым идеологиемкIэ и секретару ягъэув. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм зыкъыдэбгъэхуэу утхэну, дауи, тыншкъым. ИтIани абы усэщIэхэр етх, тхылъи къыдегъэкI, зэрыхулъэкIкIэ къэралпарт къулыкъумрэ творчествэмрэ зэдехь. 1950 гъэм Алим илъэсищкIэ аспирантурэм щеджэну Москва макIуэ икIи а зэманым къриубыдэу и Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ хегъахъуэ, тхыдэм, бзэм, эстетикэм теухуауэ куэд зрегъащIэ, тхэнуи нэхъ хущIохьэ. 1953 гъэм республикэм къашэжри Министрхэм я Советым и унафэщIым и къуэдзэ ящI.

Шэч хэмылъу, зыIута IэнатIэшхуэхэм я фIыгъэкIэ, усакIуэм гъащIэм нэхъыбэ хищIыкI хъуащ: цIыху куэдым яIущIащ, куэд къилъэгъуащ. Ауэ литературэм зыкIи емыхьэлIа лэжьыгъэ хьэлъэм къарушхуэ тригъэкIуадэрт, талант гъуэзэджэм зишэщIу зиIэтынымкIэ ар зэранышхуэ хъурт.

Ар фIыуэ къызыгурыIуэ лIы Iущым 1959 гъэм и IэнатIэр ехъуэж икIи а гъэ дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ къулыкъум пэроувэ.

Пэжщ, а зэманым ирихьэлIэу КIыщокъуэ Алим усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIат, «Хъуэпсэгъуэ нур» романри и кIэм нигъэблэгъат, Совет Союзым дэнэкIи къыщацIыху усакIуэ цIэрыIуэ хъуат. Парт-къэрал къулыкъухэм къыпэрыкIа иужькIэщ адыгэ усакIуэшхуэм и талантым нэхъри зригъэшэщIыну къыщехъулIар. ПIалъэ докIри, КIыщокъуэр РСФСР-м и ТхакIуэхэм, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзхэм я правленэхэм я секретару хахри, Москва Iэпхъуэн хуей мэхъу.

Абыи къыщызэтеувыIэркъым – 1971 гъэм ар СССР-м и Литфондым и тхьэмадэу ягъэув, икIи а къулыкъу иныр илъэс зыбжанэкIэ зэрехьэ. ЗэрыжаIэу, и псэр пытыху Алим литературэм хуэлэжьащ. И ныбжьыр илъэс 87-м иту ар 2001 гъэм январым и 29-м дунейм ехыжащ икIи, и уэсятым ипкъ иткIэ, Москва къэрашыжри я къуажэкхъэм щыщIалъхьэжащ.

Зауэм лIыгъэу щызэрихьамрэ гуащIэдэкI лэжьыгъэмрэ къапэкIуэу

Алим орденрэ медалу куэд къыхуагъэфэщащ. Абыхэм яхэтщ Вагъуэ Плъыжьым и орденыр, Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ, етIуанэ степенхэр, Октябрь революцэм и орденыр, Ленин орденыр, нэгъуэщIхэри. 1964 гъэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ», 1989-м – «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэхэр. КIыщокъуэ Алим РСФСР-м М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтым, КъБР-м и Къэрал саугъэтым я лауреатщ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым, РСФСР-м, СССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату зыбжанэрэ щытащ.

* * *

Сыт хуэдэ къулыкъушхуэ имыIыгъами, сыт хуэдэу хэIэтыкIауэ компартымрэ абы и гъуазэхэмрэ яхуэмыусами, КIыщокъуэр зэи парткъэрал Iуэхузехьэ хъыжьэхэм я дежкIэ цIыху тыншу щытакъым. Ар зэи ящыщ хъуакъым ищхьэкIэ щащIа унафэр мыгупсысэу зыгъэзэщIэну хьэзырхэм. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм, дауи, кърикIуэртэкъым лIы щыпкъэр къулыкъукIэ драгъэкIуэтеиныр.

Зи тепщэгъуэ идеологиер усэкIэ сыт хуэдизу имыгъэлъэпIами, Алим и творчествэми наIуэу къыхэщыжащ езым и Iуэху еплъыкIэр, езым захуагъэу илъытэр зыми зэрыпимыщIыр.

Мыри абы и щыхьэтщ. Псоми дощIэ 1944 гъэм балъкъэр лъэпкъыр ирашу, илъэс 13-кIэ Азие Курытым зэрыщыIар. КIыщокъуэм зауэм ныбжьэгъу пэж къыщыхуэхъуа усакIуэ гъуэзэджэ Кулиев Къайсын и лъэпкъэгъухэм ящIыгъут. Зэманыр ткIийт. А лъэхъэнэм Алим къыдигъэкIа тхылъым итщ «Къесын К. папщIэ» зыфIища, и ныбжьэгъу балъкъэр усакIуэм хуэгъэза усэ. Апхуэдэм щхьэкIэ иджы «АтIэ сыт!» – пхужыIэнущ. Ауэ а зэманым апхуэдэм цIыху щытекIуадэ къэхъурт. Абы щхьэкIэ къигъэнакъым КIыщокъуэм игу илъыр жиIэн икIи и насыпу къелащ къыхухэмыкIIауэ.

Пэжагъ ин яхэлъщ тхакIуэм и «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» романхэм. Совет литературэм и тхыдэм щыгъуазэхэм фIыуэ зэращIэщи, а романитIыр (роман-дилогиер) дунейм къыщытехьа зэманым къэралым ис тхакIуэ псоми я зэхуэдэ къалэну ябжт дэтхэнэ большевикми и образыр идеал лъагэм и щапхъэу къэгъэлъэгъуэн хуейуэ. Парт къулыкъущIэм дагъуэ гуэр иIэу жыпIэн къудейр езы партым дагъуэ хуэпщIыным хуагъадэрт. Партым дагъуэ хуэпщIмэ, уэ а партми совет псэукIэми урабийуэ арат. ЗакъуэтIакъуэ дыдэт (Шолохов М., Твардовский А. хуэдэхэрт) зэ ягъэува а къупхъэм имызагъэ образхэр зи тхыгъэм къыщызыгъэлъэгъуэфыр. А закъуэтIакъуэ дыдэхэм ящыщ зы хъуащ КIыщокъуэ Алим.

КIыщокъуэм и романхэм хэт коммунистхэр, псэ зыIут дэтхэнэми хуэдэу, щыщыуи щыщхьэрыуи щыIэщ. Апхуэдэу гъэпсащ зыгуэркIэ большевик политикэм зи Iуэхур емызэгъхэм я образхэри – ахэри зи дуней еплъыкIэ щхьэхуэ зиIэж цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъущ, соцреализмэм и къупхъэ зэвым къиджэлыкIа образхэм нэхърэ. МыбыкIэ жытIэну дызыхуейр зыщ: тхакIуэ щыпкъэм и IэдакъэщIэкIхэр зи къепщэгъуэ жьыбгъэм и закъуэ триухуакъым, атIэ езым зэрыфIэзахуэм хуэдэу игъэпсащ, лъэкIыныгъэ зиIэхэм къазэрыщыхъунум емыплъу. ЖыпIэ хъунущ абы щыгъуэ КIыщокъуэр, къытехуэнкIэ хъуну щыта удыныр

къылъэмыIэсу, етIуанэу къелауэ.

А роман-дилогием Лениным и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр къратыну къагъэлъэгъуауэ щыта щхьэкIэ, къылъагъэсакъым. КъыщIрамытам и щхьэусыгъуэу къэлъытапхъэщ парт къулыкъущIэхэм авторым и Iуэху еплъыкIэр я гуапэ зэрымыхъущар.

Ер къыщыхъеяр иужькIэщ – «Нал къута» романыр щитхарщ. Ар зауэм хэта, мыгъуагъэшхуэ зи нэгу щIэкIа тхакIуэм триухуат езым игъэвахэмрэ нэхъыфI защIэу ялъытэ щIалэхэр къыхащыпыкIыу зыхагъэхьауэ щыта 115-нэ шууей дивизием къыщыщIахэмрэ. Абы тхакIуэм парт-къэрал къулыкъущIэхэм я тэмакъым темызэгъэн гуэрхэр хилъхьащ: зауэ зэманым щыгъуэ унафэр зыIэщIэлъахэр, фIыуэ ялэжьам, гулъытэрэ хэлъэту яIам къыдэкIуэу, щыхуэмыхуаи, зыгуэрхэм я акъыл щыхунэмысаи щыIауэ къигъэлъэгъуащ. Iуэхум и пэжыпIэр зыри щIимыуфэу къиIуэтэжащ литературэм и IэмалхэмкIэ. А пэжырщ ямыдар романым зыкъыщызыщIыхужа, абы щыгъуэ къулыкъущIэшхуэу, тхылъыр къыщыдэкIа зэманым парт унафэщIу, абыхэм я дэIуэгъуу щытахэм. Псори зэкъуэувэри, тхакIуэшхуэр ягъэулъиину и ужь ихьащ. А утыкур зейхэм жаIэм уедаIуэмэ, КIыщокъуэ Алим пцIыупст, къызыхэкIа лъэпкъым и бийт, «адыгэ Солженицынт» (а зэманым урыс тхакIуэ цIэрыIуэр нэгъуэщI къэрал щыпсэурт, хэкум ирахуауэ). Абы хужаIэрт зыхэта дивизием и зауэлIхэм пцIы ятрилъхьэкIэрэ республикэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ игъэулъийуэ, и щхьэр хигъэфIыкIын щхьэкIэ тхыдэр зэблишу. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, пцIы зыупсри, лъэпкъым и щIыхьым нэхърэ зи щхьэ Iуэхур япэ изыгъэщри тхакIуэм дауэгъу къыхуэхъуахэрат. А къулыкъущIэшхуэхэм жыхуаIэмкIэ уи къалэмыпэр умышэмэ, фIы ущыгугъ зэрымыхъунур иджыри зэ белджылы къыщыхъуат мыбдежым: Къэбэрдейм и тхакIуэ-усакIуэ пашэр и хэку хуиту къихьэж мыхъуу, и тхылъхэр, адыгэбзэкIэ итхми, урысыбзэкIэ Москва къыщыдэкIыу илъэс зыбжанэ екIуэкIащ. КъинэмыщIауэ, къэралым ис тхакIуэшхуэ куэдым зэдэарэзыуэ къэрал саугъэтым хуагъэлъэгъуа романым – Iуэхур илъэситIкIэ зэкIэлъыкIуэу къаIэта пэтми! – зы лъапIэныгъи къыхуамыгъэфащэу къэнащ. КIэщIу жыпIэмэ, КIыщокъуэр зэрахузэфIэкIын хуэдизкIэ хаутащ. АрщхьэкIэ хужьыр фIыцIэу къыщIрагъэдзыфакъым, роман хъарзынэм советпсо литературэм щиубыд увыпIэ лъагэр къахуэгъэтIэсхъакъым. А лъэхъэнэм, Iуэхум щыгъуазэхэм зэрыжаIэжымкIэ, Алим и романым «етхъунщIэуэжамэ», зыгуэрхэм я нэ къыщIэуэ гуэрхэр зэрихъуэкIыжатэмэ, псори арэзы хъууэ къэрал саугъэт къызэрыратыну гъуэгур хузэIуахыну щытащ. Ауэ тхакIуэ-зауэлIым пэжыр жиIэрэ къулыкъущIэхэм къыхуащIыну лъапIэныгъэм зыхигъэкIыжмэ нэхъ къищтащ, пцIы иупсрэ зауэм щыгъуэ и гъусахэм я Iуэхур зэблишу гуэныхь къиихь нэхърэ. Зэманым езыр-езыру захуэмрэ къуаншэмрэ зэхигъэкIыжащ, – хэт лъэпкъым и IуэхущIакIуэ пэжми, хэт и лъэкIыныгъэр пIалъэ кIэщIми.

КъыжыIэпхъэщ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа роман-дилогием папщIэ РСФСР-м М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр пIалъэ дэкIауэ Алим къызэрыратар.

Дунейр гудзалъэ-гудзалъэщ, гудзалъэ теувэгъуэщ – лIы хахуэр нобэ къытхэтыжкъым. Ар зыгъэулъиину хэтахэм ящыщи дунейм тетыжкъым. Мыбырэ модрейхэмрэ я Iэужьу сыт къэна-тIэ? Мыбдежым дауэ уигу къэмыкIыжынрэ КIыщокъуэм зэгуэр критик мыкIуэмытэм

щхьэкIэ итхауэ щытар:

*Дэубжьытхеймэ, пащIэм хохуэ,*
*Еубжьытхэхмэ – жьакIэр псыфщ.*

«Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ» трилогием еджа дэтхэнэм дежкIи гурыIуэгъуэщ ар ди лъэпкъ литературэм и фIыпIэ дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, уи лъэпкъыр фIыуэ плъагъурэ адыгэбзэм и IэфIыр зыхэпщIэу щытмэ, а трилогием уригушхуэ зэрыхъунур. ЖыпIэ хъунукъым тхакIуэм къеныкъуэкъуа псори цIыху мыхъумыщIэ зэфэзэщу щытауэ. Ауэ тхыдэм икъукIэ шыбзэ пхъашэ иIэщ – щIэщэщыр нэхъыбэу, къинэр закъуэтIакъуэу, ауэ а къинар налкъут дыдэу.

* * *

КIыщокъуэ Алим япэу и къалэмыпэ къыщIэкIа усэхэм щегъэжьауэ илъэс блыщI нэблагъэкIэ лъэпкъ поэзием хуэлэжьащ. Илъэс блыщIыр зы лIым дежкIи, жылагъуэм дежкIи, езы къэрал дыдэмкIи зэман кIэщIкъым. Къапщтэмэ, а зэманым къриубыдэу Совет къэралым лъэщагъышхуэ игъуэтащ, коллективизацэмрэ индустриализацэмрэ екIуэкIащ, щIэныгъэ зиIэхэм я бжыгъэм хэхъуащ, адыгэхэм зэи ямыIа IэщIагъэ куэд къэунэхуащ, щIэныгъэ лIэужьыгъуэ куэдым заужьащ, литературэбзэм зиузэщIри, лъэпкъ литературэми и дамэхэр лъэщу ишэщIащ.



Къэбэрдей литературэм къызэпича гъуэгуанэм уриплъэжмэ, абы фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэу хэплъэгъуэж Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр КIыщокъуэм курыхыу ехьэлIауэ зэрыщытым шэч хэлъкъым. Къапщтэмэ, абы и Iустаз лъапIэу щыта ЩоджэнцIыкIу Алий адыгэ усэр европэ поэзием и гъуэгу триша къудейуэ бэракъыр къыщыIэпыщIэхум, нэхъ гугъапIэшхуэу Къэбэрдейм къинар КIыщокъуэрт. Абы и пщэ къыдэхуат къэбэрдей поэзием и тематикэм зригъэшэщIыну, усэ гъэпсыкIэр иригъэфIэкIуэну, зызыужьа литературэ цIэрыIуэхэм къэунэхуагъащIэр ялъэщIигъэхьэжыну. Дэ апхуэдэхэм деж куэдрэ жытIэ хабзэщ ди лъэпкъ IуэрыIуатэ бейм и фIагъхэр литературэм щхьэпэ зэрыхуэхъуар. Абы шэч хэлъкъым. Ауэ, итIани, тхыбзэ поэзиер къэхъуркъым жьэрыIуатэр тхылъым иптхэж къудейкIэ, абы езым и хабзэ иIэжщ, икIи, ар ебгъэфIэкIуэн щхьэкIэ, а хабзэхэм зебгъэшэщIын хуейщ.

Къэтщтэнщ къэбэрдей поэзием и тематикэр. Пасэ зэманыжьхэм щегъэжьауэ адыгэ джэгуакIуэхэм жылагъуэ къалэн, лъэпкъ къалэн я пщэ дэлъурэ къекIуэкIащ. Хэкум бийр къихьэрэ лыгъэ къридзамэ, гъыбзэ зыусыр джэгуакIуэрт. Дзэр зауэм Iухьэмэ, джэгуакIуэр зауэлIхэм яхэтт – лIыгъэ зезыхьэхэр уэрэдкIэ игъэлъэпIэну, нэхъ хуэмыхухэм ящIэнэкIэну. Жылагъуэ дауэдапщэ хъуамэ, абы щыгъуэми Iуэхур зезыхьэхэм джэгуакIуэр хэтын хуейт – жылэ псом и цIэкIэ хъуэхъу дахэ иIэту, джэгум хэтхэр хабзэкIэ зэригъакIуэу, уэрэд жиIэу, усэхэр къыIурылъэлъу. НэгъуэщIу жытIэнци, джэгуакIуэр и щхьэ закъуэм, хьэмэрэ зыщыщ унагъуэ къудейм хуэфI цIыхутэкъым, атIэ ар гупылIт, жылэлIт, хэкулIт. Апхуэдащ, псалъэм папщIэ, я цIэхэр ди деж къэмысами, зи усыгъэхэр мыкIуэдыжа джэгуакIуэ-усакIуэхэу адыгэ уэрэдыжь Iэджэр зи Iэужьхэр. Ар дыдэхэм ягуоувэ «Къэбэрдей жэщ-

теуэр» зыусауэ яIуатэ Тхьэищаукъуэ Лъэпщыкъуэ, «Сэрмахуэ» зыусауэ ялъытэ Абазэ Къамбот, усэ пщIы бжыгъэхэр къызэзынэкIа Агънокъуэ Лашэ, «Япон зауэ», «Дзэлыкъуэ», «Iэщэр фузэд», «Къашыргъэ Алихъан», нэгъуэщI усэ, уэрэд куэд зыуса ПащIэ Бэчмырзэ сымэ. Урысейм революцэр къыщыхъуу гъащIэм зыщызэрихъуэкIым, адыгэ усакIуэхэр совет политикэм и гъуо хъуауэ щытыгъащ. Абыхэм яхэтащ игурэ и псэкIэ совет Iуэху зехьэкIэр зыгъэкъабыла ЩоджэнцIыкIу Алии, а Iуэху зехьэкIэм ирилажьэхэм иужькIэ яIэщIэкIуэдэжыпа ЩэрэтлIокъуэ Талъостэн, Борыкъуей ТIутIэ, ШэджыхьэщIэ Пщыкъан сыми, нэгъуэщI Iэджи. Пэжщ, сыт хуэдэ лъэхъэнэми Iужажэ щыIащ, ауэ дэ зи гугъу тщIахэр большевик къэралым и политикэр хьэкъыу зи фIэщ хъууэ абы гурэ псэкIэ хуэусахэращ.

КIыщокъуэм дежкIэ зыкъэдгъэзэжынщи, нэрылъагъу дыдэщ абы и поэзием политикэр зы Iыхьэу хэлъ щхьэкIэ, нэгъуэщI темэ зыбжани къызэрызэдищтэфар. Уегупсысыпэмэ, усакIуэ щэджащэм и тхыгъэхэм щызэхэгъэкIыгъуафIэ хъуркъым политикэ лозунгхэмрэ езы авторым и гущIагъщIэлъхэмрэ. Апхуэдэу жылагъуэ, къэрал Iуэхури щхьэ закъуэ гухэлъри зыуэ щытыныр IуэрыIуатэмрэ джэгуакIуэ нэхъ кIасэхэмрэ я деж къыщежьэу жыпIэмэ, щыуагъэу къыщIэкIынкъым. Ауэ КIыщокъуэм и усэхэм ар куэдкIэ щынэхъ гъэщIэгъуэнщ, абы и пэ итахэм я IэдакъэщIэкIхэм нэхърэ.

Пэжщ, дэ щапхъэу куэдрэ дызрихьэлIэ сатыриплI цIэрыIуэр («Хыр си шакъалъэу...») декларативнэ жыхуаIэ лирикэ лIэужьыгъуэм нэхъ йокIуалIэ. Ауэ девгъэплъыт нэгъуэщI усэ гуп: «Сэлэт шырыкъу», «Шыхулъагъуэ», «Уигу, си анэ, сыкъэкIмэ», «ЗэныбжьэгъуитI», «Жыр пыIэ», нэгъуэщIхэми. Мыхэр псори зауэм теухуащ, я идее нэхъыщхьэри Хэкур хъумэжынырщ. Щапхъэу къэтхынщ литературэм и къэпщытакIуэ зыбжанэм гу зылъата усэ «Атакэм и пэкIэ» жыхуиIэр. Зэ еплъыгъуэкIэ мы усэр нэм къыщIэуэ образ телъыджэ гуэрхэр зыхэлъхэм ящыщкъым: ар сатыр тIощI мэхъури, зы метафорэ гъэщIэгъуэнкIи, эпитет хьэлэмэткIи, гиперболэкIи узэдауэ щыткъым. Ауэ зэрыусэу къапщтэмэ, зэрыхъур умыщIэу уи гум хохьэ:

*Уэсятым хуэдэу, уэ, си къуэш,*
*БжесIэнщ, къедаIуэ псалъэ пэж.*
*Къытпоплъэ зауэр дэ пщэдей,*
*ЖызоIэ сэри «бийм я ней!»*
*Къихъащ сигу Iэлым сэ зэуэн,*
*Фашистхэм я псэ зэу згъэнын*
*Си гуапэу, сэри сыщIохъуэпс.*
*Атакэм и пэ, уафэхъуэпскI*
*КъытфIэщIу, топхэр ныздеуэнщ,*
*Абдежым бийхэм датеуэнщ.*
*СлъэмыкIми Iуащхъэм сынэсын,*
*Дэ тщыщ а щIыпIэм лъэIэсынщ.*
*УIэгъэ сохъур... е саукI,*
*Фэ фыкIуэ адкIэ, фэ фыпхыкI.*
*Ирегъ сэ си анэ, сэр нэмыщI,*
*Зым и ани и гур хремыщI;*
*Къытпоплъэр зауэр дэ пщэдей.*
*Мырщ ди къалэныр абы дей:*

*Бийм дытекIуэн е дыкIуэдын!..*
*Аращи, къащтэ зы тутын.*

Иджы мы усэр къызыхэхъукIа зэманымрэ щытыкIэмрэ дегупсысынти.

ЩIытIым ису зауэлI къызэрыгуэкIитI зопсалъэ. Зыр нэхъыжьщ, ущиеныр нэхъ и борщщи, и гъусэм пщэдейрей Iуэхур гурегъаIуэ: нэху здэщым тIури, адрей я гъусэхэри мафIэм пэрыхьэнущ, псэзэпылъхьэпIэщ. Апхуэдэм деж псалъэ фIэрафIэ дахэр къезэгъыркъым. Зи игъуэр цIуугъэнэ лъэпкъ зыхэмылъ псалъэ пэжхэращ. «Уэсят» псалъэри мыбдеж фIы дыдэу къыщозэгъ: зауэлIым дежкIэ нэхъыщхьэр – хэкIуадэ хъужыкъуэми, щIэкIуэда Iуэхур гъэзэщIа хъунырщ, пщIэншэу мыкIуэду. Абы сэлэт къызэрыгуэкIым и псалъэ къызэрыгуэкIыр псэм и унафэ ещI, и гъусэр текIуэныгъэм зэрыщIэбэныным хуеуэзэд.

Пэжщ, сэлэтым унафэ ищIыну хуиткъым, абы и къалэныр унафэ къыхуащIыр гъэзэщIэнырщ. Апхуэдэу уеплъмэ, мы усэр жьэкIэ къэIу гупсысэ къудейщ. Ауэ унафэм я нэхъ гуащIэр езы цIыхум гупсысэкIэ къыпкърыхьэращ. Абы къыхэкIыу, мы усэм, усакIуэхэм зэрахабзэу, къытегъазэ куэд хэплъагъуэркъым, зы закъуэ фIэкIа: «Къытпоплъэ зауэр дэ пщэдей». Мы сатырыр ещанэу, иужькIэ епщыкIубланэу къокIуэ. Хьэкъщ усэ псор зэщIэзыкъуэ гупсысэм и гъуазэу ар зэрыщытыр: адрейуэ усэм къыщыкIуэ псори абы ещIэкIыжащ. А псалъэуха кIэщI цIыкIум къызэщIеубыдэ пщэдейрей Iуэхум и инагъри, псалъэхэр къызэрыгуэкIыу къызэрыпфIэщIынум хуэдэу, а пщэдей къапэплъэр зауэлIхэм я дежкIэ дэтхэнэ махуэми зыIууэнкIэ хъун Iуэхуу зэрыщытри.

Пэжщ, а «къапэплъэ» зауэр езы зауэшхуэ псом елъытауэ зы мыхьэнэншэ гуэру къыщIэкIынкIэ мэхъу. Ауэ 1945 гъэм къахьа ТекIуэныгъэр апхуэдэ атакэ цIыкIу защIэурэ зэхэлъащи, зы текIуэныгъэ цIыкIу пIэщIэкIыху, ТекIуэныгъэшхуэри нэхъ жыжьэ мэхъу. Абы нэмыщI, иджыри зы хэлъщ: зауэлIым дежкIэ зауэшхуэри зауэ цIыкIури зыщ – хэкIуэдэнкIэ щыIэ шынагъуэр зэхуэдэщи. ЗэрыжаIэщи, узыгъалIэ псори емынэ узщ. Аращ сэлэтым и монологыр и кIэм щынэсым деж къакIуэ псалъэхэр ямылейуэ хэIэтыкIауэ къыпщызымыгъэхъур:

*«Бийм дытекIуэн е дыкIуэдын!»*

Мы псалъэхэр адыгэ псэлъафэ «Е дылIэн, е дылIын» – жыхуиIэм къытекIауэ къытфIощI. Ауэ авторым а езы псэлъафэр къимыгъэсэбэпу абы ещхь къызэрихьым псалъэхэр нэхъ щIэщыгъуэ ящI, абы щыгъуэми я мыхьэнэр нэхъ купщIэншэ хъуркъым.

Иджыри зы Iуэхугъуэ гу лъытэн хуейщ: мы къэтхьа псалъэхэмкIэ усэр иухатэмэ, авторым мы усэр лозунг дахэ къудей къыIэщIэхъуэнт. УсакIуэм ищIэр сыт? Монологым и бжьэпэтехуэу, зыкIи темэм емыпхауэ къыпфIэщIын псалъэхэр къехь: «Аращи, къащтэ зы тутын».

Апхуэдэ Iуэхушхуэм утепсэлъыхьу «тутын»-кIэ псалъэр бухыжын щхьэкIэ, уи зэхэщIыкIыр нэмыгъэсауэ щытын хуей хуэдэщ, зэ еплъыгъуэкIэ. Ауэ мы усэр и пIэ изыгъэувэу нэгъэса зыщIыр а кIэух сатырырщ: абы псалъэ хэIэтыкIа къудейуэ къэнэнкIэ хъуну къыпфIэщI монологыр гъащIэм къуэпс куукIэ пещIэ. Уегупсысмэ, лъы гъэжэнрэ лIэныгъэ Iуэхурэ зыхэлъ псалъэхэм едаIуэр атакэм тегушхуэным и

пIэкIэ гужьеинкIэ хъунт, а кIэухыр мыхъуатэмэ: абыкIэ сэлэтым, мыр дызэсэжа Iуэхущ, – зауэ ущыIуткIэ, сытри къыпщыщIынкIэ мэхъу, ауэ уи гур кIуэд хъунукъым, жиIэ хуэдэщ.

Апхуэдэ къэIуэтэкIэр лъэпкъ IуэрыIуатэ хабзэмрэ литературэ хабзэмрэ я зэпылъыпIэщ. Мыбдежым щхьэ закъуэм и гурыгъухэри куэдым я Iуэху еплъыкIэри щызэпыщIащ. А псори зи гугъу тщIы усэм и ритмикэ зэпэщымрэ рифмэ гъэпсыкIэ къекIумрэ дэгъуэ дыдэу яузэд: лъэмбиплIу гъэпса ямбщ, сатыр къэс хэIэтыкIакIэ иухыу, сатыр тIурытIу рифмэкIэ зэтауэщ усэр зэрытхар.

Зауэ зэманымрэ абы къыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэмрэ КIыщокъуэм и поэзием зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ.

УмыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал зимыIэщ зэхэщIыкI зиIэ цIыху мы дунейм къызэрытехъуэрэ зытеусыхь темэхэм КIыщокъуэм езым и еплъыкIэ щхьэхуэ – ари дахэрэ купщIафIэу – къызэрыхуигъуэтыр. Псом хуэмыдэу гу зылъыуегъатэ усакIуэм и пейзаж лирикэм. Ар ауэ сытми дахагъэ гуэрхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ къудейкъым, атIэ икIи гупсысэ куэдкIэ гъэнщIа усыгъэщ.

*Зы удз цIыкIу закъуэ мывэм тету*
*Дунейр мышынэу зэпеплъыхъ.*

Мы сатыритI къудейм зы дуней псо къаIуатэ: мывэр быдэм я нэхъ быдэжу абы удз, ари цIыкIуу, и закъуэу, къытеуващ. Къытеува къудейкъым: абы псэ хэтщи, «зеплъыхь», ар икIи «мышынэщ».



*... ИхъуреягъкIэ мывэ защIэщ,*
*Гъэмахуэ мазэм къосыр уэс.*
*Уае къытехъуэу къегуэуамэ,*
*Дыгъэ нур закъуэр и гунэсщ.*

ИкъукIэ пейзаж телъыджэщ авторым къигъэлъагъуэр – бгыщхьэ, мывэ, жьапщэ, зы удз закъуэ. Ауэ мы дунейм зыгуэрым къыхуимыгъэщIа теткъым. А удз цIыкIури мыбдежым щылейкъым. Мылейм къыщынэрэ – ар хэмытмэ, дунейр псэншэ хуэдэщ, аращ и щыгум уафэ къащхъуэмрэ дыгъэмрэ щIитри:

*Мывэжьхэм яIэщ ар гъэфIэну,*
*Я ныпу удзыр яIэтащ.*
*Мытыншими лъагэу утетыныр,*
*Улъагэм, дыгъэр уэрщ зэтар.*

Ди жагъуэ зэрыхъущи, цIыху цIыкIум къащыгурымыIуэ щыIэщ Тхьэр талантышхуэкIэ зэтар. Мо къызэрыгуэкIхэм я нэкIэ уеплъмэ, ар мывэ джейм кIэзызу тет удз дахэм хуэдэщ, ижэгъухэм я жьы щIыIэмрэ уэс-уэшхымрэ ирахын къудейуэ. Апхуэдэ гуэр къащымыщIауэ жыIэгъуейщ 1937 гъэм яукIа япэ адыгэ тхакIуэхэу Борыкъуей ТIутIэ, ЩэрэтлIокъуэ Талъостэн, ШэджыхьэщIэ Пщыкъан, Къуэжей Сосрыкъуэ, Нало Жансэхъу, зыгуэрхэм я щхьэзыфIэфIыгъэкIэ зауэм Iуадзэу IуагъэкIуэда ЩоджэнцIыкIу Алий, Къэжэр Индрис сымэ. Абыхэм яхэбгъэувэ хъунущ пцIы тралъхьэу хьэлэбэлыкъ хагъэта езы КIыщокъуэ Алими. ИтIанэми, лъагэу щытыну Тхьэм зыхуиухахэр жьапщэм зы-

щахъумауэ къуэкIий хуабэм дэсхэм ехъуапсэркъым, атIэ я щхьэр лъагэу яIэт. Апхуэдэ гукъэкI дегъэщI пейзаж лирикэ жанрым ит хуэдэ, ауэ философскэ гупсысэшхуэ зыщIэлъ мы усэм. Ди гугъэмкIэ, ар авторым и щхьэ закъуэм триусыхьыжакъым, зи гугъу ищIыр ар икIи удзщ, икIи мывэжьхэрщ, икIи цIыхухэм я зэхущытыкIэрщ, икIи дуней телъыджэм и зэхэлъыкIэрщ. Пэжщ, языныкъуэхэм деж усакIуэр къыщеудри – щIагъыбзэ зыхэплъэгъуэн лъэпкъ хэмылъ хуэдэу и щхьэр течауэ, мэпсалъэ:

*Акъыли хуейкъым цIыху ерыщыр,*
*Ем хутырелъхьэ гъущI лъэмыж;*
*Псыкъуийр и закъуэ исеинщи –*
*ЩIыху губзыгъищэм къатIэщIыж.*

Е мыпхуэдэу жеIэр:

*Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –*
*Улъагэм, бзаджэм уаIэщIокI.*

УсакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкIхэм щызэхэухуэнащ щхьэ закъуэ гурыгъухэмрэ мы дунейм тет цIыхубэр зыIущIэ гукъеуэхэмрэ. А псори поэзием и хабзэкIэ къеIуэтэжри езым и гущIэм щегъэв икIи абыкIэ дэ тхуэдэ цIыху цIыкIухэм мыгъуагъэр ящхьэщех.

УсакIуэр и тхылъеджэм хуэпэжмэ, ар нэхъ зыхуэныкъуэр имыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. НобэкIэ нэхъ гуащIэу къэувхэм ящыщу, сыт зэмани утепсэлъыхьыныр игъуэу проблемэшхуэщ хэкум, лъэпкъым, анэдэлъхубзэм я гурыгъузыр. «Адыгэ уафэ», «Адыгэ хэку», «Зеич лантIэ», «Ди унэжь», «Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми», «Кхъужьей къудамэ», нэгъуэщI усэ телъыджэхэри ди лъахэм и фэеплъ дахэщ, къэбэрдей литературэр зэрыгушхуэнщ. Дигу къэдгъэкIыжынщ зы усэ закъуэ:

*Дунейм псы сефэу сытетыхукIэ,*
*Уэ зыр гуфIэгъуэу узиIэнщ.*
*Бзур зы уэрэдым щIапIыкIащи,*
*НэгъуэщI зэхилъхьэу жимыIэн.*
*Сэри сахуэдэщ къуалэбзуми,*
*И фIыщIэ хэкум сщымыкIуэд,*
*Сэ гъащIэр сухми, схуэухынкъым*
*Си хэку нур хадэм и уэрэд.*

Мы псалъэхэм нэхърэ нэхъ фIэрафIи нэхъ хэIэтыкIаи къыпхуэгъуэтынкIэ хъунщ. Ауэ ахэр къызэрыгуэкIыу къыпфIэщIми, усакIуэм икъукIэ кууэ гум хыхьэу къигъэсэбэпащ.

КIыщокъуэм и поэзием и лъагапIэщ и лирикэр. Ди лъэпкъ поэзием дежкIи Кавказым ис лъэпкъхэм я поэзием дежкIи ар щапхъэщ. ГурыIуэгъуэщ: лирикэр псэм дыхьэу щытмэ, абы зэхуэдэу ехьэху цIыху закъуэри, зэрытха бзэр зыIурылъхэри, хамэбзэ гуэркIэ нэхъ мыхъуми ар зылъэIэсхэри. НэгъуэщIу жыпIэмэ, апхуэдэ усыгъэр цIыху псоми, лъэпкъ псоми зэдайщ. Апхуэдэщ КIыщокъуэм и лирикэу бзэрэ лъэпкърэкIэ гъунапкъэ зымыщIэр. Ар, адыгэ поэзием нэмыщI, урыс поэ-

зиеми и зы Iыхьэ хъуащ, нэгъуэщIыбзэхэмкIи зэрадзэкIри щIыналъэ куэдым фIыуэ щалъэгъуащ.

Зы лъэпкъым – ари лъэпкъ цIыкIум – къыхэкIарэ и анэдэлъхубзэкIэ тхэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр, лъэпкъ закъуэм ейуэ къэмынэу, дунейпсо цIыхубэм я зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ щыхъур зэзэмызэщ. КIыщокъуэм и лирикэр дунейпсо поэзием и зы налкъут зыщIар и зэхэщIыкI инымрэ и Iэзагъэшхуэмрэщ. Ауэ тхакIуэ щэджащэм и поэзием зыкIи пебдзых хъунукъым и прозэр – романхэр, пьесэхэр, повестыр, хъыбархэр, публицист тхыгъэхэр. Образнэу жытIэнщи, КIыщокъуэ Алим и творчествэр зэрыщыту къызэдэпщтэмэ, абы и зы дамэр поэзиеращ, адрей дамэр прозэрщ.

Мы тхыгъэ кIэщIым дэ зыубыгъуауэ дыщытепсэлъыхьыфакъым КIыщокъуэр дунейпсо утыку изыша и роман гъуэзэджэхэу «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ», «Эмирым и сэшхуэ», «Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ», нэгъуэщIхэми.

ТхакIуэшхуэм и творчествэр щIэныгъэлI, критик куэдым къапщытэ, диссертацэхэр, тхылъхэр, статьяхэр тратхыхь. Пэжыр жыпIэмэ, КIыщокъуэ Алим гулъытэ нэхъыбэж хуэфащэщ. Ар зыщагъэгъупщэ хъунукъым къэкIуэнур зейхэм – ди щIэблэм.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*



КIЫЩОКЪУЭ Алим



# ХЪУЭПСЭГЪУЭ НУР

## Романым щыщ пычыгъуэхэр

### ЛIЫГЪЭ ЗЭХЭГЪЭКIЫПIЭ

ЛIыгъэ зезыхьами, къэрабгъэу къыщIэкIами лIыгъэр Iыхьэмыгуэшщ, жаIэр игъащIэм. Астемыр лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ мащIэрэ ихуакъым, итIани лIыгъэншэу къыщалъытэ хуэмызэу къуажэм дэкIа хъуащ.

Нурхьэлий тхьэрыIуапIэм ирашэу Хьалилхэ я къурIэнымкIэ тхьэ щрагъэIуам – арат абы лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ хуэхъуар. Игури и акъылри нықъуэщ, жаIэу тхьэмыщкIэм гущIэгъу хуэзыщIа Iэджи щыIэт. Уеблэмэ Бэлацэ идакъым: «АтIэ, аращ, лIыгъэр адэ щIэинкъым, джэдыгужьым хуэдэу», – жиIэри. Нурхьэлий и адэр япон зауэм щызэуауэ, лIыгъэ зезыхьам ящыщт, арщхьэкIэ, лIыфI къуэфI хуэщ, и адэм ещхь хъужакъым.

А псори щIыжытIэр Астемыр бэлыхь зыхэхуам и гугъу тщIынущи аращ. ЛIыгъэ зезыхьам тепсэлъыхьмэ, къэрабгъэр яуб е къэрабгъэ гуэр яубмэ, лIыгъэ зезыхьари я гум къокIыж. Нурхьэлий жэмыхьэт псом я пащхьэм къиувэу и напэр зытрихыжами, Астемыр напэтекIыгъуэ ихуами, лIы хуэдэлIщ, жаригъэIащ, пащIэ зэрытетыр игъэгъуэщакъым.

Налшык дзэ даша нэужь, Астемыри къуажэм дэбзэхыкIащ, здэкIуари здэжари ямыщIэу.

Къуажэ старшынэу Гъуумарыжьым и нэIэ Астемыр тригъэт защIэурэ

фIэкIуэдащ. Пристафым хъыбар иригъэщIэнути, Iуэхум и пэжыпIэр ищIэртэкъым, езыри тIэкIу мышынэу къанэртэкъым, къызэшхыдэмэ, жиIэу. Аралпми Астемыр «щIым зэрыкIуэцIрыхуам» занщIэу гу лъитакъым, лъитауэ щытыгъамэ, тIэу емыплъу Къылышбий и къуэм хъыбар иригъэщIэнти, Астемыр здэкIуар икIэщIыпIэкIэ къиулъэпхъэщыну и ужь ихьэнт.

Зауэм мыкIуэн щхьэкIэ зигъэкIуэдащ, жиIэнти Аралпым дунейр къызэхижыхьынт, арщхьэкIэ псори зыгъэбэлэрыгъар езы старшынэр арагъэнт. Сыту жыпIэмэ, Налшык даша дзэр щыдашым, старшынэр фIыуэ ефауэ къуажэм къэкIуэжри хъыбар игъэIуащ: «Астемыр къыздэмыкIуэжын сымыгъакIуэм, тхьэр нахуэу согъэпцI», – жиIэри.

Старшынэм жиIар куэдым я фIэщ хъуащ.

Думэсарэ уэрамым дэту къалъагъумэ, хэт къыхуэгузавэрт: «Уи щхьэгъусэр тхьэм узыншэу уи бынхэм къахигъэхьэж», – жаIэу. Фыз зигу кIуэдам нэхъри игу хэзыгъэщIи щыIэт: «Умыгузавэ, уи муслъымэныр чыристан хъуауэ, жор пщIэхэлъу къыпхуэкIуэжынщ», – жиIэу.

Iуэхум и пэжыпIэр зыщIэр Думэсарэ и закъуэу къыщIэкIынт. Сыт къыжраIэми ишэчын хуейти, япидзыж щIагъуэ щымыIэу, и Iэщхьэлъащхьэ дэхьеяуэ, и бын цIыкIуитIыр имыгъэмэжалIэу, унагъуэр зэрихьэу яхэст.

Аралпри дунейм къытехьащ, Астемыр зауэм кIуауэ хъыбар зыгъэIуар зэхигъэкIыну, арщхьэкIэ старшынэм сыт къыпыпхынт. Езырезыру а тIур зэныкъуэкъуху, Астемыр хэкум икIри Псыжь лъэныкъуэкIэ увыIэпIэ гуэр щигъуэтащ. Астемыр и щыкъур куэд хъурт, я малъхъэри фIыуэ къалъагъурти, а лIымкIэ къэхэшэн щыIэу къыщIэкIынутэкъым, арщхьэкIэ лIы зи къару илъыгъуэм хьэщIэ защIэу дунейр хуэхьынт. «Лэжьыгъэ гуэр къэзгъуэтынщ», – жиIэри ЩхьэщэхужкIэ иунэтIащ.

ИжькIэ уIэбэмэ, Щхьэщэхуж жыхуаIэ къалэр къызытекIар адыгэ псоми ящIэрт: а щIыпIэм дэни къыщаубыда гъэрхэр щызэхуашэсырти, зи щхьэр зыщэхужыфым фщэхужи хуит фохъу, жаIэрт. Мылъку зиIэ бей зи благъэ, зи къуэш щыIэмэ, кIуэрти, гъэр хъуар къищэхужырт. Благъи къуэши зимыIэ гъэрхэр пщылIу хуейм иращэрт. Хъыбарыр Астемыр фIыуэ ищIэрти, иджыпсту и гум къэкIыжащ. Сэри гъэрым сахуэдэщ, си щхьэ къэсщэхужрэ хуит сыхъуауэ сежьэжатэм, сыту си насыпт, жиIэу. Астемыр хуит хъужатэм, дауи, я унэ кIуэжынти и унагъуэ исыжынт, арщхьэкIэ и щIыбагъ зэхуищIыжа хуэдэу, къигъэзэну Iэмал закъуи щыIэкъым. Къуажэм къызэрыдыхьэу, и пщампIэр яубыдынурэ тутнакъэщым щIадзэнущ.

Щхьэщэхуж кIуэ гъуэгум техьа нэужь, Астемыр нэгъуэщI Iэджи и гум къэкIыжащ. Илъэс зыбжанэ ипэ Астемыр щIалэ зи джэгу хыхьэгъуэу мыдрисэм щеджэну абазэхэм я деж къыщыкIуам, Даур Иляс ныбжьэгъушхуэ къыхуэхъуат. Илъэс зыщыплI нэхъыбэкIи дэнэ кIуэми а сохъуститIыр зэгъусат. Зэгуэр Хъаныкъуэ инэралыр Хьэкурынэ къуажэ къэкIуауэ хьэгъуэлIыгъуэшхуэ щащIауэ кIуат. Астемыррэ Илясрэ джэгум хэт хъыджэбз Думэсарэ щытеплъар а махуэрат. Астемыр зэрыIуплъэу дихьэхыщати, и ныбжьэгъум тхьэ хуиIуащ, Думэсарэ фIэкIа, дунейр къутэжами, къимышэну. АрщхьэкIэ хъыджэбзым и дэлъхухэм ядакъым, гуэгушыхъуэ фызабэм и къуэм ди шыпхъу еттынукъым, жаIэри. Астемыр мыдрисэр хыфIидзэу Думэсарэ къиишэу и хэку къэкIуэжыну щыхуежьэм, хъыджэбзым и дэлъхухэр къыхуилъащ:

– Уи уэнжакъ кIэгъуасэ ирищIэркъым, уи фыз кIуэда уэ! – жари.

Уеблэмэ къамэ къыхурахри щIалэр къыдахуащ.

Астемыр мылъку имыIэми, мылъку зиIэм къахэщырт бжьыфIагърэ акъылыфIагърэкIэ, цIыху дыджу щыттэкъым, лъагъугъуафIэт. Думэсари, илIыкIыным хуэдэу фIыуэ къилъэгъуати, бампIэрт. И дэлъхухэм ямыдэми, хъыджэбзыр зыдэкIуэнур Астемырти, лъагъуныгъэ уэрэд гууз къыхуиусащ. Уэрэдыр апхуэдизкIэ дахэт, зэхэзыхым я гум щIыхьэрти, жылэм дэз хъуащ, ауэрэ жылэм дэкIри нэгъуэщI къуажэми нэсри хэкум из хъуащ.

«Хэту пIэрэ уэрэдыр зыхуаусар?» – жаIэу щIэупщIэмэ, къэбэрдей сохъустэ щIалэм и гугъу ящIырт. Хъыджэбзым и дэлъхуитIыр уэрэдым зэрыхэтыр узижагъуэм и махуэт: нэхъ залым, гущIэгъуншэ щымыIэу арат. «Ярэби, я шыпхъур яужэгъужауэ арауэ пIэрэ, щхьэ залымыгъэ зэрахьэрэ хъыджэбзым и дэлъхухэм?» – жаIэу уэрэдыр зэхэзыхыр щIэупщIэрт.

Думэсарэ и дэлъхухэри уэрэдым щабэ ищIащ. «АтIэ, узэрегуакIуэщ. Ухуеймэ, дэкIуэ, ди Iуэхуи пхэлъкъым, уи Iуэхуи къытхэлъыжккъым, уеблэмэ уаси сыти житIэркъым», – жаIэри зэкъуэшхэм загъэгусэри лъэныкъуэ зрагъэзыжащ.

Астемыррэ Думэсарэрэ зыхуейр арагъэххэт.

Куэд дэмыкIыу линейкIэ къащтэри зэгъусэу къежьащ, Щхьэщэхужкlэ къакIуэу. Нобэ Астемыр зытет гъуэгу дыдэмкIэ зи насып къэкIуагъитIыр къэпIащIэу къакIуэрт, я натIэ илъыр ямыщIэу. Ноби Астемыр къыщцыщIынур сыткIэ ищIэрэ? Щхьэщэхуж зэ гуфIэгъуэ щилъэгъуауэ щытащи, иджыри макIуэ.

Даур Иляс сэбэп къыхуэхъурэ мэзхъумэу е хьэсэпэхъумэу увамэ арат, ауэ бжьыхьэ хъуауэ дэнэ хьэсэпэ Iуувэн. Мэзхъумэу увамэ арат. Си Iуэхут итIанэ Гъуумари Аралпми укъагъуэтмэ. Псыжь Iуфэ Iут мэзыр куущ, абы хэтыр дэнэ къыщцыбгъуэтыжын.

Мэзхъумэу увмэ, къилэжьыр унэм иригъэхьынт, щыгъын, гъавэ сыт къищэхуурэ, КъэбэрдейкIэ кIуэ хуэзэмэ, иригъэшэнт. Мыбы къахуэкIуэ хьэпшыпыр дэнэ къикIрэ, жиIэу старшынэр бампIэурэ зэгуэудынт.

Гупсысэ мыухым хэтурэ, Астемыр имыщIэххэу Щхьэщэхуж къэсащ. «Даур Иляс и унэр зытет уэрамыр сымыщхьэрыуэу къэзгъуэтащэрэт», – жиIэу арат Астемыр зыщIэхъуэпсыр. Унэри хъарзынэу къигъуэтащ.

– Уэ уи-и-у, уиу-уиу. Джы абрэджу укъежьэжыгъэ? – абазэбзэкIэ жиIэри Иляс игъэщIэгъуащ, Астемыр и къекIуэкIыкIэм къедэIуа нэужь, – бо дэгъуу пщIыгъэ сэ сядие укъызэрыкIуагъэр. IэнатIэ гуэрэ къыпфэдгъуэтынщ[1].

Астемыри и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ, и ныбжьэгъур нэжэгужэу къыхущыту щилъагъум. Нэху зэрыщу тIури зэгъусэу Мурад Щамхьун жыхуаIэу шы къэзыщэхуу зыщэж гуэр Щхьэщэхуж дэсти, абы и деж кIуащ. Гъуэгу здытетым Иляс гушыIэрт: «Уабрэджу Мурад жетIэмэ, къыпщцышынэнщи укъимыдэнкIэ хъунщ», – жиIэрти.

– ЕтIуаштэп, шу[2], – Астемыри зигъэабазэбзэу жиIэрт.

– Сыта щIедмыIуэрэ? ЕдгъэIу, нэхъ нэлиекIэ къэуэплъынуми тщIэрэп[3].

Мурад Щамхьун и пIалъэ Иляс ищIэрт, ауэ IуэхукIэ зэи хуэзатэкъым. Мурад ЩамхьункIэ зэджэр лIы ерыщ гуэрт, делагъэ зыкъоми

[1] Абрэджу укъежьэжа? Дэгъуэу пщIащ си деж укъызэрыкIуар, IэнатIэ гуэр къыпхуэдгъуэтынщ.
[2] ЖетIэнкъым, зиунагъуэрэ.
[3] Сыт щIыжедмыIэр? ЖедгъэIэ, нэхъ нэ лейкIэ къыдэплъынуми тщIэркъым.



2 Заказ № 150

хэлъу. ЛIыщIэу сыкъащтэ, жиIэу хэт къелъэIуами къищтэрт. Ауэ зыгуэр къищтакъэ – япэм къищтауэ щытахэм ящыщ зы Iэмал имыIэу Iуихунт. ЛIыщIэ къищтэмэ, лIыгъэкIэ игъэунэхурти, игу ирихьмэ, къищтэрт, ауэ уримыхьакъэ – лъэныкъуэ зегъэз. Хэт къакIуэми къищтэну щIыжиIэр, я лIыгъэр здынэсыр зригъэлъагъуурэ и нэгу зригъэужьырти арат.

Псыжьи, Тэрчи, Лаби къамыгъанэу Щамхьун и лIыщIэхэм къакIухьырт, «мобы фыкIуэ», жиIэу Щамхьун здигъакIуэм кIуэуэ. Дэнэ кIуами еши зыгъэпсэхуи яIэтэкъым, шы зыщэм дапщэ ищэми зыхуэдизри, и уасэр зыхуэдизри къащIэрти, Щамхьун къыжраIэжырт. Езы Муради ежьэрти еплъырт, е шыр зейм къихурти, кърригъэлъагъурт. Игу ирихьмэ, къищэхурт, иримыхьмэ, къэнэжырт. А Iуэхур псоми яхузэфIэкIынутэкъым, шы къэпщэхун папщIэ шы и пIалъэ пщIэн хуейт, абы ищIыIужкIэ уанэгум уис защIэу зы тхьэмахуи тхьэмахуитIи къэпкIухьын папщIэ, куэд уи фэм дэбгъэкIыфу ущымыту хъунт. Арат Щамхьун хэт лIыщIэу къищтэми и лIыгъэ зэхигъэкIмэ фIэфIу щIыжиIэр.

Щамхьун бзаджэжьт, ерыщыжьти, «ЩхъуэжькIэ» къеджэрт псори. Ар езыми ищIэрт. И пащIитIыр, сытхъу телъ хуэдэ, тхъуууэ хуежьат, и нитIри набдзэ кIырым и щIагъым къыщIэплъырт, и жьакIэр зэзэмызэ фIэкIа иупсыртэкъым. И Iэ лъэныкъуэр гъуати, и жыпым кърримыхыу иригъэлът.

Илясрэ Астемыррэ кIыхьу къррагъэкIуэкIащ я Iуэхухэр зыIутыр, арщхьэкIэ а тIум жаIэ псом Щхъуэр едаIуэртэкъым. Мурадым къызэрилъытэмкIэ, Астемыр абрэдж дыдэми едэ, жиIэр ищIэ закъуэмэ, здигъакIуэм кIуэрэ Iуэхутхьэбзэр зэфIигъэкIмэ, итIани, и Iэ гъуа лъэныкъуэр жыпым кърримыхыу, мыдрей лъэныкъуэмкIэ и пащIэр иIуантIэурэ, лIитIым жаIэм едэIуащ, тIэу фIэкIа мыхущхьэу.



Щхъуэм жор пщIэхэлът, «Георгиевскэ чрест» жыхуаIэ ордену. А жорыр арат «Уи муслъымэным жор пщIэхэлъу къэкIуэжынщ» жиIэу Думэсарэ гъунэгъухэр къегиймэ, я гум къэкIыр. Щамхьун япон зауэм лIыгъэ щызэрихьат, и Iэ лъэныкъуэри хилъхьауэ къигъэзэжати, шы къищэхур дзэм ярищэу псэумэ, иджыри дзэм хэт хуэдэу къыфIэщIыжырт.

Астемыр жиIэну псори жиIа нэужь, щыри щым хъуащ. Щхъуэр «сыт лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ мыбы къыхуэзгъуэтынур?» – жиIэу гупсысэрт, модрей тIуми заущэхуат, дызэрелъэIур къытхуищIэн хьисэп иIэу къыщIэкIынкъым мыбы, жаIэу. «ЗыгуэркIи къызэупщIащэрэт», – жиIэрт Астемыри игукIэ.

Зытэлай дэкIауэ Мурад Щамхьун къэтэджри пщIантIэмкIэ иунэтIащ:

– ФынакIуэт модэкIэ, – жиIэри.

Илясрэ Астемыррэ Щхъуэм и ужь иту къэтэджащ, нэхъ нэщхъыфIэ хъуа, жыпIэну.

Бом щIэт лIыщIэхэм Щхъуэм лIитI и гъусэу щалъагъум, занщIэу къагурыIуащ ящыщ зыгуэрым и вагъуэр зэрижар. «Хэту пIэрэ Щамхьун Iуихунур?» – жаIэу зэпсалъэрт.

Щхъуэм занщIэу унафэ ищIащ:

– Емылыджым къекъу! Уанэ темылъу! – жиIэри.

Бом Iутхэр зэхэзежэ хъуат.

ДакъикъэфIэкIдэмыкIыу, шыгъуэдахэ гуэр лIитIым ерагъпсэрагъкIэ яIыгъыф къудейуэ шэщым къыщIашащ. Шыр щыщырт, ихъу-илъырт, етхауэрт, и нитIыр къиихуу зиплъыхьырт, и пэщхъыным бахъэр кърихурт, арщхьэкIэ нахъутэ пщIэхэлъым и кIапэр лIитIым яIыгъти, шым кIуапIи жапIи иратыртэкъым.

– ЩIопщ щыIэмэ, ет, – жиIэри Щамхьун Астемыр дежкIэ и щхьэр ищIащ.

– Мэ. Уи кIэпкъым дэIу, шым иумыгъэлъагъуу.

– Шэсыт иджы. Уэ лIы ухъумэ, КIэху шы пхуэхъунщ, – жиIэри Щамхьун Астемыр дежкIэ къеплъэкIащ.

ЩIопщ къратар и мест лъапщэм диIури, Астемыр шым дежкIэ еIащ. Шы сокум и еIусэнри, зридзу шэсынри зынапIэзыпIэти, Астемыр шым къытехутащ. Шыр зыIыгъитIым нахъутэр шыщхьэм къыфIалъэфри, шы цIахуцIэм Астемыр тесу пщIантIэм даутIыпщхьащ.

Шыгъуэ емылыджыр долъей, къолъых, Астемыр и лъакъуэм къедзэкъэну зещI, кIэбдзкIэ йокIуэт, йотхауэ, къежыхь, и щхьэр еутхыпщI. Ахэр Щамхьун щилъагъукIэ, и ныбэр иIыгъыу мэдыхьэшх. Астемыр шытх яем тесыгъуейуэ тесщ, и куэпкъитIым шыр диубыдауэ: шы сокури быдэу иIыгъщ, шым зихъунщIэху, щIопщымкIэ и джабэр зэпрехулэкI. Шы емылыджым, бахъэр къыщхьэщихыу, уэрамыр къежыхь, йотхауэ. Астемыр къехуэхыным зытIэкIут иIэжар. Шыр кIэбдзкIэ уври, бгъукIэ зыщIидзу щылъэм, Астемыр зыхуэмыIыгъыу къехуэхынут, арщхьэкIэ шым и пщэм IитIкIэ зришэкIри, зэкIэ къызэтенащ. Щамхьун нэгузыужьыгъуэ ар хуэхъуауэ и нэр къыщипхъуауэ дыхьэшхырт.

Шыр ешу увыIэху, Астемыр къепсыхакъым.

– «Мышэ мылIэм, лIы хъунущ» жыхуаIэм ухуэдэщ. Къепсых, – жиIащ Щхъуэм, и нэпсыр и IэщхьэмкIэ щIилъэщIыкIыу.

Астемыр шым къелъэтэхри, щIопщыр къезытам иритыжащ.

– Уанэ тефлъхьи шыр псымкIэ нафшэ, – жиIэри Мурад и къуэр ПсыжькIэ кIуэуэ ежьащ.



Астемыр къыпэщытыр нэхъ Iеижт.

– Иджым, уэлэхьэ, къулъхуолэ щэ щыжыпIэнур, – жиIэрт лIыщIэхэм я нэхъыжьу нэхъ фагъуэ дыдэу Астемыр щIопщыр къезытам. – Си Iуэхущ нобэ зумыгъэпскIмэ, си къуэш.

– Бжьыхьэ хъуауэ дауэ зыбгъэпскIыну!

ЛIыжь фагъуэм жиIэм пцIы хэлътэкъым.

Щамхьун и гум зы бэлыхь гуэр зэрилъыр ящIэрти, Псыжь Iуфэ зыкъом щызэхуэсат. Псыр хъарбызыфэ фIыцIэм ещхьу ежэхырт, псы адрыщIымкIэ къыщыкI мэз фIыцIэр къыхэщу.

Щамхьун и щыпэкъакIуэтэкъым нобэ. Япэми зы лIы гуэр псым зэпригъэсыкIыну хуежьэри иригъэтхьэлауэ щытащ. Щэрдан Мыхьэмэт хуэдэ къабзэу. Ар къызэрыхуэгъуар арагъэнт ноби щIытегушхуар. Шыгъуэм уанэ телъу къашауэ щилъагъум, Щамхьун и гур къызэщIэплъащ, щакIуэм хьэкIэкхъуэкIэ къилъагъум зэрыхъум хуэдэу.

– ИIэт, шэсыт! Псым зэпрыкIи зы екIэпцIэ къудамэ къысхузэпрых! – жиIащ Щамхьун, Псыжь адрыщI къыщыкI мэзымкIэ и Iэр ишийуэ.

Астемыр къызэгуэпащ: «Мыбы и гум къэкI делагъэр хуэдмыщIэну Iэмал имыIэу щыт?» – жиIэу. ИтIани, укъэгубжьрэ уежьэж щхьэкIэ, дэнэ укIуэнт.

Иляси фIэзахуэтэкъым Щхъуэм жиIар.

– Ушэсыну хьэмэрэ?.. – жиIэри Щхъуэр къыщIэупщIащ.

Астемыр зыри жимыIэу шым шэсыну щыбгъэдыхьэм, емылыджым лIитIри лъэдакъэкIэ игъавэу ирилъэфэжьауэ илъэфу хуежьащ, арщхьэкIэ аргуэру зэ дэлъеигъуэм лIыр уанэгум къыихутащ.

Шым уанэ щытелъкIэ, шхуэ щыпщIэхэлъкIэ, Астемыр а шыр IумпIафIэ ищIыфынут, ауэ псым зэпрыкIын хуей шыр ебгъэшмэ,

нэхъыфIтэкъыми, едэхащIэу, Iэ дилъэу зыкъомрэ и ужь итащ. Емылыджыр нэхъ хуэм щыхъум, псым хигъэхьэну елъэдэкъэуащ. КIэху зэщIэкIэзызэу псы щIыIэм хэпкIащ.

Щамхьун зигъэщхъауэ плъэрт, шыр псым щIигъэмбрыуэм, тесыр дауэ хъуну, жиIэу. Арат абы нэгузыужьыгъуэу къилъытэр.

Астемыр псым худех щIыкIэу ехырт. Шым къигъэзэжыну тIэу-щэ хуежьат, арщхьэкIэ зикI къехъулIакъым.

Куэд дэмыкIыу псым и куупIэм нэсащ. Астемыр и куэпкъым нэс псым хэлът, лъэбакъуэ зы-тIу шым ичыжыху, нэхъри куу мэхъу. Шыр йос, и лъакъуэр псым и щIэм нэмысу. Псы Iуфэм Iутхэр плъэмэ, Астемыр и плIэм псыр къос, шыпэри къыхэпIиикIыу уолъагъу.

Псы Iуфэм Iутхэр зэрогъэкIий:

– Шым есыкIэ ищIэркъым.

– АтIэ, емылыджщ. ИгъащIэм лIы шэсакъым.

– Iисраф хэхъухьынщ лIы хъарзынэр...

Ар жаIа къудейуэ, шыр псым щIигъэмбрыуащ. Астемыри псым есу къыхэнащ. Шыр асыхьэту зэ къыдэуеижри аргуэру кIуэдыжащ. Жыг лъэдакъэ гуэрым шым и кIэбдз лъакъуэр фIэнати, шыр игъакIуэртэкъым. Елъэдэкъауэ-нелъэдэкъауэми и лъакъуэр къыхичыжри, шыгъуэр псым къыдэуеижащ. Астемыри есырт шыр къиубыдыжыну.

– Къэгъазэ! Къэгъазэ! – жаIэрт псы Iуфэм Iутхэм. Щамхьун илъагъур фIэдыхьэшхэнти, и ныбафэр IитIкIэ иIыгъыу, дыхьэшхырт.

– Къэгъазэ! Куэдщ...

Астемыр зэхихатэкъым Щхъуэм и дыхьэшх макъыр, зэхимыхами, ар апхуэдизкIэ зэгуэпырти, зыхуей дунейм теттэкъым, псым къыхэкIыжатэмэ.



Шым хьэ есыкIэ ищIауэ псым къыхэсыкIыжырт. Астемыр ерагъыу емылыджым къесылIэри, шхуэмылакIэ псым хэлъыр зыIэригъэхьащ, арщхьэкIэ ар къэбукъуэдий хъунутэкъыми, лъэрыгъыпсыр иIыгъыурэ шыр псы тепхъэм къэсу лъакъуэкIэ увыху къэкIуащ. Псы Iуфэм къыщысым, Астемыр шхуэмылакIэр иIыгъыу псым къыхэкIыжащ. Шы емылыджу щытари ешат, нэхъ Iэси хъуат. И щхьэр иутхыпщIырт, и тхьэкIумэм псы иуа хъунти.

Псы Iуфэм Iута къомыр къежэлIащ. Шым зиутхыпщIри, псы ткIуэпсыр псоми уэшхым хуэдэу ятриутхащ.

Астемыр лIыщIэу къащтащ.

## ШЫХЪУЭЩIЭ

Уи мыIыхьэ пшхымэ, дзажэпкъ пщIын, жызыIам имыщIэу жиIатэкъым. Апхуэдэ гуэр Астемыр и натIэм илъу къыщIэкIынт Мурад Щамхьун деж шыхъуэу щыIуувам, сыту жыпIэмэ ар зи пIэ иувар къулейсыз гуэрт.

Астемыр шыхъуэу къэзыщтам нэгъуэщI шыхъуэ лажьи хъати имыIэу Iуихужащ. Iуихужари зи къару илъ гуэру щытатэмэ зыгуэрти, и фэр пыкIауэ, езыри зэкIуэцIыгъуэжауэ хьэдэм ещхьт. «ЛIыщIэу сыкъащтэ», – жиIэу ар къыщыкIуам, Щамхьун дыхьэшхат: «Уэ шым ушэсмэ, набжэ гъурым ещхьу узэпкърымыщэщыну си фIэщ хъуркъым», – жиIэри.

– Вы и къуэгъурэ лIы и гъуррэ, жи! – лIы гъурым тригъэчыныхьырт.

– Іэщ уэд бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къещІри, цІыху уэд бгъашхэмэ, уи Іупэм къоуэ, – жиІащ Щамхьун.

Абы фІэкІ хэмылъу лІы гъурыр шэ фІэІуа пэгун никъуэ ирагъафэри шы гъур дыдэ цІахуцІэу трагъэтІысхьащ. Шыр апхуэдизкІэ гъурти, тетІысхьари нэхъ гъурыжти, Щамхьун ар щилъагъум, дыхьэшхыу къыщиудащ: «Ахърэт-шу», жиІэри.

Шы гъурыжьыр ущу здэкІуэм, абы тесым и гур хэщІырт, шытхым и пхэр щІиудырти. Джыдэм нэхъ утесыфынт, а шы уэдым нэхърэ. Ахърэт-шу зэ зы куэ лъэныкъуэр шытхым хуигъазэми, зэ адрей куэ лъэныкъуэмкІэ зригъэщІыми, шым тесыфыртэкъым.

Ахърэт-шу хуэмышэчыжу и фэр пыкІащ, арщхьэкІэ къепсыхыу Щамхьун идэртэкъым, шу къыхэкІынрэ къыхэмыкІынрэ зэхэгъэкІын хуейщ, жиІэрти. Ауэ лІы гъурым и гур къызэІыхьэри, шэ фІэІуа зэфар къижьыжурэ шы пцІэгъуэплъ зытесыр пщІэгъуалэ щищІым, Мурад зыхуейр апхуэдэ зыгуэрти, нэхъри дыхьэшхыу хуежьащ.

Ахърэт-шу и щхьэр уназэри, шым къехуэхащ.

– Ягъэ кІынкъым. Бом щІэтынщ, – жиІэри Щамхьун лІыщІэр къищтащ, нэгъуэщІ Іуигъэкlыжри.

Астемыр лІыгъэ хэлъу къигъэлъэгъуати, шыхъуэу къащтащ, Ахърэтшу Іуахури. Щхьэ сыІубгъэкІрэ, сытрэ жыпІэу Щамхьун уеупщІыныр мыхьэнэ зимыІэт, уеблэмэ къомыпсэлъэххэнкІи хъунут, арщхьэкІэ Ахърэтшу дагъуэ хуищІа хуэдэу зыкъыфІигъэщІырт:

– Лъхукъуэлlыр бгъэкІэсым, уанэгу пфІещтэ, а гъуамэр бгъэкІэс хъун, – жиІэу Щамхьун хъущІэ хуэдэу зищІырт, Ахърэт-шу и тепІэнщІэлъын тІэкІур шэщым къыщІихыу унэм къызэрихьам щхьэкІэ. Унэуи здэкІуа щыІэтэкъым, Іэпслъэпсхэр зыщІэлъ гуэн цІыкІум фІэкІа. Ари езым ищІэну къыщІэкІынтэкъым, бжьыхьэ уэтІпсытІу мо лІы жьэн хъуар иукІырти, лІыщІэхэм гущІэгъу къыхуащІу гуэн цІыкІум кІуэ, жаІэу ямыгъэкІуам. Иджы ари къыщІэкІуакъым.

Абы фІэкІ хэмылъу Ахърэт-шу дахури, абы и пІэ Астемыр ирагъэуващ.

Лаби, Псыжьи, Тэрчи къимыгъанэу Астемыр къызэхекІухь, жэщи махуи уанэгум къимыкІыу. Езы Щамхьун къемыхьэлъэкІмэ, макІуэри йоплъ е къахуу кърашэну еІуэхуж. Ауэрэ зы шыбз хакІуапщІэ къищэхуамэ, зыкъомрэ авоскІэ, нартыхукІэ егъашхэ, махуэкІэ губгъуэм ирехуэри лъэхъуу кърехуэкІ, шым лъэхъуфІ иІэ хъун папщІэ, пщэдджыжькІэ Псыжь псы щІыІэм хахуэ, аргуэру кърахуэкІ, ягъашхэ, ялъэщІ. ТхьэмахуищплІы дэкІмэ, къащэхуауэ щытар къыумыцІыхужу нэгъуэщІ зыгуэр мэхъу, я цыр цІууэ икІи жану, лъэрызехьэу.

Шы ящэнур хьэзыр хъумэ, Щамхьун Батайск макІуэри, къэзакъ есаул гуэр пащІэ кІыхь хъужауэ къешэри, шыр ирегъэлъагъу. Шы къомыр къызэрищэхуам хуэдитІ кърит ыну зэгуроІуэри, Щамхьунрэ есаулымрэ жэщитІ-махуитІкІэ зэбгъэдэсщ ефэ-ешхэу. Шыхъуэхэм шыр Батайск яху, Астемыр шыщэху аргуэру йожьэ.

Махуэ къэс верст щэщІ-плІыщІ пкІуэ къэпкІухьыныр тынш? Астемыр япэ дыдэ шы емылыдж зытрагъэтІысхьар иджы шы хуэхъуащи, дэни ирокІуэ, езы шыгъуэри ахъырзэману макІуэ, зэи мыувыІэу. Абы хуэдэш къыхэкІынуи хэт и гугъэнт.

Шыгъуэм тесу гъуэгум здытетым, Астемыр мычэму и бынунэм щІогупсыс. Ар уигу дауи ихун, сабиитІым Думэсарэ ятеубгъуауэ къэнащ, е шхын хуэлІэрэ, е щыгъын хуэныкъуэ, жиІэу хэт къакІэлъыплъын.

КъакIэлъыплъмэ, къакIэлъыплъынур Гъуумарщ е Аралпыр аращ. Пэжыр жыпIэмэ, Аралпым тхылъ здимыгъэкIуа полицейскэ участкэ къэнакъым, уеблэмэ жэщ къэс стражник къегъакIуэри, Думэсарэхэ я шэщым щIигъэсщ, Астемыр къигъазэ хъумэ, къригъэубыдыну. АрщхьэкIэ Астемыр зы щIыпIэм махуитI искъым, мычэму къекIухь. Нобэ бэзэрым щалъэгъуамэ, пщэдей нэгъуэщI псыхъуэ дэтщ.

Щхъуэжьри Астемыр хуэарэзыщ. Хуэмыарэзыуи хъун. Тхьэмахуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу ахъшэшхуэ къызыщIэкIын мылъку шы защIэу къыхуеху. «Мышэ мылIэм, лIы хъунщ», – жеIэри Щамхьун и шыхъуэм щотхъу. Нобэ зыгуэр къакIуэрэ, лIыщIэу сыкъащтэ, жиIамэ, тобэ ирехъу, Щхъуэм IуигъэкIынур Астемыру къыщIэкIынкъым.

Зэгуэр Къанокъуей пэмыжыжьэу урыс бэзэрым адыгэ лIитIым уанэш хъарзынэ ящэу Астемыр яIущIащ. Шым, увыIащ жумыIэмэ, дагъуэ иIэтэкъым, и уасэри куэдтэкъым. «Шы пуд ухуэзэм къашэ», – жиIэри Мурад хуит ищIат и шыхъуэри, Астемыр уанэшыр Iэдэжу иIыгъыу къэкIуэжащ.

Щамхьун игу иримыхьмэ, жиIэу Астемыр гузэвами, шыр зыхуихуар къыщытхъуащ, дэгъуэу пщIащ, жиIэри. Шыр Щамхьун и гум зэрырихьар IупщIт и пащIитI дэуеймкIэ.

Муради Астемыри, зэжрамыIами, я гум илъыр зыт: шыр щIэпудыр шы къэдыгъуащи аращ, жаIэрт. Щамхьун унафэ ищIащ шыгъуэр шэщым къыщIамышу ягъэшхэну.

– КъыщIэупщIэIамэ, занщIэу евмыгъэлъагъу, сэ къызжевмыIауэ, – жиIэрт Щамхьун.

– Инэрал гъэшэс, и фэр къихьэжмэ. КIуапIэ имыIэу шы хъунщ, – жаIэрт езы шыхъуэхэми.

Шыр зейр къыкъуэкIами, абы щIитам нэхърэ нэхъыбэ къыIимыхыу Щамхьун иритыжынутэкъым, къыкъуэмыкIми нэхъыфIыжщ, лъапсейуэ ищэнщ. Дауэ хъуми, ар зыщыгугъам Iуэхур къыщыщIэкIакъым.

Куэд дэмыкIыу шыгъуэм и фэр къихьэжу хуежьащ, и цыр цIууэ, езыр псынщIэу, и лъакъуэ дахэр щидзкIэ, къафэ хуэдэу, и нитIыр мафIэм хуэдэу къилыдыкIыу, и пэри тIыпэ хъужауэ, и натIэм вагъуэ хужь исү. Шыгъуэр кIэбдзкIэ уву, бутIыпщамэ, занщIэу зричрэ лъэуэ, ежьамэ, зыш къылъэщIыхьэртэкъым. Шым апхуэдизкIэ Щамхьун ехъуэпсэжати, пшапэр зэхэуэмэ, шэсырти губгъуэмкIэ дигъэзыкIырт, зыкъомрэ къикIухьмэ, шыр шхуэIум езауэу, и тхьэкIумитIыр дзасэм ещхьу зэблигъэплъу, къэсыжырт.

– СогъэпцI, думыгъэунам, хьэмэ къилъхуа, – жиIэу Щамхьун шыр къэзыщэхуам щытхъурт.

– И хъер улъагъу, Щамхьун. Хьэуэ, шы хъунщ ар, – жиIэрт езы Астемыри.

Шы зыкъом хьэзыр хъуати, Щамхьун Батайск кIуащ и къэзакъ есаулым деж. Астемырт пщIантIэм нэхъыжьу къыдэнар. Шыхэм Iус иратщ, шхалъэм мэкъу дыгъэл далъхьэри, лIыщIэхэр щхьэж и увыIэпIэ кIуэжащ. ЖэщкIэ шэщым щIэт къэрэгъулри я унэ кIуэжащ, сымаджэ гуэр яIэу къыщIэкIынти.

Ахърэт-шу зыщIэлъа, щIыдагъэмэ къызыщIих гуэн цIыкIум Астемыр щIэлът. Блыным екIуэкIыу фIэлъ Iэпслъэпсым щIыдагъэ щыхуати, мэм уимыгъэбауэу къыпщIихьэрт. Астемыр зымыгъэжейр арами имыщIэу хэлът зигъэджэрэзу. Зэзэмызэ хилъафэми, къызэщыужырт, и бынунэр и нэгум щIэту. Щхьэгъубжэ закъуэ хэлъымкIэ мазэр

гуэн цIыкIум къыщIэплъэрти аргуэру пшэм хэлъэдэжырт, Астемыр гъуэрыгъуапщкIуэ къыдэджэгу хуэдэ.

ПщIантIэм шы лъэ макъ къыщыIуащ. Астемыр аргуэру Iурихащи, Щамхьун тешанкIэкIэ къэкIуэжа къыфIощI. АтIэ шыр щхьэ щыщрэ, Iэуэлъауэ къэIури сыт? Шыдыгъуу пIэрэ къэкIуар? Астемыр къызэщоупэ. Къэрэгъулри имыгъэкIуэжаи абы нэхъей. Шэщым зыгуэр щыщыIэщ. Астемыр икIэщIыпIэкIэ зехуапэ, щхьэнтэ щIагъым щIилъхьауэ щыта кIэрахъуэри дэнэ кIуа?

ШэщымкIэ пхъэбгъу зэпыщIыкI макъ къоIу.

Астемыр занщIэу шэщымкIэ жэмэ – шууитI шы Iэдэж яIыгъыу пхъэбгъу сэрей зэпытхъамкIэ докIри, макIуэ-мэлъей.

– Хэт ар? Дэнэ пшэрэ шыр?

Зыми зыри жиIэркъым.

Астемыр кIэрахъуэ иIыгъыр егъауэ. Шэщым щIэлъадэм – шыгъуэр бгъуэтмэ къащтэ.

ИкIэщIыпIэкIэ шыгъуэ КIэхум уанэр трикъуэри, якIэлъежьащ шууитIым. АрщхьэкIэ дэнэкIэ бгъэзэну, жэщ кIыфIым хэкIуэдэжащ шыр зыдыгъуар. Астемыр и КIэхур еутIыпщ, ар здэкIуэмкIэ ирекIуэ, жиIэу. АрщхьэкIэ шым дэнэ къыщищIэн здэкIуэн хуейр, ПсыжькIэ йоIэ.

Шы зыдыгъуар къалэмкIэ кIуэнкъым, дауи. КIуэмэ, здэкIуэнур Армавир-ЕтIуанэмкIэщ. Шэч хэмылъу, а шууитIыр абазэ адыгэщи, абазэмкIэ ягъэзэжагъэнщ. Абдежым Астемыр къэуIэбжьащ, иджыпсту фIэкIа абы и гум пщIыхьэпIэуи къэкIакъым шыгъуэр зыдыгъужар ар къезыща щIалитIыр арауэ. Дэкум хуэдэу дыкъагъэпцIакъэ, арауэ къыщIэкIмэ. ДыгъуакIуэжьхэм я хабзэщ, я шыр уэд хъуам, пуду ящэрэ, зращам фIыуэ ягъэшха нэужь, къыфIадыгъужу.

Шыгъуэм кIуэ пэтми зиукъуэдийуэ макIуэ. Астемыр зэщIэдэIукIмэ – и гупэкIэ шы лъэ макъ къыщызэхех. КIэхум зыгуэрым гу лъимытауэ апхуэдэу зишэщIынукъым. ИкIи пэжщ, кIыфIым шу хэт хуэдэу уолъагъу, арщхьэкIэ ар ауэ къыфIэщIрэ хьэмэ пэж?

– Дэнэ пхурэ шыр? Уи нэвагъуэр уэзгъэлъагъужыни! – жиIэщ Астемыри, кIэрахъуэкIэ уащ.

КIыфIым хэт шур нэхъри псынщIэу кIуэуэ хуежьащ, абы кIэлъыжэр зытригъэгушхуэу.

«Си КIэхур сутIыпщынщи сылъэщIыхьэнщ», – щыжиIэ дыдэм, Астемыр зэхихащ и ужьымкIэ шу къажэу. Ыхьы, тIу дыхъумэ, зыгуэр дыхъунщ жыхуиIэу, Астемыр и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ. Аргуэру кIэрахъуэкIэ уащ.

Астемыр кIыфIым къыхэлыдыкI мафIэ цIу напIэзыпIэм илъагъури, фоч уэ макъ зэхихащ. Ар шы зыдыгъуар къызэуэкIыу къауэу арат.

«Си ужь иту къажэри сыту къэмысрэ?» – жиIэрт Астемыр. Уи шыр уогъэпсынщIэри – уи ужь итыр къыпкIэроху, умыгъэпсынщIэщи, шыр зыдыгъур пIэщIокI. Е станицэм удэлъадэрэ старшынэм хъыбар ебгъащIэмэ, нэхъыфI? Нэху мыщу пхъэр игъакIуэмэ, дыгъур къаубыдынщ.

Астемыр и ужьым ита шур къылъэщIохьэ. Хэту пIэрэ ар? Щамхьун къэпхъэрауэ пIэрэ? Хэтми, Астемыр гъусэ иIэмэ, зыгуэр хъунщ. Астемыр и шыр къыжьэдикъуэ щхьэкIэ, КIэхур къыхуэувыIэркъым. Мис, шур гъунэгъу дыдэщ, абы и щхьэм бащлъыкъ фIэшыхьар уолъагъу, и шыр ешащ.

– Хэт ар?

Астемыр шыр къыжьэдекъуэ, модрей шури къосри, кӀэрахъуэкӀэ къоуэ. Астемыр и нэкӀум мафӀэ къыщӀолыдэри, кӀыфӀым хохуэ. ШыдыгъуитӀым язын къуэгъэнапӀэ къуэувэри пхъэрыр япэ иригъэщауэ арати, Астемыр щыуащ. Абы къеуа шур щӀопхъуэжри, жэщ кӀыфӀым хокӀуэдэж.

Пщэдджыжьым Астемыр лъым хэлъу, и шы КӀэхуи епэээзэхыу нэху къекӀащ. Сэлэт гуп, хэт и Ӏэ пхауэ, хэти и щхьэ уӀэгъэ телъу, кхъэм къикӀыжу станцым къакӀуэрти, Астемыр къыхуэзащ. Къеплъ-неплъмэ, адыгэ фащэ щыгъщ, и нэкӀукӀи адыгафэ тетщ. Астемыр къыӀэщӀэхуа кӀэрахъуэр зыгуэрым къиштэри, шитӀ къинэжати, шы КӀэху зи лъакъуэ зэпыудам и щхьэм еуэри иукӀащ.

Шыр къытехуэри, куэдрэ емылъэкъуауэу лӀащ.

Астемыр къыхуэзахэр зэпсалъэрт:

– И псэр Ӏут?

– Псэущ иджыри, – жаӀэу.

Астемыр ар зэхихи хуэдэт, арщхьэкӀэ зимыщӀэжу щылът, и куэ ижьри и блыпкъри уӀэгъэ хъуауэ, лъы къыщӀэжа къомыр и щыгъыным зыщӀафарэ хьэлэч хъуауэ.

– Хуэсакъ, маржэ. УмыгъэгумэщӀ.

– Джанэр кӀэрыгъуащ уӀэгъэм.

Хэт псалъэми имыщӀэу, зыгуэрхэм я псалъэмакъ Астемыр зэхех, арщхьэкӀэ и Ӏэблэ лъэныкъуэр фӀалъэф хуэдэу и нэм аргуэру къыщхьэрепхъуэ. Куэд дэкӀа, мащӀэ дэкӀа, и нэр ерагъыу къызэтрихрэ къаплъэмэ, хъыджэбз гуэр къыщхьэщытщ. А хъыджэбзым и щхьэр зэрыфӀэпхыкӀа бэлътоку хужьым жор плъыжь ин тедар зищӀысыр Астемыр къыхуэщӀэркъым.



А цӀыхубзым нэмыщӀи нэгъуэщӀ зыкъом елъагъур, арщхьэкӀэ здэщыӀэри къыщыщӀари – зыри ищӀэжыркъым, и куэри и дамэпкъри гуача хуэдэщ.

– ЗыкъищӀэжам, уэлэхьи, мес!

Астемыр и нэр къызэтрехыпэ.

– АтӀэ аращ, уи ажал къэмысамэ.

Адэ зыгуэр къыдопсэлъыкӀ:

– ЛӀо, нобэ щӀэфлъхьа къомым я ажал къэсат, кхъэм щхьэ фхьа?

– Къэмысамэ, тхьынт. Щы тхьати, зы къэтхьыжащ. Плъагъурэ, къобэдзэуэж!

– Хэту пӀэрэ ар?

– ЕупщӀ.

Вагоным исхэм жаӀэр Астемыр къыгуроӀуэ. ДэнэкӀэ плъэми, илъагъур адыгэ сэлэтщ, уӀэгъэ хъуахэу. Зи псалъэмакъ зэхих сэлэтхэр мыхъуатэмэ, Астемыр кӀуэдауэ къыщӀэкӀынт. Санитарнэ поездкӀэ уӀэгъэ къомыр госпиталым яшат Ростови, здашам Ӏахын ядатэкъым, диӀэр здэтхьын тщӀэжыркъым, жаӀэри. Щымыхъум, мафӀэгур Армавир къагъэкӀуащ, Армавирт нэхъеижри, мафӀэгур станцым къытенащ. Унафэ зыщӀхэр телеграфкӀэ зэпсэлъэху, уӀэгъэ хьэлъэхэм ящыщу щы лӀащ. Пщэдджыжьым хьэдищыр щӀалъхьауэ санитархэмрэ нэхъ уӀэгъэ псынщӀэ зытелъ сэлэтхэмрэ къэкӀуэжу Астемыр губгъуэм илъу къагъуэтащ.

Насып иӀэти, сэлэтхэм гущӀэгъу къыхуащӀри санитарнэ поездым къахьащ.

«ДахэкӀэ умыкӀуэм, чачэу уезгъэлъэфынщ», – жиӀат Къылышбий

и къуэжьым, езы Астемыр имыщIэххэу «Туземнэ дивизэм» къахэхуащ. Сэлэтхэр а дивизэм зэрыщыщым Астемыр гу лъитащ я псэлъэкIэмкIэ.

Афицар гуэр вагоным къихьауэ:

– Хэт мыр? – жиIэри Астемыр къыбгъэдыхьащ.

– Дэ тщыщ гуэрщ. Кхъэм дыщыкIуам, мащэм ихуэри уIэгъэр къызэтричащ.

Асыхьэту нэхъ лъагэу телъ сэлэт гуэр зимыщIэжу Iуэщхъуу, гъыуэ, къыхэгуоукIри къехуэхащ. Къыздехуэхым и щIагъым щIэлъ сымаджэм къытехуэри, «уэуэур!» я махуэу зэрыгъэкIияти, афицарри сестрари абыкIэ псынщIэу кIуащ.

Астемыр бэуапIэ имыгъуэту щылът, хущхъуэмэри уIэгъэмэри – псори зы хъужауэ жьы узэрыбэуэн вагоным къимынэжа хуэдэт. МафIэгур Ростов кIуэуэ ежьати, я гум нэхъ жьы дихужащ.

## ШЭРДЖЭС ДАДЭ

Госпиталым къыщIэкIыжа нэужь, Астемыр здэкIуэнур имыщIэу къэнащ. «Туземнэ дивизэм» кIуэ, жаIэу тхылъ кърата щхьэкIэ, ар абы кIуэну и гугъэххэтэкъым. ЗэрыжаIэмкIи, а дивизэм и нэхъыбэр Налшык кIуэжауэ дэст. УздэкIуэ мыхъуххэнури Мурад Щамхьун дежт. Хэт ищIэрэ, си шыр Астемыр идыгъури ежьэжащ, жиIэу хъыбар игъэIуамэ, узэрыIэрыхьэу къэхэшэнщ.





Мызэ-мытIэу Астемыр щIэупщIащ: «Сыт хуэдэ КъэбэрдейкIэ», – жиIэу. ЗэрагъэхъыбарымкIэ, центрым Октябрь революцэшхуэр щытекIуа щхьэкIэ, Къэбэрдейр зэрыщытауэ къэнэжащ, къуажэ правленэ сытхэр къуажэ СоветкIэ яхъуэжами, старшынэхэр председатель хъуа фIэкIа, Iуэхур зэрызэщхьэщыкIа щыIэтэкъым. Гъуумар жыпIэнущи, зэрыщытащ. Япэм ефэну тIысмэ, бжьэ ещанэр пащтыхьым и узыншагъэкIэ ирифырти, иджы пащтыхьым и пIэ «бременнэ правительствэр» иригъэуващ (Гъуумар къущхьэ щылъхущи, «в»-м и пIэкIэ «б» жеIэ).

Астемыр Степан Ильич и деж кIуэри и къекIуэкIыкIа псори хуиIуэтащ. Хьэжы Инус деж къыщыщIэдзауэ Къылышбий и къуэм къыжриIам къэсыху, зы къимыгъанэу, псори къыжиIэжащ. ТIуми зэхуаIуэтэжынур зэхуаIуэтэжа нэужь, я гур фIыуэ зэрылъэ-гъуащ, игъащIэм зэрыцIыху хуэдэу. Степан къыжриIа къомыр Астемыр хуэгъэщIагъуэртэкъым, апхуэдизкIэ телъыджащэти. Иджы Астемыр дежкIэ гурыIуэгъуэт Степан адыгэбзи къурIэни щIищIэр.

И чэзур къэса нэужь, дэри абы и гугъу тщIынщ, мысыхьэткIэ Асте-

мыр и мурадым дыкIэлъыплъынщ.

– Iэнэщцу умыкIуэж, лажьэ, апщIондэхукIэ дунейри зыгуэр хъунщ, – жиIэри арат Степан Ильич нэхъ фIэдахэр.

Астемыр ар фIэзахуэт.

Iэмал-хьилэ жиIэми, Степан Ильич лэжьапIэ Астемыр Iуигъэуващ, тхылъ лъэпкъ имыIэми. IэнатIэ хуэхъуар мыщIагъуэми, Iэмалыншэт. Астемыр заводышхуэ гуэрым ташкIэ иIыгъыу цеххэм пхъэнкIий къыщIишурэ гъущI гъуэгум тет вагоныжьым ирикIутэу, е гъущIыкIэжьхэр зэхуишэсрэ гъущI зэрагъэткIу хьэкум иришалIэу арат и къалэныр.

Махуэ еным етIысэхыпIэ имыIэу лажьэми, къилэжьыр мыхьэнэншэ дыдэт, щыгъын сыткIи фейцей дыдэ хъуат.

Куэд дэмыкIыу Астемыр цехым рабочэу щIашащ. И лэжьапщIэр нэхъыбэ мыхъуами, цехыр нэхъ хуабэт. Шыгун щагъэжкIэ шыгун гъэткIуа зракIэ ятIэ жыпхъэр ищIу Астемыр еджэн хуейт. «Нэм илъагъур Iэм ещI» жыхуаIэр арати, Астемыр гурыхуэу къыщIэкIащ, жыпхъэхэр ятIэм къыхищIыкIыу зы тхьэмахуэм есат.

Цехым и кIуэцIым жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэ къомыр изу ирагъэувэм, варганкIэ хьэкум и джабэм гъуанэ иIэм ятIэ тыкъыр Iуяр Iуаудырти, хъуаскIэр дрипхъейуэ шыгун ткIуаткIуэр къижырт, абы лэгъуп хуэдэу зы ин гуэр Iуагъэувэрти, изу къилъэда нэужь, жыпхъэ къомым хуэсакъыпэурэ иракIэрт. ХъуаскIэ къытелъалъэурэ Астемыр и цей тIэкIур пхисыкIат, арщхьэкIэ шыгун зэрагъэжыр фIэхьэлэмэту еплъырт. А цехым щылажьэхэм шэ шынакъ зырыз кърагщэрти, арат Астемыр и гуфIэгъуэр.



Сахэзэгъащ сызыхэтым, щыжиIэ дыдэм, Астемыр, паспорт зэримыIэм гу лъатагъэнти, ираджащ. ЕрагъпсэрагъкIэ комендантым къыIэщIэкIащ, «Туземнэ дивизэм» укъыхэкIуэсыкIагъэнщ, жаIэри, гурыщхъуэ къыхуащIат, а дивизэм хэтар зэбгрыжыжауэ адэкIэ-мыдэкIэ къыщаджэдыхьырт.

Комендантыр Армавир телеграфкIэ щыщIэупщIати, жэуап къатыжащ: «Мурад Щамхьун и зы лIыщIэ Ботэщ АстемыркIэ еджэу бзэхащи, игъуэтыжыркъым», – жаIэри.

– УзилIыщIэр къыплъохъу. Зегъэхь. – Аращ Астемыр къыжраIар, суткэкIэ комендантым деж щаIыгъа нэужь.

Астемыр Щамхьун деж кIуэну и гугъэххакъым.

Iэмал имыIэу Степан Ильич къэгъуэтын хуейщ, абы фIэкIа Астемыр къыдэIэпыкъун щыIэкъым. Къигъуэтым – хъарзынэщ, къимыгъуэтым – станцым кIуауэ абы нэху укъыщекI хъунущ, армырамэ уэрамым удэту жэщ щIыIэр пхуэгъэкIуэн. Гупсысэ иным хэту Астемыр здэкIуэм, гу лъитакъым щIалэ цIыкIу зыбжанэ и ужьым къиуввауэ къызэрыкIуэм. ЦIыкIухэр зэзэмызэ Астемыр и пащхьэм къилъадэрти, абы кIэрыщIа къамэм еплъырт.

– А къамэр къамэ дыдэ уи гугъэ?

– НтIэ нэпцI?

– Дыжьын тедащ.

Апхуэдэу щIалэ цIыкIухэр зэпсалъэрт.

Зы жьыныбэ сырыху цIыкIу гуэрым хуэмышэчыжу Астемыр къелъэIуащ:

– Дадэ, уи къамэр къихи дыгъэлъагъут, – жиIэри.

ЦIыкIухэм Астемыр яхэплъэмэ – зэщхьу хуэпащ, шынел фIыцIэ

ящыгъыу, гъуаплъэ метхэр зэщӀэлыдэу, я кӀартӀузри дахэу. Астемыр и гур и къуитӀым деж мыжэу хъунт. Сыту насыпышхуэт Лурэ Темботрэ а щӀалэ цӀыкӀу къомым яхэту еджэу щытатэмэ. Я фэм изу, я ныбэ изу, щӀыӀэ долӀэ жамыӀэу, ирагъаджэу, ягъасэу! Ныкъуэри изри дэнэ щыпщӀэн. Лурэ Темботрэ, тхьэм ещӀэ, ӀэпцӀанэ-лъэпцӀанэу, ныбэнэщӀу уэрамым дэт. «Хьэуэ, сыкӀуэжым нэхъыфӀу къыщӀэкӀынщ», – жиӀэу Астемыр и гум къихьащ.

– Дадэ, къихыт къамэр, – жиӀэу щӀалэ цӀыкӀур аргуэру мэлъаӀуэ.

– Сыт къамэр зэрыпщӀынур?

– Деплъынут, игъащӀэм тлъэгъуакъым.

– Фэ щӀэныгъэщ фи къамэр. Къамэ сыту фщӀын? – жиӀэу Астемыр ядогушыӀэ, къэувыӀауэ.

ЩӀалэ цӀыкӀухэм хъурейуэ къаувыхьауэ Астемыр и къамэм йоплъ. Астемыр къамэр кърихри щаригъэлъагъум, нэхъ къэрабгъэхэр щтэри щӀэпхъуэжат, арщхьэкӀэ кӀэщӀу къагъэзэжри, ӀэпэкӀэ къамэдзэм ӀурыӀэбэу, къамапӀэм еӀусэу, зэдауэу зэхэувэжащ. Астемыр, сабий фӀыуэ илъагъурти, ядэгушыӀэу яхэтт. ЦӀыкӀухэр апхуэдизкӀэ дихьэхат къамэми, уэзджынэ макъ къэӀуари зэхахакъым: ахэр дэнэ къэна, уэзджынэ макъыр езы Астемыр зэхимыхыу щытт.

– Сыт, зиусхьэн, сабийхэр щӀэбгъэхьэулейр? – жиӀэри зы набдзэ джэху гуэр шынел фӀыцӀэшхуэ щыгъыу къыбгъэдыхьащ. А лӀым и макъыр зэрызэхахыу, сабийхэр щӀэпхъуэжащ, Астемыр къамэ къихар иӀыгъыу къагъанэри. «Мыр полицэм ящыщмэ, зэӀыхьакъэ», – жиӀэу Астемыр къэуӀэбжьащ.

– ЛӀо а пӀыгъыр? Сабийхэр ирибгъэшынэу зыгуэр къатепхыну ара къамэр къыщӀипхар? – жиӀэу хъущӀэрт лӀы набдзэ джэхур, и пенсне тӀэкӀур дэуей-къеухыу. – Щхьэ умыукӀытэрэ лӀышхуэ абрагъуэр? Ай-ай. Плъагъурэ ар? Полицэм уезгъэшэнщи, пщӀэнщ итӀанэ...

– Полицэм сыщӀашэн щыӀэкъым сэ. «Уи къамэр къамэ дыдэрэ къамэ нэпцӀрэ дыгъэлъагъу» жаӀэри цӀыкӀухэр къызэлъэӀуати, езгъэлъэгъуащ, – жиӀэри Астемыр къамэр ирилъхьэжащ. – Уи фӀэщ мыхъумэ, езы цӀыкӀухэм еупщӀ.

– Арамэ, къысхуэгъэгъу. Уэ уадыгэ?

– Сыадыгэщ.

– Ростов ущыпсэурэ?

– Хьэуэ. ЛэжьапӀэ сыхуейуэ сыкъэкӀуати, згъуэтакъым. Иджы сокӀуэж.

– ЛэжьапӀэ, жыпӀа? Догуэт, дызэгурыӀуэнкӀэ хъунщ, дэ къэрэгъулу икӀи пэшхьэкухэр зыгъэплъын гуэр дыхуейщ. Дауэ уеплърэ?

– ӀэнатӀэ зэхэгъэж сщӀыркъым. Сытри содэ, – жиӀэри Астемыр лӀы набдзэ джэхум бгъэдэуващ.

– АтӀэ накӀуэ, дызэпсэлъэнщ. Сэращ директорыр.

Астемыррэ лӀы набдзэ джэхумрэ зэгъусэу унэшхуэ гъунэгъумкӀэ ягъэзащ. А унэр школышхуэ гуэру къыщӀэкӀынут. Уэзджынэ макъ къэӀуати, бжэӀупэм деж джэгуу Ӏута сабий къомыр классхэм щӀэтӀысхьэжауэ щӀэст. Бжэ щӀыхьэпӀэм деж бжаблэм тетхат «Коммерческое училище» жиӀэу, арщхьэкӀэ Астемыр къеджэфакъым.

– Ауэ, дынолъэӀу, уи къамэр гъэпщкӀу, – жиӀэрт директорым, – сабийм къамэ щӀебгъэлъагъун щыӀэкъым. Бэлыхь гуэр умыщӀэххэу къикӀынкӀэ мэхъу.

– Зи умыгузавэ абы щхьэкӀэ, сыщыкъэрэгъулым деж фӀэкӀа къамэр

къэсщтэнкъым.

– Аращ сызыхуейр.

Астемыр училищэм куэд къыщимылэжьми, Iэнатlэ хуэхъуар нэхъ игу ирихьырт. Унэ зыщIэлъын тIэкIуи къратащ, абы ищIыIужкIэ гъуэлъыпIэжь гуэри, лъакъуэ лъэныкъуэр щIэмытыжми, щIигъэувэну хуит ящIащ. Зы джыдэфIи иIыгъыу махуэр зи кIыхьагъым пхъэ екъутэ, пэшхьэкухэр егъэплъ, пщыхьэщхьэкIэ къэрэгъулу щысщ бжэ щIыхьэпIэм деж. Уэздыгъэ пэ нэф гуэрым бгъэдэсу щыщыскIи ауэ щыскъым, урыс букварь иIыгъыу тхылъ зрегъащIэ, езыри мыдрисэм щеджащи, тхылъыр зэгъэщIэгъуафIэу зрегъащIэ.

Училищэм щеджэ цIыкIухэми Астемыр фIыуэ къалъэгъуащ, «Шэрджэс дадэ» къыфIащауэ къыщогуфIыкI, езыр нэжэгужэу яхэтщ.

Зы уанэжь гуэр шэщ пкIэунэм телъу къигъуэтри зэригъэпэщыжауэ иджы ар Астемыр шэщым щIэт къунаным трилъхьэурэ щIалэ цIыкIухэр егъэшэс. ЦIыкIухэм ар яфIэгъэщIэгъуэну Астемыр къыкIэрыкIыртэкъым, хэт шы тесыкIэ зрегъащIэ, шыкIэ щыджэгуи къохъу. Астемыр жэрыжэм тету бэлътоку къипхъуатэу, пыIэ къищтэу ярегъэлъагъу. ЩIалэ цIыкIухэр зыхуеиххэр аращи, чэзууэ шым мэшэсри, Астемыр зэрызищIам ещхьу защI. Къехуэх зырызи къахокI, ауэ, мыгъыну зэгурыIуащи, шым къехуэхам зеущэху.

– Шэрджэс дадэ, иджы си чэзущ.

– Шыр жэуэ дауэ узэрышэсынур? Зэ сыгъэлъагъужыт! – жаIэу цIыкIухэр зэрызохьэ.



Уанэгум иту шы къэзыгъэжэфи яхэтщ. Астемыр щIалэ цIыкIухэр къыдихьэхауэ яхэтщ, езы цIыкIухэри къыдоIэпыкъу, пхъэ къутар унэм яхьурэ. Нэхъ дзыхь зыхуищIхэр Астемыр зыщIэс пэшыжь цIыкIум къокIуэри къамэм йоплъ, зыкIэращIэ. Директорым ар зыгуэркIэ къищIэу щытмэ, Астемыр къыIуихужын жыхуэпIэм тIэу еплъынтэкъым.

Астемыр деж щэхуу къакIуэр щIалэ цIыкIу нэхъ дзыхь зыхуищIхэр ара къудейтэкъым, зэзэмызэ Степан Ильич къакIуэурэ а тIур куэдрэ зэбгъэдэст, зэуэршэрылIэу. Астемыр нэху щыху щысын хуейщи, Степан Ильич къакIуэмэ, зэштегъэу хъарзынэ мэхъу. Езыри Астемыр егъэджакIуэшхуэ къыхуэхъуауэ дунейм тетыр къыжреIэ, Астемыри, парт зэмылIэужьыгъуэу Степан Ильич зытепсэлъыхьыр зэхэзмыгъэгъуэщарэт, жиIэу, гупсэхуу йодаIуэ.

Тхылъ ещIэ Астемыри иджы хъарзынэу, Степан Ильич къехь прокламацэ, сэлэт газет, Ленин итха тхылъ сытхэри щэхуу кърет, къыгурымыIуэр къыгурегъаIуэ.

Жэщ ныкъуэхэм деж Степан Ильич щIокIыж:

– МызэкIэ ар гъэныщкIуф, иужькIи деплъынщ, – жеIэри.

– Сыжеинкъым семыджауэ. Узыншэу.

Астемыр и тIысыпIэм мэтIысыжри, тхылъхэм дахьэхауэ хьэрф зырызу кърищыпыкIыу йоджэ.

Абы хуэдэу иджыри зыкъомрэ кIуэнт, ауэ зэгуэр Астемыр къыжраIащ: «Директорыр къоджэри псынщIэу», – жаIэри.

Сытыт абы директорыр къыщIыхуейр? Пэшхьэкухэр имыгъэупщIыIуу егъэплъ. Пэжу, егъэджакIуэхэр зыщIэс пэшым щIэт хьэкум Iугъуэ къыдеху. Ар Астемыр и лажьэ-тIэ? Астемыр ищIэфынур а хьэкур нэхъ пхъэ гъуркIэ игъэплъыну аращи, егъэплъ пхъэ гъур защIэкIэ. Унэм хамэ къыщIигъэхьэ сыту арауэ пIэрэ? Степан Ильич къакIуэмэ, бжэм фIэмыкIыу дурэшым досри мэкIуэж. АтIэ пщафIэ джаурыр тхьэусыха?

ЦIыкIухэм къелыжа лэпс е хьэнтхъупс шынакъ къратмэ, пхъэ IэплIитху хуикъутэну жиIащи, хуекъутэри хуехьыж. Астемыр къуаншагъэ лъэпкъ кIэрылъу зикI къыхуэщIэркъыми, унафэ гуэр къысхуищIыну арагъэнщ, жиIэри кIуащ.

Астемыр директорым и кабинетым зэрыщIыхьэу къыгурыIуащ зы бэлыхь гуэр къызэрыхъуар. ЛIы набдзэ джэхур къыщылъэтщ, псынщIэу бжэр къригулIри IункIыбзэ иритыжащ, зыри къыщIимыгъэхьэну.

Астемыр къэуIэбжьащ.

Директорым игъэзэжщ, стIол къыдэгъэжыр къыдигъэжри, абы гъуабжэ хъуауэ тхылъ къыдипхъуэтар Астемыр занщIэу къищIащ: ар Лениным и Iэ зытелъ тхылът, сэлэтхэм къахуитхыу. Директорым и Iэр кIэзызырт.

– Мыр сыт тхылъ лъэпкъ, тIасэ? – жиIэри директорыр Астемыр къеупщIащ. – Сыту умышынэу е умыукIытэу сабийм яIэщIэбгъэхьа мыр?! Уи къамэм нэхърэ нэхъ Iейщ мы тхылъыр!

– Сэракъым ар абы яIэщIэзылъхьар!

– АтIэ хэт?

– СщIэркъым.

– ПцIы уоупс. Уи жыпым къихури, сабийм къищтащ мы тхылъыр. Насыпыжьыр сиIэти, сэ сыхуэзэри къатесхащ. Дэнэ мыр къыздипхар? ЖыIэ иджыпсту. ЛъэмбытI уэзгъэчынкъым жумыIауэ!

Астемыр жиIэнур ищIэртэкъым.

– Дэнэ къыздипхар? Ы-ы! Уи натIэм ибукIэну, сыт зэрыпщIынур?

– Ди деж схьын си гугъащ.

Директорыр зэгуопри зэгуоуд.



– «Ди деж схьын си гугъащ!» Ебгъэджэнуи? Адыгэр бэлшэвыч тхылъ ебгъэджэнуи? AIэ, тIасэ, зэщIэкъуэ уи тхылъхэри, зегъэхь. ИкIэщIыпIэкIэ зегъэхь. Коммерческэ училищэм бэлшэвыч уз къеуэлIащ, жаIэу... Дыбогъэунэхъу, дыбогъэсэхыж! Ар зэхэзыхым сыт жаIэн? Зи сабий едгъаджэ зиусхьэнхэр къэсынщи мафIэ къыдадзынщ, я быныр яшэжынщ! КъыбгурыIуэрэ ар уэ, былым!

«Шыр щызгъэджэгум си жыпым къихуагъэнщ», – жиIэу гупсысэрт Астемыр.

– Адыгэм мыр яхуэпхьмэ, гуфIэн уи гугъэ? Къыпщытхъун уи гугъэ?

– ГуфIэни щыIэщ. Абы щыгуфIыкIын Ростов дыди дэсщ.

– Ростов дэсри дэмысри дэнэ щыпщIэрэ? Бэлшэвычхэм уапыщIа? Аращ! ГурыIуэгъуэкъэ ар? Зегъэхь! ИкIэщIыпIэкIэ зегъэхь! Пщэдей уи пIалъэщ! Пщэдей фIэмыкIыу удэмыкIмэ, къызжепIакъым жумыIэж... КъыбгурыIуа?..

– КъызгурыIуащ, зиусхьэн директор.

– Полицэм уезгъэлъэфынт, хэIущIыIу сыхъунщ, жызоIэ армыхъумэ... ИкIэщIыпIэкIэ дэкI.

ЕтIуанэ махуэм Астемыр мафIэгум итIысхьэжырт, Степан Ильичи абы дэкIуэтэжырт.

– Узыншэу, куэд дэмыкIыу дызэхуэзэнщ! – жиIэрт Степан Ильич.

– Укъэмыгувэ! ФIыкIэ!

## АСТЕМЫР КЪЕГЪЭЗЭЖ

Пщыхьэщхьэм пшапэр зэхэуэу Ботэщ Астемырхэ я унагъуэр зэгъэжа нэужь, Нурхьэлийрэ Мусэрэ къалэм къыщызэIуаха шхапIэм,

бэзэрышхуэм насыпу щызэрахьэм Думэсарэ тепсэлъыхьащ. «Дэра мыгъуэщ алыхьым щыгъупщэжауэ зыри зыхуамышийр. Дауэ дыхъуну цIыхухъуншэу аргуэру гъатхэ дытехьэм?» – жиIэри Думэсарэ и псалъэр иухащ.

– Елдар зыгуэр къытхуищIэнщ, – жиIащ Саримэ.

– Ара мыгъуэщ. Алыхьым щыгъупщэнкъым дэ а щIалэм къытхуищIар, – жиIэри Нанэ арэзы хъуами, Думэсарэ, ину щэта мыхъумэ, зыри жиIакъым.

Унэр кIыфIти, и IитIыр иIэтауэ алыхьым зэрелъэIур зыми илъэгъуакъым. Фэтыджэныр лъапIейти, куэд щIауэ къащэхуатэкъым, пщыхьэщхьэкIи куэдрэ щыстэкъым, пщэддджыжьым жьыуэ къэтэджхэрт.

Унагъуэр пэшым щыжейрт, унэ щхьэхуэм зи закъуэу щIэлъыын къахэмыкIыу. Пэш зыщIэлъыр щIыIэ дыдэтэкъым. Илъэситху фIэкI мыхъуа Лурэ Саримэрэ зэгупэу гъуэлъырт, а тIум шхыIэнымкIэ я щхьэр щIахъумэрти псынщIэу загъэхуабэрт. Думэсарэ, Нанэ, Тембот пэшхьэкум нэхъ и гъунэгъуу гъуэлъырт. ЖэщкIэ абыхэм ящыщ гуэр къэушмэ, къэтэджырт, пэшхьэкум мафIэ ирищIэрти гъуэлъыжырт.

Астемыр иджы здэщыIэм къикIыу илъэситIым и кIуэцIкIэ письмоищ къэкIуащ, а письмо къакIуэхэр арат унагъуэм гурыфIыгъуэу яIэри. Письмор къэзыхьыр Ерулт. ЛIыжьыр гъуот икIи пощтзехьэт, ауэ ар зэрыпощтзехьэм зэи тепсэлъыхьыртэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къуажэм Къылышбий и къуэжьыр нэхъыбэрэ къакIуэрт письмом нэхърэ. Зыгуэрым письмо къызэрыхуэкIуэу, старшынэр къеджэрт, Ерули унафэ хуищIырт икIэщIыпIэкIэ письмор зейм IэщIигъэхьэну.





– Молэр си гъусэу а письмом деджэну дызэрыкIуэнури яжеIэ, къыбгурыIуа?

– Зи, гурыIуэгъуэщ. Цырибон, джэд сыт жаIэу хьэрычэт...

– Тэмэм. Зегъэхь. Мис, аргуэру къуажэм тхылъ къэкIуащ. Ауэ ар къызыхуэкIуам сыт къыпыпхын. Езы Думэсарэ и сабийм яригъэшхын имыIэу матэ цIыкIу иIыгъыу уэрамым дэтщ. Ар къэзытхми банэ Iураулъэф. Хьыи етыж.

Ерул письмор къихьу къыщыкIуам, Думэсарэ бгъэдэтIысхьэри письмор зы Iэм кърихым, адрей Iэм ирилъхьэурэ зыбжанэрэ щысащ, абы итым тепсэлъыхьу. Марк тегъэпщIамрэ мыхъур телъымрэ мыхьэнэ гуэр зэриIэр гъуом ищIэрти, абыи и хъыбар жиIащ. Псэлъэн ирикъуа нэужь, Ерул письмор иIыгъыу, Думэсарэ джэдыкIипщI хуэдиз къыздищтэри молэм деж ежьащ, Сэид ирагъэджэну. Саримэрэ Темботрэ якIэлъымыкIуэу яхуэшэчакъым. Сэид и пащIэкIитIым Iэ дилъэ-

ри, нэмэзыбзэ гуэрхэри къибжащ: а письмор къызэрыкIуа гъуэгум уз къримыкIуэну, къэзытхами гуфIэгъуэкIэ къитхауэ къыщIэкIыну. Саримэрэ Темботрэ я гур къилъэту бжыхь гъуанэмкIэ дэплъырт, Сэид письмор зэрызэтричыр зрагъэлъагъуну.

Письмом щIэуэ зыри имытми, Думэсарэ псалъэ къэс игу ириубыдэу едаIуэрт. Астемыр и бынунэм пэIэщIэу зэрыпсэур къехьэлъэкIыу къитхырт, ар Думэсарэ имыщIэ хуэдэ. «Тхьэм и нэIэ къыстетщ, гугъу сехьми, куэд дэмыкIыу дызэрылъагъужынщ», – жиIэрт.

ПсыжькIэ щыщыIа лъэхъэнэм Астемыр апхуэдэу къитхыу щытакъым. Иджы ДонкIэ зэджэ псышхуэм къалэу Iутым я нэхъ иным кIуауэ письмом итщ. Сыт мыгъуэм ихьа ар абы нэс. Нурхьэлий тенджызым зэпрыкIати, ерагъыу и щхьэр къыхуэхьыжащ. Астемыр къалэшхуэм дауэ къыдэкIыжыну дэмыкIуадэу. Дауэ хъуми, зэзакъуэ къэкIуэжу бынунэм бэлыхь телъыр яIуэтэжащэрэт.

Тхылъ къыхуэкIуа пэтми, зэзэмызэ Думэсарэ гупсысэшхуэ къытеуэрт. Абы пщIыхьэпIэуи и гум къэкIыртэкъым Астемыр бынри унэри гунэс щымыхъужу ибгынауэ. Астемыр абыкIэ шэч лъэпкъ хуэпщI мыхъуну гу къабзэт, итIани Думэсарэ къыхуэщIэртэкъым Астемыр къимыгъэкIуэжу зыIыгъыр, е езыми Iуэху зэрихуэм тепсэлъыхьу зыгуэр къитхтэми аратэкъэ. АтIэ, Астемыр щымыIэжу, абы къитх хуэдэу и ныбжьэгъу гуэрым къитхыу пIэрэ? И хъэтIым уеплъми, Астемыр и хъэтIщ, абы и «гъ» тхыкIэр Думэсарэ тыншу ещIэ. СабиитIри мэхъуапсэ, дадэ жаIэри. Темботи илъэс пщыкIуз фIэкI мыхъуами, дадэ цIыкIу хуэдэщ. Елдар ныбжьэгъу ищIауэ Бот и кIыщым къыщIэкIыркъым. Тхьэм иузэщI Боти. «Астемыр и хьэтыркIэ» жеIэри щIалэ цIыкIур къыщIихуркъым. Дапщэщ Тембот IэщIагъэ ищIэ щыхъунур. Лу нэхъ цIыкIужщ. ПцIанэ мыгъуэу къекIухь, хьэм ячэтхъа хуэдэу. Астемыр, уи къуэ цIыкIуитIыр плъагъужатэм, «сабий джанэншэм захуэпэжынт». Гъатхэри къоблагъэ, дыжылэншэщ. Абыхэм егупсысурэ, Думэсарэ и гур къызэфIэнэрт, и дзэр зэтрикъузауэ гъырти, и пIэщхьагъыр псыф хъуамэ, унэм щIэсхэм гу зылърimыгъатэу нэкIукIэ тегъуалъхьэрти нэху щыхукIэ гъуэщыжауэ къыщIэкIырт. Зыми гу къылъимытауэ Думэсарэ къыфIэщIми, Нанэ ар имыщIэну Iэмал иIэтэкъым. Фызыжьым нэмэзыбзэ щэхуу жиIэу нэху игъэщырт.

Сарими, къэушырт жэщкIи, Нанэ Iущащэми Думэсарэ гъыми зэхихырт. Езыми и гъын къакIуэмэ, шхыIэнир и щхьэм къытрикъуэрти, гъырт. Си анэм седэIуарэ Рахьим сыдэкIуамэ, мынэхъыфIу пIэрэт? Рахьим бейт, Румрэ Думэсарэрэ сазэрыдэIэпыкъун згъуэтынт. А дыдыд мыгъуэ, Рахьим и жьафэ къыIурылэлыр дауэ пшэчын. НэкIэпсыжэу, къыкъым ещхьу, псалъэ жиIэнум сыхьэт псокIэ хужымыIэу пэгъымыжьым сыдэпсэу нэхърэ сылIэм нэхъыфIти. Хьэуэ, насыпышхуэщ, тхьэ, абы сызэрыдэмыкIуар.

Саримэ шхыIэнир зытрелъэфри мэгуфIэ: и нэгум щIэтщ Елдар. Саримэ и нэкIум аргуэру пшагъуэ къытрехуэ; сыту пIэрэ Елдар зыхэт Iуэхур? Япэм хуэдэу щхьэ нэжэгужэу щымытрэ. КъекIуэлIамэ, зиш зыфIэкIуэдам ещхьу, зегъэбзэхыж.

ЗэрымыщIэ пэтми, Думэсарэ, Нанэ, Саримэ сымэ щIымахуэ жэщ кIыхьыр гупсысэм хэту ягъакIуэрт. ТхылъымпIэ зыIушха щхьэгъубжэм мащIэу сытхъу трищIащ, мазэ нэху къыдидзыххэркъым. Саримэ плъэмэ, щхьэгъубжэм зыгуэр къыIухьащ.

Хъыджэбзыр яхьыну къыщыкIуа жэщыр и гум къэкIыжри, Саримэ

къэуIэбжьащ, шхыIэным зыщIиуфэри зигъэпщкIуа щхьэкIэ, куэдрэ хуэмышэчу къыщIэплъри аргуэру лIы гуэрым и сурэт Iупщlу илъэгъуащ.

– Думэсарэ! – жиIэри Саримэ шынауэ джащ, езы Думэсари къызэфIэтIысхьат.

– Думэсарэ! – жиIэрт щэхуу щхьэгъубжэм къыкIэрыт цIыхухъуми.

Лу цIыкIуи къэушати, гъынанэу къыщIидзащ. Щхьэгъубжэм къыдэплъ лIым щIакIуэ щыгът, щхьэгъубжэм къыхэна абдж закъуэм хуэм цIыкIуу къытеуIуэрт. Саримэ Рахьим ихьыну щигугъа жэщыр я гум къэкIыжри, псори къэгузэващ.

– Думэсарэ, алыхьым хьэтыр иIэм, Iуумых, – жиIэрт Саримэ.

– Алыхьыр зэуар дэращ. Сыт мыгъуэ дыщIамыгъэпсэур? Ей, сабий фIэкIаи щIэскъым унэм. ЩыIэкъым Саримэ, кIуэжащ, – жиIэрт Думэсарэ, щхьэгъубжэм Iутыр Iуигъэкlын и гугъэу, арщхьэкIэ мыдрейр IукIыжыртэкъым. Думэсарэ и вакъитIым лъыхъуэрт, Лу гъуэгырт. Саримэ, и псэр IукIауэ, зыщIихъумэжащ, Тембот и нитIыр къиххуу щхьэгъубжэмкIэ плъэрт. Абдеж Нанэ къэпсэлъащ:

– Ана! Астемырщ ар! Тобэ ярэби!

Псори къыщылъэтри щхьэгъубжэм ежэлIащ. ПщIантIэм дэт лIыр унэм къыщIэплъэрт. МыдэкIэ унэм щIэтхэри зэрызехьэрт, Астемыр къэкIуэжауэ я фIэщ зэрыхъун дунейм темыту.

– Къэсыжащ, на! – жиIэри Думэсарэ бжэмкIэ лъэпэрапэу зидзащ.

Хьэлъкъ фIэлъыр къыфIихри, бжэр къыщыIуихым, жьы щIыIэр къыщIэуащ, абы хэту езы Астемыри дамэдууэ, нэжэгужэу, щIакIуэ фIыцIэ ин, сытхъу телъу, щыгъыу унэм къыщIыхьащ. ЩIакIуэ щIагъым щIэлъу шумэдани иIыгът.



– Дадэ, – жиIэрт Тембот. – Дадэ къэкIуэжащ!

– Тембот, уэра ар? Сыту ин ухъуа? Ы? – жиIэрт Астемыр. – Аллоуэхьалыхь, мыдэ мыр! Лу цIыкIу. Уэлэхьи, къысхуэмыцIыхуж. Мыр ди щIалэ нэхъыщIэр ара? Сыту щIалэшхуэ хъуа. АтIэ хэт иджы си шым уанэ схутезыхынур? Сарими мыбы щыIи.

– Дэнэ щыIэ уи шыр? Сэ сыкIуэнщи згъэзэгъэжынщ ар, – жиIащ Саримэ укIытауэ.

– Сэри сынэкIуэным, уэлэхьи, – жиIэри Темботи пIащIэ-тхъытхъыу зихуапэу хуежьащ.

Лу цIыкIу, жьы щIыIэр къыжьэхихуэми зыхимыщIэу, Астемыр и IэплIэм ист, зыри жимыIэу.

– Тхьэм фIыкIэ укъытхуихьыжауэ къыщIигъэкI.

– Узыншэу укъытхуэкIуэжащи, тхьэм и шыкурщ, – жиIэрт Думэсарэ, и нэпсыр зыкIи имыубыду.

Астемыри и гур тIэкIу къызэфIэнат, ауэ модрей гъыхэр игъэудэIуну иужь итт. Нанэ Астемыр и щIакIуэ кIапэм Iэ дилъэурэ псалъэ IэфIу щыIэр и къуэм щхьэкIэ къибжырт.

– Дэнэ щыIэ шыр?

– Шы сиIэкъым, Тембот. Сылъэсщ. Шы утемысу уи унэ укъэкIуэжыныр хьэлъэщ, ауэ дауэ пщIын. Шы симыIэми, мис мыр сиIэщ, – жиIэри Астемыр шумэданыр унэкум кърригъэуващ.

Урысхэм я унэм жыг щхъуантIэ щIахьэрэ ягъэщIэращIэу, уэздыгъэ пагъанэу, сабийхэр щагъэджэгу щIымахуэ жэщым хуэзэу Астемыр я унэ къэкIуэжащ. ЗигъэпщкIуу абы мащIэ къикIухьакъым, мащIи илъэгъуакъым. Нэху зэрыщу, хьэблэр къызэхуэсащ. Астемыр едаIуэмэ зи гуапэр мащIэ хъуртэкъым.

Усэхэр КIЫЩОКЪУЭ Алим

## НАСЫП

ЛIэщIыгъуэ псоми сеупщIащ:
Насыпу лъапIэр дэнэ щыIэ?
ЛIэщIыгъуэ псоми къызжаIащ
А фIыгъуэр благъэу ди япэ иту.
ИтIанэ ахэм яжесIащ:
Насыпым щхьэхьу сылъежьэнщ,
Ар спэгъунэгъумэ, къэслъыхъуэнщи,
НысащIэ дахэу лъагъуэ нэхукIэ
Уэрэд хужысIэу сэ къэсшэнщ.
Иужь лIэщIыгъуэм ар идакъым –
И пащIэ фIыцIэм Iэ дилъауэ
Игу илъыр щэхуу къиIуэтащ:
Насып жыхуаIэр уэ зэгъащIэ –
Насып щIэкъуныр – арщ насыпыр.



## СЫКIУЭНТ НЭХЪ ПСЫНЩIЭУ

СыкIуэнт нэхъ псынщIэу схузэфIэкIым –
Мычэму си шыр согъэлъэхъу.
Ныбжьэгъу, уэ фIыкIэ уигу сыкъэкIым,
Си гъуэгу кIыхь хъуну къызэхъуэхъу.

Сэ куэдрэ, куэдрэ сигу къолъадэ
Шы жэр сытесу къэскIухьын,
Ди хэку губгъуэшхуэм сынилъадэу
Зэдэжэм пыIэр яфIэсхьын.

Хэт ейми содэ сэ а пыIэр,
Ухуейми, си щхьэм хуремыхъу,
КIуэфынкъым жыжьэ зи гур щIыIэр –
Шум лъэсыр гъуэгум щыдэмыхъу.

Насып мыухыр зи гуращэр
Махуэл и гъуэгум щыхуэмей,
Псэуну гъащIэ зыхуэфащэр
МыувыIэу кIуэхэр аркъудейщ.

Псы уэру лъагъуэ пхызыхынум
Къарур жэхункIэ имыух.
Си гъащIэ ябгэр щызухынум
Шы жэр сытесу среух.

3 Заказ № 150

## ТЕЛЪХЬЭ УАНЭР СИ ШЫМ

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ.
Зауэм кIуэ жаIауэ,
ТэрчкIэ соукъуэдий.
Сэ уанэгу сыкъихурэ
Губгъуэм сыкъинами,
Сызыпылъ хъыджэбзым
И гум сумыгъэху.

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ,
Дахэм гу щызмыхуэу
Нобэ шы сошэс.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си уэрэдыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

Сянэр къысщIэупщIэм,
Къэзгъэзэжу жыIэ.
Сядэр къоупщIамэ,
Пэжыр умыбзыщI.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си хъыбарыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.



## СИ ФОЧЫМ IЭПЛIЭ ЕСШЭКIАУЭ

Си фочым IэплIэ есшэкIауэ,
Окоп блын щIыIэм зызогъэщI,
Гупсысэ хьэлъэр къыстеуауэ,
Абы сэ си гур ныхегъэщI.

Мэгубжь сигу Iэлыр, зешхыхьыж, –
Ди адэжь и унэм бийр щIыхьащ.
Лейзехьэр и щхьэм ныщотхъуж,
Си анэжьым гуауэр жьэхихьащ.

Нэмыцэр хуэму бжьэпэм докI,
Къурш щхъуантIэ дахэм щыту йоплъ,
ЩIыгу сыщапIами тетын лъокI,
Ар сыту хьэлъэ. Си гур къоплъ.

Ар бийм хуэздэнкъым, щIы уи фIэщ,
Абы и щIапIэм сынэсынщ,

Ди щIыгу къарукIэ сэ сылъэщщ,
А бийм сэ мащэр лъызгъэсынщ.

## СЭЛЭТ ШЫРЫКЪУ

Гъуэгу ткIум щытщI мафIэм пхисыкIауэ
И лъапщэм куэдрэ шэ техуащ,
Ди хэку ар слъыгъыу сыкъикIауэ
Берлин нэсыхукIэ сыкъэкIуащ.

Иджы и лъэгур къыщIэхуами,
ИтIани щIэкIэ ар схъуэжын?
Ар слъыгъыу бийхэм сатекIуащи,
Сэ ар гуфIэгъуэм хуэсхьыжынщ.

СхуащIынщ ныбжьэгъухэм джэгу, згъэзэжмэ,
БжэIупэр къабзэу япхъэнкIау,
Хуэм хъумэ, Iэгур къаублэжу,
Къэфэнщ бащлъыкъыр екъуэкIау.

Абы шырыкъур сэ нэсхьэсмэ,
Ар слъыгъыу сщIынущ ислъэмей,
Сэлэт шырыкъум сфIэфIщ сэ лъысмэ
Япэ къэфэгъуэр мис абдей.



## СЭЛЭТ СЭЛАМ

ЗэуакIуэ уи къуэр къикIыжащи,
Уи пащхьэм ити, зи щIыхь куу.
Сэлэт сэламыр къыпхуихьащи,
КъеIых а тыгъэр, си Мэзкуу.

Сэ а сэламыр илъэсиплIми
Бгъурылъу щIыхьым сигу илъащ,
Атакэм дежи, бийр къытхуилъми,
Пэслъытэу гъащIэм сэ схъумащ.

Уи къуэфIхэр текIуэм, салют щептуи
Площадь мывалъэу уубгъуам,
Уи унэ хужьхэу ин зэтету
Плакатым иту сэ слъэгъуам,

ХуэсщIыну щхьэщэ сыкъэкIуауэ,
Аузым хуэдэу, уи уэрамхэм
Сыдэтщ, насыпым чэф сищIауэ.
Уи мывэу дыгъэм къигъэплъахэм

Сарикlуэм, мэlур си лъэ макъыр,
А макъыр мывэм и сэламу
Къысфlощlри сэри сыхуосакъыр –
Ди бгы щlыхухэм ещхьу ари лахэщ.

Мо Кремль лъэщым и вагъуитхум
Сеплъыну бгыщхьэм сыкъыщыплъэрт,
lугъуейм дыхэту бийхэр щытхум,
А тхум я нурыр си гум щыблэрт.

Уи деж, нэхъапэу къэслъытауэ,
Сэ гъуэгу зэпысчри сыкъэкlуащ,
Сlых си сэламыр, гу къылъытэ,
Сэ куэдрэ лъыкlэ ар згъэнщlащ.

Кавказ бгы щlыхухэм сыщалъхуами,
Сыппlащ уэ, гъащlэ къызэптащ.
Зэуапlэ дапщэ сэ сихуами,
Пхуэстын си гъащlэр сэ сфlэфlащ.

## БГЫЩХЬЭ



Пэ къуаншэ бгъэжьхэм я тlысыпlэм
Шы къарэ жэрым сыдихауэ,
Сэ зызогъэщlыр уанэ къуапэм,
Лъэрыгъыр лъапэм пызгъэхуауэ.

Пшагъуэ гуэрэным щlиуфауэ
Бгырыс си къуажэр къуэм къэнащ,
Мы бгыщхьэм дыгъэр удэфауэ
Мыл гъуджэм нуркlэ теуващ.

Бгы къуапэр жыжьэу хэпlиикlыу
Пшэр хышхуэу къуршым къыщlэуащ.
Тенауэ си нэр, гум пымыкlыу
Дахагъэ лъэщым сихьэхуащ.

Хуэмыхуу пшэхэм зыкъаlэтыр,
lэ щабэу жьыбгъэр толъэщlыхь.
Зэм лъагэ мэхъур, зэм йокlуэтыр,
Уэгъу дыгъэр нуркlэ хопщlыпщlыхь.

Мыл lувым хуэдэу сытелъадэу
А пшэм сэ шууэ срижэнт,
Ар жысlэу си гум зэ къолъадэ,
А пшэм и щlагъым къуажэ щlэтщ.

Сытетщ си закъуэ сэ бгы задэм.
Сыту удахэ, си хэку нэху.
Ар, уигу хигъахъуэу, сыту уардэ,
Сытеплъэм, си гум зегъэпсэху.

## «УУЗЫНШЭМ!» – СЭ ЖЫЗОIЭ

«Уузыншэм!» – сэ жызоIэ.
Сэ а псалъэм пщIэ хузощI.
Ар къысхуэзэм къызжамыIэм,
Махуэ къэскIэ си гум хощI.

ЩремыщIэ узыншагъэ
ЦIыхум фIыкIэ хуэупсар.
Куэдкъэ, жиIэу щIемыгъуэжу,
Лажьэу шхэжу цIыху есар.

Ди жыг хадэри узыншэу
Ирегъагъэ гъатхэ къэс.
ЛъапэпцIийуэ сабий цIыкIухэр
Пхъэщхьэмыщхьэм лъреIэс.

Фыузыншэм, ди жыг жьауэ,
ПсыIэрышэу тхуэмыубыд.
МафIэ гуэри къэлыдынум,
Жьэгум илъыр кърелыд.

Шэ шынакъым щIакхъуэ щIыгъуу
Узыншапэуи щрет.
Ди жыг хадэм, пIалъэр къэсмэ,
МыIэрысэ къыдрет.

Уафэгъуагъуэм уэшхыр къишэм,
Жызумейхэм псыр зыщIаф.
Хъарбыз хадэм уэр къытехуэу
ИремыхъукIэ зэи Iисраф.

Уузыншэм, дыгъэ къепсу
Нобэ махуэр зыгъэнэху.
Фыузыншэм сэ стхы усэр –
Си псэ тIэкIум зегъэпсэху.

Узыншагъэм дыщымыщIэм,
Ди IэнатIэр нэтхьэсынщ.
«Уузыншэм!» – жиIэу хъуахъуэр,
И мурадым лъэIэсынщ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим

# НАЛ КЪУТА

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

## УАНЭМ И УНАФЭР ЯЩI

**Я**къуб жыжьэу къемыпсэлъэххэну и гугъа щхьэкIэ, Къэбэрдейм я тетым уанащIэр КъалэкIыхьым щыкIуам къилъыхъуауэ къыщIэкIащ. СыткIэ къыхуейми къыхуейт. Щимыгъуэтым, «уафэ куэбжэм» дэкIыу дадэр емыжьэжауэ пIэрэ, жиIэри, Якъуб гурыщхъуэ ищIащ, «куэбжэр» уэсым зэрыщIиубыдар ищIэ пэтрэ.

Къулыр зыщIэсу щыта кабинет дыдэр арат Якъуб зыщIэсыр. УнэлъащIэу щIэтар зэрыщIэтт. Заседанэ щащIкIэ Зулкъэрней зыбгъэдэтIысхьэу щыта стIол гъуэжь кIыхьым Якъуб бгъэдэсщ. А стIолым шухьэ щIыху тебзам и ныкъуэр тхьэм ещIэ тезытхъар, телъыжкъым. Къулым и зэманым стIол цIыкIум телефоних тетамэ, иджы тетыр зыщ, ари нэмыцэ военнэ телефон фIыцIэщ. Сталиным и сурэт зэрыта сурэтылъэм итыр Гитлер и сурэтщ, абы бгъурытщ нэмыцэ маршалхэм я сурэт, хэтми, Бекъан ищIэххэркъым. Унэ лъэгум илъа алэрыбгъуушхуэр илъыжкъым.

Бештом зыкърех, зигъэбэлыхьу стIолым бгъэдэсщ, нэмыцэ фащэ щыгъщ, фэтыджэныфэу. Дамыгъэ гуэрхэри иIэщ, зищIысыр Бекъан имыщIэу, кIэрахъуэр и ныбафэм телъщ, кIэрахъуалъэр зэтехауэ.

Къыплъыхъуащ жаIэу Бекъан къыщищIэм, къэгузэващ, сыту пIэрэ Якъуб къысхуей щIэхъуар, жиIэу. Шэч хэлъкъым, сигъэтхъэну къысхуейкъым. Махъшэ гуэрым жраIат, жи: хъаныр къыпхуейщи, псынщIэу кIуэж, жаIэри. Ягъэ кIынкъым, къысхуеймэ, къыщIысхуейр прунж сигъэшхыну аракъым, жиIэри махъшэр и пIэм икIакъым. Мыри аращ. Якъуб къыхуеймэ, къыщIыхуейр Чокэ къаригъэутIыпщыжыну аракъым. ИтIани сыту пIэрэ зыхуейр?

Якъуб жыжьэу къыщIидзащ. Зыхуэмей Iэджэм щIэупщIа иужь, уанэ Iуэху къигъэхъеящ: «Уанэ къызыхэпщIыкIын бгъуэтыну пIэрэ?» — жиIэри щIэупщIащ. Бекъан бдзантхьэ дэнэ кърихын, унэм зыгуэр щIэлъу щытами, бомбэ техуэри щыщ къэнакъым. Якъуб хакIуэми и гугъу ищIащ:

— Щэулэхъуэр къуршым щхьэдашэха си гугъэкъым, — жиIэри, — икIэщIыпIэкIэ къэгъуэтын хуейщ. ИкIи къагъуэту къашауи плъагъунщ.

Якъуб къыщIыхуейм Бекъан гу лъитащ. ХакIуэр къагъуэтмэ, абы

тралъхьэн уанэ хуейщ. Хэту пIэрэ иджы хакIуэр зыхуагъэфащэр? Езы тетыр тесыну ара хьэмэ нэмыцэ генералу Руфф жыхуаIэм хуагъэфэща? Шым телъыну уанэр нацдивизэм и командирым щхьэкIэ Бекъан зэщIилъхьауэ щытам нэхърэ нэхъ Iеину Iэмал зимыIэщ. Аращ Якъуб уанащIэр къыщIилъыхъуар.

Бекъан, ар къыщищIэм, тхьэусыхащ:

— Уанэ сщIыуэ дауэ сыщысын, си къуэ закъуэр вэнвейм хэлъу Iуэм илъщ. Чокэ и фэм дэкIыр, тобэ ярэби, зышэчыфын псэ зыIут щыIэкъым. — Бекъан и гур къызэфIэнауэ и пыIэр щхьэрихащ...

Якъуб телефоныр къиштащ. Тетыр зыгуэрым епсэлъэн и гугъащ Бекъан, Чокэ и Iуэху зэрихуэу, арщхьэкIэ Якъуб зи гугъу ищIыр нэгъуэщIщ: аптекэм тет лIыжьу хущхъуэ къомыр зыгъэпщкIуар, щIым щIыхьами, къэвгъуэт, жиIэу арат.

— КъалэкIыхьыр ара здэщыIэр? — жиIэри Якъуб къеупщIащ.

— НартыхущхьитI шы Iусу махуэм ират...

Бекъан щIэгузавэр Якъуб фIэIуэхуакъым.

— Махуэ дапщэм пхуэщIын адыгэ уанэфI, уанэкъуапэр дыщэрэ дыжьынкIэ гъэщIэрэщIауэ, уанэгущхьэнтэри къекIуу щIауэ.

— ТхьэмахуитI-щыкIэ. УанэфI пщIынумэ.

— УанэфI, жыпIа? Адыгэ уанэфI, кIуапIи жапIи имыIэу, Щэулэхъу хуэфащэ уанэ. Мыхьэнэншэ гуэр пщIынщи — уи щхьэр хэплъхьащ.

— КъызыхэсщIыкIын симыIэу дауэ? Хьэуэ, абыкIэ укъэзгъэгугъэркъым. СхуэщIынукъым, Якъуб.

— ПщIыну хьэмэ умыщIыну, жысIэу сыноупщI уи гугъэ? ПлъэмыкIыу пщIынщ. КъызыхэпщIыкIын уимыIэрэ — къэгъуэт. Ар зэзгъэщIын сымыгъуэтыну ара? Къэзгъуэтынщ, ауэ нэгъуэщIым ящIмэ, уи фэр уанэгущхьэнтэм тебзэ хуэтщIынщ. Уи фэр иримыкъурэ — уи фызыжьым и фэр дэкIуэнщ...

Бекъан и щхьэр къыфIэхуащ.

Якъуб къэтэджри щхьэгъубжэм дэплъащ, зыкъигъазэри и псалъэм къыпищащ:

— КъэдаIуэ мыдэ. ДызэгурыгъаIуи нэхъыфIщ. Уи щIыхуэ къыстенэнкъым, умыгузавэ. ТхьэмахуищкIэ зы уанэм и ужь уитыныр куэдыIуэщ. Праздникышхуэм къэнэжар тIэкIущ. Махуитху-хы — аращ пIалъэу уэстыр. Нэхъ псынщIэу пхузэфIэкIрэ — уи Чокэ къыпхуезгъэутIыпщыжынщ.

— Махуитху-хыкIэ псэужын уи гугъэ?

— Мыпсэужмэ, сыт пщIэн? Алыхьым иухар арат, — жиIэри Якъуб и тIысыпIэм тIысыжащи, и IэфракIэр стIолым тегъэщIауэ, дадэм жиIэнум поплъэри щысщ. Бекъан зэрыгузавэр тетым елъагъу, и гур зы мэскъал

закъуэкIи щIэгъуркъым. ЖриIар дадэм къыгурыIуэрэ — хъарзынэщ. Бекъан хуэдэкъым Якъуб IумпIафIэ ищIар, Локотоши идатэкъым къедэIуэн. НтIэ? Лъэныкъуэегъэз ищIри нэмыцэм хъыбар яригъэщIащ, Чопракъ аузым дэсым я Iэщэр ягъэтIылъ, жиIэри. Иджы аузым дэсыр зауэм къелащ, къемыдаIуэ къахэкIамэ, абыи яхуэфащэ ягъуэтащ. Иджыри къэс аузым нэмыцэ дамыгъэхьэу дыдэсами, сытыт къытщыщIынур? Бомбэ защIэкIэ дыдаущэбыхьат. Якъуб и гъусахэр легионер отряду зэхишащи, мес, партизанхэм езауэу къуршым итщ. Езы Якъуб жыпIэнущи, нэмыцэм пщIэшхуэ къыхуащIащ, дзыхьышхуэ кърагъэзри тету ягъэуващи, хэкум Iуэхуу илъыр и пщэ къыдэхуащ. Батэкъутэ зыгъэшыну зи мурада Локотошри Азрэт IуипIащи, къэгъазэ иIэжкъым. ИмыукIауи щIы — уIэгъэ хъуауэ къуэм дэлъу хьэм яшхагъэнкIи мэхъу. Партизаным зыгуэру яIэщIыхьауи щIы, нэмыцэр куэдрэ мыбдеж Iутынкъым, Баку нэсынщи, дэр-дэру дыкъэнэжа иужь къыдэмыдаIуэмэ, пэкIэ щIыр едгъэвэнщ.

Комендантым и Iэ зытелъ тIэкIур езгъэлъагъун, жиIэу Бекъан и гум къэкIати, щIегъуэжащ.

— И гъащIэр лъапэдэгъэзеигъуэщ Чокэ. Зы махуэ и нэм нэху илъэгъуакъым. Сыту цIыху насыпыншэ мыгъуэт, — жиIэрт Бекъан, тетым и гур зыщIигъэгъун и хьисэпу.



— НтIэ, и нэм нэху ебгъэлъагъунумэ, щхьэ умыдэрэ сэ бжесIэр? Хьэмэ ебзым хэлъу лIэмэ нэхъыфI? ПщIыну уанэр?

— ТIэкIу сыгъэгупсысэ.

Бекъан ищIэнур ищIэркъым. Чокэ Iуэм кърикшыжыфатэмэ, Бекъан бэлыхьу телъыр къытезыгъэхуам я гур тепщэхэнкIи хъунт. Адыгэшым нэмыцэ генерал зыгъэшэсыну зи мурадыр пэкIэ щIригъэсауэ илъагъутэмэ, мы дунеягъэкIэ нэгъуэщI зыхуей щыIэтэкъым. Бекъан и гум губжьыр къихьауэ и гъыни къэкIуэжыркъым. Сыт уи жагъуэгъум уи нэпс щIебгъэлъагъунур? Уи жагъуэгъум уи жагъуэ ищIмэ, дыхьэшх, жиIэу Хьэбибэ фыз пэтрэ аращ и псэлъафэр. Якъуб Iэмалрэ хьилэкIэ Iэзэщ, къыпхуэгъэпцIэнукъым, нтIэ, и тIасхъапIэ къэгъуэтын хуейщ.

— Сыт сыгупсысэнщ жыхуэпIэр? Гупсысэ хэлъ абы? ТIыси, щIы.

Бекъан къэтэджыжащ:

— Алыхьым дыкъелъагъу. СхуэщIыну щытамэ, зыгуэрт.

— Алыхьым дэ тIур ара къилъагъур? Ебзым хэлIыхь уи къуэри елъагъу. Хьэр къупщхьэм зэрегъум ещхьу, нартыхущхьэм зэрегъури елъагъу.

УанащIэ дадэм сыт жиIэнт? Къигъазэри къежьэжащ. Бекъан лъаIуэу къызэрикIухьынум пыкIащ. Утхьэусыхэкlэ зыри пхузэфIэкIынукъым. Уи къарум къихьыр щIэн хуейщ. УлIу пащIэ птетмэ, лIыгъэ зехьэ, укъимыкIуэт.

Лlэнми лlыгъэ хэлъщ. Якъуб хакlуэр нэмыцэм саугъэту яритыну и хьисэпщ праздникым ирихьэлlэу. Щыгугъ, Якъуб! Къохъулlэнкъым уи мурадыр, Бекъан и псэр пыту дунейм тетыху.

Икlэщlыпlэкlэ фермэм кlуэжын хуейщ. Щэулэхъу къыщамыгъуэтын щlыпlэ ишэрэ имыгъэпщкlумэ, хакlуэр яlэщlыхьэнкlэ мэхъу.

Бекъан Иринэ деж екlуалlэри сэлам ярихыжащ, зы дакъикъи яхущысын идакъым.

— Вым и бжьакъуэр къыщехьэлъэкl зэман сихуащ. Сопlащlэ, зы бэлыхьым зы бэлыхь къелъху. Фермэм сынэмысыжыну lэмал иlэкъым, — жиlэри Бекъан къафlежьэжащ.

Апчарэ «сэри сыздэшэ» жиlати, дадэм ухэзэгъэнутэкъым. Япэм здишэнкlи хъунт, иджы жыжьэу зригъэпсэлъакъым, щыпщlэн щыlэкъым, Мысост къыптеплъэмэ, ухэкlуэдащ, жиlэри. Якъуб и легионерхэр къуршым итщ, бгъуэнщlагъыу хъуар щlащыкlыу, фермэм хъыджэбз тесу япэщlэхуэмэ, езыхэр зыхуеиххэр аращ — ансамбль жыхуэпlэр нэкlэ уамыгъэлъагъункlи мэхъу.

— Узыхуей илъэпкъыр Иринэ къызитащ, — жиlэри Апчарэ бинт, йод, пластырь сытхэр къригъэлъэгъуа щхьэкlэ, хъуакъым. Апчарэ и фlэщ хъуат добровольцым зыгуэр хузэфlэкlынуи, Чокэ къэкlуэжауэ lуплъэну арат зыщlэхъуэпсыр.



Бекъан нэгъуэщl зыгуэр хъуат.

— Хущхъуэр къащтэ мыдэ. Сэ сшэнщ. Тхьэм худигъэщlэж дэ Иринэ къытхуищlар. И сабийм и хьер тхьэм иригъэлъагъу, и щхьэгъусэри къэкlуэжауэ и тхьэлъэlум тхьэм дыхигъэт...

Бекъан къалэм къыдэкlыжа иужь щlегъуэжат, щхьэ си шым зэмыгъэгъэпсэхуарэ, жиlэу. Пэхур увыlэным нэсыпауэ ерагъыу кlуэф къудейт. И щхьэм хуэпсэлъэжу дадэм жиlэрт:

— Аращ атlэ, насып уимыlэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ. Зы бэлыхьым зы бэлыхь къешэ, накlуэ, Пэху. Накlуэ, фермэм дынэшэсыж закъуэ. Дыгъэл дыдэу мэкъу уэстынкъэ, псы къабзи уезгъэфэжынщи, щlэт бом зыбгъэпсэхуу. Махуитlи, махуищи щlэт — ущlэсщlэнкъым. Зэхэпха, Щэулэхъу нэмыцэм иратын я мурадщ. Нэмыцэ генерал ягъэшэсыну. Ауэ къехъулlэнкъым. Алыхьым къызэпиудынщ я мурадыр, алыхьым и ужькlэ сэ зэпызудынщ. Уэри укъыздэlэпыкъунщ, Пэху, хъункъэ? Ди жагъуэгъу адыгэш шэсауэ тхьэм уэри уимыгъэлъагъу, сэри симыгъэлъагъу. Дыкъэзылъхуауэ дунейм ехыжам ар къытхуагъэгъун? Сыт жытlэуи даlуплъэжын? Неlэ, Пэху. Умыувыlэ закъуэ, Щэулэхъу япэщlэхуами, тщlэркъым, неlэ, узгъэфlэжынщ. Мэ lэфl дыдэ къыхихыу сыт хуэдэ мэкъу уи гугъэ сэ уэстынур? Гъуэгум сыкъытумынэ, шкlэм

щхьэкIэ Апчарэ игъэгъуащауэ щыта мэкъур уэстынщ, абы хуэдэ мэкъу иджыри къэс умышхакIэ, тхьэ соIуэ.

Бекъан жиIэр шым къыгурыIуэ хуэдэт. Пэхур, и джабэр иуэжами, къэмыувыIэу кIуэрт. Къуажэм щынэблагъэм, и гум къэкIащ: «Сыдыхьэу уанапхъэ къыдэсхыу здэсшэн?» — жиIэу. АрщхьэкIэ, дэнэ. Ныбэ узым ихьу нэмыцэ генералыр телъащэрэт, Бекъан абы уанэ хуищIыху. Фермэм уанэжь гуэр телъщи, къищтэнщи, епэщэщ хуэдэу зищIынщ IэхъуэтегъэкIыу. Чокэ къигъэзэжыху, тетыр зыхуей уанэр Бекъан ищI хуэдэу къафIигъэщIынщ.

Фермэм къэсыжмэ, Данизэт гуIэжу и лIым къыпожьэ. Къэхъуар сыт? Дыгъуасэ Мысост къигъэкIуат полицай гупи, жэмым я лъакъуэр автоматкIэ зэпаудащ, грузовикым ирадзэри яшащ, зы танэ сымаджэ фIэкIа къагъэнакъым. Ари ялъэгъуамэ, яукIынти яшэнт. Танэр шкIэщым щIэльти, ялъэгъуакъым. Ахэр дэкIыжа къудейуэ, Азрэт я пашэу шу гуп къэсащ: «Дэнэ щыIэ Бекъан?» Дэнэ мыгъуэ щыIэн. Ежьащ. Щэулэхъу и хъыбари щIэупщIати, Данизэт яжриIэнт, яжриIакъым. ЗыкIи зыхимыгъэгъуазэу дигъэкIыжащ.

— ХакIуэр ара мыгъуэ сэ си Iуэхур? Ди щIалэр жыхьэнмэм и курыкупсэм илъщ. Алыхьым и ней зыщыхуар ара мыгъуэкъэ. Дунейм сыт и Iэмал? Лыжь мыгъуэм сыт хузэфIэкIын? Бекъан зи ужь итыр аращ, — жиIэри Данизэт къыфIигъэкIакъым.

Азрэт фермэр хъурейуэ къикIухьащ, шы лъэужь лъыхъуэу.

Данизэти и щхьэфэцым зрисат, щхьэлымкIэ макIуэри доунэхъу, жиIэу. Лъагъуэ тIэкIур щилъагъум: «Мыр дэнэ кIуэрэ?» — жиIати, Данизэт: «Псыхьэ лъагъуэщ, тIыкIуэ, дэнэ кIуэн?» — жиIэри къигъэпцIащ. Азрэт а лъагъуэр здэкIуэм еплъынути, фызыжьым жиIар и фIэщ хъури къигъэнащ.

Лъагъуэр Чопракъыпс екIуалIэрт, къуэм дыхьа иужь щхьэлымкIэ игъэзэжу.

Данизэти нобэ и дуней гуфIэгъуэт, Локотош зыкъиужьыжу илъэгъуати. Капитаным зыгуэр жиIати, Данизэт къыгурыIуакъым, ауэ псэкIэ къищIащ дахэ зэрыжиIар. Нобэм къэс сымаджэр лошкIэкIэ ягъашхэрти, иджы езым и IэкIэ лошкIэр къищтащ.

Данизэт и къуэм щхьэкIэ Бекъан жиIам псори щигъэгъупщэжащ. Фызым и къуэр щIилъхьэж хуэдэу, лIам япилъытауэ мэгуIэ. Бекъани и гур къызэфIэнащ. Бекъан и фызым и гур дахэ хуищIыну къэпсэлъащ:

— Зыгуэрым дыкъигъэгугъащ Чокэ Iуэм къришыжыну, — жиIэри. Данизэт и щхьэр къиIэтащ, зэхихар и фIэщ мыхъуу.

— А си щIалэ мыгъуэ, а сызырашэкIыжын. Ахърэтлъагъу мыгъуэу

къысщыхъунти, уи нэгу сиплъэжатэмэ. Ялыхь, нэбгъу къудейкIэ нэхъ мыхъуми, Чокэ сыIугъаплъэ. Дунейм абы фIэкIа зыми сыхуей мыгъуэкъым. Зы махуэ закъуэ фIэкIаи сремыгъащIэ, — жиIэу Данизэт къегъыхыурэ бжэрт.

Куэшмэн Азрэт шу гъусэ иIэу фермэм къытелъэдауэ зэрыщытар щызэхихым, Бекъан къигъэгузэващ. Ныбэфыжьым бгъуэнщIагъыу щыIэр ещIэ, умыщIэххэу хакIуэр зыщIэтым щIэпщхьэнкIэ хъунущ. ИгъащIэм дыгъуэгъуакIуэу щыIэм шы къадыгъур бгъуэнщIагъым щагъэпщкIуу щытащ. Уеблэмэ тешанкIэ къадыгъуар мыбы къахурт, бгъуэнщIагъым щIагъэувэрти щIэтт, къызыфIадыгъуам и гугъэр хихыжыхукIэ. Азрэт етIысэхынкъым, шыр къимыгъуэтауэ. ХакIуэми и закъуэ зыхуэсакъын хуейр? Локотоши зыщIыпIэ шэн хуейщ, щхьэлым ишауэ.

Бекъанрэ Данизэтрэ зэчэнджэщащ. Щэулэхъу зыщIэт бгъуэнщIагъым Локотош пшэ щхьэ мыхъурэ, жаIэри абы къытеувыIащ. КIыфI зэрыхъуу шызакъуэгум илъхьи, шэ. Зыгуэр къэхъукъащIэмэ, Локотош хакIуэм шэсынщи, ежьэжынщ.

Капитаным ар щыжраIэм, еувэлIащ. Езыр иджыри лъэрызехьэ хъуным куэд иIэт, ерагъыу къэтэджыф къудейщ. Бекъани лагерым кIуащи, кърихъуэнур хэт ищIэрэ? Iуэм итым ящыщ щIэпхъуэжауэ къащIэмэ, пхъэрыр япэ здэкIуэнур Бекъан дежщ. Пхъэрыр мыбы къэсмэ, щхьэли сыти щIамыщыкIыу къагъэнэнкъым.

Езы Локотош дежкIи нэхъыфIщ хакIуэр здэщыIэм щыIэмэ, щхьэл унэм ущIэлъмэ, псым уигъэжейркъым.

Сымаджэр жэщым ягъэIэпхъуащ. Локотош и закъуэу къыщынэкIэ баш зыщIигъакъуэурэ къэтэджырти, Щэулэхъу телъэщIыхьырт. ХакIуэми къиоIыхужа хъунти, и нэшхуитIымкIэ къеплъырт, къепэщэщырт, мащIэу щыщурэ. Шыр куэдыIуэрэ бгъуэнщIагъым щIэтауэ къыщIэкIынти, накIуэ, къэшэси дегъажьэ, жиIэ хуэдэт.

Данизэти жейм емызэгъыжу и къуэм пэплъэу фермэм тесщ. Iэуэлъауэ зэрызэхихыу къыщолъэтри унэм къыщIоплъ. Дыгъуэпшыхь хьэIуцыдз гъы макъ зэхихати, дадэм гуахъуэ къищтэу къыщIэмыкIыу идакъым: Чокэ хьэм къатIысыхьауэ къамыгъакIуэми тщIэркъым, жиIэу. И лIым езыр дыщIэкIат финар иIыгъыу.

ПщэдджыжьыIм фIыцIагъэ гуэр уэсым хэту илъэгъуамэ, и лIым йоупщI: «Еплъыт, уи нэр нэхъ жанщ, мы-Чокэу пIэрэ мор?» — жиIэу.

Иныкъуэми Данизэт и гур мэуз: «Жьэрымэ згъэун хуей мыгъуэу пIэрэ, ебзым къэмытэджыфу хэлъыр къежьэу мыбы нэс къэкIуэфын, лIэуэ къуакIэм дадзэжами тщIэркъым», — жиIэу. ЦIыхур мылIауэ хьэдэIуси дауэ хуэпщIын?

Зэгуэр Данизэт пщэдджыжьым Бекъан шхын хутригъэувэщ, пэгунитI къищтэри псыхьэ кIуат. Бекъан и гугъэр куэд щIауэ хихыжати, Чокэ и гугъу ищIыртэкъым. Данизэт пэгунитIым из ищIри пхъэхьыр зытрилъхьэжауэ псыхъуэм хуэмурэ къыдэкIыжырт, сылъэпэрапэу сымыджэлащэрэт, жиIэу. Абдеж зыгуэр урысыбзэкIэ къэджащ:

— Мамашэ, постой.

Зы лIышхуэ автомат иIыгъыу щхьэл къуагъым къыкIуэкIащ. Данизэт щтэри джалэ пэтащ.

Данизэт жиIэнIами хунэмысу, щхьэл къуагъым нэгъуэщI лIы фейцей дыди къыкъуэкIащ.

Дунейм ар Чокэу къызэрыпщIэн теткъым. Е и фэкIэ, е и псэлъэкIэкIэ, е и зыщIыкIэкIэ. И щыгъынкIэ къыпхуэцIыхунукъыми, упыкIащ. ИтIани Данизэт псэкIэ къищIащ и къуэр зэрыарар. Фызым пэгунитIыр хыфIидзэри къыщиудащ:

— А си щIалэ закъуэ мыгъуэ... Уэраи ар! — жиIэри.

— Сэращ, ди анэ...

Фёдор здэщытам щытщ.

Фермэм шу гуэрхэр тету Фёдор илъэгъуати, зэ умыпIащIэ, шур темыкIыжу зыкъедгъащIэ хъунукъым, жиIэри Чокэ къигъэкIуэн идакъым. Лагерым къикIа хъыбарми хэт ищIэрэ? КъимыкIыххами, зыми зыкъебгъэлъагъу хъунутэкъым. Псыхьэ гъуэгум зыгуэр кърикIуэнкъэ, жаIэу тIури къуэгъэнапIэм къуэсащ.

— Уи псэр къэпхьыжащи, насыпщ...

Данизэт иджыри ищIэртэкъым Чокэ лъэрымыхь дыдэу Фёдор и дамэм телъу къызэрихьар. Чокэ зэфIэтыф къудейт, жьы къепщэм ирихьэжьэн хуэдэу. Данизэт фермэмкIэ джащ, и лIым еджэу.

Бекъани ар къилъэгъуауэ къажэрт.

— Лъатэ иджы, зиунагъуэрэ, лъатэ, дамэ къыптекIащ, уи къуэр мес, уи лъахэ къихьэжащ. Ялыхь, дуней фIыгъуэр къылъыгъэс ар къытхуэзыщIа Фёдор, — жиIэу Бекъан жэрыжэм тету мэхъуахъуэ. — КъуитI диIэщ иджы, Данизэт. КъуитI! ТIури зэхуэдэщ. ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIут къамэрэ жиIакъэ.

Бекъан япэ IэплIэ зыхуищIар Фёдорщ.



## ШЫХУЛЪАГЪУЭМ ТЕТУ

**П**раздникышхуэр къэблэгъати, Якъуб къигъэкIуащ Бекъан уанэр здынигъэсар зригъэщIэну. КъэкIуар Мысостт. Бургомистрым езыми Iуэху иIэт. Доброволецымрэ Чокэрэ Iуэм икIуэдыкIауэ къыщащIэм, зэрызехьэ къэхъури адэкIэ-мыдэкIэ пхъэр ирагъэжьащ. А тIур яхэкIуэсыкIа

щхьэкIэ мыгузэвэнкIи хъунт, Чокэ зыпагъаплъэу щыта следователыр абы кърихьэлIэу къэмыкIуэгъамэ. Плен къомыр ирахулIэри кумбым хьэдэу илъыр зэбладзурэ хэплъащ, арщхьэкIэ ягъуэтакъым. Къэрэгъулу щытахэм яцыщ Iэджэми я Iэщэр къытрахри Iуэм ирадзащ, щхьэ дахэ-дахэу фыкIэлъымыплъарэт, жаIэри.

Пхъэру къежьам яцыщ Мэшыкъуэ къыдыхьати, Мысосту плъагъур къэкIэзызащ, сэ Iэ зытездза тхылъыр япэщIэхуамэ, срагъэсыкIыну къэкIуащ, жиIэри. И насыпти, а тхылъыр Мысост итхауи имытхауи нэмыцэм ящIэртэкъым. Бекъан Iуэм кIуауэ зэрыщыта дыдэми зыри хамыщIыкIыу къыщIэкIащ. Бекъан гурыщхъуэ къыхуэзыщIа къахэкIами, бургомистрым идакъым: «Чокэ дадэм и мылъхукъуэщ, абы хуэдизу хуэгузэвэнкъым», — жиIэри. Гестаповецхэм Бекъан и пщампIэр яубыдынкIи хъунт, уанэм и Iуэхур къамыщIатэмэ. Мысост яжриIащ: адрей-мыдрей, Бекъан уанащIэ Iэзэщи, нэмыцэ генерал Руфф уанэ хузэщIелъхьэ Къэбэрдейм я тетым и унафэкIэ, жиIэри. Абы хуэдэ Iуэхум гестаповецхэр зэран хэхъухьакъым.

А къомыр кърigъэкIуэкIри Мысост щIэупщIащ:

— Дэнэ нэбгъэса уанэр? — жиIэри. Бургомистрым и гугъат Бекъан фIыщIэшхуэ къыхуищIыну.

Мысост зэрыгузавэм гу лъимытэу хъунт? Чокэ Iуэм ирезыгъэшам яхэтщ, жаIэу иджыри бургомистрыр пэкIэ щIрагъэвэнкIи мэхъу. Нэхъыбэжу Мысост щIэгузави щыIэт. Дыгъуасэ Щэбэтыкъуэ и къуэм хуэзати, бургомистрыр нэщхъей къищIащ: «Мэздэгу деж Краснэ Армэм нэмыцэр щыхагуащ», — жиIэри. Налшык госпиталым къаша уIэгъэхэм зэрыжаIэмкIэ, фронтыр къэкIуэтэнкIэ шынагъуэщ, нэмыцэм къагъэзэнкIэ мэхъу.

Мысост псоми щыгъуазэ хуэдэу зыкъыпфIигъэщIырт:

— А-а, фурэм имыщIэ уи гугъэ. Iэмалым зритауэ аращ. Краснэ Армэр къуэгъэнапIэ зыкъуэсым къыкъуишу хигуэну аращ зэщэр. Стратегэ жаIэу зэхэпха? Аращ стратегэкIэ зэджэр. Ей-ей, а фурэри ар? Узижагъуэм и махуэщ...

Бекъан къыпхуэгъэпцIэнт? Бургомистрым едаIуэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, езыр зэгупсысыр нэгъуэщIт. «Ди хьэмтетыгъуэ махуи къихуэнщ» жызыIам ауэ сытми жиIа уи гугъэ? Локотошрэ Чокэрэ псынщIэу я лъакъуэр къыщIэувэжатэмэ, арат. «Танэлыр духмэ, дежьэжынщ», — жиIэу мэгушыIэ Локотош. Ямышхыу къэнар гъуэмылэу здащтэмэ, ари босын. Щы мэхъури, Фёдор и закъуэщ лъэрызехьэр. Адрей тIури къэбэдзэуэжынщ мыгувэу. МысыхьэткIэ бгъуэнщIагъым къыщIэкIын дзыхь ящIыркъым.

Мысост «стратегэ» жыхуиIэр Бекъан ищIэртэкъым, ищIэнуи хуей? Езы бургомистрми зэхихащи жеIэ, армыхъумэ щай и уасэ хищIыкIыркъым.

— Мэзкуу сыт хуэдэу пIэрэ?

— Щыщ къэнакъым. Уэнжакъ фIэкIа.

— Сталиныр сытым щIэс атIэ?

— Сталинри? Подвал гуэрым щIэс хъунщ.

Бекъан зиущэхужащ. ЛIо бургомистрым ущIеупщIынур? Абы ищIэм нэхърэ нэхъыбэ Бекъан ещIэ.

— Уанэр ух, и пIалъэм фIэмыкIыу, — жиIэу арат Мысост нэхъ зытригъэчыныхьыр.

Бекъан «ерэхъурэ хъунрэ щыIэу уи ней къысщыхуэ» жыхуаIэр и гум къэкIыжати, «хъунщ» жыхуиIэу и щхьэр ищIащ.

— СлъэкI къэзгъэнэнкъым. Ауэ уолъагъу, махуэ къэс зыгуэр къыспэроуэ.

— ФIыщIэшхуэ къыпхуищIынщ Якъуб. Инэрал дыдэм деж нигъэсынщ уи хъыбар. Шым хуэфащэ уанэр зи Iэдакъэ щIэкIар мыращ жиIэнщи, уи фIыщIэ Iунщ. — Бургомистрыр нэбгъузкIэ къеплъырт уанащIэм, «дауэ къыщыхъуу пIэрэ сэ жысIэр» жыхуиIэ щIыкIэу. — Уанэр шым хуэфэщэн хуейщ. КъыбгурыIуа? Щхьэм хуэфэщэж пыIэ щхьэрыгъщ. Ари аращ. Куэшмэныр итщ бгым, Щэулэхъу къимыгъуэтауэ къэгъазэ иIэкъым. ЩIым щIэтми, къыщIэши, си деж къашэ, жиIэри Якъуб щIиIуэнтIащ.



Нэмыцэр хакIуэм къыщIэупщIауэ щызэхихым, уанэ къекIу телъу едвгъэт жызыIэу япэ зи жьэ къыжьэдэкIар Мысостт. Хэт ищIэрэ, нэмыцэм я нэфI къыщыхуэу къулыкъуфI къратынкIэ мэхъу, къулыкъум и хъер илъагъу закъуэмэ.

Мысост и акъыл здынэсар уанэм и закъуэтэкъым. Десятидворкэр Iуэху зыщIу езыхьэжьари Мысостт. ИгъащIэми аращ дызэрыпсэуар, зэунэкъуэщхэр зы хьэблэу зэхэсу. Зэлъэпкъэгъур унагъуэ пщIырыпщIым зэрыфIэкIи щыIэкъым. НтIэ, зэкъуэшхэр зэдэлэжьэжмэ, нэхъыфIкъэ? Зы лъэпкъыр унагъуипщI мыхъурэ — тIу зэгурехьэ, тIур мащIэмэ — щы. Уздэзейуэ нэхъ зэхэлэжьыкIа хъунщ. Зи, десятидворкэр, унагъуэ пщIырыпщI жыхуаIэр аращи, дызыхуейуэ дызыхуэныкъуэщ, жиIэу Мысост утыку къиувати, нэмыцэ генералыр къыщытхъуащ: «Мыр сыту лIыжь Iущ», — жиIэри. ЩIыр зыгуэшыну зыхуагъэфэщар Мысостщ. Бургомистрым нэмыцэм я нэфI къыщыхуати, езыми и пэр иIэтыну хьэзырыпст.

— Азрэт къэкIуат? — жиIэри Мысост къеупщIащ.

— КъэкIуат.

— Щэулэхъу къэзыгъуэтым сом минитху иритыну Якъуб игъэIуащи,

шым мылъыхъуэ щыIэжкъым.

— Уэ щхьэ умылъыхъуэрэ?

— Сэри солъыхъуэ. Сэ сызылъыхъуэр хакIуэр аракъым. Шыбзыжь цIыкIу гуэрщ. КъыбгурыIуа? Сэ сызылъыхъуэр мис мыр зэхэзыщIэлар аращ, — жиIэри Мысост и гуфIакIэм тетрадь напэ къыдихри дадэм къыхуишиящ. — Мэт, еджэт. Къуажэ Управэм къахьри къыкIэрашхэ мыр.

Бекъан еплъри хъэтIыр зи хъэтIыр къищIащ, арщхьэкIэ зыхигъэгъуэзакъым:

— Нэгъуджэншэу слъагъуркъым, — жиIэри.

— Уэлэхьи, уолъагъумэ, тхьэр нахуэу уогъэпцI армыхъумэ, — жиIэри Мысост нэгъуэщI зыгуэру зыкъригъэлъэгъуащ. — Умылъагъумэ, дауэ уанэ зэрыпщIыр? Уэ умылъагъу щыIэ? Мыр зи хъэтIыр умыщIэу си фIэщ хъууи? Апчарэкъэ зытхар? Сэ сымыщIэ уи гугъэ? Школым къыщIэна тетрадыжь къомыр къезгъащтэри мыр зи хъэтIыр къезгъэщIащ. Апчарэщ. НысэкIэ узыщыгугъ хъыджэбзыр аращ. ЖэщитI-махуитIкIэ тетрадым хэплъэу цIыху щыса уи гугъэкъэ? Арыншэми, сщIэрт зэры-Апчарэр, итIани тетрадым езгъэплъащ. Нэгъуджэншэу, жи. УзищIысыр пщIэжыркъым, Бекъан. ЛIитI Iуэм икIуэсыкIащи — лъэужьыр фермэм къокIуэ, Щэулэхъу яIэщIэкIащи, уэ умыщIэу зыщIыпIэ мыкIуауэ, жаIэ. Листовкэр бжэм кIэрылъу къэдгъуэтащи — уэ нысэу узыщыгугъым итхауэ къыщIокI.

— НтIэ, сыкъэщ. Сом минитхур къыплъысынкIэ хъунщ. Сыкъэщ, алыхьым щхьэкIэ.

— Сыт сэ укъыщIэсщыр? Чоки, хакIуэри, уи Апчари си IэмыщIэ къихуэнущ. УмыпIащIэ.

— Щэбэтыкъуэ и къуэм дауэ уфIэкIыну, Апчарэ лей лъысмэ?

— А Iейм зэхищIыхь псори ищIэмэ, Щэбэтыкъуэ и къуэм езым и IэкIэ кIапсэ лэрыгъур Апчарэ и пщэм иридзэнщ. КъыбгурыIуа? Догуэ, бгъуэнщIагъым  ису листовкэ имытхыу пIэрэ абы? Хуэсакъ, Бекъан. Инэралым уанэ хуэпщI щхьэкIэ къамыгъанэу уи пщэ гурыгъыр зэпаудынкIи мэхъу.

Мысост и жьэм къихь къимыгъанэу дадэм къешхыдэри ежьэжащ, «згъэшына и ужь уанэр нэхъ псынщIэу ищIынщ» жыхуиIэу.

Бекъан, пэжу, къэгузэващ. ЩIалищ бгъуэнщIагъым щIэсым икIэщIыпIэкIэ яжесIэнщ, жиIэу пIащIэрт, арщхьэкIэ къыскIэлъыплъыну зыгуэр къуэгъэнапIэ къуагъэтIысхьами, сщIэркъым, жиIэу фермэм зиплъыхьу тетт. Пшапэр зэхэуэу кIыфI хъухукIэ Бекъан зыщIыпIи кIуакъым. ЛIищыр зыщIэс бгъуэнщIагъым къыщIэкIрэ емыжьэжмэ, я Iуэхур икIэ хъункIэ шынагъуэт. Абы нэхъей, мэкъумылэр мащIэмэ, шкIащIэр шхэ-

рейщ, жыхуаIэм хуэдэу, лIищыр шхэрей мыхъуаи. Танэ иукIауэ щытар нагъэсащ, къэна щIагъуэ щымыIэу. Хьэжыгъэри ращ. Мэкъуауэ гупым яшхым хуэдиз лIищым яшх.

КъыкIэлъыплъыIауэ щимылъагъум, Бекъан щIалищым я деж кIуащ, Данизэти здишэри.

Данизэт пщафIэу щысыху, Бекъан къанэ щымыIэу ищIэр жиIащ. Фёдор ар игъэщIэгъуакъым:

— Драмыубыдэ щIыкIэ, бгъуэнщIагъым дивгъэкI.

Чокэ къэгузэващ, сэ дауэ сыхъуну, жиIэу. И лъакъуэр къыщIэувэж хуэдэу хъуа къудейщ. Иджыри зы тхьэмахуэ щIэсатэмэ, лъэрызехьэ хъу-жынт. Иджы уежьэмэ, зыгуэрым уимыхьмэ, укIуэфынукъым. ИтIани и ныбжьэгъухэр здэкIуэм езыр кIуэн хуейщ. Аргуэру Iуэм уихуэ нэхърэ къуэм удэхуэрэ уиукIмэ, нэхъыфIщ. Арат Чокэ зыри щIыжимыIэр.

— Ныжэбэ девгъажьэ, — жиIэри Локотош Фёдор жиIам еувэлIащ. — Куэдщ санаторэ дызэрыщыIар. БгъуэнщIагъым драубыдэмэ, дэнэ укIуэжын?

— Чокэ дауэ хъуну, хьэлъакъуиплIу кIуэн, къипщыхьыф фIэкIа дахэ-дахэу зекIуэфыркъым. Абы хуэдэу Якъуб IэщIэкIа зэрыхъунур дауэ?

— Iуэм дызэрынэсу кумбыр ращ ди увыIэпIэ хъунур, — жиIэри, Фё-дори КъалэкIыхь лагерыр псоми я гум къигъэкIыжащ.



Бекъан и нэгум щIэтщ ар.

— Уэри хьэдэдэшу уагъэувыжынкъым. Ущымыгугъ! — жиIэу Локо-тош гушыIэ хуэдэу зищIащ.

Данизэт лы гъэва Iыхьэ ин хэлъу лэпс шынакъ зырыз псоми къарита-щи, щыри машхэ.

Локотош и Iыхьэр псом япэ иухащ.

— Аращи, гурыIуэгъуэщ. Военнэ хасэу мыбы деж дызэхэсыр Фили жыхуаIэ къуажэм дэса военнэ хасэм къызэрыгуэкI щыIэкъым. Фёдор Мисочко девгъэжьэж жиIэу ращ зытриубыдэр.

— Ныжэбэ жэщым ари.

— Багратион жиIэр сыт? — жиIэри Локотош гушыIэу Чокэ дежкIэ еплъэкIащ, Чокэ Кавказым къызэрыщалъхуа закъуэм щхьэкIэ Багратион фIищауэ.

— Сыт жиIэн? Чокэ сабий пэлъытэщ, и закъуэ бутIыпщкIэ здэкIуэн щыIэкъым.

— ЛIо, зыри жыпIэркъыми, Чокэ? Хьэмэ бгъуэнщIагъ санаторэр нэхъ уигу ирихьрэ? Ирихьыпэуи щIы, Азрэт дыкъищIэмэ, бгъуэнщIагъыр кхъэ унэ тхуищIынщ.

— Чокэ сыт? Здахьым яхьащ, — жиIэри Бекъан и къуэм къыщхьэ-

щыжащ, и гур щIэгъуу. — Пэхум тетлъхьэнщи, зэфIэкIащ — шукъым, лъэскъым. Бгы щхьэдэхыпIэм дынэсмэ, адэкIэ тхьэм жиIар хъунщ. Партизан гуэрхэм дахуэзэмэ, абыи уIэгъэ сыт яIэщ...

— Дамэ сиIатэмэ, сылъатэри сежьэжат, — жиIэу Чокэ ерагъпсэрагъыу псэлъэф къудейт, къыхудэмышеижу. — КъыщIэувэ мыгъуэркъым си лъакъуэр. Си IитIри мис, фолъагъу, къыздэбзыркъым. Сыкъэтэджыфу щытамэ, аратэкъэ...

— Алыхьым гущIэгъу къыпхуищI. КъыщIэнэ бгъуэнщIагъым, — жиIащ Локотош и фIэщыпэу.

Бекъан ар игу ирихьакъым. Абы ищIыIужкIэ, гъэщIэгъуэнкъэ, Щэулэхъу щхьэкIэ зыри гузавэркъым. Дауэ хъуну хакIуэр? Ей, бетэмал, уи хакIуэри къэгъанэ, жаIэу грузинхэр къыщелъэIуам, дадэм зимыгъэгусэу къигъэнэн хуеящ. Дэнэ пхьын иджы? «Уафэм и куэбжэм» удэкI хъуркъым, уэсым щIихъумащ. Апчарэ-щэ? Абыи и ужь къитщ бургомистрыр, и щхьэр пилъэн тIэу еплъынукъым. Мы лIищым я гъусэ зищIрэ ежьэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ?

— Ухъужа иужь шэс Щэулэхъуи, дамэ къыптекIакъэ. Уэгум уиту къуршым ущхьэприхынщи, зэфIэкIащ, — жиIэу нэжэгужэу къэпсэлъат Локотоши, Фёдор идакъым:



— Къуршым къэзыущыхьу ит къомым уагъакIуэмэ, — жиIэри. — Легионеру мащIэм къаджэдыхьрэ? Гестаповецхэр-щэ? Уи мэ къащIихьэмэ, уисыкIащ. Кхъуэм ещхьу, пэкIэ щIыр явэ, уи лъэужь къытеувэмэ, уаIэщIэкIын уи гугъэ? Гестаповецхэм я хьэл сэ сощIэ. Зыгуэр чэму къащIамэ, чэмыр къамыгъуэтауэ яшхыр я дзажэ дыхьэнукъым. ЛIо, бгъуэнщIагъыр гъуэтыгъуей? Фермэри мес, километриплI хъурэ, мыхъурэ... Махуэ къэс зыгуэр къытохьэ. Сэ згъэщIагъуэр иджыри къэс мыбы зыгуэр къызэрымыкIуар ращ.

— БгъуэнщIагъ къомыр занщIэу пхущIэщыкIрэ?

— Къом хъурэ ар?

Бекъан и гум къыщIитхът лIы ныкъуэдыкъуэр къэпым ещхьу шым тетлъхьэу дауэ етхьэжьэн, жиIэу. АрщхьэкIэ бгъуэнщIагъым къыщIэбнэ зэрымыхъунури ищIэрт.

— Шым тесынщ. Аращ. Щэулэхъу бгъэшэс хъунукъым. Пэхум ирешэс. Арыншэми, хьэпшып, гъуэмылэ сытхэр шым телъу фемыжьэу хъунукъым. Абы и щIыIум Чокэ тесыжмэ, сыт ягъэ кIын?

— ХьэжыщI кIуэр зэрыкIуэм хуэдэу. Хъунущ ар! — жиIэри Локотош тIэкIу къэдыхьэшхащ. — Тесыфыну пIэрэ, къемыщэтэхыу?

— НтIэ, къыщIэбнэн мыбы? ЩIэкIуэдэнщ. Шым тесмэ, зимыхъуми, гъуэгур дигъэлъагъунщ. Шыр гъуэрыгъуэурэ IумпIэкIэ тшэнщ, — жиIэрт

и фIэщу Фёдор.

— Гъуэгур сэ фэзгъэлъагъунщ, — жиIащ Бекъан.

— Партизанхэм дахуэзэхуи?

Фёдор ежьэну иукъуэдиящ:

— Ао, щымыIэ уи гугъэ партизан? ЩыIэщ. ЩымыIэу щытамэ, нэмыцэр къыдэупщIрэт: хэт легионер отрядым хыхьэу партизаным езэуэну арэзы, жаIэу. Дежьэмэ, зыгуэрым дахуэзэнщ...

— Уэри къэоупщIат?

— КъызэупщIат.

— Пэжуи? ПцIы умыупсу жыIэт.

— Сыт щIэзупсыр. Зэгъусэу дыщежьэкIэ, дызэрыцIыхун хуейщ, — жиIэри Фёдор мывэшхуэ щылъым тетIысхьащ, и Iуэху къызэрекIуэкIар жиIэну. — ПцIы умыупсу жыпIакъэ...

— ЩIумыгъэлъащэ.

— Плену саIэщIыхьа зэрыхъуам къыщыщIэздзэн?

— Уэ зепта?

— Сыту укъэщIэрей! СелъэIури зестащ! Хъуркъэ уи фIэщ? НтIэ, къедаIуэ. УIэгъэ сыхъуауэ медсанбатым сыкIуэрт, си дамащхьэм лагъым къутахуэ хэлъу. КъыбгурыIуа? Махуэр хуабэт, сэри лъыр къызэжэхырт. ТIэкIу сетIысэхащ зызгъэпсэхуну. Сыплъэмэ, машинэ гуэр мыжыжьащэу блож. Сыкъыщылъэтри сыджащ: «Ей, сыздэфшэ», — жысIэри. Машинэр цIыхур изу ису къэувыIащ, къыздэIэпыкъуурэ срагъэтIысхьэри дежьэжащ. Машинэм исым сахэплъэмэ, зыми зыри жиIэркъым. «Дэнэ фыздэкIуэр?» — жысIэу сеупщIати — псори щымщ. «Фи полъкур дэтхэнэр ара?» Зым и жьэ зэтрихыркъым. Сыкъэгузавэщ абдежи, кабинэм сытеуIуащ машинэр къэзгъэувыIэну. Абдеж зыгуэр къеуэщ си щхьэми... сыкъызэщыумэ, къысщхьэщытыр нэмыцэщ.

— Нэмыцэм ди фащэ ящыгъыу арагъэнт уезышэжьар.

— Арат. Зэрыса машинэри дыдейт.

— НтIэ, дауэ хъуа? — жиIэри Чокэ щIэупщIащ, Фёдор жиIэм шэч лъэпкъ къытримыхьэу. НэгъуэщI зыгуэру щытамэ, ибзыщIынкIи хъунт, Фёдор зэрыщыта дыдэм хуэдэу жеIэж.

— Дауэ сыхъунт. Нэмыцэм уагъэтхъэн?

— Допрос уащIа?

— Допрос, жи. Абы си фэм ирахари?.. Нэхъыби ирахынт, сэр нэмыщIа плену ди цIыху яIэрымыхьауэ щытыгъамэ. АрщхьэкIэ а махуэм ди командир гуэрхэри япэщIэхуати, командирым нэхъ елIэлIащ сэ нэхърэ. ДызэщIакъуэри лагерым дашащ. Противотанковэ ровыжь гуэр драшалIэри драгъэувэкIащ. Нэхъапэ щIыкIэ дэ тлъагъуу политработ-

ник зы тIощIырыпщI яукIащ. ЕзыгъэукIа офицерым дэ зыкъытхуегъазэ. КIэрахъуэ къихар уи ныбэм кърегулIри къоупщI: «Хьэдэ щIэлъхьэ командэм ухыхьэну уарэзы?» — жеIэри. «Хьэуэ», — жыпIа — ду жиIэу кIэрахъуэм и кIакхъур щIечри зэфIэкIащ. ЯукIам къыбгъурытым йоупщI: «Уарэзы?» «Хьэуэ». «НтIэ, модрейр здэкIуам уэри кIуэ». Си деж къэсри къызэупщIати, жысIащ: «Сыарэзыщ», — жысIэри. Си псэр нэхъ сфIэIэфIу аракъым. Мыбы хуэдэу зезгъэукIыу кумбым зрезгъэдзэж нэхърэ зыгуэрурэ саIэщIэкIыжрэ иужькIэ къыдащIар етщIэжмэ, нэхъыфIкъэ, жысIэу арат. Махуэ тIощIрэ пщыкIущкIэ сисащ лагерым.

— Дэнэ дежт ущаубыдар?

— Керчь деж.

— ЦIыху хуэдэ цIыхум укъалъхуащ. Тхьэм уи гъуэгу дахэ ищI, сыхьэту щыIэм я нэхъыфIым тхьэм ухуишэ, — жиIэри Бекъан Iуэм кIуауэ Фёдор япэ щыхуэза махуэр и гум къэкIыжащ. Фёдор лIы ябгэ гуэру къыщыхъуа, бзаджафи ириплъа щхьэкIэ, гу кIуэцIылъу къыщIэкIащ. Гузэвэгъуэ зэхещIыкI, гущIэгъу иIэщ. Урысыбзэр тыншу дадэм ищIэу щытамэ, жиIэнум ущIэмыупщIэ. Фёдор мыхъуатэмэ, Чокэ хэт теплъэжынт нобэ?



— УлIу лIыгъэ пхэлъщ. Хьэм хэхуэр хьэм хуэдэ щыхъу дапщэ ухуей? Уэ узэрыщытауэ укъызэтенащ. Зэш псори зы анэм къилъхуркъым. Къуэш егъу нэхърэ ныбжьэгъуфI, жызыIами имыщIэу жиIакъым. Уэ къысхуэпщIар сэри тхьэм пхузигъэщIэж, сэ пхуэзмыщIэжми, алыхьым къыпхуищIэжынщ. Зи, сэ фхуэзмыщIэн щыIэкъым. Къыстефлъхьэр си хьэлъэщ. БгъуэнщIагъым фыкъыщIэнэрэ — си нэIэ фтету фысхъумэнщ, фызгъэмэжэлIэнкъым, хущхъуэ фыщызгъэщIэнкъым. Дежьэрэ къуршым дихьэжмэ, нэхъыфIщ жыфIэрэ — фи гъусэу сынэкIуэнщи гъуэгу тэмэм фытесшэнщ. Хэт сыт хуэдэ пыIэ щхьэрыгъми, сощIэ — фызыхуэмызапхъэ фыхуэзгъэзэнкъым. Чокэ Пэхум тесу етшэжьэнщ. Аращ нэхъыфIыр.

— Чокэ щхьэкIэ умыгузавэ. Дызэрыхъуу ари хъунщ.

— Гъуэгум къытеднэнкъым.

Чоки и гур къызэрыгъуэтыжащ:

— Шым сытесыфынущ, сэ къыстевмыщIыхь. Шууэ дэни сыгъакIуэ.

Псоми я гуапэ хъуауэ дыхьэшхащ.

— Къагъырмэс теса Уэрдэщыкъуэ хуэдэу къуэм удэмылъэну пIэрэ?

— Зи, Пэху шы хъумэ, сэри лIы сыхъунщ. Щэулэхъу сытевмыгъэтIысхьэ закъуэ.

— ДызэгурыIуащ.

— Щы дохъу. Зы танк диIамэ, зы экипаж дрикъут, — жиIащ Фёдори, бгъуэнщIагъым щIэмызэгъэжу.

— Танк дэнэ къипхын? Пэху зэкӀэсу дывгъэшэс.

— Аращ къытхуэнэжар.

Я зыгъэхьэзырыни куэдтэкъым, ауэ танэл къэнэжар умыгъавэу здэпщтэ хъурэт? Чыржын сыт жыпӀэмэ, Данизэт ищӀэн игъуэтынут. Хэт псы къихьу, хэти мафӀэ ищӀу — псори зэдэӀэпыкъурт, я хьэпшыпыр зэкӀуэцӀапхэрт.

Данизэт и гум къыщӀитхъырт и къуэр сымаджэ лъэрымыхьу гъуэгуанэ гугъу зэрежьэри, хупцӀынэ ипщу здэщысым къегъыхырт.

Дадэми ар игъэудэӀуну и ужь итт:

— Чокэ къэбгъанэ хъуну щытамэ, къэдгъанэртэкъэ? ЛӀо, Азрэт къэсрэ пэщӀэхуэмэ, ирилъэфажьэу и щхьэр пимылъэну уи гугъэ? Щэулэхъу кӀэлъыплъи нэхъыфӀщ абы нэхърэ. Къурш щхьэдэхыпӀэм нэзгъэсмэ, сэри къэзгъэзэжынщ.

— Сымаджэ мыгъуэщи аращ. И лъэм тетыфу щытамэ, адрейхэм нэхърэ нэхъыфӀщ, жысӀэрэт? Алыхьым къихъумэ. Тхьэм гущӀэгъу къахуищӀ. Си къуэм сызэрыхуэарэзым хуэдэу алыхьри арэзы къыхухъу.

Бекъан бургомистрыр къигъэпцӀэну зэпэщэщу щыта уанэжьри къихьащ, шым уанэ темылъу Чокэ тесыфынутэкъыми. Пэху уанэшкъым, хьэпшыпи сытри теплъхьэу, зы лӀи тебгъэтӀысхьэжмэ, кӀуэкӀафӀэу дауэ кӀуэн? Гъуэгур къуейщӀей защӀэщ — дэгъэзеигъуэщ, егъэзыхыгъуэщ. Уанэкъуапэр имыӀыгъмэ, тесыр къехуэхынущ.

Чокэ яӀэтри шым трагъэтӀысхьащ.

Локотош иджыри къэс тӀэкӀу ещӀэкъуауэрт, арщхьэкӀэ гу зылъримыгъэтэн и гугъэу лӀыгъэм зригъэхьт. «Шым утесурэ уи къару къихьэжмэ, уэ къепсыхи сэ сышэсынщ», — жиӀэу Локотош гушыӀэрт.

Хьэлъэу телъым Пэху щӀигъэтӀысыкӀыным нэсат. Данизэт уэншэку къигъуэтауэ, ари здащтэмэ, фӀэфӀт. Уэншэкур здахьын ядакъым, ауэ упщӀэ-щӀакӀуэ сытхэр зэкӀуэцӀашыхьри уанэм кӀэрапхащ. КъэпитӀым я кум дэсу Чоки шым тест, уанэкъуапэр ӀитӀкӀэ иӀыгъыжу.

— ЛафкӀэтетыр хьэпшып ищэну ежьащ, — жиӀэу Локотош дыхьэшхырт.

— Алыхьым къыптрилъхьэмэ, фошыгъу шей уефэнщ жыхуаӀэр аращ, — жиӀэрт езы Чоки.

— Насып уимыӀэмэ, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ. Чокэ шым тесщ. Азрэти къыфлъэмыӀэсу, Мысост и фочышэми тхьэм фыщихъумэ. Жэщу гъуэгуанэ фытохьэ. Тхьэм махуэ гуфӀэгъуэу дызэхуигъэзэж, — жиӀэу Данизэт и нэпсыр илъэщӀырт.

— Куэдщ, думыгъеиж, — жиӀэу Бекъани хъущӀэ хуэдэу зищӀырт, езыр къыщиуду гъын къудей пэтрэ.

Локотошрэ Фёдоррэ фызыжь гъым ӀэплӀэ хуащӀыжащ, псалъэ дахи жраӀащ, быдэуи къагъэгугъащ Ӏэмал имыӀэу къагъэзэжыну.

Жэщ никъуэм деж гъуэгуанэ техьэнур техьащ, Данизэтрэ Щэулэхъурэ бгъуэнщӀагъым къыщӀанэри. Фёдор, «хакӀуэри едвгъэшажьэ», жиӀати, ядакъым, пщӀэну щыткъым дызыхуэзэнур, жаӀэри. Азрэт ухуэзэмэ, лӀо пщӀэнур? ЛӀищми Ӏэщэу яӀэр зы автоматщ. Щэулэхъу къэзыгъуэтым сом минитху иратыну жаӀащ, Азрэт шым теплъауэ гъуэгу къуитрэ?

Езы Щэулэхъу, и гугъу зэращӀым гу лъита хуэдэ, къэщыщат.

— Хуэсакъ хакӀуэм, — жиӀэурэ Бекъан дапщэрэ и фызым къыжриӀа.

Данизэт, бгъуэнщӀагъ кӀыфӀым къыщӀэнащи, щӀэсщ, къыщӀэплъын къудей дзыхь имыщӀу. Гъуэгу техьам я Ӏэуэлъауэ макъыр жэщ кӀыфӀым хэкӀуэдэжащи, дунейр щым хъуащ. Данизэт и гур кърахрэ хыфӀадза хуэдэу, и Ӏэпэлъапэр сысу зыкъомрэ щысащ.

Нэхущ нэблагъэ щыхъум, пшагъуэ гуэрэну къуэ куум дэлъар дихауэ, уафэми зиукъэбзыжащи, Шыхулъагъуэр Ӏупщ Ӏу уолъагъу.

Данизэт хъыбару ищӀэрт Шыхулъагъуэр къызытекӀар. Нарт Сосрыкъуэ мафӀэ къихьыну ежьат, нартхэр щӀыӀэм ису гъуэгум къытенати. МафӀэ зыщӀауэ зызыгъэхуабэ иныжьым и мафӀэм хэпхъуэри пхъэ дзакӀэ ин къищтэри Сосрыкъуэ къежьэжати, иныжьыр къыкӀэлъыщӀэпхъуащ. Нарт Сосрыкъуэ и шыр къыжьэдикъуэу къыщигъэувыӀэм, шы кӀэбдзым къритхъуар вагъуэ защӀэ хъуащ. Адыгэр уафэм дэплъеймэ, иджыри Шыхулъагъуэм шу тет хуэдэу къафӀощӀ.

Данизэт къуэм дэплъэркъым. Уафэм дэплъеймэ, Шыхулъагъуэр елъагъу: «Ныжэбэ жэщ кӀыфӀым хэту ежьахэр зытеува гъуэгур а Шыхулъагъуэр армырауэ пӀэрэ?» — жиӀэу.

Арами, хэт ищӀэрэ?



## ХЪЫБАР ДАХЭ ЗЫХУЭФАЩЭ

Данизэт щхьэукъуэну и фӀэщ хъунт. КъуэгъэнапӀэм къуэст уэншэку зэкӀуэцӀышыхьам тесуи, имыщӀэххэу Ӏурихауэ пщӀыхьэпӀэу и нэгу щӀэтт Бекъан сымэ. Емыжьэу къагъэзэжаи хуэдэт, къэзыгъэзэжыр алыхьым къещтэ, жаӀэу. Чокэ лэпс шынакъ къищтати, лыр цӀынэу илът, лэпсым и пӀэкӀи шынакъым лъыпсыр изу итт.

— Лы цӀынэр щхьэ къиплъхьа мыбы? — жиӀэу Чокэ зигъэгуса хуэдэт.

Данизэти къыгурыӀуэркъым: мыр дауэ, на, лыр куэдӀейрэ згъэващ, итӀани... Бекъан щыт хуэдэщ дыхьэшхыу. КъэӀэбэри шыуаныр зэрыщыту хакӀуэм хуигъэуващ. Щэулэхъу шыуаным итым епэм хуэдэу ищӀри, къеуэри крикӀутащ. Данизэт къэгузэващ, шым шыуаныр икъутэри дигъэунэхъуащ, жиӀэри. Щэулэхъу, зыкъыкӀэритӀэтыкӀащи, бгъуэнщӀагъым

щIэту къежыхь, йотхауэ. Бекъан аркъэныр къещтэ, шыр къиубыдын и хьисэпу, арщхьэкIэ хакIуэр бгъуэнщIагъым щIож. Фёдор пхъуэри шым и кIэр иубыдати, хакIуэм и кIэр къыпичащ. Мысост зэгуэр мэзым къурыкъу къыщIишырт, шыкIэм къыкIэрищIэурэ. Къурыкъу иныIуэ зэм къыщыкIэрищIэм, шыкIэр пригъэчати, «шыкIэпыч» къыфIащри ауан къащIу щытащ. Иджы Фёдор абы ещхь хъуащ... Абдеж Данизэт къызэщыуащ.

Пщэдджыжьыр хэкIуэтат. Къуэ кIуэцIыр дыгъэт. Данизэт къызэплъэкIмэ — хакIуэр бгъуэнщIагъым щIэтыжкъым. Ана-а, бзэха мыр, жиIэу Данизэт къэуIэбжьащ. «Псафэ кIуауэ пIэрэ?» — жиIэри Данизэт къуэм дэплъащ. «Е фермэмкIэ игъэза?» ПсымкIэ щыIэу щимылъагъум, Данизэт фермэмкIэ игъэзащ, зыгуэр къыхуэмызэ щIыкIэ къэсшэжынщ, жиIэри. ХакIуэр фермэми теткъым. Дауэ хъуну иджы? Сыт ищIэнур? «Шыр Iущщ, езыр къэкIуэжынкIэ хъунщ», — жиIэри тIысыжащ.

ЕтIуанэрей жэщми, ещанэрейми Данизэт бгъуэнщIагъым кIуэри щIэсащ, шым къигъэзэж хъумэ, бгъуэнщIагъыр аращ здэкIуэнур, жиIэри. АрщхьэкIэ, дэнэ? Къуэм хьэIуцыдз макъ фIэкIа зыри къыщыIуркъым. Данизэт фермэми тезагъэркъым, бгъуэнщIагъми щIэсыжыфыркъым — гузавэу къекIухь.



Чокэ мыгъуэ сымаджэ лъэрымыхьу езгъэжьати, алыхьым и гур къызэбгъащ, жиIэу аращ Данизэт и гум къэкIар. Щхьэ къимыгъэнарэ бгъуэнщIагъым щIэсу? Апчарэ заводым тесщи, чырбыш щагъажьэ хьэкум исщ, итIани мес, нобэ къэс зыри къыщыщIакъым. Румын сэлэтхэм къахъумэ, Чоки зыгуэрым къихъумэнт.

Данизэт плъэмэ — ярэби, илъагъур къыфIэщIрэ и нэр къыщхьэрипхъуауэ хьэмэ аргуэру пщIыхьэпIэм хэт? Чопракъыпс шу гуэр къызэпрокI. Данизэт темыпыIэжу и лъакъуитIыр щIокI а шум пежьэну. Шууэ къакIуэр Бекъанщ. Зытес шыри Щэулэхъущ. Аракъэ телъыджэлажьэ жыхуаIэр?! ЛIыжьыр къызэрысыжу, шхыдэу щIидзэнщ: «Шыр щхьэ къыщIэбгъэкIа?» — жиIэнщи. Ирешхыдэ, ягъэ кIынкъым, шым лажьэ имыIэу къигъуэтыжащи, насыпщ. Ар дауэ, на? Бекъан къэблэгъэжауэ егъэзэж. Дэнэ иджы здэкIуэр? Данизэт ищхъэрэкIэ плъэри къыгурыIуащ. ГуIэгъуэжь мыгъуэр си махуэщ — фермэм къытекIауэ шу гуп Бекъан къилъэгъуащи, аращ щIигъэзэжар. Шу гупми дадэр къалъэгъуауэ кIэлъожэ.

Шу гуп Бекъан кIэлъыпхъэрар зыбгъупщI мэхъу. Щэулэхъу зэрылъэщIэмыхьэнур къащIауэ, фочкIэ кIэлъоуэ. Данизэт гужьеяуэ магъ, фоч уэхукIэ, Бекъан шым къехуэхын и гугъэу мэгуIэж. ХакIуэ гъэшхар,

пщӀащхъуэм хуэдэу, дэгъэзеигъуэм дож.

Хэт Бекъан езыхужьар? Якъубщ. Уанэм къыкӀэлъыкӀуати, имыщӀэххэу хакӀуэм къыхуэзащ. Къыхуэнэжакъэ иджы и сом минитхури? Щэулэхъу къуэм дэкӀыу дэнэ кӀуэн? «Уафэм и куэбжэр» жыпӀэнущи, гъатхэ пщӀондэ удэкӀ хъуххэнукъым. ДэнэкӀи гъазэ — бгыщ, езэгъыпӀэ имыӀэу.

— Фыхуэсакъ, шым тевмыгъахуэ. Тесым феуэ, тесым! — жиӀэу Якъуб къызэплъэкӀыурэ унафэ ищӀырт.

ТӀэкӀу яӀэщӀэкӀатэмэ, дадэм зыгъэпщкӀупӀэ къигъуэтынут, щӀыпӀэр тыншу ецӀыху. Якъуби аращ, а къуэм мащӀэрэ мэл игъэхъуу дэта? Къыщалъхуари Чопракъ аузщ.

Якъуб и шу гъусэр тӀууэ игуэшри зыр зы гъуэгукӀэ, адрейр нэгъуэщӀ гъуэгукӀэ иутӀыпщащ, Бекъан дэнэкӀэ кӀуэми, кӀуапӀи жапӀи ирамытын хуэдэу. Къуршым щхьэдэх хъунукъыми, пихыжащ, мобыкӀи Чопракъыпсщ. Къигъазэ хъурэ — Якъуб и ӀэмыщӀэ уихуащ.

Дадэр псы Ӏуфэм Ӏутурэ докӀуей, зэзэмызэ сэтей къэхъумэ, пхъэру кӀэлъыкӀуэм фоч ягъэауэри къуэ кӀуэцӀым джэрпэджэжу къыщоӀу.

Бекъан мэгузавэ. Дэнэ и щхьэ здихьынур? ДэнэкӀэ иунэтӀыну?

ЗэвыпӀэ гуэр къигъуэту мывэ къыдигъэлъэлъэн? ЛӀипщӀым мывэр
55 зэбградзынщи, зэфӀэкӀащ. ЗыпӀэжьэмэ, къыппакӀухьынкӀи мэхъу.

Псэууэ яӀэщӀэмыхьэмэ, аращ. Е шыр къуэм дигъалъэу иригъэукӀын, Уэрдэщыкъуэ зэрищӀам хуэдэу? Къагъырмэс къуэм щыдэлъэм, езы Уэрдэщыкъуи тесащ. Бекъан шыр иригъэукӀыу езым зыкъигъанэуи? Хьэуэ, ар абы ищӀэнкъым.

Бекъан и гум къэкӀыжащ Къулым хъупӀэм щыжиӀауэ щытар: «Уа, Бекъан, адыгэшыр зыхъумэну дызыщыгугъыр уэращ, адыгэр япэ къезыгъэцӀыхуар адыгэшщ, бгъэкӀуэд хъунукъым», — жиӀэу Къулым дапщэрэ къытригъэзэжа?..

Бахърэн ауз сыдыхьэу къуршымкӀэ згъазэмэ, саӀэщӀэкӀыну пӀэрэ? Зымахуэ иригъэжьэжа Чокэ сыми Бахърэныщхьэ нигъэсри къигъэзэжащи, хэт ищӀэрэ, абыхэм яхуэзэмэ, зыгуэркӀэ къыбдэӀэпыкъункӀи мэхъу. Къуэр зэвщ, зы автомат яӀэщи, шуудзэ зэтепӀыгъэфынущ. АрщхьэкӀэ Якъуб сыт щхьэкӀэ пшэн Чокэ сымэ я хэщӀапӀэм? Пэху зэрыкӀуа лъагъуэмкӀэ Щэулэхъу пхуэмыкӀуэнкӀи мэхъу.

ХакӀуэр ешащи, бауэкӀэщӀ хъуащ. Тхъурымбэр къохуэх. Шыри цӀахуцӀэщи, Бекъан и гъуэншэджыр пщӀэнтӀэпсым хьэлэчу псыф ищӀащ. Уанэ телъами зыгуэрт. Ай, бетэмал, Данизэт шыр щхьэ къыщӀигъэкӀа мыгъуэ?! Тхьэм ещӀэ, псафэ ишэну и гугъа? Шым зыкъыӀэщӀиудри — макӀуэ-мэлъей, хакӀуэ гъэшха бгъуэнщӀагъым щӀэзэшыхьар пхуэӀыгъын?

Бекъан къэсыжрэ плъэмэ — Щэулэхъу хъуакIуэу лъэгум дэтщ. КъакIуэIауэ щилъагъум, Щэулэхъу щIэпхъуащ, арщхьэкIэ дадэр щеджэм къицIыхужри, езыр къыбгъэдыхьащ. ХакIуэм къижыхьу губгъуэм итыну арат зыхуейр, Бекъан шэсу къимыгъэзэжатэмэ.

Аргуэру фочауэ макъ къэIуащ. Бекъан къызэплъэкIмэ — лъэгум дэту и лъэужь къэзыхур елъагъу.

Шур нэхъ мащIэ щхьэ хъуа? Дэнэ кIуа и ныкъуэр? Ешу ягъэзэжа? Алыхьым ещIэ Якъуб мурад ищIар. IэмалкIэ Iэзэщ а зи унагъуэ сэхыжыныр. Чопракъыщхьэ укIуэкIэ, дэнэ укIуэн? Къуршым ущхьэпрылъын?

Гъуэгур задэIейщ. Щэулэхъу мыкIуэфу зэзэмызэ къэувыIэурэ зегъэпсэху. И пэщхъыным бахъэу кърихум щIэ щIэткъым. Шым и тхьэкIумитIыр игъэкIащ, иныкъуэми къызоплъэкI: дэнэ дыздэбгъакIуэр, жиIэ хуэдэу. Шым здэкIуэнур имыщIэу къэувыIэмэ, Бекъан къопсыхри хакIуэр IумпIэкIэ ешэ, хуэсакъыурэ.

Егъэзыхыгъуэм дежи гугъущ. Зи къару икIа шыр джалэу къуэм дэхуэнкIэ шынагъуэщ, и лъакъуэр мэкIэзыз.

Дыгъуасэ Пэху зэрыкIуа лъагъуэм Бекъан ноби тетщ. Пэху куэд зи нэгу щIэкIа шыт, Щэулэхъу елъытауэ. Щэулэхъу къуршым щхьэдашэхыу къыщыщхьэдашэхыжами гъуэгум тетащ. Пэху егъэзыхыгъуэм деж цIыхум хуэдэкъэ жыпIэу ехырт. И зы фIалъэ лъакъуэр хуэмурэ иригъэувэхырт, итIанэ етIуанэр япэрейм бгъэдигъэувэрт. ПхэщIкIэ хэтIысхьэ хуэдэу зищIырти, и кIэбдз лъакъуэр и фIалъэ лъакъуэр зытет теувапIэ тIэкIум тригъэувэрт, лъакъуицкIэ ува иужь еплIанэ лъакъуэр игъэувыжырт. Циркым щагъэджэгу шым хуэдэт. Апхуэдэ егъэзыхыгъуэм деж шым тесым зимыгъэхъейуэ тесын хуейщ.

Щэулэхъурэ Пэхурэ зэхуэдэтэкъым.

Бекъан джабэ задэ гуэрым дэкIри борэным яфыщIа жыгыжь гуэрым и щIагъым щIэуващ. Сэтейм тетыгъуейт, жьапщэти.

Къуэм удэплъэмэ, дэнэкIи уэст. И лъэгум мэз тIэкIу дэтт, хэтри хэсри плъагъуу. Удоплъейри — пшэр зэрызохьэ. Щымщ. Чопракъи зиущэхуащи, и макъ зэхэпхыркъым. Жыжьэу ащ. Бекъан ныбгъуэхьэшым ираубыда хуэдэщ. Дэнэ и щхьэр здихьынур? Псым узэпрокIри — адэкIэ бгы нэпкъщ. Къурш щыгум уихьэфмэ — уэсщ, мылщ. ЩIым ущIыхьэн, дэнэ укIуэн?

Дадэр шым къепсыхри шыр IумпIэкIэ иришэжьащ. ХакIуэм и лъакъуэр хуэхь къудейщ, къару лъэпкъ къыхэнэжакъым. АтIэ хьэдагъэ кIуэн — мазэ псокIэ бгъуэнщIагъым щIэтащ. ЖэщкIэ нэхъ мыхъуми, къыщIишурэ кърригъэкIухьын хуеящ. ИтIани, плъагъуркъэ, — шууипщIым зы къахэкIакъым Бекъан къылъэщIыхьэн. Якъуб зытесар шытэкъэ нэгъэ-

сауэ — ари къылъэщIыхьакъым.

Сэнтхым нэсри Бекъан къызэплъэкIащ. Шуудзэр хуэмурэ къызэрыкIуэм тетщ.

Сыт щхьэкIи пIэщIэн? Я шыр щIаукIыни щыIэкъым, сыту жыпIэмэ Бекъан бгъуэнщIагъышхуэм щIахуа хуэдэщи. ДэнэкIи гъазэ, къикIыпIэу иIэр зыщ. КъикIыпIэм Якъуб Iусщи, дэнэ укIуэн? Якъуб и гупым ар ящIэ. Бекъан яIэщIэкIынкIэ шынэу щытамэ, зэрыгъэкIийуэ, зэрызехьэу, я шым щымысхьу, батэкъутэр ягъэшу къызэрыхьынут.

Бекъан къурш щыгум иту щалъагъум, фочкIэ къеуащ, фоч уэ макъым къуршыр къигъэпсалъэу. Къуэ кIуэцIым фоч щыуэмэ, топ ягъэуа хуэдэ, ину мэIу, къыздиукIри сытри умыщIэу. «Ярэби, къуэ кIуэцIым дэтыр ара къауэр хьэмэ партизану пIэрэ?» — жиIэу Бекъан зиплъыхьырт. ТIуми щымыщу унагъуэншэ-жьэгуншэу къуршым итуи дапщэ ухуей? Ахэри къэуэнкIи мэхъу.

АрщхьэкIэ Бекъан зыщыгугъам къыщыщIэкIакъым. ФочкIэ къеуэр нэгъуэщIт. ЧопракъыщхьэкIэ шууищ къыщыхутауэ Бекъан и гъуэгур къызэпаупщI. ЖиIатэкъэ Бекъан, Якъуб IэмалкIэ Iэзэщ, жиIэри. Шууищ, нэхъ шыфI тесу, Якъуб иутIыпщащ, Бекъан къыпажыхьу и пэм къиувэну. Аращ и ужь итахэр щIэмыпIащIэри. Иджы нэгъуэщI кIуапIэ щыIэкъым — дэдзыхауэ «уафэм и куэбжэмкIэ» унэтIын хуейщ.



Дунейм зиукъэбз хъуащи, жыжьэу уплъэмэ, къуршыщхьэм уэс пыпхъуэшхуэ телъыр уолъагъу, я лъабжьэр щIыхуфэ дахэу. Мы щIыпIэм зыри къыщыкIыркъым, уэс къудей тезагъэркъым, къытесэр жьым трепхъуэтыкI.

Легионерхэм я гугъакъым Бекъан «уафэм и куэбжэмкIэ» зритыну. Куэбжэр щымыIэжмэ, сыт щхьэкIэ укIуэн? ДэкIыпIэ даудауэ щытам унэсын щхьэкIэ, къуэ куум ущхьэщыту лъагъуэ шынагъуэ дыдэкIэ укIуэн хуейщ. Лъагъуэри плъагъуу щытами зыгуэрт — уэс щIагъым щIэлъщ. Удэплъейми, къурш лъагэм уэс Iэтэ инхэр къытевэву телъщ.

Гъуэгу тIэкIу ящIам «куэбжэ» фIаща щхьэкIэ, куэбжафи теткъым, иджы уэсым щIиубыдащи, къыпхуэгъуэтрэ?

Бекъан къигъазэ хъужынукъым. Бгы джабэ ину уэсышхуэ зытелъым кIэрытурэ макIуэ. Лъагъуэм ауэ хуигъэфащэу ара къудейщ. Шыри лIыри ешащ, итIани макIуэ. КилометриплI хуэдиз и лъагагъыу къуршым итщи, узэрыбэуэн кислород урикъуркъым. Бекъан и щхьэр мэуназэ, и жеини къокIуэ. ЗызгъэукIурийуэ уэсым щхьэ сыхэмылърэ, жиIэу и гум къокI.

КъызэплъэкIмэ, къикIуар метр щитI хуэдиз хъуми аращ. Дапщэ хъурэ ар? ИкIун хуейм щыщу епщыкIутIанэр аращ. Щэулэхъуи къедэIуэжыркъым. И щхьэр уэсым хелъхьэри щылъщ е уэсым хэтщи,

щылъу къыфIэщIрэ, и нитIым нэпсыр къыщIож.

Жыхьэнмэ лъэмыжыр джатэдзэм хуэдэу бгъузэу жаIэ. Бекъан зытет гъуэгури аращ. Абы ищIыIужкIэ уэсыр кууущэщи, уигъакIуэркъым, упхрохури ныджэм къытенам ещхьу утелъщ укъыдэпщеижа иужь. Щэулэхъуи аращ — и щхьэмрэ и тхыцIэмрэ фIэкI умылъагъуу уэсым щIигъэнащи, йолъэкъуауэри хэтщ.

Бекъан, шхуэмылакIэр иIыгъщи, йокъу. Шым уэсыр ивэу, елъэкъуауэетхауэу сытми тIэкIу икIуащ. АдэкIэ укIуэ пэтми, уэсыр нэхъ куууэщ. Лъагъуэм утетрэ утемытрэ пщIэркъым. Бекъан уэсыр зэбгритхъурэ уэс щIагъым щIэIэбэрэбыхь хуэдэу зищI щхьэкIэ абы хуэдэ защIэурэ укIуэфын? Езыр ныбапхъэкIэ телъу пщыми, шыр кIуэфыркъым. Уэсыр къыгуэщэту урихьэхынкIи шынагъуэщ. Гъатхэр къэсу уэсыр выжыхукIэ укъагъуэтынкъым. Укъамыгъуэту хьэм уашхынкIи мэхъу, Якъуб и адэ къуэшым къыщыщIар къыпщыщIу.

Иджыри тIэкIу ткIумэ, адэкIэ нэхъыфI хъункIэ мэхъу, жиIэу Бекъан лъэкI къигъанэркъым. ТIэкIу икIумэ, къэувыIэурэ зегъэпсэху, зеплъыхь, къэсауэ пIэрэ ди ужь къэзыхур, жиIэу.

Аргуэру фоч уэ макъ къэIуащ. Бекъан плъэмэ — легионерхэр бгым допщей, къеухыурэ Бекъан къеуэн я гугъэу. Плъагъурэ а хьэбыршыбырхэр? Бекъан зытехьа лъэужьым къытехьэн дзыхь ящIыркъым, мэшынэри. Щэулэхъуи, фочауэ макъ щызэхихым, нэхъ IумпIафIэ хъуауэ, къокIуэ. Ай, бетэмал, еуэкIыпIэм дынэсатэмэ, адэкIэ зыгуэр хъунт, жиIэу Бекъан хьэлъакъуиплIу макIуэ, шхуэмылакIэр и пщэм фIилъауэ.

ЗанщIэу, дунейкъутэжи мыр, жиIэу, фочауэр ин хъуащ, уафэри къуршри къигъэпсалъэу. Щэулэхъуи къэщтауэ уэсыр зэхевэ, къыхэмыкIыфу. Бекъани абы пщIэхэлъа шхуэмылакIэр пщIэхилъэфащ. Абдеж къэхъуар Бекъан имыщIэу, къуршыр зэщIэгурымащ, къуэри мэзри къигъэпсалъэу. Бекъан и нэм къыщхьэрипхъуащ, зы имылъагъужу. Фочауэ макъым уэсыр къигъачэри къежьауэ Бекъанрэ Щэулэхъурэ ирехьэжьэ. Шымрэ лIымрэ зэлъэмыIэсыжу къежьати, нэпкъ гуэрым нэсри аргуэру IэплIэ зэхуащIыжа хуэдэу зэрихьэлIэжащ, итIани зэфIэкIуэдыжащи, лIыр щхьэхуэу, шыр щхьэхуэу уэсым хэлъу ирехьэх. Бекъан зыгуэрым жьэхэуа е къурш къыгуэууэ къытехуа — и нэвагъуэр илъагъужри дунейр кIыфI хъуащи, зы Iэуэлъауи щыIэжкъым. АрщхьэкIэ ари куэдрэ? Бекъан, Щэулэхъу шэсыжа хуэдэщи, къуэм къыдэлъэтри уэгум ихьащ. Дадэр иджы шу лъагъуэм теувауэ макIуэ, Щэулэхъу и лъакъуэм къыщIэху мывэр вагъуэу къызэщIонэ.

Жыжьэу уплъэмэ, Данизэт щIылъэм тетщ:

— Мес моращ Шыхулъагъуэр, — жиIэу...

Усэхэр

КIЫЩОКЪУЭ Алим

## ДУНЕЙМ И ПIАЛЪЭ

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ.
Фи фIэщ сымыхъум, сывгъэунэху.
Къуршыр пщэдджыжькIэ зыгъэнэхум
Сэ си гум фхуилъри къегъэнэху.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –
Збгынэн си щIасэр псэм пымыкI.
Зи шыр бгъэ анэу зыхъумэжыр
И абгъуэм жыжьэу пхуIумыкI.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –
Улъагэм, бзаджэм уаIэщIокI.
Мэз бжэн, фочауэр зэхихамэ,
Къуэм дэмызагъэу нэпкъым докI.

Дунейм и пIалъэ сэри сощIэ –
Iэмал щимыIэм, куэд уощIэф.
ХьэпщIом щыхь лъэщыр ирахужьэм,
И щхьэр и щIагъыу къуэм йолъэф.

ДыгъапIэ защIэу гъуэгу хэзышыр
Гъуэгу зэпычынкIэ мыерыщ.
Зэ дыгъэмыхъуэмкIэ умыкIуэм,
ЗекIуэ кIуэфахэм уащымыщ.

* * *

Хэт сыт IэнатIэ къехъулIами,
НэхъыфI лъыхъуэну ещI нэрыгъ.
Iэпкълъэпкъ къэмыту укъалъхуамэ,
Уэ щIыщIэ бвэну къыпщогугъ.

Лъэрыгъ уиувэу ушэсакъэ –
ДыгъапIэм лъагъуэ уэ щыхэш.
Уи зэманыгъуэр щхьэмыгъазэщ,
Зи псалъэ Iущым къадэгъэш.

Псынэ къыщӀэжмэ, псыр жэхункӀэ
ИрипщэфӀэну псы къыхах,
Псыр мыжэу итмэ, къамылылъэщ,
Псы хуэлӀэ къэсми я щхьэр Ӏуах.

Уэ батырыбжьэр зылъыгъэсыт,
Гъуэгу лей къыплъысми умыщхьэх.
НэхъыфӀт лӀыгъэншэр къамылъхуамэ,
И кӀуэдыжыгъуэр къосыр щӀэх.

Уи щӀыщӀэр бвэрэ тепсэжамэ,
Уи хьэмтетыгъуэуи уӀуэнщ.
Пщэдджыжь къэсыхукӀэ уигу хагъахъуэу
Уэ уи цӀэр бзухэм ираӀуэнщ.

АДЫГЭ ХЭКУ

Адыгэ уафэ,
Адыгэ щӀылъэ,
Уэгум сихьамэ,
ЩӀылъэр си плъапӀэщ.
Адыгэ уафэ,
Адыгэ щӀылъэ,
Уи лъахэм ситмэ,
Дунейм сытеткъэ.

Уи къалэ щхьиблым
Зыкърагъэщхьу,
Вагъуэзэшиблыр
ЖэщкӀэ зэщӀоблэ.
А блым еянэу,
Нэхъ ябжьыфӀэкӀыу
Си гурыфӀыгъуэр
Адыгэ хэкукъэ.

Уи губгъуэ куэщӀыр
Пшэплъу хадыкӀыр,
Тэрч къызэрокӀри
Псыдзэ зэхешэ.
Шым сыгъэшэси
Дэни сыгъакӀуэ,

Вагъуэ жыпIамэ –
Дыгъэ къэсхьынкъэ.

Уи нэр зыдэплъэм
Уи лъэр лъоIэсыр.
Къырым илъ дани
УлъэIэсакъэ.
Адыгэ уафэ,
Адыгэ щIылъэ,
Уи лъахэм ситмэ,
Дунейм сытеткъэ.

## ЗЕИЧ ЛАНТIЭ

Зеич лантIэу гъэшыгъуафIэ,
Си адыгэ хэку.
Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ,
Си адыгэ хэку.
Зи щIасэгъухэр зи жагъуэгъум,
Си адыгэ хэку,
Хигъэгъуащэу зи мыхабзэ,
Си адыгэ хэку.
Узижагъуэр псым хрепкIэ,
Си адыгэ хэку,
КIэлъыхэпкIэри епкIыхыу,
Си адыгэ хэку.
Уи жьэгу мафIэ щыужьыхым,
Си адыгэ хэку,
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку.
Къурш псы уэру сыкъехуэхми,
Си адыгэ хэку,
Пшахъуэ налъи пщыщ исхакъым,
Си адыгэ хэку.
Зы уIэгъэ уэ къыптехуэм,
Си адыгэ хэку,
УIэгъищэу зыхызощIэ,
Си адыгэ хэку.
Дыщэ шууэ уищI сихьэжым,
Си адыгэ хэку,
Сэламыхьу сыныпхуокIуэ,
Си адыгэ хэку.

## ПСЫ ИКIЫПIЭ

Псым бэлэрыгъыр иреудыр,
Хыхьэфыххэнкъым лIы хуэмыху.
КъыфIощI кууущэ емысыфым,
Уназэу и щхьэр, псым еплъыху.

Сэ згъэунэхуакъэ псы и пIалъэ –
Къэрабгъэм жаIэр мыхъу си фIэщ.
Псы Iуфэр задэу мывэ лъагэм,
Жэщым къыхуэзэм нэху ягъэщ.

Сэ и куууп Iэм сыхыхьами,
Си бгъэм псы уэрыр къэс къудейщ.
Зы шуи лъэси зэмызэгъыу
ДызощI толъкъунхэм ислъэмей.

Ныбжьэгъу псы ябгэм ирихьэхмэ,
Си закъуэпцIийуэ срелъэс,
Абдейр кIуэдыпIэ сэ схуэхъуами,
Гузавэу слъагъум салъоIэс.

Зэгуэр псы уэрым сыхадзауэ
Сихьыным мащIэт къысхуэнар.
Къыстет зи нэIэ щымыIатэм,
Си пыIэт ныджэм къытенар.



## КХЪУЖЬЕЙ КЪУДАМЭ

Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.
Арат цIыхубзым къысхуищIэну
СызэрелъэIур нобэм къэс.

Кхъужьей къудамэм и гъусэнут
Псы уэр уэрэду си гъэфIэн.
Пшынэншэу къуршхэр къеуджэкIмэ,
Сахэт си гугъэу сыгуфIэнт.

Сызыхуэныкъуэу сэ сыт щыIэ –
Данэм сыхэсми, сыхэхэсщ.

Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.

Ди кхъужьеижьыр гум ихуакъым,
Езыр жыг уардэу щIым хэкIащ.
Жыг щхьэкIэ дыдэм сэ сыпысу
Си сабиигъуэр щIиупскIащ.

Уэлбанэ хъуамэ, шкIахъуэ пщыIэт,
ДыщIэст жыг щIагъым, дыщыджэгут.
Жэщ хъуамэ, бзухэм я тIысыпIэт.
А жыгыр ноби щIэтщ си нэгу.

Согъазэ нобэ, жысIэ защIэу
НэгъуэщI къэралхэм салъоIэс.
Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.

* * *

Гъатхэ къэскIэ я гъуэлъхьэгъуэу
Къэзыгъазэр къуалэбзу?
Зэманыгъуэ бзэм щигъуэтым –
Бгъуэтмэ къащтэ и чэзур.

Къэралыгъуэу дапщэ щыIэ,
Бзэ умыщIэм сыт ущыщ?
Пащтыхь пащхьэ зэ сихуауэ
ЕзгъэщIакъэ сызыщыщ.

Сэ Iуэху инхэр си пщэ дэлъми,
Адыгэбзэр сщIат гурыхь.
Я зы лIыщхьэ си тэрмэшу
Сепсэлъакъэ сэ пащтыхь.

Си лъэпкъэгъухэм сахыхьэжмэ,
Мис аргуэру чэмщ тэрмэш.
Бзэр мыбзэжмэ, псалъэр щыкъуну
Къуалэбзухэм яхуэвгуэш.

* * *

Дунейр мычэму къощIэращIэ,
ДыдощI ди гуапэу щIэм жэрдэм,

Щытхъупсри тфIэфIу тедгъэлъадэу
Жьы зэдмыпэсыр мэхъу Iумпэм.

Сэ цей игъащIэм щыстIэгъакъым,
ПщIэдэлъыр здэлъу къызокIухь.
Дэмыт си пщIантIэм шы фIэдзапIи,
IэщIыб ящIахэр гурымыхьщ.

Сядэшхуэр Iэзэт Iэщэ щIынкIэ,
Щхьэл мывэ ищIу фIым щыгугът.
Сэ зэIузощэр псалъэр усэу,
Си анэм и бзэр си нэрыгъщ.

Сэ сагъэщIахэм щыщ зы псалъэ
Бзэм хэзмыгъэщIу си гум илъщ.
Ар зэзымыпэсми пщIэ хуэсщIакъым,
Ар зыфIэмыфIми сыпымылъ.

Чэзум хуэзгъазэрт си усэныр,
ЩIымахуэу вакIуи сыдэмыкIт.
Сэ сызэхъуапсэр си нэрыгъти,
СфIэдахэр стыну сигу пымыкIт.

Сэ хадэу звари адыгэбзэщ,
Аращ сиIари псынэ къабзэу.
Абы и уэшхым сыхэт защIэу
Сыхъуащ дунейми сэ щыгъуазэ.

Бзэр адэ-анэм сагъэщIащи,
Сэ яхузощIыр тIуми фIыщIэ,
Ауэ си жагъуэ мэхъу зы закъуэ –
Си быным си бзэр зэримыщIэр.

## СИ НИТI

Губгъуэрысынэм хуэдэу жанщи,
Си нитIым фIыщIэ яхузощI.
Псынэм и лъагъуэр къысхуагъуэтыр,
А тIур сиIэхукIэ гъуэгум хощI.

Хъыджэбз и нэгум сыщыщIэплъэ
Си зэманыгъуэм къысхуихуащ.

Е бгыщхьэм ситу сыкъеплъамэ,
Дуней дахагъэр згъэунэхуащ.

Къэхъуакъэ куэдрэ, сыгубжьамэ,
Си нитIым мафIэ къыщыщIих,
Нэм имылъагъур Iэуэлъауэм, –
Къэхъуащ тхьэкIумэм щызэхих.

Тенджызи, мэзи, къурши, губгъуи
Мы дунеишхуэм щыслъэгъуащ.
ЦIыху цIыкIум я гур зэпэсплъыхьу
Слъагъун ягу илъыр си гугъащ.

СфIэфIат мурадыр къызэхъулIэм –
Нэм имылъагъум гу лъыстащ.
Зи ужь сит Iуэхур нэзгъэсыну
Схуетын илъэпкъыр сэ естащ.

Си ужь къихъуэнхэ, ди зэманыр
Дунейм си нитIырщ зэреплъар.
Хэт нэгузыужьым гугъу дехьами,
Сэ арщ мураду сигу илъар.



## ПОЭЗИЕ

Мазэ къуапитIыр субыдауэ
Уэгу щхъуантIэм ситу зызоплъыхь.
Уэ уи сурэтыр сфIэкIуэдауэ
Сыхэтщ мычэму сэ бэлыхь.

Уафэгъуагъуэт, зэм ущыблэт,
Уи уэшх къыстешхэм сфIэIэфIат.
Уи псалъэ закъуэр гъуэгу гъуэмылэт,
ЗызгъэнщIу уэркIэ семысат.

Уи гурыфIыгъуэм сыдихьэхырт,
Уэр фIэкI симыIэу напщIэтелъ.
Упсы къиуауэ зэм сепхьэхырт,
Къэхъуащ уи ныджи сыщытелъ.

Гум къинэу псалъэ къызумытмэ,
Гунэси хъуакъым стхахэм щыщ.

Уи нэфI зыщыхуэм сахэмытмэ,
Дунейм тетахэм сащымыщ.

Зэгуэр уэзмыкуу зысIэжьами,
Гъуэгущхьибл зы махуэм зэпысчащ.
Си пащIэр фIыцIэу сынежьами,
Си жьакIэр хужьу сыпIущIащ.

ВАГЪУЭ МАХУЭ

Фи къуаншагъи, фи захуагъи, –
Фи бэлыхьхэр сигу дэхуащ.
Сэрщ зи вагъуэ имыжынур –
Сыхьэт махуэм къыдалъхуар.

Хэти хуиткъэ мыгузавэу
Гъуэгу щыфIэфIым щыхишын?
ФIыр щагуэшкIэ угувакъэ –
Къыплъымысу ягуэшынщ.

Сэ Кавказым я къуэ пасэу
Нэхущ шухэм сахэтащ.
Пшэ адрыщIым сынэсауэт
Щыблэ уэныр щыетар.

Сэ Шыхулъагъуэр си бгъэрыщIэу
Гъуэгур скIуну си гугъащ.
Лъэрыгъыпсыр щызэпычым –
Си жагъуэгъухэм ягу зэгъащ.

Япэм итым лъагъуэ хешри,
И шыр жэрми, щIимыхьэн.
Си мурадыр къыздэфIэтым,
Си гум илъыр фигу ислъхьэнт.

Бэлыхь дапщэ сыхэтами,
ГуфIэгъуэшхуэщ къысхуихуар.
Сэрщ зи вагъуэ имыжынур –
Сыхьэт махуэм къыдалъхуар.

КIЫЩОКЪУЭ Алим

# Лъапсэ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Си анэшхуэм зэреджэр Дэфэрэджт. Пасэу фызабэу къэнащ, бын закъуэ фIэкIа и лIым дигъуэтакъым, и щхьэгъусэр дунейм ехыжа нэужькIэ езы фызабэр дэкIуэжри илъэсищэм щIигъу къигъэщIащ, и къуэрылъху бынунэшхуэм яхэсу. «Си убых къэбыших» жиIэмэ, и лIыр арат зи гугъу ищIыр, къэбышхкIэ абы уеджэнри тэмэмтэкъым, мычэму пщыр зекIуэ кIуэху ар и мыгъусэну Iэмал зимыIэт, къыщыдэхуэм вэрт, пщIэрт, мэкъу пиупщIырт, мэш къихырт, гуэдзыр Iуихыжырт, Iэщ игъэхъурт – Iэ дэхьеигъуэ имыIэу унагъуэ Iуэхум и ужь итт.

Псыжьрэ Индылрэ я зэхуакур арат зекIуэ кIуапIэр, бжьыхьэр къэсрэ, гъавэр гуэным иракIутэжамэ, нэхъыбэм ДонкIэ ягъазэрэ губгъуэр къаущыхьу итт, къанэу губгъуэм щикIуадэ Iэджэри къэхъурт, я кIуэдыпIэр псэ зыIутым ямыщIэу, арщхьэкIэ къуажэпщыр лIы зи къару илъыгъуэти, и унэм щIэзагъэртэкъым, бжьыхьэхуегъэзэкI зэрыхъуу зигъэхьэзыру щIидзэрт, и нэгу зыгуэр зэрыщIэлъыр IупщIу. Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж жыхуаIэр арати, мо губгъуэ нэщI къомым къелар къалэ гъунэгъум щыкIуэдыжащ, арыншэми ХьэтIрэмтIыгу къалэр цIыху кIуэдыпIэшхуэу арат, псом хуэмыдэжу тырку пащтыхь нықъуэу а къалэм Хьэсэн-пащэ къызэрыдэтIысхьэ лъандэрэ.

Хьэсэн-пащэр ерыщт; дзэ и гъусэу къежьэрти, жиIэр зымыдэ къуажэхэм ятеуэрт, – ихъунщIэрт, зэрипхъуэрт, абыкIэ адыгэр игъэшынэу хэкум бжьыпэр щиубыдын и хьисэпу. Къуажэпщ зыкъом зэрыгъэIущат, ХьэтIрэмтIыгу жэщу теуэну, абы кIуэну дзэм Дэфэрэдж и лIыр яхэтыну хэтыт зыщIэр – ящIакъым. Езы мыгъуэри жэщтеуэ здэкIуам псэууэ къелакъым, етIуанэрей махуэм и хьэдэр уанэгум илъу, Шыщхьэегъ уэрэдыр хужаIэу и ныбжьэгъухэм къашэжри и пщIантIэм къыдалъхьэжащ. Арати, хьэдэр зейм щIалъхьэжащ, джэбын хужьыбзэм кIуэцIашыхьри, хьэблэ фызхэр къакIуэурэ хьэдагъэшхуэ хуащIащ, езы нысащIэм и зы нэпс къыщIэкIыу цIыхум ялъэгъуакъым.

Илъэскъым, нэхъыбэкIэ щыгъуауэ, зэгуэр щIэп игъэуцIыныну ихьри псымкIэ кIуащ, и къуэ цIыкIур и ужьым иту. Нэхъапэм и щхьэ нэхъ хъума зэрыхъуным елIалIэу щытами, иджы нэхъ зэкъуэхуауэ дунейм тетти, гу лъитакъым зыгуэр къыкIэлъыплъу. ФарзкIэ зэджэ псыр нашэкъашэурэ ежэхырт и зы Iуфэ лъэныкъуэр къуацэ-чыцэу, адрейр мэз защIэщ жыпIэну жыгеишхуэхэм жьауэ къытращIэу. А мэзыжьым ТхьэщIагъыжькIэ еджэрт, игъащIэм тхьэлъэIупIэу къуажэдэсхэр щызэхуэсу. ЦIыхубзхэр псыхьэ сыт щыкIуэкIэ зырызу мыхъуу хьэблэм дэсыр зэхуэсырти, зэуIуу кIуэрт, хъумакIуэ гуэрхэри гъусэ щащI щыIэу.

Дэфэрэдж цIыхубз мышынэт, сабий цIыкIу зэрыщIэсым къуэгушхукIыу къыщIэкIынт, гъусэ сыт жимыIэу зэрежьар зылъагъум игъэщIагъуэрт, лъхуэуэ зызэщIэзыукIэжа фызабэ дахэм сыту гуфI кIуэцIылъ жаIэу, езыми и гугъэт дыгъурыгъури лIыубыдри зэ-

щэр хъыджэбзрэ щIалэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, игъащIэм хъыбару зэрызэхихымкIэ, хъыджэбзыр унэIуту ящэрт, щIалэхэр дзэм хагъэтт. ЩIэп IэплIакIуэр псы къабзэ дыдэм нэхъ и куупIэм деж хилъхьэри мывэ трилъхьэжу хуежьащ, щIэпыр псым имыхьын щхьэкIэ.

Абдежым, къыздикIари къыздихуари имыщIэу, къуацэ-чыцэм шу гуэр къыхэжри цIыхубзым гу лъимытэххэ хуэдэу гъунэгъу тIэкIуу блэкIырти, щIопщыр зыIэщIигъэхуащ. Дэфэрэдж ар щилъагъум, хабзэшхуэ зэрыхэлъыр иригъэлъагъуу щIопщыр къиIэту иритыжыну зыщигъэщIейм, модрейри зыхуейр арати, къепхъуэри къызэщIиубыдащ. КIий-гуо щхьэкIэ къимыгъанэу, шум цIыхубзыр ирихьэжьэри ежьэжащ. Сабийри гъыуэ кIэлъыжа щхьэкIэ, жыжьэ кIуэнт – нэгъуэщI шу гуэри къэсри щIалэ цIыкIур ипхъуэтащ:

– Умыгъ, хьэм и ныбэм къикIа, – уи анэм уэри улъэщIыхьэжынщ, – жиIэри.

ЩIалэ цIыкIум и анэр къэпым иракуэри и жьэм чэтэн тIэкIу жьэдакуауэ кIии гуоуи мыхъуу шыплIэм дэлъу яхь, бэуапIэ дыдэ имыгъуэту. Дапщэ мыгъуэрэ абы къыжраIэрэт дыгъурыгъум фыхуэсакъ жаIэурэ, арщхьэкIэ хуэмыза лIыфIщ, ухуэмызамэ, угузэвэн? Дэфэрэдж къызыкъуэгушхукIар тхьэм ещIэ, сыт жамыIами, хъымпIар ищIакъым. Иджы, мес, тырку «гъэр унэм» яхь. Езым хуэдэу зэхуахьэсам яхэтмэ, тхьэм ещIэ и натIэ хъунур. «Гъэр унэм» яхьауэ къахьыжа щыIэкъым, емынэунэ хъууэ сэхыжынум и бжэр Iупхыну Iэмалыншэ, абы хуэдэ унэ Iэджэ адэкIэ-мыдэкIэ тыркухэм дащIыхьри мывэ сэрей лъагэкIэ къащIыхьыжащ, удыхьи удэкIи мыхъуну. Дыгъурыгъухэмрэ лIыубыдхэмрэ Iэхъулъэхъухэр яIыгъыу, шы Iэдэжи яIэу къыщамыущыхь щыIэкъым, зэкъуэхуауэ къапэщIэхуар къаубыдри «гъэр унэм» щIадзэрти, тыркум иращэрт, зращами къищэхуар зэхедзыж езым зэрыфIэфIым хуэдэуи, щIалэр щхьэхуэу, хъыджэбзыр щхьэхуэуи, жэщым кхъухьым из ящIри уаситI-уасищкIэ ар зращэжыр къыпхуэщIэххэнукъым.



Куэбжэжь гуэр кIыргъыу къыщыIуахым, Дэфэрэдж псэкIэ зыхищIащ и гур зыхуэгъуа дыдэр и натIэ зэрыхъуар. «ЦIыхубз насыпыр нэпскIэ зыхащIэ» жиIэу си анэ мыгъуэм и псэлъафэ дыдэу щытащ жиIэри и гум къэкIыжа щхьэкIэ, уи IэфракIэм едзэкъэж. Дэфэрэджыр къэпым кърагъэщэту и жьэм жьэдэкуа чэтэн тIэкIур къыжьэдахыжати, тыншу бауэ щыхъум, насыпышхуэу къыфIэщIыжат. Зиплъыхьмэ, пщIантIэшхуэщ, мывэ сэрей лъагэкIэ къэщIыхьауэ, зы лъэныкъуэмкIэ гуэщ кIыхь дыди щытщ, унэм къызэрыгуэкI щIагъуэ щымыIэу, гуэщымкIэ къиIукIыу гъы макъи зэхыбох, жэщыр здынэсари пщIэнукъым.

– Тэдж! Уэлбанэ махуэр щIэпытхъщ, фызым я тхъэжыгъуэр къэбгъавэщ жаIакъэ, уи щIэп тхъыныр зэфIэкIами, къэбыр вагъэнкIи мэхъу, – жиIэри гъэру цIыхубзыр къэзыхьар лъапэкIэ къецырхъащ.

– Си щIалэ цIыкIу закъуэ мыгъуэр! Дэнэ фхьа си псэ закъуэр? – жиIэри Дэфэрэдж къэтэджауэ зеплъыхь, арщхьэкIэ модрейм къегъэпIащIэ къеIунщIурэ. АтIэ мыгъуэ аращ умыдаIуэмэ жиIэу, цIыхубзыр гуэщ кIыхьымкIэ еIащ.

– Ари здэкIуэн щыIэкъым, бгъуэтыжынщ.

Дэфэрэдж гуэщ кIыфIым щIагуати, зиплъыхь щхьэкIэ зыри илъа-

гъунутэкъым, цIыху куэд зэрыщIэсым шэч хэлътэкъым, адэкIэ-мыдэкIэ хэт къугъыу, хэт къегъыхыу, хэти гъыным игъэундэращхъуэри заущэхужауэ хъыджэбз Iэджэ зэхэст. А, тхьэр зэуа тхьэмыщкIэ цIыкIу къом жиIэу, Дэфэрэдж и гум къэкIащ, псоми ди натIэм илъыр зыщ – нобэ дашэн, пщэдей дашэн гъэрхэр щащэ кхъухь тедзапIэм? Псывэм укъезгъэлащ, мафIэм укъезгъэлащ жаIэу арат дыкъэзылъхуахэм я псэлъафэр, иджы дыгъурыгъум дапэщIэхуащи, кIуэдыкIэ Iей мыгъуэр ди махуэщ.

Дэфэрэдж щыцIыкIум щыгъуэ зэхихауэ щытат сидаси жыхуаIэр. «Си тIасэ» жыхуаIэр абы къытемыкIауэ уиIэ. СидасикIэ зэджэр щIалэ цIыкIу балигъ мыхъуар ращ, илъэс пщыкIуплIым нэсауэ, и лъэкIэным къыщыщIэдзауэ тхьэкIумэм нэс къыупщмэ, бжьизих хъууэ. Абы и уасэм елъытащ адрейхэми я уасэр. ЦIыхухъур илъэс плIыщIрэ тхум фIэкIамэ, ауэ ет – пIахынукъым, текIуэдэнур нэхъыбэщ, къилэжьынум нэхърэ жаIэнщи. УнэIут къэзыщэхунур бэзэрым къакIуэмэ, япэ зыщIэупщIэр «Дапщэу пIэрэ нобэ сидасир зи уасэр» жиIэу аращ.

Дэфэрэдж ар и гум къэкIыжати, и щхьэфэцым зиIэтащ, си щIалэ цIыкIу закъуэ мыгъуэри зэрызимыIэж жиIэу. Бамейр къыщIихыу зыщIадза гуэщыжь кIыфIым гъуэгыу щетIысэх дыдэм, бжэр къыIуахри и щIалэ цIыкIури къыщIаутIыпщхьащ:

– КIуэ, уи анэр къэгъуэтыж, – жаIэри.

ЛIыгъур цIыкIуи кIыфIым къыхадзати, шынэри гъыуэ къиублащ.

– ЛIыгъур! Къажэ си IэплIэм. Си псэ закъуэ мыгъуэ, услъагъужыну си гугъатэкъыми! – жиIэри Дэфэрэдж пхъуэри и сабийр зэщIиубыдащи, егъэудэIуж, едэхащIэурэ. – Умыгъ, си дуней нэху. Ди закъуэ уи гугъэ? Ди закъуэкъым. Си псэ тIэкIу, хъыджэбз цIыкIу Iэджи ди гъусэщ, уэ зыр ращ пыIэ зыщхьэрыгъыу къытхэтыр. Нэху зэрыщу псори плъагъунщ.

– Дапщэщ нэху щыщынур? – жиIэу сабийри щIоупщIэ, анэр къызэригъуэтыжам щыгуфIыкIыу.

Дэфэрэдж дэнэ мыгъуэ щищIэн нэху щыщынур – къэпым илъу къахьащи, къэпым щракуа дакъикъэм деж щыщIэдзауэ дунейр кIыфI хъуауэ къыфIощI. Езыми и сабийр зрикъузылIауэ къогъых. Зэанэзэкъуэр гузэсэжу щилъагъум, хъыджэбз цIыкIу гуэр кIыфIым къыхэкIри къабгъэдыхьащ, адрейхэм хуэдэу мыфейцейуэ, и щхьэцри дахэ дыдэу ухуэнарэ щхьэцылъэ дахэм илъу. Мыр адрейхэм сыту емыщхьрэ жиIэу, Дэфэрэджи и гум къэкIащ:

– УмэжалIэ мыгъуэу къыщIэкIынщ, мэ, тIасэ, хьэлыгъу, мыIэрысэ ухуейми, сиIэщ, – жиIэри хъыджэбзыр къыщетIысэхым, Дэфэрэдж дыхумэ дахэ къыщIихьащ.

ЩIалэ цIыкIум и гъыныр пичауэ, и нэ цIыкIуитIыр къижу хъыджэбзым йоплъ.

– КъеIых, си псэ тIэкIу, мащIэ щIа уэ зыри зэрыпIумыхуэрэ, – жеIэ и анэм. Хъыджэбзри гузэвэгъуэм зэрехуэри къыщхьэщыжын гуэр лъыхъуэу, гъунэгъу дыдэ зыкъещI.

– ЛIыгъур уи цIэр, си тхьэмыщкIэ цIыкIу? Уэ пхуэдиз фIэкI мыхъуауэ сэри дэлъху цIыкIу сиIэщ, слъагъужыни сымылъагъужыни. Ещанэм ит къудейщ, мэ, си нэ цIыкIу, хьэлыгъу тIэкIур. Сшхыну къэсщтати, къысIурагъэхужа мыгъуэщ... – хъыджэбзым зыгуэр къыпищэнути, къыщиудри къэгъащ.

– Дэнэ уакъыщыпэщIэхуар, си дахэ? – жиIэри Дэфэрэдж

щIэупщIати:

– ХьэгъуэлIыгъуэ сыщыIэу, – жиIащ зэщыджэу, – емынэм сихуат, сыщIэкIуар сытыт. Си анэм «умыкIуэ» жиIэурэ, седэIуакъым...

Хъыджэбзым и гъы макъыр адрейхэм щызэхахым, зэщIэгъуагэу къаублати, хьэдагъэ къэкIуауэ уи гугъэнт. ПщIантIэм дэтхэм я псалъэмакъ къэIуащ: «Дежьэн хуейщ, псынщIэу вгъашхэ ясырхэр», – жаIэу. Дэфэрэдж и тхьэкIумэм ар къыщицырхъэм, и щхьэфэцым зиIэтащ, «ди унэхъугъуэр къэсащ» жиIэу, и дэлъхуитI зи хъыбар зэхихыу зи щхьэ имылъэгъуари и гум къэкIыжащ. Нэхъыжьри Дэфэрэдж ещхьыркъабзэу лIыубыдым яубыдащ, иджы Мысырым щыпсэууэ жаIэ, дзэм хэту. Абы кIэлъыкIуэри Тыркум щыIэщ, дзэм хэту. Адыгэхэр тырку кхъухь гуэрым теуэри кхъухьыпщыр яIэщIэукIати, ХьэтIрэмтIыгу дэс пащэм адыгэр игъэпшынащ, теуам я унагъуэм щыщу щIалэ зырыз къуэдыуэ къытралъхьати, абы яхэхуащ Дэфэрэдж и дэлъху нэхъыщIэ цIыкIур, лажьи-хъати имыIэу, уеблэмэ балигъи мыхъуауэ. ЩIалэ цIыкIум пхъэ сэшхуэ цIыкIу иIэти, щыдашым а тIэкIур щыздищтэм, дэзышыр игъэдыхьэшхащ: «ХыфIэдзэ ар, сэшхуэ дыдэ къуатынущ уздэкIуэм», – жиIэу.

ЦIыхубзыр и лIым щхьэкIэ тхьэусыхэмэ, жаIэ «сыхуэлъхуащ, сыхуэпIащ» сыт жаIэу. Абы хуэдэу жиIэнкIэ щхьэ хъурэ? Лъхуамэ, и щхьэми хуэлъхуэжакъэ жиIэу Дэфэрэдж и гум къэкIыу щытамэ, иджы къыгурыIуащ ар цIыхубзым щIыжиIэр. ЩIалэ цIыкIу къалъхуамэ, е пщылIу ящэ, е дзэм хэтщ лъэкIыныгъэ зиIэ гуэр ихъумэу, хъыджэбз цIыкIу къалъхуамэ, ари аращ – унэIут цIыхубзу ящэху е зыхузэфIэкI гуэру физкIэ ерыщым ещэху игъэфызыну. Ярэби, насыпыр щагуэшым цIыхубзыр дурэшым дэсауэ ара, нэгузыужьыгъуэ имыхуэу и кIэтIийр и вакъэ лъэпсу щIэпсэур?

Дэфэрэдж бжэ дазэмкIэ дэплъмэ, лIитIым арджэным тезу щIакхъуэ бзыгъэ къахь, зым кхъуэщын Iэлъэныкъуи иIыгъщ, пхъэ шынакъри хьэлыгъу убзытам и щIыIум телъщ. Гуэщым къыщIохьэри зым жеIэ:

– ИIэт иджы, мацIэм хуэдэу фыкъежэт. Сытуи кIыфI, нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым. ПсынщIэу жысIакъэ! ЩIакхъуэ Iыхьэ зырыз фэстынщи, шху шынакъым занщIэу фефи, шынакъыр къызэфтыж. КъывгурыIуа? Зы шынакъщ сиIэри. ИIэ, фыкъэхъей, япэ къэсыр япэ тхъэнщ.

ЕтIуанэр нэхъ бзаджэжу къыщIэкIынщ:

– Хьэдэ вгъейуэ фыщымыс. Фызэрышхэу дежьэнущ. Сэхусэплъ тIэкIу феуами, ягъэ кIынутэкъым, фызыщэхунур нэ лейкIэ къывэплъынщ...

Дыгъурыгъухэр пIащIэ щхьэкIэ, сабийр пхуэпIэщIэнт, шхур гуащIэIейти, Iубыгъуэ ефэри фалъэр и анэм иритыжащ. Хъыджэбз цIыкIухэри арат – ерэн фIэIуар яхуимыфу щIакхъуэ гъущэр яшхыу щыст, мэжэлIа пэтми, емыдзэкъэххи куэдт, зытеувэну гъуэгуанэр зищIысыр къагурыIуауэ, «Хэту пIэрэ нэ лейкIэ къыдэплъу дызыпэщIэхуэнури?» – жаIэу арат псори зытегузэвыхьыр. Ясыр зыщэхум ящIэрт ясыр и пIалъэ, хъыджэбзхэр кIий щхьэкIэ къамыгъанэу, я Iэпэм щIагъэкIыырт къащэхуу хъуар.

И щIакхъуэ гъур бзыгъэр хуэмышхыу, Дэфэрэдж нэхъ гъунэгъу зыкъыхуищIауэ щытт Гуащэ, щIалэ цIыкIум япэ дыдэ къедэхэщIа хъы-

джэбзу сидаси хъарзынэ хъуну фэ зытетыр. Тхьэм ещIэ, Дэфэрэдж нэхъыжьщи, сригъусэмэ, нэхъ хъума сыхъунщ жиIэу ара. ЛIыгъур цIыкIуи куэдрэ и анэм и куэщIым имысу къуэгъэнапIэм дэсу гъыхэм еплъурэ гуэщым щIэтти, Гуащэ абы кIэлъыжэурэ къиишэжырти и анэм къритыжырт. ЦIыхубзитIыр нэIуасэ зэхуэхъуащ, я гуауэ Iэджи зэхуаIуэтэжурэ.

Гуащи ныбжьыщIэ дыдэ щхьэкIэ, Iэджэ и нэгу щIэкIат, уеблэмэ и адэ-анэм я гъусэу ХьэфIыцIей е ХьэтIрэмтIыгу бэзэрым кIуэуэ цIыху ящэу зэрэ-тIэурэ илъэгъуащ. КъуажэмцIыхухъу е цIыхубз дэбзэхыкIамэ, цIыхухъуу дэсыр шэсурэ ХьэтIрэмтIыгу кхъухь тедзапIэмкIэ жэуэ щытащ, ядыгъуар къыщагъуэтыжи Iэджэрэ къэхъуащ, иныкъуэми къагъуэтыжа щхьэкIэ, зыщэхуам хъыджэбзыр кърищэжын имыдэмэ, зэзауэрт, е ящэхуар къэкIуэсэжырт, зыпылъу щыта щIалэм и гъусэу ежьэжырти, урыс къалэ гуэрым и гъунэгъуу тIысыжырт, щIапIэ къратам унэ иращIыхьыжауэ.

Хъыджэбзыр адэ-анэм зыгуэрым иритыну яхудэкIуэн имыдэмэ, ягъэшынэрт, «нтIэ, дыгъурыгъум уахьыху удэсыну» жаIэу, абы нэхъ IумпIафIэ ищIырт япхъу къемыдаIуэри, фIэмыфIыххэми, уасэ нэхъ къезытым дэкIуэрт.

Гуащэ и гур къызэрыгъуэтыжа нэужь, Дэфэрэдж къеупщIащ:

– Уэ дэрэ дызэбгъэгъусэмэ, ара мыгъуэт сызыхуейр. Хъун? – жиIэри.

– Зи, дызэгъэгъусэ, си шыпхъу цIыкIу.

– Сабий уи Iэблэм теупцIащ. СыбдэIэпыкъунщ, лъэслъэбыкъыу дахуну мыгъуэщи, къохьэлъэкIынщ.

– Хъарзынэщ, си псэ тIэкIур зышхын, хъарзынэщ.

– Псори зэхэфыщIащ, сэ зым зыкъызохри си фащэм сыщоукIытэж.

– НтIэ мыгъуэ, хьэгъуэлIыгъуэм укъыхашащ.

– Си щхьэцыр си лъэдакъэпэм нос, – жиIэри къыпищащ Гуащэ, и щхьэц ухуэна дахэм езыр зэрыщыгуфIыкIыжым гу лъыуигъатэу. Хъыджэбзым и напщIэ телъ и щхьэц ухуэнар аракъэ иужькIэ ялIхэм я Iэпщэм ирашэкIрэ щIопщым дагъэуджу щытыр, итIани цIыхубзыр я щхьэцым хуосакъ.

Хъыджэбз цIыкIу къомыр гуэщым къыщIашри пщIантIэм къыдашауэ ябж, нэхъ фейцеиIуэхэр иужькIэ ягъэув. ЗэкIэлъхьэужьу иувыкIа нэужь, япэ дыдэ итым деж къыщыщIадзэри и кIэм нэс псоми я щхьэц ухуэнар зым зыр пащэжурэ зэIуащэ, шыкIэ кIапсэ фIыцIэр я дамэм телъу ирашажьэмэ, зэкIэлъхьэужьу зэрыщытым хуэдэу кIуэн хуэдэу. Арыншэмэ, жэщыр кIыфIщи, зыгуэр яхэкIуэсыкIыу зыкъигъэнэнкIэ мэхъу, пабжьэ сыт къуэгъэнапIэ къигъуэтауэ. Хъыджэбзхэм я щхьэцыр зэрызэIуащэу куэбжэр Iуах, дыгъурыгъухэм ящыщу шууитI дожри заплъыхь, зым къызэригъэзэжу мыдрейхэри ирашажьэ, КъэрэжькIэ зэджэ дыгъурыгъу пашэм и унафэкIэ.

Дэфэрэджрэ Гуащэрэ къагурыIуащ я натIэ илъыр. ХьэтIрэмтIыгу кхъухь тедзапIэм деж къащыпоплъэ хъыджэбз къомыр зыщэхуну тырку емынэунэу лъэкIыныгъэ зиIэхэм хуэгузавэ щэхуакIуэр. Езыр къыпхуэмыгъэпцIэну хьэжь-кхъуэжь гуэрщ, дагъуэ зыдигъуэн гуэр илъагъумэ, къыхидзыжрэ здэпхьынур умыщIэу укъигъанэу. Къэрэжьи къикIуэтынум ящыщтэкъым, и къамэжь гуэлэлым еIэнщи, и Iупсыр къыжьэдипхъыу, и нитIри плъыжь хъуарэ зыри имылъагъужу зэгуэзыгъэпам и ныбэр кърigъэхуну хьэзырыпсщ. Жэщ, махуэ ямыIэу мо

тхьэмыщкIэ цIыкIу къомыр зэхуезыгъэхьэсар Къэрэжьщ, тыркум гурыIуари аращ. Ныжэбэ жэщым яшэ ясырхэр, хэщыпыхьауэ дахэ защIэщи, къоувыIэ, абы Къэрэжьыр къегъэгубжь.

Дэфэрэдж и щIалэ цIыкIур IэкIэ ехь, сабийр зыгуэр хуейуэ зыIэщIиудрэ IэщIэкIмэ, кIэлъыкIуэу къиубыдыж хъуркъым, и щхьэцымкIэ адрейхэм епхащи, ешмэ, и ужьым иту кIуэ Гуащэ иретри тIэкIу зегъэпсэху. Къэрэжьи зыгуэр къыттеуэмэ жеIэри мэшынэ, хъыджэбз къомми и нэIэ ятетщ, якIэлъоплъ, и фочыжьу ХьэтIрэмтIыгу дэс пащэм деж къыщищэхуар узэдащи, и куэпкъым тетщ, хъыджэбз цIыкIухэм яшыщ лъэпэрапэрэ джалэмэ, псори зэкIэрыщIащи, къоувыIэ, абы Къэрэжьыр къегъэгубжь.

Сэнтхым дэкIыу гъуэгур егъэзыхыгъуэ щыхъум, мазэр къыщIэкIри дунейр нэху къищIащ, тенджыз дыдэр бдзапцIэ гъэткIуам ещхьу плъагъуу. Мазэр къыщыщIэкIым лэгъуп гъэплъам ещхьу плъыжьамэ, и нурыр тенджызым толыдыкI. Хъыджэбз цIыкIухэри заущэхуауэ макIуэ, тхьэм ещIэ я гум къэкIыжар, я адэ-анэ, я къуажэ, я жылэ, щIалэ дэзыхьэхауэ IэщIыб хъуар – мащIэ я гум къэкIыжынур, зым и лъэдакъэпэм и ужь итыр къытеувэмэ, я гур хощI.

Къэрэжь къегъэувыIэ псори, шум унафэ яхуещI:

– ФыкIуи фыплъэт. ДурэшплIэрэши къэвмыгъанэ. Мы щIыпIэр емынэ щIыпIэщ, джаур тIысыпIэщ. Фыбэлэрыгъмэ, зэIыхьащ, – жиIэу. Абы хуэдэу щIыжиIэр псоми ящIэ: дыгъурыгъухэм я хабзэжьщ зыр зым теуэрэ тхьэмахуэ псом зэхуахьэса ясырхэр напIэзыпIэм трахрэ, зейр зэкIуэцIыпхауэ къагъанэу. Езы Къэрэжь дапщэрэ ищIа абы хуэдэу.



Жэщыбгым фIэкIауэ кхъухь тедзапIэм нэсри кхъухьыжь цIыкIу ныбэфу тенджыз Iуфэ дыдэм Iуту къалъэгъуащ, мо къакIуэхэми гу къылъатэри тенджыз Iуфэм Iута цIыхухэр нэхъыбэ хъууэ хуежьащ. Псом япэ итыр ныбэфыжь гуэрт, и хьэжы ферсыр и щхьэшхуэм, Iэпэм фIэлъ Iэпхъуалъэм ещхьу, фIэIуауэ, бгырыпх хужь инри щэнейкIэ къешэкIауэ и ныбэр щIиIыгъэу. Къэрэжь япэ зыбгъэдыхьари аращ, жаIэр зэхыумыщIыкIыу зыгуэрхэри зэжраIащ. Хъыджэбз цIыкIухэм ахэр щалъагъум, занщIэу къэуIэбжьа мыгъуэщ, гъынанэуи къаублати, Къэрэжь къащIэгубжьэри щаригъэгъэтыжащ. Тенджыз толъкъунхэри ныджэм къытелъадэрти, мывэкIэщхъыр ягъэпсалъэу текIуэтыжырт.

Хъыджэбз цIыкIухэм я ужь дыдэ итым деж къыщыщIадзэри япэ итым деж щаухыжу я щхьэцыр ятIэтэжауэ, и нэхъыбитIыр зэрыфейцейм фIэкIа ядэбгъуэн щымыIэу зырызыххэурэ тырку ныбэфым и Iэпэм щIигъэкIырт, я джанэр дрихьейуэрэ я щIыфэм еплъырт, я нэгум щIэплъэрт, лIитIым уэздыгъэ яIыгъыу къагъэнэху мо тхьэмыщкIэ цIыкIухэми зраусыгъуэджэ хуэдэ защIми, абы щхьэкIэ къимыгъанэу. Ныбэфыр зэплъам и Iэпэр яубыдырти, кхъухьым ирашэрт, тхьэм ещIэ абы увыIэпIэ хуэхъунур.

Дэфэрэдж хъыджэбздэсу, яшэн и пэкIэ, фащэ сыт къыхуащэхуну ХьэтIрэмтIыгу бэзэрым къыщашэгъам илъэгъуауэ щытащ пщылI, унэIут цIыхубз я бынхэр ящIэсу зэращэр, иджы ар и гум къэкIыжащ. Хэт и гугъэнт нобэ хуэдэ махуэ абы къыхуихуэну. Ящэмэ, къащэхур сытыт: мэрзей, алътес IэлъэщIышхуэ, къэдабэ, чэсыргей, шылэ Iуданэ, дарий, фокIэщI, гын, нэгъуэщI хьэпшып Iэджэ. «Дапщэ и уасэр?» – жаIэмэ, «щхьитI, щхьищ», е «цIыхухъуу зы щхьэрэ сидасу щхьищрэ»

жаIэу зэхэпхырт, хъыджэбз зи ишэгъуэ хъуар тумэн пщыкIутхукIэ яща-мэ, яфIэлъапIэу къалъытэжырт.

Къэрэжьрэ тырку пащэуэ ХьэтIрэмтIыгу дэс ныбэфымрэ зода-уэ – зоныкъуэкъу, уасэмкIэ зэгурыIуэу къыщIэкIынкъым. Тыркум и гум темыхуэр ящэну къаша хъыджэбз цIыкIухэм сабий зыщIэс Дэфэ-рэдж зэрахэтыр арауэ къыщIэкIащ. ТIури гъунэгъу дыдэу Дэфэрэдж къыбгъэдыхьэри къеплъащ-неплъащ, сабийри IэщIаудри, Дэфэрэдж и щхьэфэцым зиIэтащ, си бын цIыкIу закъуэр псым хадзэри сагъэсэхыж жиIэри, арщхьэкIэ ар псым хадзэну аратэкъым: Къэрэжь зыхуейр Дэ-фэрэдж хъыджэбз уасэкIэ, и сабийр зы тумэнкIэ ищэну арат, модрейм ар идэртэкъым, Къэрэжьи и тыркубзэр щIагъуэтэкъыми, зэрыгъэкIий фIэкIа, жаIэр езы тIуми къагурыIуэжыртэкъым, къызэрыгъэгубжьауэ лъэныкъуэкIэ зэрыIушри аргуэру зэдауэу увыжати, нэхъри къызэры-гъэгубжьыжащ. Къэрэжь тыркубзэ нэхъ зыщIэ гуэр щIокIие псоми зэ-хахыу:

– Мы ныбэф-ныбапцIэр тIощIрэ пащэми тумэн пщыкIутху-пщыкIутху къызимытмэ, зэпытрэ зэкIэсу укIуэ. Ясырхэр Арзрум сшэмэ, нэхъ лъапIэжу ящэхунущ. МыIэпщIэлъапщIэ хъыджэбзхэм яхэткъым жыIэ, дэтхэнэри къащтэ – уанэгу щхьэнтэ хидыкIыфынущ, «тхьэIухуд» жиIати, тхьэIухуд фIэкIа къэсшакъым.

Тырку ныбэфми зыхигъэзагъэркъым:

– Сэ шы сышэсыркъым, гум ситIысхьэфащэрэт.

– ЛIо, уанэгу щхьэнтэ хидыкIыфмэ? Тыркур шыд шущ игъащIэм. Мо куэбжэмкIи щхьэ умыплъэрэ? Топщ ар – выгукъым, мыбы хуэдиз



цIыху зэхуэпхусауэ укъалъагъумэ, фIы щIэпхын уи гугъэ?

Къэрэжь фIыуэ къыгурыIуэрт ХьэтIрэмтIыгу дэс пащэм мыр зэхещIыхь жаIэу урысым яхуэтхьэусыхэ дэнэ къэна, къэхашэмэ, лIыубыдхэр яубыду зэхуихьэса хъыджэбз цIыкIу къомри зэрытра-хынур. ИтIани зегъэбэлыхь. Пащэми хъыбар яригъащIэ закъуэмэ, тхьэIухудхэм я адэ-анэхэм я шыкIэ мафIэ егъэуауэ къызэхуэсынщи, Къэрэжьыр цырыцу зэIахынщ, арщхьэкIэ а тIур зэрызэгурыIуауэ щы-тар ещIэж.

– Къызимытрэ – дяпэкIэ псэ зыIут къыхуэсшэнкъым: сыкъэплъэгъуакъым-услъагъужакъым. Хъыджэбз цIыкIухэри кIуэн-къым, щхьэж и унэ къигъуэтыжынщ, – жеIэри Къэрэжь, тыркур игъэ-шынэну, и къамэ Iэпщэм епхъуэ хуэдэу зещI:

Тырку пащэм нэхъеижу зехъунщIэ:

– Уэ къызэпщэр дэнэ къипха? Пщыгъупщэжа? Уи пщылIу пщэж-рэ? IэщэкIэ къэпхьами зыгуэрт – къэбдыгъуащ! Къадыгъуа зыщэри зыщэхури зэхуэдэщ – тIуми я щхьэ палъэр. КъыбгурыIуа?

Хъыджэбз цIыкIур илъэсипщIым нэса и ужькIэщ щащэр, и уасэри белджылыщ: илъэс къэс тумэн зрыз поуври, псалъэм щхьэкIэ, илъэс пщыкIух хъуамэ, тумэн пщыкIух етын хуейщ, пщэр ууейуэ е уи быну щытмэ, къэдыгъуа пщэрэ – узэрызэгурыIуэщ. Хъыджэбзыр тхьэIухуду дахэмэ, сом щитхукIэ къыщащэхуи къохъу, арщхьэкIэ дахэри мыдахэри IупщIу пхузэхэгъэкIын? Тыркум уэздыгъэнэф къыхуагъуэтами, къищэ-хур зыхуэдэр дэнэ къэна, я ныбжьыр къыхуэщIэнукъым.

ЛIитIыр зэдэуэху, мыдэкIэ зыгуэр къэхъуащи, хъыджэбз цIыкIухэри зэщIэкIиящ. Мыбы и ныбэр къызгъэунщ жаIэу Гуащэ щы-

зэхихым, хъумакIуэ къыбгъэдэтхэм еплъмэ, зыгуэрым и къамэ къуаншэ етэгъэнкIэ зэджэр и бгырыпхым дэIуауэ щытти, занщIэу мапхъуэри а къамэр къыдепхъуэтыкI. Къамэр зейр къащтэри и псэр IукIащ. АрщхьэкIэ Гуащэ иукIынIауэ аратэкъым – и щхьэц дыкъуакъуэу ухуэнауэ и лъэдакъэпэм нэсыр зы напIэзыпIэм къыпигъэлъэтащ.

– Сыт мыгъуэ пщIэнур? Думыгъэунэхъу! – жиIэри Дэфэрэдж къэуIэбжьащ.

– КъамэмкIэ умыджэгу, емынэ шыр! – жиIэри дыгъурыгъу нэхъ мышынэ гуэр Гуащэ къыбгъэдэхутащ, лъэщыгъэкIэ къамэр къыIэщIихын и хьисэпу.

Арыншами, къамэр зейм иритыжынути, езы Гуащэ щIалэм елъэIуащ:

– Мэ, къамэр зейм етыж, сыхуеиххэкъым, ауэ мы зы закъуэр къысхуэщIэ. Уэри анэ уиIэщ, шыпхъу уиIэуи тхьэм къыщIигъэкI, уи анэри узогъэлъэIу, уи шыпхъури узогъэлъэIу: си щхьэц ухуэнар пызупщIыжащ...

– Солъагъу. Делагъэшхуэ пщIащ.

– Мыр сIыхи, бгъэзэжу ущыкIуэжкIэ, жыгей мэз дыкъызыщIэкIам зы жыг гуэрым фIэлъэ. Зи мыхъуми, сэ сщыщ гуэр ди хэкум къинэнщ...

Гуащэ и гур къызэфIэнауэ и нитIыр къилыдыкIырт. Балигъ хъуауэ къыщыфIэщIыжам, Гуащэ зыщIэхъуэпсу щытар лъхукъуэлI щIалэм дэкIуэрэ бынунэшхуэу тIысыжу псэуну арат. Иджы а и мурадар къуалэбзу макъыу пшэ адрыщIым щыкIуэдыжащ.

– Бжей жыгышхуэм фIэлъэ, къуалэбзум налъэ-налъэу зэбграхынщи, я абгъуэм иралъхьэнщ, бзу цIыкIу кърашыр хуабэ-хуабэу исын хуэдэу, – жиIэри Гуащэ и щхьэц ухуэнаитIыр дыгъурыгъу щIалэм иритащ.

– Абы хуэдизу ущылъаIуэм, сыту пIэрэ сигъэщIэнур жызмыIаи! – Абы къыфIигъэкIакъым модрейми.

Зы дакъикъэт къамэр Гуащэ и IэмыщIэ зэрилъар, итIани еплъ: цIыхухъуи цIыхубзи игъэгузэващ, жиIэу, Дэфэрэдж игъэгупсысащ. ЦIыхухъум Iэщэ яIыгъыу зэрыщытыр армырауэ пIэрэ цIыхубзым я псэр абыхэм я IэмыщIэ щIилъыр? АтIэ ар хэт и унафэ: цIыху цIыкIум абы хуэдэ унафэ ящIыну уи фIэщ зыщIын щыIэкъым. Тхьэм иухащ абы хуэдэу жыбоIэри, кIэзызу зэхэт мо тхьэмыщкIэ цIыкIу къом мыгъуэм сыт я лажьэ, тхьэм и гур сыткIэ зрагъэбгъа? ЦIыхухъухэм ятыболъхьэри, абыхэми я псэукIэр зэрынэхъыфI щIагъуэ плъагъуркъым – махуэ дэкIыркъым лIитIым, лIищым я хьэдэ къуажэм къыдамышэжу.

Дыгъурыгъу щIалэу щхьэц ухуэнар зыIыгъым жеIэ:

– Зи щхьэц кIыхьым Истамбыл нэхъ пщIэ щиIэщ, пумыупщIамэ, нэхъыфIт, хъыджэбз.

Ауэрэ Къэрэжьрэ тырку пащэмрэ зэгурыIуа къыщIэкIынти, псынщIэ-псынщIэу кхъухьым итIысхьэн хуей хъуащ. Гуащэ и щхьэцыр зэрыпиупщIам зыкIи хущIегъуэжатэкъым.

– НакIуэ, Гуащэ, – жиIэри Дэфэрэдж хъыджэбзым и дамэм теIэбащ, модрейри дэкIуеипIэм дэкIуея нэужь, къызэплъэкIри дыгъурыгъу щIалэм къеджащ:

– Нэхъ жыгышхуэ дыдэм фIэдзэ! – Ар жиIэри кхъухьым икIуэдащ, благъуэм иригъэлъэтэхам ещхьу.

КIэртIофуэздыгъэ къызыхащIыкI стеорин кхъухьым илъауэ къыщIэкIынти, мэ Iей кърихырт, бэуапIэ умыгъуэту. Абы ищIыIужкIи,

кIыфIт, нэм щIэIэбэр умылъагъуу. Гуащэ лъапэкIэ улъэпхъащэурэ здэтIыс хъун тIэкIу кьигъуэтри бжэм пэмыжыжьэу щетIысэхащ. ЗэпхыдэIукIмэ, зэхех кхъухьыпщым и псалъэмакъ – Сыхъум къалэкIэ дыхьэн зэрыхуейм теухуауэ, зыгуэрым унафэ хуищIу. Къэрэжьи къэгубжьауэ бзаджэр пащэм третхъуэ, тхьэм ещIэ, ахъшэ зэмылIэужьыгъуэ къратар фIызэхэзэрыхьа. Хъыджэбз цIыкIухэри къитIысхьэурэ, кхъухьыр джэдкъурт матэм ещхь хъуащ.

Дэфэрэджи тIысыпIэ тIэкIу къигъуэтри етIысэхащ, и сабийр и Iэблэм телъу. Си Iыхьлыхэм сыздэщыIэр ящIатэмэ, икIэщIыпIэкIэ къэсынт, си Iуэхут ХьэтIрэмтIыгуи мы кхъухьри щIамыщыкIтэмэ, дыкъагъуэтыху, жиIэу, арщхьэкIэ хэт мыгъуэм Iыхьлыхэм хъыбар яригъэщIэн? Убыххэр тенджызым тет зэпытщ, я нэгум къыщIидзэ закъуэмэ, кхъухь ныбэфыжь цIыкIур яIэщIэкIынтэкъым. Щымыхъужми, тенджыз Iуфэр зыхъумэ урыс кхъухь гуэри къытIущIащэрэт, си Iуэхут тыркур зыхуэзэн хуамыгъазэтэмэ.

Дэфэрэдж хъыбар Iэджи зэхихащ, езым хуэдэу хэкум ираш ясырхэм къащыщIауэ, кхъухьым ихуэным хуэдитI-хуэдищ ирагъэтIысхьэрэ, тенджызым техьа нэужь, псы зэфэн къудейр яухмэ, хьэнтхъупс тенджызыпскIэ ягъавэу, псы щхьэкIэ мэхри тенджызыпс ефэрэ ныбэуз хъурэ здэкIуэм нэмысу лIэуэ, и хьэдэр псым хадзэжу. Зы цIыхубз гуэрми къыщыщIауэ жаIэж: сабий цIыкIу щIэсу ящати, гъуэгу здытетым, и сабийр сымаджэ хъури, анэм ар ибзыщIын щхьэкIэ, сабий хьэдэ цIыкIур зрикъузылIауэ мычэму гущэкъу уэрэд хужиIэу махуэ щыса, махуитI щыса, и сабийр хьэдэу зэрыдиям нэгъуэщIхэм гу лъата е цIыхум хьэдэмэ къащIихьа, кхъухьыр зезыхуэ гуэрхэр къэсри, сабийр анэм къаримытурэ залымыгъэкIэ къыIэщIатхъри хьэдэр толъкъуным хадзащ жаIэу.



Алий-бейкIэ зэджэу щыта убых кхъухьыпщым и хъыбар Iэджи Дэфэрэдж ещIэж: тенджызыр къэукъубеяуэ, хым тет кхъухьхэр увыIэпIэ лъыхъуэурэ я гъуэгур зэпамыгъэуауэ, Алий-бей къежьэртэкъым, жи. Езым и кхъухьыр псынщIабзэти, хыр къэукъубея щхьэкIэ гузавэртэкъым, и кхъухьми ихуэрт лIы щиплIым нэс. Езыри псынщIащэу зекIуэрти, екIуэлIапIэ ямыгъуэтауэ хым тет кхъухьхэм ятеуэрти яхъунщIэрт, исыр гъэру яубыдырт, илъыр зыIэщIалъхьэрти – бгъуэтым къащтэ, загъэбзэхыжырт, кхъухь яхъунщIари толъкъуным щIилъафэрт, здэкIуари здэжари ямыщIэу. Алий-бей и уэрэди жаIэу щытащ, мыбы хуэдэ псалъэ хэту: «И Iэр иIэтмэ, хым зеущэху, зиущэхуамэ, пшэр егъэпсалъэ...»

Алий-бей и кхъухьыр Истамбыли, Щамми, Мысырми – здынэмыс щыIэтэкъым, жэщ къытехъуамэ, вагъуэм еплъурэ кхъухьыр здэкIуэн хуеймкIэ игъакIуэрт. НэгъуэщI къэралхэм щищэну ишэрт уанэ, фо, афэ джанэ, арджэн. Къищэхуауэ къишэрт Iэщэ-фащэ, щэкI, фоч, гын, дарий, дыщэ Iуданэ, нэгъуэщI хьэпшып Iэджи. Кхъухьыр зэрыкхъухьу къызыхэщIыкIар мэзыкхъуэ пIащэм и фэмрэ пхъэху пхъэбгъу пIащIэ цIыкIурэти, псынщIабзэт. Кхъухь тедзапIэм къэсыжмэ, кхъухьыр ныджэм къытрилъафэрти, телът гъущыжу, къыкIэрищIаIами кIэратхьэщIыкIыжу.

Махуэ псом гугъу ехьати, ЛIыгъур цIыкIу Iурихри жеящ, и анэм и куэщIым илъу. Кхъухь хьэнцэхэмкIэ псыр щIэзытхъухэр зэдеIэрт, я къарум щымысхьыжу, «ыхь-Iэхь», «ыхь-Iэхь» жаIэу еIэрт-къеIэрт,

кхъухьыр нэхъри нэхъ псынщIэу ягъакIуэу, ахэр нэхъ егугъуху, хы Iуфэр кIыфIыгъэм нэхъ зыщIифырти, уафэ лъащIэм щIэта бгыхэр етIысэхырт. Тырку хъумакIуэхэр пIащIэ-тхъытхъыу зэхэзежэрт, зыгуэр яфIэкIуэда хуэдэ. Абыхэм я лъэ макъ зэхахмэ, хъыджэбз цIыкIухэм заущэхурт, шынауэ.

Дэфэрэдж ищIэрт Истамбыл нэс зы тхьэмахуэ гъуэгу зэрыдэлъыр, адыгэхэр псым икIын хуей хъуамэ, цIыху къэс хуэзэу зы кхъуеищхьэ, ху матэ, лы гъэгъуауэ дзажэ е дзажитI, абы ищIыIужкIэ псы узэфэну зы фэндырэ – арат гъуэмылэр. Ари къащIэныжу щыкIуэди къэхъурт, «Нусреддин-Бахъры» жыхуаIэ кхъухьым ещхьу, хыр къэукъубейрэ кхъухьыр псы Iуфэ мывалъэм къытридзэрэ иса цIыху щищ-щиплIыр Iисраф зэтрищIэу.

А, ди хьэблэ тIэкIу мыгъуэ, жиIэу, Дэфэрэдж игу къэкIащ я къуажэ псы къабзэ уэр цIыкIур, абы и кууупIэм хилъхьа щIэп IэплIэри псым ихьа, имыхьа. Дунейм текIыжын а щIэпыр мыхъуатэмэ, Дэфэрэдж дыгъурыгъухэм япэщIэмыхуэнкIи хъунт. Асыхьэту Дэфэрэдж къигъэуIэбжьу игу къэкIащ и адэм и псэлъафэу щыта зы бэлыхьлажьэ гуэр: «Жьым тесу псым йопыдж». Ар дыдэр арат цIыхубзыр къэзыгъэпIейтеяр. НтIэ, нобэ хуэдэ махуэкъэ жьым ушэсу псым ущепыджынур? Дэфэрэдж зиплъыхьмэ – тырку къэрэгъулхэр зэгъэжащ. Ар къотэджри пэш кIыфIым щIэсхэм закъыхуегъазэ:

– Ей, фыкъэдаIуэт зэ. Щывгъэт гъыныр. ФыкъедаIуэ сэ вжесIэнум. – Дэфэрэдж аргуэру зеплъыхь, зыгуэр къыткIэщIэдэIухьу пIэрэ, жыхуиIэу. АрщхьэкIэ псоми я тхьэкIумэр тегъэхуауэ гу лъитащи, адэкIэ къыпещэ. – Нобэрей махуэр зи махуэр фщIэуэ къыщIыкI, нобэрей махуэр Iилэ и махуэщ, къывгурыIуа? Сыт хуэдэ хьэрычэт тщIыми, тхьэм къыддиIэтынущ. Фыдэплъыт щхьэгъубжэм – ХьэтIрэмтIыгур плъагъужыркъым. НтIэ, зыгъэзэжынур си гъусэщ. ИкIэщIыпIэкIэ! КъывгурыIуа? Жьым дывгъэшэси, псым девгъэпыдж...

– Ар дауэ? Псым уепыдж хъурэ?

– Хъунущ, си шыпхъу цIыкIу. Хъунущ. Сэ зэрыжысIэм хуэдэу дывгъэщI закъуэ...

– Дауэ зэрытщIынур?

– ЖыIэ, Дэфэрэдж, уэ зэрыжыпIэу сэри сщIынущ.

– Псым ситхьэлэн фIэкIа сыт къызищIэн? Псым ситхьэлэмэ, нэхъыфIщ дэ ди натIэ илъым нэхърэ, – жиIэри Гуащэ къэпсэлъащ.

Дэфэрэджи зыхуейр арати, нэхъ щэху зещI:

– Сэ зыкъытезгъэхуэнщ, емынэ уз къызэфыкI хуэдэу зысщIынщи, сыгъуэгыу, зыслIэжу ныбапхъэкIэ сыщылъынщ, къывгурыIуа? Ди къуажэм щыщу емынэм ихьар куэдыжьщ, сощIэ зэрызыщIын хуейр. Фэри фызэщIокъугъэри хъумакIуэм фыкъоджэ. КъыщIыхьэмэ – нэхъеижу фызэщIокъугъэ, «мо бжэм деж щылъ емынэ уз зэфыкIыр, щIэфх» жыфIэурэ.

Гуащэ къоуIэбжь:

– Сыт, на-а, жыпIэр?! Iэзэ сыт къыпхуашэну уи гугъэ? Уаубыдынщи, псым ухадзэнщ!

– Аракъэ сызыхуеиххэр.

– Уи сабийр-щэ?

– Дэри дыбдагъакIуэркъэ, емынэ унэр унагъуэ кIуэду ягъэкIуэд, я

хьэпи я шыпи ягъэс. Ар пщIэрэ? – жиIэу хэзыщIыкI гуэр къэпсэлъати, хэтми Дэфэрэдж илъэгъуакъым.

– Фымыгузавэ. ИтIанэ сэ къызэпэщэща езы тырку кхъухьыпщри хым хадзэн хуейщ. Си сабийр си щIыбым ипхауэ псым зыхэздзэнурэ, ситхьэлэмэ, ситхьэлащ, сыхэкIыфмэ, сыхэкIащ. ХъумакIуэм ящыщ къыщIыхьэмэ, бжэм и деж сыщысыххэщ, и лъакъуитIым закIэрызукIэнщи, изудынщ, фэ фыжи, и Iи и лъакъуи фпхы, и жьэми лъэпэдыжь гуэр жьэдэфкуи, си ужьым фиту псым зыныхэвдзэ. Хы Iуфэр жыжьэкъым.

– ХъумакIуэр дэнэ тхьыну? – жиIэри Гуащэ щIэупщIащ.

– Дэнэ тхьын? Ди пIэкIэ къренэ.

Хъыджэбз цIыкIухэм къэтхьэусыхэу щIадзащ:

– Уа, сэ есыкIэ лъэпкъ мыгъуэ сщIэркъым.

– Сэри сщIэркъым.

– Иджы фIэкI тенджыз хэт илъэгъуа?

Гуащэ и макъыр аргуэру къэIуащ:

– Iэзэ къашэмэ, дауэ хъуну?

– Дэнэ кърахын? КIэртIофуэздыгъэ ящI парафинщ къашар. ЕсыкIэ зымыщIэр кърено, сыт пщIэн, алыхьым къыфтрилъхьащ. ТIэкIу есыфыр си ужьым фиту псым фыныхэпкIэ.

– Псым ситхьэлапэ мыгъуэми нэхъыфIи.

Абы фIэкI хэмылъу, Дэфэрэдж лъэкъуауэ-пIэтIауэу зыкъытригъэхуащ, Iуэщхъу нэпцIи зищIауэ. Модрей къомри зэщIэгъуагэу зэрыгъэкIий щыхъум, гъы нэпцI кърагъэжьар нэхъри я гум щIыхьэжауэ я фIэщыпэу пыхьэу, зэрыгъэкIийуэ щIадзащ. Сабий жеяри къэушыжауэ, шынауэ магъ. Дэфэрэдж и къэжьын къакIуэ хуэдэу зещI, хуэш къыхыхьауэ фIэкI умыщIэну зеукъуэдий, зыгуэрхэри къебж, и щхьэр блыным иреудэкIыж, и щIалэ цIыкIур фIэмыIуэхуж, хуэдэу, «псы» жиIати, фэндыр зэрыфэнду иритауэ хьэлэчу зытрекIэж. ЗэщIэкъугъэ къомым я макъыр щызэхихым, къэрэгъулу щыта тыркур къосри щтэIэщтаблэу бжэр къызэIуех:

– Сыт къэхъуар? Щывгъэт!

АрщхьэкIэ дэнэт – нэхъри нэхъ Iеижу зэщIокъугъэ.

Гуащэ и жьэм къыжьэдокI псалъэ шынагъуэр:

– Емынэ! Емынэ уз йофыкI мобы!

– Емынэ уз жыпIа? Дэтхэнэм?!

Къэрэгъулыр шынауэ икIуэтыжу щыхуежьэм, Гуащэ пхъуэри къыщIилъэфащ, Дэфэрэджи тыркум и лъакъуитIым зыкIэриукIэри, лIыр ираудащ. Хъыджэбз цIыкIухэри къежэри хъумакIуэм иращIэн хуеяр иращIащ. Модрей къомыр зэрызохьэ, есыкIэ зыщIэри зымыщIэри Дэфэрэдж здэжэмкIэ жэну йоIэ. Абдежым кхъухь хьэнцэм зи Iэгур щIиха лIы бланэжь къом къосри хъыджэбзхэр зыщIыпIэкIи ямыгъакIуэу зэщIаубыдэ, Дэфэрэдж, и сабийр и щIыбым ипхауэ, заIэщIеудри псым холъэ. Арыншэми ар псым ирагъэтхьэлэну къыщIэкIынт.

* * *

**С**и щIыбым илъ сабий цIыкIу закъуэр имытхьэлащэрэт, жиIэу гузэсэжырт Дэфэрэдж, кхъухьым къелъэу псым щыхэпкIам щыгъуэ. ЗыкъомкIэ тенджызым щIэтIысыкIати, IэкIи лъакъуэкIи лъэкI къи-

мыгъанэурэ, псым и щIыIум къыдэкIуеижащ. И щIалэ цIыкIум, мэлхьэпIатIэм хуэдэу, зыкъыкIэриукIати, къыдэуеижа нэужь ундэрэщхъуами, нэхъри щиубыдыкIат и анэм и пщэри, Дэфэрэдж и гур къызэрыгъуэтыжащ, «си пщэр щикъузкIэ псэущ» жиIэри.

Дэфэрэдж псы Iуфэм Iусу япIати, есыкIэкIэ Iэзэт, тIэу-щэ и къару къызэрихькIэ псыр щIитхъури къызэплъэкIащ, си ужьым иту зыгуэр къакIуэу пIэрэ жиIэу, арщхьэкIэ дэнэ – псэ зыIут илъэгъуакъым. «Шынэри ягъэззэжащ» жиIэу аращ зыхуихьари. Пхъэр и ужь щIимытри гурыIуэгъуэщ: емынэ уз къофыкIыу щыжыпIакIэ, хэт къыпхуэгузэвэн, щIыкъатиблым еух жаIэнщи, ежьэжынщ, хъыджэбз цIыкIухэми «емынэ уз зэфыкI къытхэтащ» жаIэмэ, зыми ищэхунукъыми, я жьэм къыжьэдэкIыу ядэнукъым. Дэфэрэдж зыщыгугъын щымыIэу арати, лъэкI къимыгъанэу псы Iуфэу мащIэ дыдэу уафэ лъащIэм щIэплъагъуэмкIэ къиукъуэдияуэ къоIэ, псы щIыIэри зыхимыщIэжу. Нэхъыбэу дзыхь зыхуищIа Гуащи къыкIэлъыкIуэу илъэгъуакъым. Къаруи-псэруи къыхуэнэжатэкъым Дэфэрэдж, тенджыз Iуфэм нэсу ныджэм щытеIэбам.

Бауэбапщэу, зимыгъэхъеифу зыкъомрэ щылъа нэужь, и щIыбым илъ щIалэ цIыкIур къитIатэри, едэхащIэурэ тенджызымкIэ плъэмэ – тети теси щымыIэу гъуджэм ещхьу мэлыд, толъкъунхэри, еша хуэдэ, Iэуэлъауэншэу жыжьэу ныджэм къытемыхьэу мывэкIэщхъыр ягъэпсалъэ. Дэфэрэдж, псым щIигъанэу къыдэуеижа нэужь, зэзакъуэ кхъухьымкIэ еплъэкIати, илъэгъуат цIыхур зэрызехьэу, зэрыгъэкIийуэ, тхьэм ещIэ, зыгуэр къэхашэу хъыджэбз цIыкIухэм я мурадыр иIуэтэжа. Езы кхъухьыр иджыпстуи, адэ уафэ лъащIэ дыдэм хьэндырабгъуэ цIыкIу тесщ жыпIэну, уолъагъу, гъунэгъу къыпфIэщI щхьэкIэ, тенджыз щIыIум жыжьэмрэ благъэмрэ пхузэхэмыгъэкIыу ущегъауэ. Убых кхъуафэжьей къызэрыхуэмыза абы, хъыджэбз цIыкIухэр зейм ирамытыжми, я хэкум къинэжат.

– ЛIыгъур цIыкIу, а си щIалэ шыр, упIыщIа мыгъуэу къыщIэкIынщ, – жиIэу къыщыпсалъэм, езым и макъыр къимыцIыхужын хуэдизу зэкIуэкIат зэрыпIыщIам къыхэкIыу. IэплIэ иришэкIыу сабийр зрикъузылIа щхьэкIэ, езыр псыфт, ущхъуэнтIат, итIани щIалэ цIыкIу закъуэр къелащи, и насыпышхуэщ. Мес, хьарзынэуи дыгъэр къыщIэкIауэ, и нурыр тенджыз бдзапцIэу жам толыдэ, дыщэ лъагъуэ дахэ ищIу. Абы ещхьу алэрыбгъу бжэIупэм Iуалъхьэрэ нысэишэ ящIмэ, нысащIэр алэрыбгъу лъагъуэм тету и лэгъунэм щIашэ, къафэу, фочыр ягъауэу, уэредадэри жаIэу.

Дэфэрэдж дэнэ щищIэнт Гуащэ сымэ къелъэу и ужьым къыщIимыувар. Тырку ныбэфу хъыджэбз цIыкIу къомыр къэзыщэхуар хьилэкIэ Iэзэ гуэру къыщIэкIащ: хъыджэбз цIыкIухэр кхъухьым щрагъэтIысхьэм, зыми гу лъимытэу, тырку цIыхубз бзаджэ гуэр къакIэщIигъэтIысхьауэ къыщIэкIащ, къащэхуа хъыджэбзхэм уз къызэуз, зи щIыфэ къабзэ-мыкъабзэ яхэтмэ зригъэщIэну. «Емынэ уз» сыт жаIэу щызэхихым, тырку цIыхубзыр щIэкIуэсыкIри псынщIэу кхъухьыпщым деж нэсри, кхъухьым цIыхухъуу исыр къызэщIаIэтат, хъыджэбзхэр зэрызехьэу Дэфэрэдж и ужьым иту щыжэм.

– Емынэ зэфыкIым фемыIусэ! Итхьэлэми, хьарзынэщ, иретхьэлэ, – жиIэу кхъухьыпщыр цIыхухъу гупыфI и гъусэу Гуащэ сымэ къапэ-

ури кIуапIи-жапIи къpамыту, хъыджэбз цIыкIу къомыр зэщIакъуэри здыщIэсам яхужащ, яхуэмыкIуэу зи лъапэ фIэзыгъэна Гуащэ чачэу ялъэфащ. Дэфэрэдж щхьэкIэ зыри гузэвакъым, «жыжьэ кIуэнкъым – джейм зыIуригъэлъэдэнщ», – жаIэри. ХъумакIуэри нэхъыбэ ящIащ, хъыджэбз цIыкIухэми я тхьэкIумэр яIуэнтIащ, «емынэ уз» зэфыкIар зыщагъэгъупщэу жыжьэу я жьэм къыжьэдамыгъэкIыну.

Дэфэрэдж тIэкIу зигъэпсэхущ, тенджызым зэ теплъэжри, зыри щимылъагъум, и щIалэ цIыкIур и гъусэу псы Iуфэ нэпкъ лъагэм дэкIщ, пэу гуэр къигъуэтри езыми и сабийми я щыгъыныр зыщихри икъузыжащ, иутхыпщIащ, къуэгъэнапIэ здыкъуэсым сакъыпэурэ къыкъуэплъмэ – къуэ кууушхуэм дэсу къуажэжь цIыкIу гуэр елъагъу, езым я къуажэм зыкъомкIэ ещхьу, игуми къэкIыжащ, щыхъыджэбздэсым и нэгум щIэкIауэ щытар...

Я куэбжэм пэмыжыжьэу бжей жыг зэрамыщIэж щытт, адэ лъагэу теувапIэ гуэри тещIыхьыжауэ. Фочауэ макъ, кIий-гуо макъ зэрызэхихыу, Дэфэрэдж а жыгышхуэм дэпщейрти, теувапIэм тету азэн зэрыджэм хуэдэу адэкIэ-мыдэкIэ зигъазэурэ и макъым къызэрихькIэ кIийрт: «Дыгъурыгъу! ЛIыубыд!» жиIэу. ЦIыхухъухэм я Iэщэр къапхъуатэрт, я зэхуэсыпIэм деж щызэхуэсырти, пхъэру ежьэрт. Дзэ къатеуами арат: цIыхубзхэм сабийхэр дашырти, бгъуэнщIагъым зыщагъэпщкIурт, лIыжьхэм я унэм, я псэуалъэм мафIэ ирадзырт, щIалэ цIыкIухэм Iэщыр къуажэм дахурт, дурэшплIэрэшхэм дахуэрти, ягъэпщкIурт...

Дэфэрэдж мэз Iувым хэтурэ здэкIуэм, зиплъыхьырт, жыгхэм зыгуэр япыту илъэгъуамэ, къыпичу щIалэ цIыкIум иригъэшхыну. Дыгъуасэ яшха щIакхъуэ Iыхьэмрэ шху шынакъымрэ фIэкIа зыри яIухуатэкъыми, зэанэзэкъуэр Iейуэ мэжалIэрт, я гур къекIуэным нэсауэ. Абдежым бжэн макъ къэIуащ. Дэфэрэдж щтэри и Iэпкълъэпкъыр зэщIэдиящ, и сабийри зрикъузылIэу. ЗэщIэдэIукIмэ – Iэуэлъауэ гуэри зэхех, жыг къуагъым къуэтурэ плъэмэ – мэзым щIэтщ мэлу, бжэну зы Iэхъушэ, ар зыгъэхъури щIалэ цIыкIущ. «Тхьэм къыдитащ дызыхуейр», – жиIэри Дэфэрэдж щIалэ цIыкIум зыхуигъэзащ:

– Бохъу апщий, си дэлъху цIыкIу.

ЦIыхубзым жаIэ я хабзэкъым «бохъу апщий», итIани Iэхъуэ цIыкIум нэхъ и гуапэ ищIу игу зыщIигъэгъуну жиIащ.

Мэлыхъуэм, «Упсэу апщий» жиIэным и пIэкIэ, «Уэхьэхьей, уэтэтей! Дыгъурыгъу!» жиIэри къуажэмкIэ жэуэ зричат.

– Сыдыгъурыгъукъым, си псэ, умышынэ, – жиIэу Дэфэрэдж щыкIэлъыджэм, щIалэ цIыкIум цIыхубз макъ зэхихати, къэувыIащ, къаплъэмэ, – сабии и гъусэщ. Мэлыхъуэм и гур къызэрыгъуэтыжри къигъэзэжащи, щымщ, жиIэнур имыщIэу.

– Дыбгъэшхын сыт уиIэ, си дэлъху дахэ цIыкIу? – жиIэри Дэфэрэдж мэлыхъуэм еупщIащ. – Си сабий закъуэр шхын щхьэкIэ малIэ.

– СиIэм, уэлэхьи, гъуэмылэ: шэлымэ*, кхъуей, – жиIэри мэлыхъуэ цIыкIур хъуржын пщIэхэлъым теIэбащ. – Ухуеймэ, бжэн къэсшынщ. Ди анэм бжэнхэр къиша къудейщ, итIани шэ шынакъ къащIэпш хъунущ. Бжэнми хьилагъэ зэрахьэ. ЧыцI зыщIэфым шэуэ щIэтыр къует, чыцI зыщIэмыфым шэ къащIэмыкI хуэдэу защI. Сэ сощIэ бжэн къэшын хуейр.

Абы фIэкI хэмылъу, бжэныхъуэм и хъуржыным пхъэху шынакъ

* Шэлымэ – ху хьэжыгъэм къыхэщIыкIа лэкъум пIащIэ цIыкIу.

цIыкIу кърех.

– Дыхуей мыгъуэкъым шэ, дызэдзэкъэн уиIэмэ, къыдэти, псы дытефыхьыжынщ, – жиIэри Дэфэрэдж и гурыIупсыр къажэу жыгышхуэ гуэрым и щIагъым щIэтIысхьащ, и сабийр и куэщIым ису. Кхъуей тыкъыр тIэкIурэ лэкъумрэ къыщыIэрыхьэм, абы фIэкI зыхуей дунейм темыт и гугъэжат. Бжэныхъуэ щIалэ цIыкIури къеплъу къащхьэщытт, зэанэзэкъуэм я дежкIэ лэкъум зырызыр зэрымащIэм гу лъитауэ. Модрей тIуми, мэжэлIэщауэ, лэкъумыр щызыIурадзэм, щIалэ цIыкIур щIэпхъуащ:

– Джыи къыфхуэсхьышт тян тей тыкIуэнти*, – жиIэу.

Бжэныхъуэ цIыкIур пабжьэм хэлъадэри, бгъуэтмэ къащтэ, жэрыгъэ защIэкIэ къуэшхуэм дэс къуажэм дэлъэдэжащ, бжэну, мэлу зэхэт хъушэр къигъанэри. Зэрыбзэхам хуэдэ къабзэу щIалэ щIэпхъуар напIэзыпIэм къэсыжащ, лэкъуми, щIакхъуи, кхъуей плъыжь гъэгъуаи, шху кхъуэщын Iэлъэныкъуэ цIыкIуи къихьри.

– А си дэлъхушхуэ, мыр мэкъуауэ гупым яхурикъуни, – жиIэри Дэфэрэдж къэгуфIащ. – Мыр зыхуэпхьыр жепIа уи анэм, тIасэ?

– Зыри щIэскъым ди унэ. Ди анэр хьэдагъэ кIуащ. Ди гъунэгъу хьэблэм тыркур къатеуэри лIищ къаукIащ. Тхьэм и шыкуркIэ, езы тыркухэми ящыщ зы псэууэ кIуэжакъым, – мэлыхъуэм, зауэм езыри хэта хуэдэ, къэхъуа-къэщIар ищIэрт.

Зэанэзэкъуэр я ныбэ изу шхащ, загъэпсэхуащ, къыдэхуари гъуэмылэу здащтэмэ, ПIатIыкъуей нэс яхурикъунущ, гъуэгур къагъуэт закъуэмэ. Дэфэрэдж ежьэжыну щыхуежьэм, мэлыхъуэ цIыкIум и Iэ сэмэгум Iэпхъуамбэшхуэм кIэлъыкIуэм и ныкъуэ фIэкI зэрыпымытыжым гу лъитащ, арщхьэкIэ Iэпхъуамбэр сытым пиупщIа? – жиIэу еупщIын фIэекIуакъым, абы нэхърэ ПIатIыкъуей кIуэ гъуэгур ищIэмэ, дрегъэлъагъу жыхуиIэу. ЩIалэр дадэ цIыкIу хуэдэу Iущт, гъуэгухэр ицIыхурти, занщIэу япэ иуващ.

– Дыгъужь лъагъуэм фытесшэнщи, сэнтхым нэс фыкIуэ. Гъуэгужьым фытемыхьэ, дыгъурыгъум фаубыдынщ. Псы фефэнумэ, ижьырабгъумкIэ псы къожэх, фыхуэсакъ лIыубыдым, – жиIэрт. – Сэнтхым фынэзгъэсынт, си хъушэр къызыхуэзгъэнэн сиIамэ.

– Сыту ущIалэ дыщэ цIыкIу, тхьэм укъигъэхъу. Чэщей жыгым и гъащIэр тхьэм къуит. Арыншэми уэ мащIэкъым къытхуэпщIар. Уи цIэр хэт, тIыкIуэ?

– Барчо.

– Сэ къызэрызэджэр Дэфэрэджщ. Тхьэм гъащIэ къуит. ФIы щIэи, псым хэдзэ, жиIащ пасэрейм. Уэ къытхуэпщIа фIыр псыми ихьынукъым.

Барчо къыжраIар и гуапащэ хъуауэ хъуржыным иIэбэри шынакъ цIыкIур къишияш:

– Мэ мыри. Гъуэгу ущытеткIэ, пщIэну щыткъым ухуей щыхъунур. Пхъэхум къыхэщIыкIащ.

– Дауэ къыпIысхын шынакъыр! Уэ ухуейкъэ?

– Сэ ди унэкIэ сыжэми мэхъу.

– Йа, сэ си тхьэу тхьэшхуэ, мы щIалэ цIыкIум къысхуищIар сэ хуэзмыщIэжыфми, уэ зыщумыгъэгъупщэ, – жиIэри Дэфэрэдж тхьэ елъэIуащ, шынакъ цIыкIури шхыным яхилъхьэри.

---

* Иджыри къыфхуэсхьынщ, ди анэм деж сыкIуэнщи (адыгей).

– Гъуэгу махуэ. Лъагъуэр нашэкъашэми, къуэм удэмыкIыу ипщэкIэ дэкIуей, – жиIэри Барчо щытащ зыкъомрэ, зэанэзэкъуэм якIэлъыплъу, иужьым, «цIытхъытхъ» жиIэу къыщIэпхъуэжри и хъушэм къэсыжащ.

Дэфэрэдж и гум къэкIат мыбы хуэдэ щIалэ цIыкIу зыпIыфар цIыхуфIу къыщIэкIынщ, бжэныхъуэ цIыкIум селъэIуу я деж щхьэ зезмыгъэшарэ жиIэу. УнэIут цIыхубзу Iуувэми, и Iэр пытщ, и лъэр пытщ, ягъашхэ закъуэмэ, зыхуей яхуищIэфынущ. АрщхьэкIэ ЛIыгъур цIыкIу дауэ хъуну? Ар балигъ хъумэ, пщылIу къыIунэну?.. Абы нэхърэ ПIатIыкъуей къуажэ дэс ди благъэ цIыхубзым деж секIуэлIэнщи нэхъыфIщ. СоцIыху, сыкъецIыхуж, ди псэр зы чысэм илъу дыкъэхъуащ...

Абыхэм егупсысу здэкIуэм, Дэфэрэдж шы щыщ макъ къызэхихащ. Шу гуэрхэр къакIуэу пIэрэ, жиIэри, и сабийр иубыдри къуацэ-чыцэмкIэ хэлъадэри етIысэхащ, арщхьэкIэ къакIуэIауэ зыри илъагъуркъым, шым и щыщ макъыр къоIу. КъуэгъэнапIэм къыкъуэкIрэ плъэмэ – шы-уанэ зэтелъ жыг щIагъым, кIэщI дыдэу епхауэ, щIэтщ. Епхауэ аратэкъым, шхуэмылакIэр къудамэм фIэдзати, шым жыгыр хъурейуэ къихъухьурэ зы удз къринакъым, и пэр жыгым иригулIыху, иригулIа нэужьи шыр абы хуэдизкIэ Iус хуейти, жыгыфэр трихъукIат – дауи, а шыр абдеж зэрыщытрэ мащIэ щIакъым.

Дэфэрэдж шыр къыкIэритIэтыкIри уанэр зэригъэпэщыжащ, телъэщIыхьащ, едэхащIэурэ и къуэ цIыкIур тригъэтIысхьэри псым ишэри иригъэфащ. Шыр абы хуэдизкIэ псы хуэлIати, куэдыщэ Iей ирифащ, щигъэтым къиублэжурэ. Иужьым нэхъ удзыпцIэфIым хишэри шхуэмылакIэр иутIыпщын дзыхь имыщIурэ игъэхъуэкIуащ, лъахъэ тIэкIуи уанэм кIэрыщIауэ илъэгъуати, ирилъхьэри, езыр, сабийр и гъусэу, псым кIуэри зигъэпсэхуащ. Хъунщ иджы, узишыр къэгъуэтыж, жиIэри шыр иутIыпщыжащ, езыр ежьэжыну. АрщхьэкIэ дэнэ – къызоплъэкIри, шыр я ужьым иту къокIуэ. Мы слъагъур мэзым къыщIэднэмэ, хьэм яшхынкIэ мэхъу, жиIэри Дэфэрэдж шыр къиубыдыжри зыкъомрэ Iэдэжу ишащ, итIанэ мывэшхуэ гуэр хуэзати, шыр абы иришалIэри, езыри мывэм тету шэсри ежьэжащ, зейр къытхуэзэмэ, еттыжынщ, къытхуэмызэмэ, шыр тхьэм къыдитащи, ПIатIыкъуей срикIуэнщ жиIэри. Зыхуэныкъуэ дыдэр игъуэтащи, мэгуфIэ.

Зэанэзэкъуэр махуитI-жэщитIкIэ гъуэгу тетащ, лъагъуэ зытетым тегъуэщыкI-къытехьэжурэ. Фарз Iус къуажэр ерагъыу къыщигъуэтам, езыри ешат, къаруи-псэруи къыхуэмынэжауэ, шыри увыIат, щIалэ цIыкIури зэпкърыхуауэ и анэм и Iэблэм телът. ПIатIыкъуейкIэ зэджэри, зы хьэблэм куэд щIимыгъуу, зы жэмыхьэт фIэкIа мыхъу къуажэт. Къуажэбгъум, псым и гъунэгъуу, мэжджыт тIэкIуи дэтт, чы-бжэгъу унэм и кIыхьагъыр и кIыхьагъыу, кIэлындор Iуту, бгъэни телъу, щIыхуу ла щхьэгъубжэхэм Iупхъуэ яIулъу. Пщэдджыжь нэмэз зыщIахэри къыщIэкIыжауэ, уэшх тIэкIу къепсэпсауэ щхьэкIэ къамыгъанэу, кIэлындор кIыхьым тест, уэршэру.

«Мыр сыту шу гъэщIэгъуэн», – жаIэу, шым тесу къакIуэ Дэфэрэдж щалъагъум, цIыхухъухэр зэплъыжащ, «дэнэ къикIыу пIэрэ?» жыхуаIэу. ЦIыхубзым сабий иIыгъыу шууи къикIухьу хэт илъэгъуат? Тырку молэм уаз щитым зи гугъу ищIар мо цIыхубз шум ящигъэгъупщэжат.

– Хэт и фызу пIэрэ уэлбанэ махуэм гъуэгу теувар? – жиIэри хьэжы



6 Заказ № 150

цей зыщыгъ молэр щIэупщIащ.

– Ди къуажэ фызкъым, хэт ейми.

– Зэ къэувыIэт, ди шыпхъу, – жиIэри лIыжьыфэ зытет нэ плъыжь нэкIэпсыжэм и башыр иIэтащ.

– Дыгъурыгъум щымышынэу и закъуэ дауэ ежьа, – жиIэу молэми игъэщIэгъуащ.

МащIэ щIа, цIыхубзым дэнэ къэна, цIыхухъухэми зырызу къызэрамыкIухьрэ, ар абы имыщIэу хэт и фIэщ хъун. Хьэрып къэрал-хэм адыгэ мащIэ щыIэ мамлюккIэ еджэу. «Мамлюк» жиIэмэ, «къащэ-хуа» жиIэу аращ, щIалэу къащэхум я нэхъыбэр дзэм хагъэхьэри, къэ-ралыгъуэр яхъумэу, жьы хъухукIэ хэтщ, хъыджэбз цIыкIухэри ящэри, унэIуту зыщэхуам деж Iутщ. Абыхэм я хъыбарт игъащIэм адыгэ сабийр зыщIапIыкIыр.

– Умыгъуэщауэ пIэрэ жыдоIэри аращ, ди шыпхъу, укъыщIэд-гъэувыIар, – жиIэу хьэжыр щыпсалъэм, Дэфэрэдж гъунэгъу дыдэу къемыкIуалIэу шы зытесыр къигъэувыIащ:

– Нэмэз фщIари тхьэм къабыл ищI. Сыщыуэпами сщIэркъым. Жыжьэ укъикIрэ жыпIэмэ, жыжьи сыкъокI. Дыгъурыгъум сапэщIэмыхуащэрэт, жысIэурэ ПIатIыкъуей къуажэм нэс сыкъэкIуащ. Ди благъэ цIыхубз мыбы дэсщи, абы и деж сокIуэ.

– ЛъэпкъкIэ сытым уащыщ?

– Сыубыхщ.

– АтIэ ухьэщIэ дыдэщ – хым нэс укъикIащ.

– СыкъикIащ, тхьэмадэ. Иджыри къэс тхьэм сыкъихъумащ, ноби и нэIэ къыстригъэтыну тхьэм солъэIу, тхьэм и ужькIэ цIыхум я нэфI къысщыхуэну сащогугъ.

– Уи закъуэ дыдэу сытуи умышынэрэ?

– Гузэвэгъуэм узэрихуэмэ, IэмалыншэкъэкЭ? Сэ си нэгу щIэкIам адрейхэр тхьэм хуимыгъазэкIэ.

– Къепсых, ди шыпхъу, мы гъущапIэмкIэ къыщIыхьэ. Уи жагъуэ зыщIын мыбдежым щыскъым, – жиIэри нэхъ щIалэIуэхэм ящыщ гуэ-рым, шым и IумпIэр иубыдри, цIыхубзыр къригъэпсыхащ, сабий цIыкIури къыIихри щIым тригъэуващ. ЛIыгъур, жьакIацэ къомыр щилъагъум, шынати, къегъыхыу къыщIидзащ.

– Абы хуэдиз гъуэгу къыщызэпыпчакIэ, лIыгъэшхуэ пхэлъщ уэ. ТIыс, ягъэ кIынкъым, тIэкIу зыгъэпсэху. ЩIакIуи уимыIэу къуакIэбгыкIэ къомым дауи уакъыпхыкIа?

ЦIыхубзыр ягъэтIысри шыри, шэщ гуэр щыIэти, абыкIэ щIашащ, зыгуэрым къэпышхуэ Дэфэрэдж и плIэм къытриубгъуащ, нэхъ псынщIэу игъэхуэбэжынщ жыхуиIэу.

«Сабий щиIэкIэ, лIыи иIэу къыщIэкIынщ» жыхуаIэу Дэфэрэдж и щхьэгъусэм щIэупщIати, зэрыфызабэр къажриIащ. ЦIыхубзым къедаIуэу щытхэми къахэкIащ абы и лIым и хъыбар зэхэзыха.

Убыххэр ХьэтIрэмтIыгу къалэм щытеуам, Дэфэрэдж и лIым нэхъапэ щIыкIэ тырку щыгъынкIэ зихуапэри, езыр уэрсэру тыркубзэкIэ Iэзэти, жэщым къалэм дыхьэри къыдэнащ. Нэхущ хъуа-мыхъуа щыжаIэм деж, щэху цIыкIуу къалэм хэлъ куэбжищри къызэIуихати, мыдэкIэ дзэр абы пэплъэу щытыххэти, зэрыдэуэри зэуэныр зэхаублащ. Иджыри къэс жейуэ хэлъа тыркухэр гужьеяти, къэхъуар къагурыIуэху, убыххэм Iэщи

фоч гыни къамыгъанэу ягъуэтыр зэщIакъуэри, къыщагъэзэжым, Дэфэрэдж и лIыр е зэхэзещхъуэн ящIу къаукIа, е тыркум япэщIэхуа, сытми къаукIауэ и хьэдэр къыдахыжри къашэжауэ щытащ.

ХьэтIрэмтIыгу дэсыр щызэтраукIэм, сультIаным и зы къуэш гуэри хэкIуэдауэ къыщIэкIри, тырку пащтыхьым адыгэр игъэпшынэу лъы уасэу (чалнам) къаIихыну унафэ ищIащ щIалэу минрэ щитхурэ, абы ищIыIужкIэ жэщтеуэм хэтауэ хъуам анэмэту къуэ зырыз тырку пащтыхьым иратыну. Адыгэпщхэр зэхуэсри зэгурыIуащ урыс пащтыхьым деж лIыкIуэ ягъакIуэу елъэIуну, «Тыркумрэ кърым хъанымрэ я хъыбарыфI жаIэу игъащIэм зэхэтхакъым, а тIум даIэщIэмыкIуадэу дыкъегъэл», жаIэу. Ар тырку пащтыхьым щызэхихым, нэхъ Iеижу къэгубжьри унафэ ищIащ лъэпкъ мыдаIуэхэм дзэр яриутIыпщу IумпIафIэ ищIыну, арщхьэкIэ Инжыджыщхьэрэ Сэужыкъущхьэрэ деж шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ я дзэр къапэуври тыркудзэ мин пщыкIутху хъур къагъэувыIащ, адэкIи-мыдэкIи ямыгъакIуэу.

Арат Дэфэрэдж и лIым и хъыбар ящIэн щIэхъуар.

– Тхьэм уи нэмыс нэхъ лъагэ ищI, уи щхьэгъусэр лIакъуэлIэшу щыта? – жиIэри лIы гупым ящыщ КъетаукIэ зэджэр, зи гъащIэр лIыубыду зыхьауэ иджы зигъэмуслъымэн бэлыхьу мэжджыт джабэм кIэрысыр, къеупщIащ.

– ЛIакъуэлIэшащ.

Къетау цIыхубзыр къезыгъэпсыха лIым дежкIэ зигъазэри:

– Мэш, Хьэкурынэ къысхуеджэт мыдэ. КIуэ, «Къетау къоджэ» жыIэ, и кIыщым щыбгъуэтынущ ар, – жиIащ.

Хьэкурынэу ар зыхуейр зымыщIыху къуажэм дэстэкъым. ГъукIэр арат зи гугъу ящIыр, ауэ Къетау абы хуей щIэхъуар къагурымыIуэу, псори зэплъыжащ, тхьэм ещIэ иджы абы и гум къэкIар жаIэу. Нобэ фIы пхуэщIэнумэ, пщэдей умыхь, жаIэу псалъэжьыр и гум къэкIыжати, и нэгум ущIэплъэмэ, къэпщIэнут абы и гум Iей зэримылъыр.

– Уи щIалэ цIыкIум узэреджэр сыт? – жиIэри Къетау щIэупщIащ.

– ЛIыгъур, – Дэфэрэдж тIэкIу гупсысэри къыпищащ. – И адэшхуэм и цIэр арати, фIащыжащ.

– Сабийм и фэ дэкIар дэкIыну ящIауэ щытыгъамэ, «Хыкъуэт» зэреджэн хуеяр. Плъагъурэ, къалъхуа къудейуэ, псым хэкIуадэ пэтащ, – жиIэри Къетау хьэжым дежкIэ еплъэкIащ.

– Алыхьу тэхьэлам къыихъумащ. Къаруушхуэ иIэщ Алыхьу тэхьэлам. И нэфI зыщыхуэм и насыпщ, – жиIэри хьэжым нэмэз щыгъэ игъажэу щIидзэжащ.

– Хыкъуэр нэхъ хуэбгъэфащэмэ, Къетау, ХыкъуэкIэ деджэнщ, щIалэ цIыкIур ди къуажэм дэсмэ, – жиIэри молэри къэпсэлъащ, Къетау и гуапэ ищIыну. Молэр Тыркум кърашахэм ящыщ зыт, адыгэбзэр тэмэм дыдэу имыщIэу.

– Хэт и дежт уздэкIуэр? – жиIэри Къетау щIэупщIащ. Дэфэрэдж и ныбжьэгъу хъыджэбз зыдэс унагъуэр дахэ-дахэу ищIэртэкъым, псори зым зыр еупщIыжырт, «хэт и унагъуэ убых цIыхубз ис?» жаIэу. Ауэрэ гъукIэм деж ягъэкIуари къэсыжащ, щIагъэкIуар къишэри.

– Къэсшам, уэлэхьи, – жиIэри къыпыгуфIыкIыу къэтIысыжащ.

ГъукIэр, фэ кIэпхыныр зэрыIупхауэ, упщIэ пыIэшхуэ хъужауэ, псом я пащхьэ къиуващ, Къетау къыхуей щIэхъуар имыщIэу.

– Укъызэджа, Къетау?

– Сыноджащ, уэлэхьи, – жиIэри и щхьэр Дэфэрэдж дежкIэ ищIащ, еплъыт мо цIыхубзым, жыхуиIэу.

Арыншэми Хьэкурынэ и гъусэу къэсыху Мэш зи гугъу ищIар а цIыхубзыр арати, Хьэкурынэ япэу зэплъар арами, къыхуэщIакъым цIыхухъухэм ар къахэхуа щIэхъуар.

Дэфэрэдж къыхуэщIэртэкъым ягъакIуэу гъукIэр къыщIрагъэшари, щтэIэщтаблэу щыст, сытэджу си гъуэгу щхьэ сытемыувэжрэ, жиIэу. ЗэитIэуи гъукIэ къашам еплъащ, лIым дэбгъуэн кIэрылъытэкъым, и жьакIэ фIыцIэ тIэкIур Iувт, Iэпкълъэпкъышхуэт, укIытэхыуи къыщIэкIынт, сыту жыпIэмэ цIыхубзым и нэгум къыщIэплъэфакъым, къезыджа лIы ябгэжьми фIэлIыкIыу къыщIэкIынти, Iэдэб-Iэдэбу псалъэрт.

Хэт сыт жиIэнуми нимыгъэсу, псом япэ молэр къэпсэлъащ:

– ЛIо, кIыщыр къызыхуэбгъэнэн уимыIэрэ, щхьэ мэжджытым укъэмыкIуэрэ?

Модрейри къэгузэващ: «Мыраузэ пIэрэ мыбы сыкъыщIишар?» – жыхуиIэу.

– СыхущIыхьэркъым, ефэнды, къурIэнкIэ соIуэ, сыхущIэмыхьэкIэ. Хэт къакIуэми, «псынщIэу схузэфIэгъэкI», жеIэри мэлъаIуэ. Хэт сэшхуэ хуейщ, хэт шабзэшэм пилъхьэн, хэти пхъэIэщэ, жи, мыжурэ жызыIи дапщэ ухуей, Iэхъулъэхъу жыпIэми аращ. Сэ IитIщ сиIэр, – гъукIэм и IитIыр къиишийри къаригъэлъэгъуащ, – Лъэпщ зы тхьэшхуэм хуэпщылIащ, сэ си деж къакIуэ псоми срапщылIу къалъытэ...

– Щыгъэт. «Хэт узыхуэпщылIыр?» жиIэу къоупщIа слъагъуркъым, сыщIыноджар аракъым, – жиIэри гъукIэм и псалъэр Къетау зэпиудащ. – КъедаIуэ мыдэ. Мыбдежым щыс къомыр зэрыщысу бжызоIэ. Молэми месыр зэхех. Сэ гуэныхь мащIэ къэсхьауэ къыщIэкIынкъым, иджы си гуэныхьыр сыпшыныжу Алыхьталэм и пащхьэм напэ къабзэкIэ сихьэжыну мурад сщIащи, тхьэм къабыл ищI.

– Аллохьуу Iэмин!

– Тхьэм жиIэ.

– Иншалыхь.

Къетау къуажэпщтэкъым, зы хьэблэ къетIысэкIауэ иIэти, къемыдаIуэ яхэттэкъым. Дауи къемыдэIуэнрэт, жиIэр зымыщIар ихурт хы Iуфэми, ищэрт е ихъуэжырт. Пщы дыдэри къыфIэлIыкIырт, къыщышыни яхэтт, зыхузэгуэпым бэлыхьу къыщымыщI щыIэтэкъым: е и фызыр бзэхырт, е и бын псым итхьэлауэ къыхахыжырт. Пащтыхьым деж лIыкIуэ ягъэкIуахэми ар яхэтащ. КъыщигъэзэжаМ еупщIахэт: «Сыт хуэдэ фызыхуэза урыс пащтыхьыр?» – жаIэуи, «И щIыбкIэ уеплъмэ, и теплъэр Iейкъым», – къажриIэри цIыхур игъэдыхьэшхати, иджыри ящыгъупщэжакъым. «И гупэ къытхуигъазэу и нэгу дыщIигъэплъакъым, ди тхьэусыхафи къедэIуакъым, и щIыб къытхуэгъэзауэ къыдэгиери ежьэжащ», – жиIэу арат абы кърИгъэкIыр.

ХьэкурынэкIэ зэджэ гъукIэр абы ейти, «зыгуэрым срещэ е срехъуэжри сегъэунэхъу» жиIэу гузавэу щытт, и нитIыр Къетау тенауэ.

– ЖыIэ, зиусхьэн. ПщIыр унафэщ.

Къетау нэщхъыфIэу гъукIэм дежкIэ еплъэкIащ:

– ПщIэжрэ, зэ бжесIати: «Кхъухьыпщ гуэрым тхьэр къеупщIат, жи, къупщхьэ уэстын, хьэмэ къуэ уэстын?» жиIэри. «Къупщхьэм

нэхърэ зы къуэ къызэт къупщхьэ и уасэу», – жиIэри аращ кхъухьыпщыр зэрелъэIуар жысIэри. НтIэ, си дежкIэ уэ зыр лIищэм урауасэщ, уIэпщIэлъапщIэщ, уи хъыбар зымыщIэ хэкум ису къыщIэкIынкъым, итIани и пIалъэр къэсмэ, дэнэ укIуэнуми ухуиту узутIыпщынщ» жысIэу щыбжесIар пщIэжрэ?

– СощIэж, Къетау. Дауэ сымыщIэжрэ, мы гъэр илъэс ещанэ мэхъу абы лъандэрэ.

Къетау зиплъыхьри, псори къызэредаIуэм гу лъитауэ, и макъым зригъэIэташ:

– НтIэ, пщIэжмэ, хъарзынэщ. Укъызэрызгъэгугъам и пIалъэр къэсащи, нобэ щыщIэдзауэ хуит узощI: ухуеймэ, къуажэм къыдэни уи кIыщым щылъащэ, ухуеймэ, дэнэ къуажи дэтIысхьэ. Къыппэрыуэн къахэкIрэ – хъыбар сыгъащIэ.

Псори къызэщIэващ, зэхахар ягъэщIагъуэу:

– Iэу, зиунагъуэрэ, уигъэунаи Къетау!

– Нобэрей махуэр уи дежкIэ щхьэщэхуж махуэти.

– НтIэ аращ, Алыхьу тэхьэлар уи гум нэсам, – жиIэри молэм езым и щхьэм хуихьащ Къетау фIы ищIар.

ГъукIэми, и гур къызэфIэнауэ, Къетау и лъакъуэм зыщIидзэри IэплIэ хуищIу, лъахъстэн мест фIыцIэм ба хуищIри, и нэпситIыр къежэхыу къыдэплъеящ:

– Тхьэм пхузигъэщIэж, зиусхьэн, уэ сэ къысхуэпщIар. СыдэкIынукъым къуажэми, си уни сыщIэсынущ, къысхуэпщIа фIыщIэшхуэр сылIэху сщыгъупщэнкъым...



Хьэкурынэм иджыри Iэджэ жиIэну къыщIэкIынт, ауэ Къетау идакъым:

– Тэдж, тэдж. Сэ иджыри жысIэнур сыухакъым. КъедаIуэ жысIэнум.

Молэм аргуэру нэмэзыбзэ къыжьэдэкIащ:

– Зи щхьэ хуимыт щхьэхуит пщIамэ, уи гъащIэм пщIэшхуэ иIэу къэбгъэщIащ, – жиIэри.

Къетау цIыхубзым дежкIэ еплъэкIащ:

– Мо тхьэмыщкIэр плъагъурэ? ЦIыхубз хъарзынэр дэхуэхащ, унэ иIэкъым, жьэгу иIэкъым, зыгъэхуэбэн иIэкъым. ЕкIуэлIапIэншэщ. Насып иIэти, дыгъурыгъум япэщIэмыхуэу, мыбы къэсащ. Ари уи унэ шэ: фыз жыпIэмэ, фыз пхуэхъунщ, шыпхъу жыпIэмэ, шыпхъу пхуэхъунщ. ЩIалэ цIыкIури уолъагъу, тхьэм гъащIэ кърит. Ари пIы, уи IэщIагъэм хуегъасэ.

– Езым идэнумэ. – ГъукIэм «езым» жыхуиIэр, дауи, цIыхубзыр арат.

– «ФIымрэ Iеймрэ зы бжьыхьэкIапэм тесщ», – жаIакъэ. ФIы зыщIэм и къарум къихьыр ищIэн хуейщ. ЦIыхубзыр екIуэлIапIэншэщ, унэ игъуэтмэ, аракъэ зыхуейр, иужькIэ фызэгурыIуэжынщ, – жиIэри Къетау дыхьэшхащ, модрей къомри зэщIэдыхьэшхащ. Дэфэрэдж нэхъ нэщхъыфIэ къэхъуауэ гъукIэм дежкIэ зэзэмызэ маплъэ.

– «Фи унафэр си унафэщ», жиIакъэ, – жиIэри хьэжыри къэпсэлъащ.

Адыгэ хабзэм Къетау нэхърэ нэхъ хэзыщIыкI гъуэтыгъуейт. ЦIыхубзыр къызыхэкIар лIакъуэлIэш унагъуэщи, езым хуэдэ дэкIуэжын хуейщ. АтIэ гъукIэри щхьэхуит ищIащи, а тIур зэхуэдэ къабзэ мэхъу. Пэжщ, абы нэгъуэщI зыгуэри хэлъщ: цIыхубзыр и лъэпкъым яхэсыжу

щытатэмэ, езым и унафэ ищIыжынт, иджы нэгъуэщI къуажэ къыдэхутащи, къуажэпщым и унафэр и унафэщ. Иджыри къэс цIыхум ящыгъупщакъым Къетау и нысэр игъэIущу и дыщым игъэкIуэжауэ зэрыщытар: «Уи щIалэ цIыкIум сыт естын?» – жиIэу уи адэр къоупщIмэ, «Выфэм къиубыд щIы тIэкIу къет», жыIи, аращ узэрелъэIунур. Арати, нысэр иригъэшэжащ. И дыщым щынэсыжым, псори къыхуэгуфIащ, дадэри къеупщIати, зэрагъэIущам хуэдэу щыжриIэм, вы яукIри выфэр иIыгъыу къашэжащ. Къетау выфэр фэдэн псыгъуэ цIыкIуу иригъэбзри, бэлыхьу кIапсэ кIыхь ящIа нэужь, унафэ ищIащ: «Иджы фыкIуэ си благъэм дежи, мы кIапсэм къиубыд щIыр къыпыфчи, мыр уи пхъурылъхум ептар аращ жыфIи, схужефIэ». Модрейми къигъэгугъати – сыт ищIэжынт, ар и тыкIэу щIышхуэр къаритыгъащ.

Къетау къэралыгъуэ Iэджэми щыIащ, цIыхум я пIалъэ ещIэ, мызэмытIэу Трапезунд, Самсун, Синоп, Хьэлэб, Мысыр кIуащ, хъыджэбз цIыкIу ищэну ишэурэ, а здэкIуахэм, тхьэм ещIэ нэ узыр щигъуэтар – и нитIыр ноби мэуз, дахэ-дахэуи илъагъужыркъым, нэкIэпсыжэ хьэлэчщ, и къуэрылъхуу щIыкIэ зыхуэгузэвауэ щытари лIыубыдым яубыдри Мысыр щащауэ мамлюкыдзэм хэту жаIэ щхьэкIэ, и нэм игъакIуэркъым.

Абы ищIыIужкIэ хы Iуфэр яхъумэу урыс кхъухь Iэджэ тенджызым тетщ, ясыр зэхуэзыхьэсрэ изышыну хуежьэм кIуапIэ ирамыту яубыдри кхъуафэжьейм исыр зэрису Къэрым псы Iуфэм яшэ, лIыубыдхэри ягъэтIыс, яубыда ясырхэр яутIыпщыж, урыс къалэм и гъунэгъуу тIысрэ лажьэу шхэжыну тхьэлъанэ ящIа иужь. Урыс кхъухьхэм къапэрыуэфыр хэт жыпIэмэ, инджылыз, француз кхъухьхэр аращ.



Къетау а кхъухь къомыр зыкIи фIэIуэхутэкъым, и нитIыр къаплъэу щытатэмэ. Адыгэпщхэри мызэ-мытIэу зэхуэсурэ зэхуэтхьэусыхащ, «ди цIыхур тхуэмыгъэшхэжу куэд мэхъу, къащIэхъуэр дамыгъащэмэ, Iисраф дыхъунщ» жаIэу, арщхьэкIэ Iэмал хуагъуэтыркъым, Тыркум я кхъухьхэр лъэныкъуэегъэз ящIащ, убыххэм я кхъуафэжьейр тенджызыр къэукъубеяуэщ тенджызым щытехьэр, урыс кхъухьхэм япэщIэхуэнкIэ шынэу.

– ЦIыхубзыр лIы етту аракъым, фIэмыфIмэ, дремыкIуэ, – жиIэри молэри къэпсэлъащ.

– УдэкIуэрэ, ди шыпхъу? – жиIэри хьэжыр еупщIащ.

– Сыт щIыдэмыкIуэнур, зиунагъуэрэ? – жиIэри, Дэфэрэдж зипIытIзихузу щысыху, Къетау псалъэр пиупщIащ. – Уэлэхьи, дэкIуэным, дэкIуэн дэнэ къэна, дэкIуэсэн хуейщ, къафэу, дэлъей-къелъыхыу.

– Унагъуэу тIысынумэ, хьарзынэу шыи яIэщ, – жиIэри Мэш псоми ящыгъупщэжа шыр ягу къигъэкIыжащ.

– Мэш, уэри уи бэлагъыр къыхыумыIу. ШымкIэ къэзгъэгугъэркъым. Шыр модэ си бом фшэ. Хьэкурынэм дежкIэ нобэ щхьэщэхуж махуэмэ, и щхьэм уасэ гуэр иIэн хуейкъэ, – жиIэри Къетау идакъым. – Сидас цIыкIур зыми щымыщу изотри, ирегуфIэ.

– «ХыкъуэкIэ девгъаджэ» жиIэу хэт жызыIар?

– Хэт жызыIар? Сэращ, – жиIэри Къетау псори арэзы ищIащ, алащэр зэрыримытари яфIэкъабыл хъуауэ.

А махуэм къуажэр зы унагъуэкIэ нэхъыбэ хъуащ...

# ШУМ И ГЪУЭГУ

КІыщокъуэ Алим и япэ усэ тхылъыр 1941 гъэм дунейм къытехьащ. Ар къыздищтэри зауэм Іухьауэ щытащ усакІуэр. Абы и ужькІэ Алим и къалэмыпэм къыщІэкІащ усэ тхылъ Іэджи роман зыбжани. Нобэ хэт дежкІи ІупщІщ КІыщокъуэм и ІэдакъэщІэкІ тхыгъэхэм зэманыр зэрапэмылъэщар. А тхыгъэхэм яубзыхуащ зауэ нэужь илъэсхэм гъуэгуанэщІэ техьа къэбэрдей литературэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэмрэ и хабзэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэхэр, абы къыпэплъэ зыужьыныгъэм и гъэзапІэхэр зыубзыхуар, псом япэрауэ, КІыщокъуэ Алимщ.

Алим и усэм зэпича гъуэгуанэм ущриплъэкІэ, гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым лирикэкІэ зэджэ поэзие лІэужьыгъуэм абы деж къызэрыщыщІидзам. Сокъур Мусэрбий зэритхыгъащи, «КІыщокъуэм и дежщ ди лирикэр балигъ хъууэ лІыхъужьыгъэ лъэхъэнэм хуэфащэ макъкІэ ежьуэ щыщІидзар. Иджырей ди лирикэр поэзием и лъэпкъыгъуэ пашэ зэрыхъуар Алим и фІыщІэщ».

«Иджырей поэзием и лъэпкъыгъуэ пашэ» зэрыхъуам и фІыгъэкІэ нобэрей ди усэм и ІэфІыпІэр зыхэзыщІэр ар зи анэдэлъхубзэ лъэпкъым и закъуэкъым. Усэм (ар усакІуэшхуэм и гущІэлъапсэм къиІукІамэ) лъэпкъ гъунапкъэкІэ зэджэр ищІэркъым: лъэпкъ фащэкІэ узэдами, ар дэтхэнэ цІыхум дежи ноІус, дэтхэнэри, зэреджэ бзэм емылъытауэ, къызэщІеІэтэ, хэт и акъылми къитІасэ гупсысэкІэ узэдащи.

КІыщокъуэм и къалэмым къигъэщІа дэтхэнэ образри къулейщ. Сыт хуэдэ гугъуехьми пхыкІыф, ар къарурэ гуащІэкІэ зуплІэнщІыф цІыхущ Алим ди пащхьэ къригъэувэр – абы дыдригъэплъеин, щапхъэ трыдигъэхын щхьэкІэ. Алим и усэ пасэхэм къыщыщІэдзауэ, щІэщыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфІэхьэлэмэтщ абы и гурыгъу-гурыщІэхэм, и ІуэхущІафэхэм, и хъуэпсапІэхэм укІэлъыплъыныр. ЕтІощІанэ лІэщІыгъуэ зэрыхьзэриймрэ архъуанэ Іэджэм ущрохьэлІэ а цІыхум, дэнэ ущрихьэлІэми, уетхьэкъу и псэм хэлъ мафІэмрэ и гурыщІэ гъунапкъэншэхэмкІэ. А цІыхур Алим и усэм дапщэщи щыщІэщыгъуэщ, щыкъулейщ. Апхуэдэ цІыхущ мыпхуэдэ псалъэр зи гущІэм къиІукІар:

*Махуэ екІуэкІым сыпІащІэу,*
*ХузэІузощэ сэ данэ.*
*ГъащІитІ къалэныр зы гъащІэм*
*ЗэфІэдгъэкІыну добанэ.*
*Къарум къыхохъуэ, зэм хощІыр,*
*Сэ сщІэн си гугъэм и ныкъуэ*
*СымыщІэфауэ къысфІощІыр –*
*Абы ирохъур сигу ныкъуэ...*

Апхуэдэущ Алим дунейм зэрытетар – ищІар фІэмащІэрэ нэхъыбэм хуэпабгъэу. ИщІамрэ хузэфІэкІамрэ езым фІэмащІэми, дэркІэ фІыгъуэ мылъытэщ абы къызэринэкІа дэтхэнэ тхыгъэри. Апхуэдэ тхыгъэщ Алим и романхэр – ди лъэпкъым иужьрей илъэсищэм къикІуа гъуэгуанэ хьэлъэм и тхыдэщ ахэр.

КІыщокъуэ Алим и зы романи дунейм къытехьакъым псалъэмакъ къимытэджыкІауэ, нэхъ белджылыуэ жыпІэмэ, псалъэмакъ ирамыщІэкІауэ.

Сыт хуэдиз дауэгъу иІа, псалъэм папщІэ, «Хъуэпсэгъуэ нурым» – Алим и япэ романым! Къэхъуами къэхъунуми «щыгъуазэхэм» тхакІуэр ягъэкъуэн-

шауэ щытащ, лъэпкъыр зэзыуштыжа революцэм «хэлIыфIыхьа» гуэрым пцIы трилъхьауэ ялъытэри. Апхуэдэ псалъэмакъ иращIэкIащ «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэми». «Пэжым темыплъэкъукI плъырхэр» къэзыгъэчэпар «Нал къутарщ» – щIэх ужьыхакъым а романым иращIэкIа псалъэмакъ мыфэмыцыр, «гупкIэм ис» куэд ирауштауэ щытащ абы, еджари емыджари ирагъэбэнащ. Абы къыщызэтенакъым: псалъэмакъым фIэкIри, «унафэ» тращIыхьащ романым, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIам «Къэбэрдейм и напэр трихауэ» ялъытащ, хьэIупс ящIащ... Апхуэдэ зэманщ КIыщокъуэ Алим и романхэр дунейм къыщытехьар: лъэбакъуэ лей пчы щымыхъу, цIыхур и жьэм «хуэсакъын» хуейуэ щрахулIа зэманщ. «Гупсыси, псалъэ, зыплъыхьи, тIыс» псалъэжьым шэч хуащI щыхъуа зэмант ар, упсэлъэн и пэ умыгупсысэмэ, «утIысынри» зыхуэIуа щыIэтэкъым...



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* Джэрыджэ Арсен, Елгъэр Кашиф, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, КIыщокъуэ Алим, Къэрмокъуэ Хьэмид, Бицу Анатолэ, Мэзыхьэ Борис, Тхьэзэплъ Хьэсэн сымэ.



Пэжыр IуэтэгъуафIэкъым, ар зыхузэфIэкIыр лIыгъэ зыхэлъ цIыхурщ. Къэрабгъэр абы и псэм йощэ – аращ игъащIэм къызэрекIуэкIыр: пэжыр сэтей хъун зыфIэфI къэрабгъэ къигъэщIакъым.

КIыщокъуэ Алим и романхэр ди лъэпкъым и нэгу щIэкIа гъуэгуанэм и тхыдэщ – ар иреIэфI е иредыдж. Иужьрей лIэщIыгъуэмрэ ныкъуэмрэ къапщтэмэ, тхыдэм и гъуэгуанэр щикIум цIыхури лъэпкъри зэкъымтIэукъым зэрыщхьэрыуар. Щхьэрыуарэ мыщхьэрыуарэ имыщIэххэу, Iэджэрэ гъуэгурыкIуэнкIэ мэхъу цIыхури лъэпкъри – ар я щхьэкIэ ягъэунэхуащ иужьрей щIэблэ зыбжанэм. Апхуэдэ къэхъункIэ щIэхъуар кърырахутэ тхыдэр зыджхэм, тхакIуэм и къалэныр нэгъуэщIщ: а гъуэгуанэм и пэжыпIэр – дыджми IэфIми – художественнэ образкIэ ди пащхьэ кърилъхьэнырщ, зыхыдигъэщIэнырщ, ди нэгу щIигъэкIынырщ. Ар къехъулIащ КIыщокъуэ Алим.

Зэрыхабзэщи, КӀыщокъуэм и романхэм жьантӀэр щызыӀыгъыр цӀыху цӀыкӀурщ, абы и дунейр, и гурыгъу-гурыщӀэхэр, и гупсысэ щэхухэр сэтей щӀынырщ тхакӀуэм и нэӀэ сыт щыгъуи зытетыр. КӀыщокъуэм и къалэмым къигъэщӀ цӀыхур нэгъуэщӀым хэгъуэщэнкӀэ Ӏэмал зимыӀэщ, ар езым и псэлъафэрэ и хьэл-щэнрэ зыбгъэдэлъыж цӀыхущ.

Алим и дэтхэнэ тхыгъэри гъэнщӀащ гупсысэр зыгъэлажьэ, гъащӀэмрэ зэманымрэ я кууупӀэр зи лъабжьэ псалъэмакъкӀэ. Тхыдэр игъэбатэми, нобэрей дунейм и шыфэлӀыфэр, и унэтӀыпӀэхэр игъэнахуэми, КӀыщокъуэм и къалэмым цӀыхум и гущӀэлъапсэр къызэрегъэдзэкӀыф, абы и фэм дэкӀымрэ и гум щыщӀэмрэ ди пащхьэ кърелъхьэф. Апхуэдэщ тхакӀуэм и иужьрей «Лъапсэ» романри.

Езым зэрыжиӀамкӀэ, Алим а романыр итхын хуей щӀэхъуам щхьэусыгъуэ куэд иӀэщ. ТхакӀуэр игъэгупсысэ зэпытт нобэ ди зэхэтыкӀэ хъуамрэ ди Ӏуэху зыӀутымрэ – аращ «Лъапсэм» и купщӀэ нэхъыщхьэр. Апхуэдабзэу Алим и щхьэм икӀыртэкъым ди лъэпкъым и нэгу щӀэкӀа гукъутэгъуэр – Кавказ зауэр. Тхылъ тедзапӀэм ныщӀыхьауэ Алим къыджиӀауэ щытащ Кавказ зауэм – адыгэ лъэпкъхэм я щхьэр зыхалъхьа зауэ гущӀэгъуншэм – теухуа роман итхын мурад зэриӀэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Алим а мурадым хунэсакъым. Зыхунэсар «Лъапсэ» романым хилъхьащ: абы едзыгъуэ-едзыгъуэурэ хэухуэнащ Кавказ зауэм и тхыдэр – адыгэхэр зыхэунэхъуа зауэм и хъыбар гуузыр. Нобэрей щӀэблэр щыгъуазэщ а гукъутэгъуэм – ар къызыхэкӀами, абы и кӀэм кърихъуами. Алим жиӀэу сэ зэхэсхащ: иужьрей илъэсищэ зыбжанэм дунейм зы насыпыншагъэ къыщыхъуамэ, абы я нэхъ хьэлъэр къалъысащ адыгэхэм. Адыгэ хэкур зыхисхьа зауэ лыгъэм, адыгэ лъэпкъхэм къатепсыха насыпыншагъэ ин дыдэм я пэжыпӀэр пӀуэтэн щхьэкӀэ, лӀыгъэ мыкӀуэщӀи, щӀэныгъэ кууи, цӀыхугъэ лъаги ббгъэдэлъын хуейт. «Лъапсэ» романым ущеджэкӀэ, гу лъумытапӀэр иӀэкъым ар зи къалэмыпэм къыщӀэкӀа тхакӀуэм апхуэдэ лӀыгъи, апхуэдэ щӀэныгъи, апхуэдэ цӀыхугъи зэрыбгъэдэлъам. Романым хэухуэна едзыгъуэ мащӀэхэми щызыхыбощӀэ КӀыщокъуэр ди лъэпкъ тхыдэм кууэ щыгъуазэу зэрыщытар, абы къытепсыха насыпыншагъэм игъэгузасэ зэпыту и гъащӀэр зэрихьар. Алим и романым урешалӀэ блэкӀыпӀэ зимыӀэ упщӀэм: ди лъэпкъым и натӀэ щхьэ хъуа апхуэдэ насыпыншагъэр, илъэс мин бжыгъэхэр зи ныбжь пасэрей лъэпкъыжьым и дунейр щхьэ къытеункӀыфӀэжын хуей хъуа зыӀэзыбжьэм, хэт абыкӀэ къуаншэр, хэт тхыдэмрэ дунеймрэ я пащхьэ адыгэ лъэпкъхэм къалъыса леймкӀэ жэуап щызыхьыр?!

Алим и тхыгъэхэращ къэбэрдей литературэм и цӀэр къэрал псом щызыгъэӀуар – ар хэт дежкӀи гурыӀуэгъуэщ. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщӀэр лъагэ художественнэ хъугъуэфӀыгъуэ хъуамэ, ар псом япэрауэ зи фӀыщӀэр КӀыщокъуэ Алимщ. Шэч хэлъкъым: мэзым зы жыгей закъуэ фӀэкӀ щӀэмытамэ (ар сыт хуэдизкӀэ мыабрагъуэми), абы мэзкӀэ еджэнтэкъым. Алим ящыгуфӀыкӀ зэпытт ди литературэм къыщӀэтаджэ щӀэблэхэм, лъэкӀ къигъэнакъым ахэр иущиин, гъуэгу захуэ тригъэувэн щхьэкӀэ. Ди литературэм нобэ щылажьэ дэтхэнэри къыщӀэтэджащ шу пашэм и щапхъэм.

Щапхъэ хъун мащӀэ къызэринэкӀакъым КӀыщокъуэ Алим. Къалэмыр нобэ зыгъабзэ дэтхэнэми и къалэнщ ди литературэм лъэбакъуэщӀэ иригъэчыныр. Алим щӀэблэм къахуигъэна уэсятщ ар – шу пашэм и гъуэгум зэрыпащэн гуащӀэрэ зэфӀэкӀрэ зыбгъэдэлъырщ, абы щӀэкъурщ Алим и щапхъэм, и фэеплъым хуэфащэ щӀэблэр. Ди лъэпкъ щэнхабзэ псор Алим и гуащӀэдэкӀым лъагэ дыдэ дэхъуащ. Ар нэхъри лъагэ зэрыхъунырщ Алим и ужь къина псори зыхуэлэжьэн хуейр. Ар зыхузэфӀэкӀын щӀэблэ къыщӀэхъуэнырщ КӀыщокъуэ Алим хъуэпсапӀэрэ плъапӀэу иӀар.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

# НАСЫП МЫУХЫР ЗИ ГУРАЩЭ

Ныбжьэгъу, уэ фIыкIэ уигу сыкъэкIым,
Си гъуэгу кIыхь хъуну къызэхъуэхъу.

**КIыщокъуэ Алим**

Дауи, лъэпкъ литературэр зы цIыху и гуащIэкIэ къызэгъэпэща хъуркъым. Апхуэдэ Iуэхугъуэшхуэм езым хуэфэщэж къару токIуадэ. ИкIи ар щызэфIэувэр къэзылъхуа лъэпкъым псэ къабзэрэ хьилмы нэхукIэ хуэлэжьэну хьэзыру литератор куэд щыщыIэм дежщ.

АрщхьэкIэ а литераторхэр зэхуэдэкъым. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри езым и шы тесыкIэ елъытауи, шым ижынур зыхуэдизымкIи адрейхэм къащхьэщокI.

Уардэрэ пкъыфIэу, сыт и лъэныкъуэкIи нэхъ зэгъэпэщауэ, жыжьэ къиплъым и нэми ар нэхъ къыIуидзэу, шу гупым къахэкI хабзэщ зы шу екIу дыдэ, зэрыгупу фэ къатригъауэу. Зауэшхуэм и пэкIэ апхуэдэ шу пашэу диIар ЩоджэнцIыкIу Алийщ, Алий и ужькIэ КIыщокъуэ Алимщ.

КIыщокъуэ Алим 1914 гъэм къалъхуащ, 2001 гъэм и пэщIэдзэм дунейм ехыжащ. Ар илъэс 70-м нэблагъэкIэ ди литературэм псэемыблэжу хуэлэжьащ. 1934 гъэм абы итхащ «Бгы лъапэхэм деж» зыфIища и япэ поэмэшхуэр. Абы лъандэрэ КIыщокъуэм и тхылъ куэд, усэуи прозэуи, дунейм къытехьащ. ИкIи игъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу жыпIэ хъунущ: ар ди бзэкIэ ятхауэ щыIэм и курыхыр фIыуэ къызэщIэзыубыдэ зы библиотекэ ес ирокъу. ЩоджэнцIыкIу Алий кIэлъыкIуэу ди адыгэ поэзиер япэкIэ лъэщу игъэбэкъуащ КIыщокъуэ-усакIуэм. Прозэм зрита нэужь, нэхъыбэж хузэфIэкIащ. Ди республикэми къыщымынэу, ди къэралышхуэм щыпсэу романист нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэу къекIуэкIащ КIыщокъуэр. ИкIи ар тхакIуэм къилэжьащ.



ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэ кIэщIхэр эпикэм и IэмалхэмкIэ узэда теплъэгъуэ цIыкIу хуэдэу къыпщыхьуурт, мыбдеж нэхъ щытепщэри социальнэ макъамэрт. Дыгъуасэмрэ нобэмрэ зэплъыту, жьымрэ щIэмрэ уахэдэрэ щIэр къыхэпхыу, ар бгъафIэу, поэзием и къарукIэ зэщIэбгъэлыдэу, абыкIэ цIыхухэм яухуэ дунеищIэм уэри ухэлIыфIыхьу, – ар зыгуэрым и унафэу аратэкъым, атIэ литературэм, искусствэм я пащхьэм къиува къалэн инт, къызыпкърыкIари зэманырт, гъащIэрт.

ЩоджэнцIыкIу Алий телъыджэу ехъулIэрт а къалэным. ПсэукIэщIэм къыздихьа фIым усакIуэр макъ утIыпщакIэ пэджэжырт.

КIыщокъуэ Алими аращ тхэн къызэрыщIидзар – и Iустазым и «мэсхьэбым иту».

Ауэ куэд дэмыкIыу наIуэ мэхъу езы гъукIэгъэсэн щIалэри зэрымыхуэмыхур: Алий емыщхьу – абыи нэхъри щIэщыгъуэ къыпщищIу – нэгъуэщI зы къэбэрдей усакIуэ лъэрызехьи къызэрыунэхуар. «Бгы нэпкъым тет жыгей», «Си дыгъэ», «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу» усэхэр абы и щыхьэтт.

*ЖыгыщIэ хьэмэ ар гъужа?*
*Бгы натIэм тети зы жыгей,*
*Ар бгым къелъэну щIегъуэжа*
*КъысфIэщIу сэри сыдоплъей.*

**(«Бгы нэпкъым тет жыгей»)**

*Сэ куэдрэ, куэдрэ сигу къолъадэ*
*Шы жэр сытесу къэскIухьын,*

*Ди хэку губгъуэшхуэм сынилъадэу*
*Зэдэжэм пыIэр яфIэсхьын.*
**(«СыкIуэнт нэхъ псынщIэу»)**

Нэм къыIуидзэ къэхъукъащIэ гуэрхэр къегъэжьапIэ ищIми, а къэхъукъащIэхэр кърибжэкI-кърaитхэкIыу усакIуэ щIалэр абыкIэ къэувыIэжыркъым; ар, зэрыжаIэщи, «щхьэусыгъуэт». Нэхъыщхьэр – авторым игъэтIыгъуэ, иужькIэ къиIуэтэну гупсысэрт.

*Хэт ейми содэ сэ а пыIэр,*
*Ухуейми си щхьэм хуремыхъу,*
*КIуэфынкъым жыжьэ зи гур щIыIэр –*
*Шум лъэсыр гъуэгум щыдэмыхъу.*

*Насып мыухыр зи гуращэр*
*Махуэл и гъуэгум щыхуэмей,*
*Псэуну гъащIэ зыхуэфащэр*
*МыувыIэу кIуэхэр аркъудейщ.*
**(«СыкIуэнт нэхъ псынщIэу»)**

Зэрынэрылъагъущи, а къежьапIэ хуэхъуа Iуэхугъуэ къызэрыгуэкIхэм усакIуэр фIыуэ ящхьэдэплъыхыфырт, ар жыжьэ плъэрт, лъагэуи и гупсысэм зиIэтырт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, усэр щIагъыбзэ куурэ философие узыншэкIэ псыхьауэ къыщIэкIырт.



Апхуэдэу поэзием и зы лIэужьыгъуэу *философие лирикэкIэ* зэджэм и къехьэжьакIуэ ди деж щыхъуащ КIыщокъуэ Алим. Ар нэхъри нэрылъагъу ящI Хэку зауэшхуэм и зэманым КIыщокъуэм итха усэхэм.

КIыщокъуэ Алим и тIолъхуэныкъуэу ещхьщ и лирическэ лIыхъужьыр. Ар гъащIэм гукъыдэж ин хузиIэ цIыху гуащIафIэщ. Щхьэх жыхуаIэр и пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым. Сыт щыгъуи шу хьэзырщ. ФIымрэ Дахэмрэ и Iэпэгъущ. Захуэм и щыжакIуэщ. Ем и бийщ. «Гугъуехь сыхуэзэнт» жимыIэу, къикIуэт зымыщIэщ. Дауи, апхуэдэлIыр икIи шыщхьэмыгъазэу хахуэщ. Лъахэм къихьа бийм ар ткIийуэ зэрыпэувынуми шэч хэлъкъым.

*Бийр къыщытеуэм ди унэ,*
*Сэ Iэщэ сIыгъыу сыпежьащ.*

Къызэринэкlа и лэгъунэ хуабэм и пIэкIэ абы иджыпсту и егъэзыпIэр окоп уейпсейрщ.

*Си фочым IэплIэ есшэкIау,*
*Окоп блын щIыIэм зызогъэщI.*

Гупсысэ хьэлъэм къыхегъэзыхь ар иджыпсту: уэ уи псэм пэпщIыр бийм хэутэн ищIамэ – абы нэхъ шэчыгъуей щыIэ!

*Нэмыцэр хуэму бжьэпэм докI,*
*Къурш щхъуантIэ дахэм щыту йоплъ,*
*ЩIыгу сыщапIами тетын лъокI,*
*Ар сыту хьэлъэ. Си гур къоплъ.*

Пэж дыдэу, ар сыту хьэлъэ: Лъагагъэр и нагъыщэрэ Къабзагъэм и пщалъэу ижь лъандэрэ къэгъуэгурыкӀуэ уи лъахэм лей къызэрытехьэр, укъэзылъхуа щӀы-анэр бий лъакъуэ фӀейм зэриутэр плъагъуу упсэуну! Уи гур къэплъын, узэгуэпын дэнэ къэна, укъэчэнщ, уилӀыкӀыпэнщ! Ауэ… шыӀэ зыхэбгъэлърэ (ари лӀыгъэщ!) уегупсысмэ, нэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ къызэрыплъыхъуапхъэр хьэкъ пщохъу: уи нэм къыщхьэримыпхъуэу, Ӏэдэбу, лӀы хуэдэу къыщӀэкӀи, едзыт а бий нэжэсым хуэфащэ удын! ИкӀи абы зегъэбыдэ, нобэкӀэ гуауэ къытепсыхами, пщэдей зэрыпхъуакӀуэм иридзыну удыным зыхуигъэхьэзыру, лейзехьэм зэрытекӀуэнури и фӀэщ мэхъу, а фӀэщхъуныгъэр къызыхэкӀри фӀыуэ ещӀэж:

*Ди щӀыгу къарукӀэ сэ сылъэщщ.*

Ди щӀыгу къарукӀэ лъэщщ, лъахэм и махъэкӀэ гуащӀафӀэщ а лӀы икъугъэри, пасэрей алыджхэм я Антей уигу къегъэкӀыж (а лӀыхъужьым и анэр щӀылъэр арати, и ӀэпкълъэпкЪ пщыкӀутӀым языхэзкӀэ щӀы щхьэфэм еӀусэ закъуэмэ, зыри къыпэмылъэщыжын хуэдэу къару къыхыхьэрт).

Хэку зауэшхуэм и зэманым КӀыщокъуэ Алим итха усэхэр нэхъ щӀагъуэ, нэхъри гум ехуэбылӀэ зыщӀ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ анэм и образыр. Фронтым Ӏут зауэлӀым и ӀэнатӀэ хьэлъэр щигъэпсынщӀэу, махуэ кӀагъэпшагъэр дэнэ къэна, я нэхъ жэщ кӀыфӀми дыгъэ къуэмыхьэжу къыхуепсу и гущӀэм щехъумэ анэ лъапӀэм и теплъэ угъурлыфэмрэ абы къигъэуш гупсысэ нэхухэмрэ. Анэмрэ Лъахэмрэ зэбгъэдигъэувэну, зэригъэпщэну япэ дыдэ гукъэкӀ зыщӀар, дауи, зы акъылыбэ дыдэ гуэрщ. Арыншамэ, а зэгъэпщэныгъэр илъэс мин бжыгъэкӀэ къэгъуэгурыкӀуэну къыщӀэкӀынтэкъым, лъэпкъ псоми, усакӀуэ псоми зэдай хъуауэ. Пэж дыдэу, анэр зыхуэбгъадэ, зэбгъапщэ хъуну щыӀэр зы закъуэщ: лъахэрщ. Лъахэр зыхуэбгъадэ, зэбгъапщэ хъуну щыӀэри зы закъуэщ: анэрщ. А тӀур, анэмрэ лъахэмрэ, я гуащӀэкӀи быным хуаӀэ лъагъуныгъэкӀи зэхуэдэу къыщӀэкӀынущ, а гуащӀэм и инагъымрэ а лъагъуныгъэм и кууагъымрэ къызэрупщын ӀэмалрэӀэмэпсымэрэ дунейм щыщымыӀэми. А тӀум языхэзми мыпхуэдэу зыхуэбгъазэ мэхъу:

*Уэ фӀыуэ солъагъури –*
*СытокӀуэ, сопсэу.*

**(«Уигу, си анэ, сыкъэкӀмэ»)**

* * *

Зауэм щыгъуэ усэу ятхам я нэхъыфӀ дыдэ зырызым ящыщу къыщӀэкӀынщ КӀыщокъуэм и «ЩӀэпхъуэжахэр».

ЗыкъызыфӀэщӀыжа Наполеони параноик Гитлери «зыфӀэувар» зы «пхъэӀэпэдзэщ»: зауэ кӀыхьлӀыхьым Ӏуэхур щыхуэкӀуэм деж къэлъытапхъэр – «дзитӀ зэпэщӀэувэнум дэтхэнэр нэхъыфӀу зэщӀэузэда» жыхуэпӀэм и закъуэкъым. Я щӀы кӀапэ тетыжу, я лъахэр яхъумэжу цӀыху псори зэкъуэту къызэщӀэтаджэмэ, абыхэм уазэрыпэлъэщынрэ апхуэдэ къэралыгъуэм узэрытекӀуэн Ӏэщэрэ дунейм щыщыӀэкъым. А гупсысэм ухуишэрт КӀыщокъуэм и усэм, ар щитхари 1942 гъэ хьэлъэм и бжьыхьэ пшагъуаерт.

Нэхъ телъыджэжщ мыгувэу усакӀуэм и Ӏэдакъэм къыщӀэкӀа «Жыг закъуэ» усэр, и купщӀэкӀэ «ЩӀэпхъуэжахэм» пэджэжыр.

Окопым щхьэщытщ жыг закъуэ, «иуфэкъауэ топышэм», «щӀакъуэу»;

абы «уIэгъэу телъыр пхуэбжынкъым».

ИтIани:

*Жыг джафэр мафIэм къелауэ*
*КъотIэпIыр кIэщIхэу къудамэр,*
*И лъабжьэр гъуэжьу къыщIэщми,*
*Тез хъуащ щхъуантIагъэр Iэрамэу.*

Сыт хуэдиз бэлыхь къытемыпсыхами, ажалым щыщтэу, лIэныгъэм щхьэщэ хуэзымыщIа, лъэбышэ ящIами, зэфIэту къызэтенэу, гъатхэ дыгъэпсым пэлыду гъащIэ фащэ – щхъуантIагъэр – зыщызытIэгъа жыг закъуэр – сыт хуэдэ гугъуехьрэ хьэзабрэ къылъымысами, лъэгуажьэмыщхьэу яхуэмыгъэува, IейкIэ и ужь къихьэм кIэ езытыф, къару мыкIуэщIри зи дамыгъэ Лъахэм и образ уардэкъэ!

А уситIым фIэкIа имытхами, «усэ къарукIэ бийр ягъэсу», зауэ зэманым ТекIуэныгъэм хуэлэжьа усакIуэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэу Тихонов Н., Твардовский А., Симонов К., Кулиев Къ. сымэ ящыщ зыуэ къэлъытапхъэт КIыщокъуэр. Ауэ абы итхар нэхъыбэ мэхъу.

* * *

УсакIуэ нэсым и нэщэнэр – къызыхэкIа лъэпкъым дамэгъу хуэхъунырщ, цIыхухэм къатещIэ хьэлъэр ядиIэтыфу, я гъащIэ мытыншыр ядигъэпсынщIэфу, я дунейр нэхъ нэху, нэхъ хуит яхуищIыфу. Дауи, ар къызэхъулIэри щхьэгъубжэм зэзэмызэ къыдэплърэ и нэм къыIуидзам къыхипхъуэтыкIа гуэрхэр къезытхэкIыркъым. УсакIуэм и инагъыр зэлъытар абы и псэм и инагъырщ. ИкIи ар нэрылъагъу щохъу КIыщокъуэ Алим и деж. «Сэ сыпсэуакъым си щхьэ закъуэу», – жеIэ абы. Пэжщ ар. ЦIыхур гуфIэмэ, дэгуфIэу, гузавэмэ, дэгузавэу, бэлыхь къытепсыхэмэ – езым япэ зыпэщIидзэу къэгъуэгурыкIуащ усакIуэр. Аращ мыпхуэдэу щIыжиIэфари:

*КъывэхьэлъэкIыр вдэзгъэпсынщIэу,*
*Фэ фшэчыр сшэчмэ, си насыпу,*
*Фэ уэс къыфтесэм, сэ сыпIыщIэу, –*
*ФхузощIыр мафIэ, дэп къэсщыпу.*

ЦIыхум фIы яхуищIэхукIэ, къыхуэныкъуэм нэхъыбэкIэ ялъэIэсыхукIэ, усакIуэм и зэфIэкIми хохъуэ, ахъумэ хэщIыркъым, усакIуэмрэ ар зыхуэусэхэмрэ лъынтхуэкIэ зэпхащи. «Уэрэд жызыIэм игу мыпIыщIэ», «фIыкIэ цIыхум яхуоусэри», бэм щхьэузыхь захуищIыну хьэзырщи:

*Гуауэу къыслъысыр*
*Си гум къыщынэу,*
*ГуфIэгъуэ сихуэм,*
*ЦIыхум ялъысу.*

* * *

50 гъэхэм ди гъащIэм махуэ уэфI нэхъ къыхэхуэу щIидзат. ТхакIуэ цIэрыIуэ Эренбург И. «Къовыж» щыжиIари абы щыгъуэщ. ЦIыху куэдым я

гум трищIа мылыр къэвыжу, хуабагъэмрэ щабагъэмрэ нэхъ ищIыIу хъууэ (искусствэм, культурэм, литературэм гулъытэ нэхъ щигъуэту) хуожьэ. Псалъэм къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ: иужькIэ зи цIэ жыжьэ нэIуса тхакIуэхэу Айтматов Ч., Абрамов Ф., Астафьев В. сымэ, нэгъуэщI куэдми я тхыгъэ купщIафIэхэр а дыгъэпсым къигъэжэпхъауэ щытащ.

КIыщокъуэ Алими куэд щIауэ хуэхьэзырт абы.

А илъэсхэм гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр тхыгъэ куэдым къыхощыж. Ауэ а зэманым ятхам и нэхъыфIхэм ящымыщу пIэрэ КIыщокъуэм и «Уузыншэм!» – сэ жызоIэ» усэр?! ЦIыхугъэм и гимн фIэпщ мыхъуну пIэрэ мыбы!

*Фыузыншэм, ди жыг жьауэ,*
*ПсыIэрышэу тхуэмыубыд.*
*МафIэ гуэри къэлыдынум,*
*Жьэгум дэлъыр кърелыд.*
*Шэ шынакъым щIакхъуэр щIыгъуу*
*Узыншапэуи щрет.*

А жыг жьауэри а псыIэрышэри дыгъуаси щыIам пцIы хэлъкъым. Ауэ зи псэр къэхуэбэжа цIыхум псори нэгъуэщI зыгуэру елъагъу, псори нобэ фIэщIэщыгъуэщ – зытет дунейри къэзыухъуреихь цIыхухэри. УсакIуэми къигъуэтыфащ ар къызэриIуэтэн Iэмал шэрыуэ.

Шэ шынакъымрэ щIакхъуэ Iыхьэмрэ узыншэмэ, ар зи шхыныгъуэ гугъуехьакIуэм, лажьэу шхэжу еса цIыхум и Iуэху зэпэщмэ, Хэкур узыншэщ, къэралым и Iуэху тэмэмщ. Армыракъэ – псори щхьэгъэпцIэжщ. Куэд щIащ ар КIыщокъуэ Алим къызэрыгурыIуэрэ. Политик щхьэхуещэу цIыхухэм гъуэрыгъуапщкIуэ ядэджэгухэм, къыхуеджэныгъэ тэрэфарэхэмкIэ Iуэхур зэфIэзыгъэкIыу къэгъуэгурыкIуахэм абы щыгъуи (нэхъ иужьыIуэкIи) ар къагурыIуатэмэ (къагурыIуами къыщымынэу – зэрагъэзэщIэным пылъатэмэ), иджыпсту дызыхэплъэ зэхэзэрыхьам дыхуэкIуэну къыщIэкIынтэкъым.



* * *

Сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэ цIыхум яIэми, усакIуэр абы псэкIэ поджэж. Иджыпсту хэти щыгъуазэщ адыгэбзэм и къэкIуэнум куэд зэрытегузэвыхьым. Ди прессэм щIэх-щIэхыурэ ущрохьэлIэ абы къыпкърыкIа псалъэмакъ. Бзэр – хьилмы Iуэхущ. ЦIыхур и анэдэлъхубзэм зэрыхущытым къеIуатэ ар езыр зищIысыр, абы и хъуэпсапIэр, и къэухьыр здынэсыр, и цIыхугъэм и гъунапкъэхэр.

КIыщокъуэ Алим и иужьрей усэхэм ящыщ зым щыжеIэ: «Си гъащIэр хьэхуу къызатамэ, БзэмыIу сыщыхъум изотыж», – анэдэлъхубзэр езы гъащIэм нэмыщI зыпэпщI хъун зэрыщымыIэр игъэбелджылыуэ. Алим сыт щыгъуи тегузэвыхьырт анэдэлъхубзэм хуэфащэ Iулыдж зэримыгъуэтым. Абы и щыхьэткъэ илъэс плIыщI нэблагъэ и пэкIэ итхауэ щыта усэ телъыджэр – «Гъуэгу къежьапIэр».

Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи акъыл хунэмысу, Iуэхум пхэнжу бгъэдыхьэр «си бынир адыгэбзэ евмыгъаджэ» жызыIэ унэгуащэ щIэныгъэншэхэм я закъуэкъым. ЩIэныгъэ яIэу, интеллигенту зызыбжыжхэми къащыхэкI щыIэщ псалъэмакъ мышыу зыгъэIухэр. А псоми яхуэгъэзащ усакIуэм и ауаныр:

*Адыгэбзэр сыт щIэзджынур,*
*Зыдынэсыр КъалэкIыхьырщ.*

Зи щхьэ пщIэ хуэзымыщIыжым нэгъуэщIми хуищIыфынукъым. Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэми и анэдэлъхубзэр Iурылъыжщ. Аращ, анэдэлъхубзэрщ псом япэу цIыхур и лъэпкъым и блэкIами, и лъахэм и тхыдэми, дуней псом щызекIуэ щIэныгъэми езыпхыр. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ узыншэр КIыщокъуэм и усэм екIуу къыщеIуатэ:

*Бзэр шу лъагъуэм хузогъадэ,*
*Бгъуззэу щытми, станцым нос.*
*Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу*
*ГъущI гъуэгушхуэм сытехьакъым.*
*Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу*
*Урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым.*

Хэт жиIэфын мы усэм и пIалъэр икIауэ?

* * *

«Шум и гъуэгу» – аращ КIыщокъуэ Алим и тхылъхэм я нэхъыфI зым фIищар. «Шум и гъуэгу» – апхуэдэу хужыпIэ хъунущ КIыщокъуэм ди лъэпкъ литературэм къыщикIуа гъуэгуанэ абрагъуэми. АдыгэбзэкIэ тхылъ къеджэ дэтхэнэми куэд щIауэ гу зэрылъитащи, гъуэгумрэ гъуэгум тет шумрэ усакIуэм и пшыналъэм дамыгъэ нэхъыщхьэ хуэхъуа нэщэнэхэм ящыщщ. Мыхэр нэщэнэщ, символщ, ахъумэ «гъуэгум» къуажитI е къалитI зэпызыщIэ гъуэгу, «шум» Iэмал имыIэу шым тес жиIэу къаригъэкIыу, я гъунапкъэри абдеж къыщызэтеувыIэжу аракъым.

«Гъуэгур» – гъащIэрщ, «шур» – гъащIэм зи гур хузэIуха цIыхущ. Гъуэгур зыхуэдэр зэлъытар а гъуэгум ирикIуэрщ. Гъуни нэзи иIэкъым КIыщокъуэ Алим и «гъуэгум» – гъуни нэзи иIэкъым гъащIэм и кууупIэр сыт щыгъуи къэзылъыхъуэ, ФIым, Дахагъэм емышыжу зи гуащIэр хуэзыгъэпс лIым и хэлъэтыр здынэсынум, и хьилмым къигъэбэтэнум, и псэм хулъэкIынум.

КIыщокъуэ Алим и лирическэ лIыхъужьыр махуэл имыIэу гуращэ лъагэм хуэкIуэ цIыху жыджэрщ. Удехьэх абы гъащIэм хуиIэ гукъыдэж иным, гуащIэдэкI хьэлэлым кърит дэрэжэгъуэшхуэм. Ар сыт и лъэныкъуэкIи узэхъуапсэ хъун цIыху Iэпсолъэпсощ, фIэрафIэ, щэджащэ зыхужаIэм хуэдэщ.

ЦIыхур шы шэсу щыщыта зэманыр фIокIри, шым и пIэ автомобиль къоувэ. Автомобилри «жьы» мэхъури, кхъухьлъатэм и лъэхъэнэр къыкIэлъокIуэ. Ракетэми зигъэгувэжыркъым… Ауэ къэунэху махуэщIэм дэщIэращIэ мыхъумэ, зыкIи емыфэгъуэкIыу, уеблэмэ сыт щыгъуи зы фоч уэгъуэкIэ адрейхэм япэ иту КIыщокъуэм ноби екIу «Шум и гъуэгур».

* * *

ЗэхъуэкIыныгъэ… 1985 гъэм и апрель мазэм ди дунейр, ди гъащIэр ефIэкIуэн папщIэ кърахьэжьа Iуэхугъуэшхуэм цIыхубэм я гум хъуэпсэгъуэ нэхухэр къыщигъэушащ.

А зэманым КIыщокъуэ Алим итха усэхэм къыхэтэджыкI лирическэ лIыхъужьыр цIыху Iущщ, фIэрафIэщ, сыт и лъэныкъуэкIи зэкIужщ. Абы губ-

зыгъэу зэпешэчыф дыгъуасэмрэ нобэмрэ, пщэдейрей махуэщIэми хуэхьэзырщ. БлэкIар фIы дыдэу зыщIэж, къэкIуэнум къыхэмыщтыкIыу хуэбакъуэ а цIыху зэпIэзэрытыр мыфэрыщIу хьэлэлщ, хуумыгъэфэщэнуи гу щабэщ. И гупсысэр жанщ, дамабгъуэщ, лъагэуи щолъыхъуэ. ЦIыхухэр, ауэ сытми псалъэ дыгъэлкIэ мыхъуу, гу къуэпскIэ зэрызэпыщIар хьэкъыу пхыкIащ:

*Зы унагъуэм гъыбзэ щыIумэ,*
*Я гъунэгъури ягъэгуIэ.*

Нэхъ набдзэгубдзаплъэу укIэлъыплъыху, абы нэхъри узыIэпешэ: хахуэщ, къаскIэми хуэхейщ; гупсэхуу хэдэнущ, пIэщIэгъуэкIэ къыхихынукъым, къыхихмэ, къыхихынури Захуэрщ, Пэжырщ.

*Уафэр гъуагъуэу щыблэр уэми,*
*Узытетым утемыкI.*

Махуэм махуэ къелъху. Зэманыр макIуэ. Зи нэхъыжьыгъуэр дунейм йохыж. Лъэпкъым щIэблэ къыщIохъуэ. Дунейм и гъусэу бзэри зэIэпах; «бзэр – мафIэм хуэдэу – мыкIуэду» цIыхухэм яхъумэ. Яхъумэ, бзэр лъэпкъым и тхыдэщи, и напэщи, и хьилмыщи. Яхъумэ, ар цIыхугъэщи.

*Дядэм ядэжхэм я тхыдэр*
*ЩIэмыкIуэдари аращ.*



Лъэпкъым и бзэр (бзэм, псалъэм, художественнэ творчествэм ехьэлIа псори) къэрал, дунейпсо Iуэхуу зэрыщытыр усакIуэм щIэгъэщхъуэжауэ къеIуатэ:

*Уэрэдыр лIыгъэм хуаусмэ,*
*И псалъэр вагъуэм лъоIэс.*

Нобэ «хужьщ» жыхуиIам пщэдей нэхъ фIэмыкIыу «фIыцIэ» фIэзыщыжыну хьэзыр къэрабгъэр уэрэдым, усэм, искусствэм и дэтхэнэ лIэужьыгъуэми нэхъ пэIэщIэху нэхъыфIщ. Сыту жыпIэмэ ар къэрабгъэ IэщIагъэкъым. Псалъэр езыр хьилмы гъэлъэгъуапIэ къудейкъым, ар икIи лIыгъэ зыхэгъэкIыпIэщ. Ар Iэщэу къэзыгъэсэбэпыну зыхуэфащэри гу зыкIуэцIылъырщ. АпхуэдэлIщ КIыщокъуэ Алим и лирическэ лIыхъужьыр. «КъыпэкIуэнур иреуае, Сэ стхы усэм сопэжыкI» – абы щыжиIэкIи, ар уи фIэщ мэхъу, шэч лъэпкъ къытумыхьэжу.

Пэжщ, а лIыхъужьым ныбжьыфIи иIэщ, куэдыщэ и нэгуи щIэкIащ! АрщхьэкIэ и ныбжьым щIихакъым абы и къарур. Хъуэпсэгъуэщ абы гъащIэм, гуащIэдэкIым хуиIэ гукъыдэжыр! ЛъэхъэнэщIэм къигъэув къалэн лъагэхэми ар екIупсу хуэхьэзырщ, фIэщхъуныгъэ хэлъуи япэкIэ маплъэ:

*КIуэ пэтми уафэр мэхъу нэхъ къабзэ.*

Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым КIыщокъуэ Алим и усэбзэр зэрыщIэгъэщхъуам. Абы и дэтхэнэ сатырри псалъэжьым йохьэйохуэ жыпIэми ущыуэнукъым»: *«И щхьэм хуэхъур лIым и пыIэщ»; «ЩIым и уасэр щIым и фIагъщ»; «Хуейщ пцIыупсым и зы псалъэм Я нэхъ мащIэу щыхьэтитI».* Апхуэдэ щапхъэхэр куэд мэхъу.

Зы псалъэуха закъуэкӀэ теплъэгъуэ псо уи нэгу къыщӀегъэхьэф усакӀуэм:

*Жызум къуэпсхэм бжэгъу яӀыгъыу*
*Дыгъэ уапӀэмкӀэ дожей.*

Къытезгъэзэжурэ мы усэхэм сыкъыздеджэм, мыпхуэдэу сегупсысащ: ярэби, сыту тхьэмыщкӀэ мыбы зыхэзыгъэкӀыж адыгэхэр (сыбзыщӀыжынкъыми, псом япэ си гур здэжари «адыгэбзэкӀэ ятха лъэпкъ сыкъеджэркъым» жызыӀэ щӀэныгъэлӀым, докторым дежщ). Си фӀэщыпэу жызоӀэ: КӀыщокъуэ Алим иужьрей илъэсхэм итха усэхэм укъеджэн, абыхэм я Ӏэфӏыр зыхэпщӀэн щхьэкӀэ адыгэбзэр умыщӀэми зэбгъащӀэ хъунти!

Мы усэхэм къытебгъэзэжурэ щӀэрыщӀэжу укъыщӀеджэн нэгъуэщӀ зы щхьэусыгъуи щыӀэщ: мыбыхэм фӀэкӀа нэгъуэщӀ зыри димыӀами, жыпӀэ хъунтэкъым ди къэралым къыщрахьэжьауэ щыта ЗэхъуэкӀыныгъэм хуэхьэзыру къыщӀэкӀа цӀыхурэ абы и дуней еплъыкӀэ-лъагъукӀэр къэӀуэта щыхъуа художественнэ тхыгъэрэ щымыӀэу.

* * *

КӀыщокъуэ Алим прозэми нэхъыбэж щыхузэфӀэкӀащ.

Октябрьскэ революцэм, граждан зауэм, социализм яухуэну щрагъэжьа япэ илъэсхэм («Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым и сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантӀэ»), Хэку зауэшхуэм («Щынэхужьыкъуэ», «Нал къута», «Кхъужьыфэ») ятриухуа романхэр, иужькӀэ къыдэкӀа «Лъапсэ» тхылъыщӀэри яхэтыжу, лъэпкъыбэм зэдай совет литературэм зы едзыгъуэфӀу хэуващ, езыри къэралышхуэм щыпсэу нэхъ тхакӀуэшхуэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр тхылъеджэми я фӀэщ хъуащ.

Я дуней тетыкӀэ, я цӀыху щӀыкӀэ, я хьэл-щэн елъытауэ персонаж зэмыщхь куэдыкӀей зыхэт иужьрей романым темэ нэхъыщхьэуи персонаж пажэуи кӀуэцӀрыкӀыр адыгэ лъахэрщ, адыгэ хэкурщ, адыгэ Ӏуэхущ. А псори къызэщӀиубыдэну зы псалъэ закъуэ къилъыхъуэщ тхакӀуэми, къигъуэтащ пычыгъуитӀ къудей фӀэкӀа мыхъуу: «Лъапсэ».

Абыи къыщынэркъым. Тхылъым и пэм къыщыщӀэдзауэ и кӀэм нэсыху щекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэхэм я хъыбарыр къэзыӀуэтэжыну тхакӀуэм зытригъэхуар цӀыхубзщ – Дэфэрэджщ (романым ДэфэрэджитӀ хэтщ; къэзыӀуэтэжыр – Дэфэрэдж-нэхъыщӀэр – нобэрей цӀыхущ, дохутыру мэлажьэ; Дэфэрэдж-нэхъыжьыр абы и анэшхуэщ). Университетым и медфакым зэрыщригъаджэм къыдэкӀуэу, ар дехьэх къэхутэныгъэ лэжьыгъэм, и диссертацэм эпиграфу хухихари Мухьэмэд бегъымбарым и псалъэ Ӏущхэрщ: «ЦӀыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цӀыхубзыр фӀы хуэзэмэ, къэралри фӀы хуэзащ, цӀыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ». А псалъэхэр езы романми эпиграф хуэхъу къыпфӀощӀ, сыту жыпӀэмэ адыгэ цӀыхубзым гъащӀэм щиӀэ увыпӀэм куэд зэрелъытар, абы и деж лъэпкъым и гуныкъуэгъуэ псори зэхуэхьэсауэ зэрекӀуэлӀэжыр тхакӀуэм зэи щыгъупщэркъым. НэгъуэщӀу жыпӀэмэ, «Лъапсэ» фӀэщыгъэцӀэр къатитӀу зэтокӀыжри, етӀуанэм – лъахэм, хэкум, лъэпкъым лъабжьэ хуэхъуж, лъапсэм и лъапсэж, жиӀэу къокӀ.

Уигу къонэж Хьэкурынэ, Барчо, Гуащэ сымэ. Щхьэж и хьэл-щэн иӀэжми, ахэр зыкӀэ – я цӀыхугъэкӀэ – зэщхьщ.

Зыми хуэдэжкъым Дэфэрэдж. А цӀыхубзыр нартыгу хахуэщ, гугъуехьыбэр къытегуплӀэми, зэрызэтету къонэ, лъэпощхьэпоуэ зыӀуууэм нэхъ Ӏущ икӀи жыжьаплъэ хъуауэ къыхокӀ. Тыркум кӀуэуэ къэкӀуэжа, «муслъымэн



7 Заказ № 150

щIыналъэкIэ» зэджэми жэнэт зэрыщытхуамыгъэтIыгъуэр зи нэкIэ зылъэгъуа, а псом нэмыщIыжкIэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ кIэщIущыгъэ-щIэныгъэхэм ящыщ зым хуэIэижь (Дэфэрэдж удзкIэ мэIэзэ) а цIыхубз телъыджэрщ къэзыгъуэтри лъэпкъыр мыкIуэдыжыпэнумэ, абы и хэкIыпIэу къэнэжа закъуэр: «ЦIыхум анитI иIэкъым, – жеIэ абы, хэкум икIыну зызыгъэхьэзырхэм яхуэгъэзауэ, – къэзылъхуар зыщ, и лъапсэ щыбыдэ лъахэри зыщ, уи лъапсэр бгъэгъумэ, уи лъэпкъыр кIуэдащ. КъыптекIуэр гугъущ, жаIэ щхьэкIэ, а къыттекIуэу дызыпэмылъэщым дыгурывгъаIуэ. Фи жьэгум илъ мафIэр фымыгъэункIыфI».

«Лъапсэ» романыр Iыхьитху зэхэухуэнащ. Зыр лIэщIыгъуэ блэкIам теухуамэ, етIуанэм къигъэлъагъуэр Дэфэрэдж-нэхъыщIэр зытет дунеймрэ къэзыухъуреихь цIыхухэмрэщ. А Iыхьэм и щIэдзапIэ хъур сымаджэ хьэлъэу зы цIыхубз цIыкIу дохутыр-гинеколог Дэфэрэдж къызэрыхуашэрщ; ар къызэфIэувэжу сымаджэщым щыщIатхыкIыжым романри деух. Ауэ а махуэ (е тхьэмахуэ) бжыгъэм фIыуэ щхьэдох Iуэхур щекIуэкI зэманыр, 40–70-гъэхэр къызэщIиубыдэу.

ЦIыху нэпцIхэмрэ цIыху нэсхэмрэ щызэпэщIэтщ КIыщокъуэм и романым.

Абы къигъэщIа цIыхубз образ нэхъ хьэлэмэт дыдэхэу Хьэбибэ, Апчарэ сымэ иджыри тIу ябгъурыувауэ си гугъэщ: Дэфэрэдж-нэхъыжьымрэ Дэфэрэдж-нэхъыщIэмрэ.

* * *

Литературэм и жанру КIыщокъуэ Алим нэхъ игъэлэжьар тIущ: усэмрэ романымрэ. Адыгэ усэм и щыгури адыгэ романым и щыгури абы и натIэуи къыщIэкIащ.



Iуэхур зытещIыхьар нобэ ди нэгу щIэкIым и закъуэкъым. Ди лъэпкъ литературэм и къэкIуэнум, и пщэдейм ар къызэрыхущIэкIынум ущегупсыскIэ, нэхъри Iупщ Iу уи пащхьэм къоувэ тхакIуэшхуэм и Iэдакъэщ IэкIхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ, абы я мыхьэнэр.

Мыпхуэдэу жиIэгъаи КIыщокъуэм:

*НэгъуэщI уи лъагъуэ темыувэм,*
*Уэ гъуэгу хэпшауэ уалъытэн?*

КIыщокъуэ Алим хузэфIэкIар нагъыщэ угъурлы хуэхъуу, а цIыху щэджащэм, а лIы щыпкъэм, а тхакIуэ фIэрафIэм хиша лъагъуэр гъуэгу бгъуфIэу езышэжьэн къарурэ гуащIэрэ илъэс мин ещанэм адыгэ лъэпкъым кърит ыну Тхьэм жиIэ!

**КЪЭЖЭР Хьэмид**

# Тхыдэр и лъабжьэу

*(КIыщокъуэ Алим и «Тисей» поэмэм теухуауэ)*

Литературэмрэ тхыдэмрэ дапщэщи зэIэпэгъуу къокIуэкI, абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэри мащIэкъым. Дэ диIэщ зэман бзаджэхэм хэмыкIуэдэжу нобэми къыддэгъуэгурыкIуэ, образ купщIафIэхэм я сэбэпкIэ хъума хъуа тхыдэм и пэжыпIэр – IуэрыIуатэми литературэми я жанр зэхуэмыдэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ. Литературэр – фэеплъ мыкIуэдыжщ. Абы и фIыгъэкIэ лIэщIыгъуэ бжыгъэ зи яку дэлъ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэр зэпыщIа мэхъу.

XIX лIэщIыгъуэу бгырыс лъэпкъхэм гузэвэгъуэшхуэ къащытепсыхамрэ лъэпкъкIуэд къызэрыкIа истамбылакIуэ Iуэхугъуэмрэ нэсу, шэщIауэ, а лъэхъэнэм щыIа идеологиеми «имыхузауэ», зыубгъуауэ къыщыгъэлъэгъуэжащ КIыщокъуэ Алим и «Тисей» (1952–1954) поэмэм. Ар япэ дыдэ 1954 гъэм «Къэбэрдей» альманахым иту дунейм къытехьащ «Тис жыг» фIэщыгъэр иIэу. Поэмэм щыщу абы къытехуа Iыхьэр – «Юбилей»-кIэ зэджэр – усакIуэм и Iэдакъэ къыщыщIэкIар 1953 гъэрщ. Нэхъ иужьыIуэкIэ, 1955 гъэм, КIыщокъуэм и поэмэр тхылъ щхьэхуэу Къэбэрдей тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ, «Тисей» фIищыжауэ.

Тхыгъэм и темэр зытегъэпсыхьар лъапсэрых зауэм и Iэужь бзаджэхэрщ, и идеемрэ къалэн нэхъыщхьэмрэ зыхуэунэтIари а зэман гугъумрэ нобэрей гъащIэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэрщ, ар IупщIу тхылъеджэм и нэгу къыщIэгъэувэжынырщ. КъыщыIэта Iуэхугъуэхэр, и гъэпсыкIэкIэ, и зэхэлъыкIэкIэ, и щIэщыгъуагъкIэ, лъэпкъ литературэм щиубыд увыпIэмкIэ – сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ убгъэдэмыхьэми, КIыщокъуэм и «Тисей» поэмэр Кавказ зауэжьымрэ истамбылакIуэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжауэ къэбэрдей эпическэ усыгъэм къыхэщ тхыгъэ псоми йофIэкI.

«Тисейр» псалъащхьэ зырызыххэ зиIэж Iыхьэ пщыкIузу зэхэлъщ: «Юбилей», «Хьэкурынэ», «Бжэныхъуэ», «Iурзилэ», «УнэIут», «Мэзым», «ФочыщIэ», «Урыскъан», «Кхъухь тедзапIэм», «Зэзауэ», «Гъуэгум». Мыхэр сюжет пыухыкIа зиIэ Iыхьэ щхьэхуэхэщ, ауэ къыхэгъэщыпхъэщ поэмэ псом щIэлъ гупсысэр зэрипхыжу абыхэм я зэхуаку зэпыщIэныгъэ быдэ зэрыдэлъыр.

Лъэпкъым и блэкIа гукъутэр лъабжьэ хуэхъуами, поэмэр къыщIедзэ гъащIэ мамырым хэпсэукI ныбжьыщIэхэм – «тIэкIуи зызыгъэпагэ» еджакIуищым – ятеухуа макъамэ нэщхъыфIэкIэ. НыбжьыщIэхэм гуапэу ирагъэблэгъа Рау лIыжьым, цIыкIухэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, и гъащIэм и къекIуэкIыкIам теухуа хъыбарыр яхуеIуэтэж.

Рау дадэ и образыр, Тис жыгым и образым къыдэкIуэу, поэмэм щынэхъыщхьэщ. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, зауэ мафIаем адыгэщIыр щызэщIилыпщIэ, Жасыус жылэр бийхэм зэхэзехуэн щащIа зы махуэ гуэрым Рау дадэ и анэм хьэку кIуэцIым щIалэ цIыкIу щигъуэтри езыр мафIэм хисхьащ:

*И къарухэр кIуэдыпауэ*
*Фызыр йопщхъэ пэшхьэку хуабэм.*
*МафIэ иным къыхэнауэ*
*Ильщ ар хьэкум Iэбэрабэу.*

*Пэшхъэку кIуэцIыр гъуру, джафэу*
*Хуохъу а махуэм фызым лъхуапIэ.*

Гу лъытапхъэщ мафIэм сабий пэрылъхуэныр КIыщокъуэм япэу къигъэсэбэпауэ зэрыщымытым. Къапщтэмэ, Нарт эпосым щыщ «Щэуей къызэралъхуар» хъыбарым къыхощыж апхуэдэ Iуэхугъуэр: *«Къанж и фызым Сэтэней жриIащ нарт фызхэр уэнжакъ кIуэцIым зэрыщылъхуэр, сабий къалъхур жьэгум дэхуэн хуэдэу, ар нарт лъэпкъым я хабзэ ткIийуэ зэрыщытыр»*. ГурыIуэгъуэщ а Iэмалыр КIыщокъуэм къыщIигъэсэбэпыр: зы лъэныкъуэкIэ усакIуэм къегъэлъэгъуэж Кавказ зауэжьым насыпыншагъэу къишар, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – быным и псэр, и гъащIэр ихъумэн папщIэ анэм сыт хуэдэ гузэвэгъуэри зэришэчыфынур.

*Халъхуами мафIэ гуащIэм,*
*Гузэвэгъуэм ар къелакъэ.*
*ХуэлыпщIакъым мафIэм гъащIэр,*
*Хъунщ лIы хахуэ сабий пакъэр...*
*Теувэнущ ар гъуэгу захуэ,*
*Ухъу уэ щIалэр щIалэ махуэ.*

ЩIалэ цIыкIур шу мыцIыху гуэрым къищтэри Къанокъуэей къуажэм ихьащ, «хьэку кIуэцIым щалъхуа сабийми» цIэуэ Хьэкурынэ [«хьэкум кърана» къикIыу. – Хь. Л.] фIащащ. ПыIэ къыхуэIэту зэрыхъуу Хьэкурынэ бжэныхъуэу Къанокъуэпщым хуэлажьэу щIидзащ. А лъэхъэнэ



гугъум сабий зеиншэм щIэгъэкъуэну, ныбжьэгъу пэжу иIар и хьэ цIыкIу Пэрийт, уеблэмэ, Хьэкурынэрэ абырэ «ныбжькIи зэныбжьэгъут». Бжэныхъуэ щIалэм и гъащIэ гугъусыгъур усакIуэм зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэнкIэ къегъэлъэгъуэж – абы и дежкIэ «гъэхэр гъыбзэм ещхьу кIуэрт», дуней мылъкуу бгъэдэлъри бгъуэнщIагъ гуэрым щигъэпщкIуа дэшхуэ къэп никъуэрт, хьэлу гъур тIэкIурт, зы пхъэ шынакъыжьт.

Тхыгъэм и фIагъхэм къадэкIуэуи, убзыхуа мыхъуауэ Iуэхугъуэ гуэрхэр хэлъщ. Псалъэм папщIэ, гурыIуэгъуэкъым шу мыцIыхум сабийр къыщIищтар, ар зыхуей хуимыгъэзэнумэ: абы Хьэкурынэ Къанокъуэей къуажэм ихьа щхьэкIэ, щIалэ цIыкIур унагъуэ гуэрым яритауэ е езым ипIыну и унагъуэ къринауэ поэмэм къыхэщыркъым. Пэжщ, «щIалэ цIыкIур яхьыр унэ» щыжеIэ усакIуэм и тхыгъэм, ауэ IупщIкъым ар хэтхэ я унэми. ИужькIэ сабийр и закъуэу бгъуэнщIагъ гуэрым щыпсэууэ къыщIедзыж. Мыбдежым поэмэм и щыщIэныгъэр къэзышэр, тхыгъэм щIэлъ гупсысэр дыкъуакъуэ зыщIыр шу мыцIыхум и образыр зэрынэмыщIысарщ.

Апхуэдэу щытми, КIыщокъуэм гъэщIэгъуэну тхыгъэм щызэфIигъэуващ абы къыхэщыж адрей образхэр. Щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ *Къанокъуэпщым и образыр*. Абы и унафэм зыри темыкIыу, «жиIэм фIэкIыр игъэунэхъуу», езыр «ныбэфыжьу, и щхьэр уэсу, выгум илъу кърашэкIыу» тхыгъэм къыхощыж.

«Тисей» поэмэм IупщIу щызэфIэгъэувa хъуащ пщым и щхьэгъусэ Гуащэ и образри:

*Гуащэм и нэр къэбжылафэу,*
*И пэ гъурыр хуэдэщ джыдэм,*

*Къытехъамэ – мэудафэ,*
*Сыт жепIами къыпхуимыдэ.*

Хьэкурынэ и махуэ «зэфэзэщхэр» нэхъ щIэщыгъуэ къыщищIыжу поэмэм къыхощыж *Iурзилэ и образыр*. Ар иджыри сабий дыдэщ – илъэсибл ныбжьым иту аращ, ауэ Хэкур зрагъэбгынэ истамбылакIуэхэр зыхэта гуIэгъуэр усакIуэм нэхъыбэу къызэригъэлъэгъуэжыр Iурзилэрэ абы и анэмрэ я образхэмкIэщ. Iурзилэ гум сымаджэ хьэлъэу илъу «тырку пщылIщэхухэр зыщыщахуэ» хы Iуфэм щашэм, гупкIэр быдэу иубыдауэ, гуIэ нэпсхэр щIигъэкIыурэ и анэр кIэлъыкIуатэрт. Iурзилэ гум къиху нэужь, иукIа къафIэщIри абдеж къыщагъэнащ икIи, а псор зи нэгу щIэкIа Хьэкурынэ мащэ къитIу хъыджэбз цIыкIум и хьэдэр щIилъхьэну унафэ къыхуащIри, адрейхэр хы Iуфэм яхуащ. Ауэ ар псэут. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Хьэкурынэ и гъащIэ гъэкIуэгъуейм къыхыхьащ зы гурыфIыгъуэ. ЩIалэр хъыджэбз цIыкIум хуэсакъырт, бжэнышэкIэ игъашхэрт икIи, апхуэдизкIэ и псэ къыдыхьати, мурад бydэ ищIат ар пщыми гуащэми ящэу яхуимыдэну. ИужькIэ Iурзилэ пщым и щхьэгъусэм и унэIут мэхъу, ауэ Гуащэм и жыхафэгум тетми, пщащэм и къэкIуэну щIэращIэм гугъэ дахэхэр хуиIэщ. Аращ абы сыт хуэдэ Iуэхури псынщIэ къыщызыщIыр, пщыми Гуащэми я нэщхъ бзаджэми щIимыгъэдзыхэр.

Iурзилэ и образыр зыкъомкIэ йокIуалIэ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым къыхэщ Лацэ, Акъсырэ Залымхъан и «ИстамбылакIуэ» драмэм къыхэщыж Лалушэ сымэ я образхэм. Псалъэм папщIэ, Iурзили, Лацэрэ Лалушэрэ ещхьу, дунеягъэм и кIуэцIкIэ щиIэр и анэжь закъуэрщ, абыи, гуIэжурэ, къыкIэрач. Лаци, Лалуши, Iурзили Гуащэм и жыхафэгум тетщ, и губгъэн къахьынкIэ гузавэу. Зы гурыфIыгъуэщ а пщащэхэм я гъащIэр зэтезыIыгъэр: фIылъагъуныгъэ зыхуащIа щIалэхэм (Къамбот, Екъуб, Хьэкурынэ сымэ) къэкIуэну дахэ даухуэнкIэ зэрыгугъэхэрщ.

XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм Урысей пащтыхьым и дзэхэмрэ бгырысхэмрэ яку къыдэхъуа лъыгъажэмкIэ а лъэпкъхэм ящыщ дэтхэнэ зы цIыхури къуаншэу къэплъытэныр щыуагъэщ. КIыщокъуэ Алим и «Тисей» поэмэри щыхьэт зэрытехъуэщи, а лъэхъэнэм урысхэми яхэтащ бгырысхэм кIэлъызэрахьэ щIэпхъаджагъэхэр игъуэджэу, хьэкIэкхъуэкIагъэу къэзылъытэхэр. Урыс лъэпкъымрэ адыгэ лъэпкъымрэ яку щыхупIэ задэ зэрыдэмытыр, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр зауэ я нэхъ гуащIэ дыдэми зэрыхуэмыгъэкIуэдар зи гугъу тщIы тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ Хьэкурынэрэ урыс лIыжь Федотрэ я зэхущытыкIэмкIэ. Урыс дадэм и къуэм пищIу Хьэкурынэ фIыуэ елъагъу, Хьэкурыни абы пщIэ хуещI, доIэпыкъу, мэзым кIуэурэ гъэсыныпхъэ къыхуехь. Зэгуэрым щIалэр пщым и бейгуэлхэм яубыд икIи зиусхьэным и мэзым зэрыщIыхьэм щхьэкIэ яубэрэжь, и Iэ лъэныкъуэр паупщIынуи яужь йохьэ, ауэ ар Федот къэрегъэл, щIалэр фочыщIэу яхуигъэсэну къегъэгугъэхэри. ИужькIэ урыс дадэм и гъэсэн Хьэкурынэ *УрыскъанкIэ* («урысым и къан» – «воспитанник русского» къикIыу) къеджэ мэхъу. АдэкIэ поэмэм къыщы-гъэлъэгъуащ Хьэкурынэ ещанэу Рау цIэр игъуэтауэ, ауэ ар фIащынкIэ щIэхъуам усакIуэм дыщигъэгъуазэркъым. Дэ зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, Рау цIэр епхьэлIэ хъунущ мысыр мифологием къыхэщыж Дыгъэм и Тхьэм зэреджэ Ра-м: Рау и образыр Дыгъэм и Тхьэм иригъапщэкIэрэ, КIыщокъуэм къегъэлъагъуэ адыгэ лъэпкъым, сыт хуэдиз гуауэ имыгъэвами, зэгуэр нэплъэжыгъуэ зэригъуэтынур –

«адыгэм и дыгъэр» зэрыкъуэмыхьэжар.

Хэкур зрагъэбгынахэм я фэ дэкIа псори IупщIу икIи гущIыхьэу къыхощыж «Тисей» поэмэм:

*Лъэс ешахэр макIуэр хуэму,*
*Яхур ахэм я пщылI лъагъуэр.*
*Махуэр хуабэу икIи уэму,*
*ПщылI гъуэмылэу яIэ щIагъуи*
*А тхъэмыщкIэхэм щымыIэу,*
*Яч лъэбакъуэм нытогуIэ.*

Апхуэдэ гузэвэгъуэшхуэ зи нэгу щIэкI Хьэкурынэ и дежкIэ нэхъ бэлыхьлажьэр и псэм и щIасэ Iурзилэ абыхэм зэрахэтырт. ФIыуэ илъагъум игъащIэ псокIэ пэIэщIэ хъункIэ шынагъуэ къызылъыса щIалэр хьэзырщ пщащэр Хэкум ирамышын папщIэ сытри ищIэну икIи фокIэщIыр яриту Iурзилэ къаIихыжыфынкIэ гугъэу ар кхъухь тедзапIэм хуопIащIэ. Абдежым Хьэкурынэ и нэгу щыщIокI зэи имылъэгъуа гукъутэгъуэрэ мыгъуагъэрэ: лъэрымыхьхэмрэ сабийхэмрэ узым зэщIещыпэ, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ тырку пщылIщэхухэм иращэ, нэхъ «зыхуэмейуэ» къалъытэхэр псым хадзэ, гущIэм зыкъыдэзыгъазэ гъыбзэ макъхэр гужьеигъуэу тхьэкIумэм къоIуэ.

Къанокъуэпщым кхъухь тедзапIэм къэкIуа Хьэкурынэ къызэрилъагъуу, Iурзили ари тыркухэм ярещэ. Хьэкурынэрэ Iурзилэрэ щхьэхуит къищIыжыну кхъухь тедзапIэм къэкIуа Федоти пщым и псалъэкIэ япх, яубэрэжьри тыркухэм иращэ, абыхэм къыщIаха ахъшэр «диным трагъэкIуэдэну» – мэжджыт яухуэну – пщым унафэ ещI. Ауэ мэжджыт щаухуэн хуей щIыпIэр хэкужьрами хамэ щIыналъэрами поэмэм къыхэщыркъым.



А лъэхъэнэ бзаджэм ди лъэпкъым игъуэта хэщIыныгъэр художественнэ Iэзагъышхуэ хэлъу и тхыгъэм къыщигъэлъэгъуэжащ КIыщокъуэм.

*Хэкур Тыркум яфыщIауэ*
*АдыгэщIыр ягъэгызыр,*
*Хэт и уни нэщI ящIауэ,*
*Гуауэ папщIэ ягу мыузу,*
*Псэ зыIутыр унэхъуакIуэ*
*Хамэ щIыпIэхэм ягъакIуэ.*

Поэмэр щитха зэманым литературэм щекIуэкIа «хабзэхэм» я бжьым КIыщокъуэри къыщIэкIыфакъым. Адрей тхакIуэ, усакIуэ куэдми хуэдэу, абыи дин лэжьакIуэхэр цIыху нэжэсхэу, пцIыIуэпцIышэу, IуитIбзитIу къегъэлъэгъуэж. «Тисей» поэмэм къызэрыхэщыжымкIэ, хьэжыхэр, молэхэр пщылI ящэхуну къакIуэ тыркухэм я «жыIакIуэт», ядэIэпыкъурт, узым зэщIищтауэ хы Iуфэм Iус тхьэмыщкIэхэр дыуэпс нэпцIхэм ирагъафэрт. Абыхэм зэрахьэу щыта щIэпхъаджагъэхэм я щыхьэтщ поэмэм къыщыкIуэ мы сатырхэр:

*Выгум иту лIы къэпсалъэр,*
*Мес, мюридхэм* къаубыдауэ*
*Япхыр псынщIэу. Ар и пIалъэу*
*Суд хьэжыхэм тыращIауэ*
*Хадзэр хышхуэм щIалэ пхъашэр,*
*Ауэ шынэу къэмыхашэ.*

* Мюрид (мурид) – ислъамым и мистическэ унэтIыныгъэм и телъхьэ, и дин унафэщIым жиIэр темыкIыу игъэзащIэу зызыгъасэ.

«Тисейм» щIыпIэшхуэ щеубыд хьэ Пэрий и образым. Ар Хьэкурынэрэ Iурзилэрэ я ныбжьэгъуфIщ, я дэIэпыкъуэгъущ. ИстамбылакIуэхэр тенджыз ФIыцIэм зэрызэпраш кхъухьыр къута нэужь, Пэрий къарууншэ хъуа Iурзилэ псым къыхихыну, абы и дежкIэ йос. Абыхэм къарохьэлIэ инджылыз кхъухьхэри. Пщащэр и щIыбым илъу псым ес хьэм гу лъызыта инджылызыр и ныбжьэгъум баз похьэ зэ уэгъуэм хьэм шэр тригъэхуэну, апхуэдэуи ещI. ИтIани абы щхьэкIэ къэмынэу Пэрий йос, къаруушэ иIэр иухыу хым хэкIуэдэжыхукIэ:

*БдзапцIэ гуащIэу хьэм техуари*
*Ди Iурзилэми нытохуэ.*
*Арт дунейуэ къахуиухари,*
*Зы толъкъуным тIури хохуэ.*
*Псым ар щихькIэ зимыгъазэу*
*Зи гур гушхуэм иIэщ лIыгъэ.*

Iурзилэ и хьэдэр Хьэкурынэ хым къыхехыжри Тис жыгым и щIагъым щыщIелъхьэж. ГъэщIэгъуэнщ а езы жыгри ар КIыщокъуэм и поэмэм образ нэхъыщхьэ щыхъуныр къызыхэкIа щхьэусыгъуэри.

Тис *(урысыбзэм) – къэбэрдеибзэм:* нартей, нэратей; *шэрджэсыбзэм:* псейщэху; *шапсыгъ диалектым:* цIикъэ. Гъэмахуи щIымахуи щхъуантIэу щыт жыг е гъурц лъэпкъыгъуэщ, илъэс мини 3–4-кIэ мэпсэу. «Тис» псалъэм и этимологиер епхьэлIэ хъунущ тырку-тэтэрыбзэхэм къыхэщыж **«тиж`»** («зуб»); инджылызыбзэм хэт **«teeth»** («зубы») псалъэхэм. Пэжуи, и быдагъкIи езым кхъуакIэ цIыкIухэр зэрытетымкIи Тис жыгыр дзэм ебгъапщэ хъунущ.



КIыщокъуэм и поэмэм «Тис жыг», «Тисей» щIыфIищам и щхьэусыгъуэр тхыгъэм и кIэм деж наIуэ щохъу, ауэ гурыIуэгъуэкъым усакIуэм абы *Нартей* е *Нэратей* адыгэ фIэщыгъэцIэр щIримытар. Тис жыгыр образ нэхъыщхьэу, уеблэмэ псэ Iут къыпфIэщIу поэмэм къыщыгъэлъэгъуащ. Абы ныбжьыщIитIыр – Хьэкурынэрэ Iурзилэрэ – псым къыхихыну зегъэшри и щхьэкIэр яхуегъэлъахъшэ икIи адыгэ щIыналъэм йолъэIу «гъуэгу захуэм тет» ныбжьыщIэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь жыгым и гугъу щищIкIэ, усакIуэм уи нэгу къыщIегъэувэ адыгэ лъэпкъым и блэкIар – нэпсрэ лъыпскIэ гъэнщIар. Ауэ сыт хуэдэ гузэвэгъуэ къытемыпсыхами, Тис жыгым ещхьу «тIэкIу хуэщIакъуэ» хъуами, адыгэ лъэпкъ уардэр кIуэдыжакъым, ар ноби и бзэм ирипсалъэу, и хабзэ-нэмысыр иIыгъыжу, щхьэхуиту и Хэку щIэращIэм щопсэу. АбыкIэ усакIуэм къегъэлъагъуэ адыгэм лIыгъэшхуэ, бэшэчагърэ шыIэныгъэ инрэ зэрыхэлъыр.

«Тисей» поэмэм лъабжьэ хуэхъуар Iуэхугъуэ гущIыхьэми, усакIуэм и тхыгъэр къызэрыщIидзам ещхьу, гугъэ нэху уэзыгъэщI, лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэр уи фIэщ зыщI сатырхэмкIэ еухыж. Хьэкурынэ (Урыскъан, Рау дадэ) – илъэсищэ ирикъуами, иджыри жыджэрщ, акъылыфIэщ, чэнджэщ щхьэпэхэр щIалэгъуалэм яретыф, езыхэми абы и гукъыдэжыр къаIэт. «Псынэ мастэкIэ къэзытIым ещхьщ щIэныгъэм цIыху хущIэкъур», – жеIэ Рау, икIи еджакIуэхэр сыт хуэдэ Iуэхуми гурэ псэкIэ бгъэдэтыну къыхуреджэ, и псалъэ IущхэмкIэ еущий.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*



*СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ:* Кулиев Къайсын, КӀыщокъуэ Алим, ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм, Шолохов Михаил, Гуртуев Берт, Щомахуэ Амырхъан, Теунэ Хьэчим сымэ. 1963





КӀыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэр Щхьэлыкъуэ къуажэм щагъэлъапӀэ. Абы къэрихьэлӀащ усакӀуэшхуэхэу Гамзатов Расул, Кугультинов Давид, критик Бэчыжь Лейла сымэ. 1984



КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ

# КIыщокъуэ Алим хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

КIыщокъуэ Алим совет поэзием жьантIэр щызыIыгъхэм ящыщщ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи и лъэпкъым быдэу пыщIащ. И анэдэлъхубзэм и къулеягъыр абы IэкIуэлъакIуэу щегъэшэрыуэ гурыщIэ нэхукIэ псыхьа и усэхэм. Алим и псэм и щIасэщ псалъэ шэрыуэр, гухэлъ пшыналъэхэм къадэкIуэу, абы и усэхэр ягъэщIэращIэ гушыIэ дахэми, хъуэрыбзэ жанхэми. Абы и усэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ узэщIащ, купщIафIэщ.

Къызыхэкla лъэпкъым и гъащIэм нэхъ Iуэхугъуэшхуэу, гукъинэжу къыщыхъуахэр, езым и нэгум щIэкla, езыр зыхэта къэхъукъащIэ телъыджэхэр КIыщокъуэм и усэ пшыналъэхэм фIэщхъуныгъэ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ.

**ТИХОНОВ Николай**

КIыщокъуэм и творчествэм и фIыпIэ нэхъыщхьэу къэплъытэ хъунущ гупсысэ жан, акъыл куу зэрыхэлъыр, и темэр IупщIу зэрыубзыхуар… Ар нэгъуэщIхэм яхыумыгъэгъуэщэн усакIуэ телъыджэщ.

**СВЕТЛОВ Михаил**



Алим Алыхьым и пащхьэм къикla усакIуэщ. Алим Алыхьым и пащхьэм къикla тхакIуэщ. Сэ абы и усэ куэд гукIэ сощIэ. Сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ абы и прозэ тхылъхэр зыхуэдэми.

ТхакIуэ IэщIагъэр Алыхьым къызэрыритам хуэдабзэу, КIыщокъуэм Алыхьыр къыхуэупсат цIыхугъэ телъыджэкIи. Пэжщ, а цIыхугъэ нэсым къегъэжьапIэ хуэхъуар Алим къэзылъхуахэмрэ ар къызыхэкla лъэпкъымрэщ…

**БАРУЗДИН Сергей**

Алим къуэпскIэ япыщIащ зи жьауэм къыщIэхъукla къуршхэм, и адэжь щIыналъэм. Ауэ, къуршхэм елъэгэкIыу заIэтри, абы и усыгъэхэм хэкум и гъунапкъэхэр зэпаупщIащ, дунейр зэлъащIысащ. КIыщокъуэм и творчествэр зищIысыр фIыуэ ящIэ искусствэ нэскIэ зэджэр тэмэму къызыгурыIуэхэм.

Къызыхэкla лъэпкъым и къуэ пэж КIыщокъуэ Алим къэзылъхуахэм я гум къипсэлъыкIыу, я гурыгъу-гурыщIэхэр къиIуатэу, абыхэм псэкIэ япэджэжу и гъащIэр ехь. Аращ ар фIыуэ къыщIалъагъури. ЛIыфIымрэ шыфIымрэ зэрызэхуэфащэм хуэдэу, Алимрэ ар къэзылъхуа лъэпкъымрэ зэхуэфащэщ. Ауэ КIыщокъуэр бгырыс псоми ди зэхуэдэ Алимщ – псоми ди нэщ, ди псэщ.

**АХМАТОВЭ Раисэ**

КIыщокъуэ Алим и зы тхылъи къыдэкIакъым, семыджауэ. Седжащ, зыщызмыгъэнщIу, ар зи Iэдакъэ къыщIэкIам семыфыгъуэу, ауэ сехъуапсэу, нэхъыфIыж къехъулIэмэ си гуапэу. Алим и тхылъыщIэ седжамэ, Iуащхьэмахуэ и щыгу сыкъихутауэ къысфIощI дапщэщи.

Iуащхьэмахуэ и щыгу уитмэ, жыжьэ уноплъыс, къуршыбгъэ ухъуауэ къыпщохъу. КIыщокъуэ Алим и дэтхэнэ тхылъри Iуащхьэмахуэ еплъыт хъун лъагапIэщ.

**КУГУЛЬТИНОВ Давид**

КIыщокъуэ Алим и усэхэр зэм къуршыпсхэм хуэдэу уэрщ, зэм Кавказым щаIэт хъуэхъухэм хуэдэу щIэращIэщ, щIэщыгъуэщ, зэм ди Хэкушхуэм и гъатхэ уэгум хуэдэу зэIубзщ, гъунапкъэншэщ. Образ телъыджэкIэ гъэнщIауэ КIыщокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкI поэзием нэIуасэ ухуэхъуа нэужь, гукIи псэкIи зыхыбощIэ дызэрыт зэманыр зыхуэдэр, икIи тпэжыжьэу, икIи сыт щыгъуи ди псэм пэгъунэгъуу щыт Кавказым и дахагъыр, ныбжьэгъу пэжым и гурыщIэ къабзэр.

**ДЕМЕНТЬЕВ Андрей**

КIыщокъуэ Алим гъуэзэджэу щыгъуазэщ къызыхэкIа лъэпкъым и гъащIэм, абы и гуауэри, и гуфIэгъуэри псэкIэ зыхещIэ. ГъащIэм и къэхъукъащIэхэм ар сыт щыгъуи хуэнабдзэгубдзаплъэщ.

**ОГНЕВ Владимир**

КIыщокъуэ Алим игукIи и псэкIи адыгэлIщ, ауэ абы и къалэмыпэм къыщIэкI усэ сатырхэр къызыхэкIа лъэпкъым и шыфэлIыфэр къэгъэлъэгъуэным къыщызэтеувыIэркъым; абы и усэхэм гукъинэжу нэрылъагъу ящI псэукIэщIэр зыухуэ цIыхум и гъащIэр, и дунейр, ар емышу IуэхугъуэщIэхэм зэрыхущIэкъур, мурад инхэм зэрыщIэбэныр, абы и пщэдейр зэрызэIубзыр.



**ГРИНБЕРГ Иосиф**

… КIыщокъуэм и романым («Хъуэпсэгъуэ нур») и закъуэщ, къэбэрдей, кавказ литературэхэр дэнэ къэна, совет литературэ псор къапщтэмэ, апхуэдэу убгъуауэ, лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу большевикхэмрэ шэрихьэтым и Iумэтым итхэмрэ яку илъа бэнэныгъэм тепсэлъыхьауэ зэкIэ щыIэр.

**ГОФФЕНШЕФЕР Вениамин**

Дэтхэнэ зы тхылъыщIэри тынш цIыкIуу къехъулIакъым КIыщокъуэм. Зауэм и мафIэ лыгъэм къилыгъуауэ, гузэвэгъуэ Iэджэм и гур ираудауэ и дуней гъащIэр кърихьэкI пэтми, Алим а псоми къелащ, къела къудейкъым – абы дэгъуэу къохъулIэ Iуащхьэмахуэ щыгур пщIэрэ щIыхькIэ къылъызыгъэсыну тхылъыщIэхэр…

**ГУЛИА Георгий**

КIыщокъуэ Алим и усыгъэхэм къуэпс, лъабжьэ яхуэхъур езы усакIуэр къызыхэкIа лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэмрэ IуэрыIуатэхэмрэщ… Лъабжьэ быдэ зыгъуэта жыгым зэрызиужьым, зэрызиIэтым ещхьу, КIыщокъуэм и усыгъэхэм я къуэпсхэм задзмэ, я жьауэр ин хъууэрэ, абыхэм дунейпсо усыгъэм утыкушхуэ щаубыдащ… Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим ди лъэхъэнэгъу усакIуэхэм я нэхъыфI дыдэхэм, я нэхъ ин дыдэхэм, зи усыгъэхэр нэхъыбэ дыдэрэ зэрадзэкIхэм ящыщ зыщ.

**СОЛОУХИН Владимир**

Къэбэрдей усакIуэм и шагъдийр куэд щIащ Кавказ къуршыжьым къыщежьэу утыкушхуэ зэрихьэрэ. Абы и шы лъэ макъыр ди Хэкум адрыщIкIэ жыжьэу къыщоIу. А шагъдийм КIыщокъуэм и дамыгъэ телъщ.

**ХУЗАНГАЙ Педер**

Абы сригъусэу, ар ныбжьэгъу пэжу сиIэу илъэс зыкъом хъуа-уэ сыкъокIуэкI сэ. Набдзэгубдзаплъэу Алим укIэлъыплъмэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым – ар гъащIэм и узэщIакIуэ, абы лъагъу-ныгъэшхуэ хузиIэ, зэпымыууэ зыгуэр зылэжь цIыхущ, жыджэру, ешрэ пыIэгъуэрэ имыIэу ар гъащIэм хуолажьэ. А хьэл-щэн дахэр – зэпы-мыууэ гъащIэм хуэлэжьэныр – усакIуэм и тхыгъэхэми нэщэнэ, да-мыгъэ яхуэхъуащ.

КIыщокъуэр гъащIэм телъыджэу хэлъхэр щIэщыгъуэу, купщIафIэу, нэгъэсауэ зи творчествэм къыщыгъэлъэгъуа тхакIуэщ. Абы лъагэу иIэтащ и псэм хуэдэу илъагъу къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьыр. КIыщокъуэм и фIыгъэкIэ лъэпкъ куэдым зыхащIащ адыгэм и псэм и IэфIагъыр, ар гъащIэм зэрыхуэнэхъуеиншэр, лъэпкъым хэлъ гуа-пагъэр, гушыIэр, лIыгъэр.

**КУЛИЕВ Къайсын**

Литературэм и лъэпкъыгъуэ нэхъыщхьэу зыри къэнакъым Алим и къалэмыпэр зыхуэмыжана, зыхуэмыгуащIафIэ жыпIэми, щыуагъэ хъуну къыщIэкIынкъым. Усыгъэм и теплъэгъуэу КIыщокъуэм и къалэ-мыпэм къыщIокI усэ къызэрыгуэкIхэр, балладэхэр, едзыгъуэ шэрыуэ-хэр, поэмэхэр. Алим гурыгъуазэкIэ хуэIэкIуэлъакIуэ къудей мыхъуу, ди литературэм художественно-эстетическэ лъагапIэщIэ хуэхъуу, ныбжьышхуэ зиIэ лъэпкъ литературэхэм нэмыс къыхуезыгъэщI ро-манхэр, повестхэр, очеркхэр, публицистическэ тхыгъэхэр и къалэмы-пэм къыщIокI.

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм**

«Пэжымрэ псалъэмрэ зы къамэм и дзитIым хуэдэу зэщIыгъун хуейщ» жиIэгъащ КIыщокъуэм. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэущ езы тхакIуэр сыт щыгъуи литературэм зэрыхуэлажьэр.

КIыщокъуэ Алим и хьилымышхуэм къигъэхъуапIэ хуэхъуар езыр къызыхэкIа лъэпкъырщ, къыщалъхуа щIыналъэрщ. А къи-гъэхъуапIэм и къарур аращ Алим нэр здынэмыплъыс щыгу лъагэм дэзышыр. КIыщокъуэр езым и шы тесыкIэ зиIэж шууейщ. Ар тыншу къахэпцIыхукIынущ Кавказым, Хэкум и шууей цIэрыIуэхэм. Алим адыгэ усакIуэщ. АдыгэлIщ. Ар адыгэ псоми ди набдзэщ, ди напщIэм телъ лIы нэсщ.

**МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ**

ГукъэкI бжыгъэншэрэ гупсысэ мыухыжкIэ гъэнщIащ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэмрэ и гъащIэмрэ, кууагъ и лъэныкъуэкIэ абы бжьыпэр щиIыгъщ бгырыс лъэпкъхэм я литературэм, хуэфэщэпсу къыхужаIэ «Иджырей Кавказым и акъылыфIэ» псалъэхэр. ЖыпIэнурамэ, лIэщIыгъуэ дызэрытым лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм и фIыпIэри и гуащIагъри КIыщокъуэм пкъырэ псэрэ хэлъу ди пащхьэ кърилъхьэ-

жащ, къэкIуэнум хуэунэтIа дерс IущкIэ ипсыхьащ. БлэкIам хэлъа бзаджагъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ темыгъэзауэ, фIыгъуэм щIэбэнын – аращ КIыщокъуэм цIыхубэр зыхуиущийр. А гуращэращ КIыщокъуэм и тхыгъэхэм я пщIэр нэхъри зыгъэлъагэр…

КIыщокъуэм и усэхэми и романхэми щыгъунэжщ лъэпкъ тхыдэмрэ культурэмрэ къыщIауIукIа нэщэнэ налкъутхэр, лъэпкъым ныбжь и ныбжьыжкIэрэ зэригъэпэща цIыхугъэ фащэхэр, хъыбар налъэхэр, сюжет гъэкIэрэхъуа къызыхэкI къэхъукъащIэхэр, жырыпкъыу псыхьа псэлъафэ шэрыуэхэр – щIэ щIэткъым цIыхубэ гъащIэр цIыхубэм я бзэкIэ «къигъэпсэлъэн» папщIэ КIыщокъуэм къигъэсэбэп Iэмалхэм.

**СОКЪУР Мусэрбий**

Ди къру пашэр, шу пэрыт гъуазэу диIар, литературэм къызэрыхыхьар лирик нэсущ, зи гупсысэхэмрэ зи гурыщIэхэмрэ тхыгъэм купщIэ хуэзыщI усакIуэущ; абы и поэмэхэми лирикэр щыуэрщ. КIыщокъуэм и лирикэ пасэм нэхъ наIуэу къыхэтэджыкIыр щхьэмыгъазэ лIыхъужьщ, нарт эпосым къилъхуам хуэдэу («Пщыхьэщхьэ шу», «Нарт уэрэд», «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу», «Шыхулъагъуэ», «ЖыIэт, мыпхуэдэу щхьэ сызэшрэ?», «Жыг закъуэ», «Насып»…). А усэ пасэхэм нагъыщэ дэгъуэ яхуэхъуащ лъэрытемыту насып мыухым хущIэкъу адыгэ шур.

… ТхакIуэр щагъэлъапIэкIэ, щIагъэлъапIэр ар здынэса лъагапIэращ. Сэ Алим Iуащхьэмахуэ тету солъагъу.

**НАЛО Заур**



КIыщокъуэ Алим тхакIуэ щэджащэу, гъэсакIуэ Iущу, цIыху хьэлэмэту, адыгэлI нэсу щытащ.

Гуауэщ «щытащ» псалъэр жыпIэм къыпыбгъэувэну, ауэ ажалым Iэмал иIэкъым. ТIэщIихащ абы ди узэщIакIуэ, ди нэхъыжьыфI, тхакIуэхэм ди «къру пашэ» Алим.

Дэ дропагэ Алим хуэдэ цIыху гъуэзэджэ ди щIыналъэм къызэрихъуам.

**ТЕППЕЕВ Алим**

Кавказым и усакIуэ, тхакIуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ КIыщокъуэ Алим, ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ, адыгэ псоми я гурыгъу-гурыщIэхэм, я хъуэпсапIэхэм, я мурадхэм я къэIуэтакIуэ емышыжщ ар.

КIыщокъуэр усакIуэщ. КIыщокъуэр тхакIуэщ. КIыщокъуэр драматургщ икIи киносценаристщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа сыт хуэдэ тхыгъэри лъэпкъым дежкIэ лъапIэщ. Абыхэм нэсу къаIуатэ гъащIэм и пэжыр, адыгэм и гупсысэ жаныр. Дахэщ и образхэр, инщ и Iэзагъыр. Алим и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ зы тхыгъэри ещхьщ ди къурш щхьэ тхъуахэм телъ уэсым, ди щIыналъэм къыщеших уэших хуабэм, ди губгъуэхэм къыщыкI удз гъэгъахэм, ди псыхъуэхэм дэлъ мывэ хьэлэмэтхэм, ди псы уэру зи къарур мыкIуэщIыжхэм.

**МОКАЕВ Магомет**

КIыщокъуэ Алим и творчествэр нобэрей лъэпкъыбэ литературэм и ехъулIэныгъэ гъуэзэджэхэм ящыщ зыщ. И прозэмкIэ, и усэхэмкIэ, и поэмэхэмкIэ абы адыгэ литературэр лъагапIэщIэхэм хуешэ. КIыщо-

къуэм и творчествэр ди тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр зыхуэпабгъэ бгыщхьэщ.

**МУСУКАЕВЭ Анжелэ**

КIыщокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ нэр темыпыIэу зызыужь етIощIанэ лIэщIыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ пашэхэмкIэ гъэнщIа, зи художественнэ къарур лъэпкъ, уеблэмэ къэрал гъунапкъэхэм щхьэдэхыфа, зэманым къыигъэув упщIэхэм я нэхъ куум философскэ жэуап наIуэ зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэ куэд.

Ди литературэм зэрызиужьам щыгъуазэм дежкIэ нэрылъагъущ абы и тхыдэм КIыщокъуэ Алим и творчествэр лъэхъэнэ щхьэхуэу зэрыхэувэр. Апхуэдабзэу нэрылъагъущ Алим и усэмрэ и прозэмрэ адыгэ художественнэ гупсысэр фащэщIэкIэ зэрауздар, абы и кууупIэм, и уэрыпIэм, и гуащIапIэм унэзышэсыф къару а усэмрэ прозэмрэ зэрабгъэдэлъыр… Адыгэ литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщIэр лъагэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэ хъуамэ, ар, псом япэрауэ, зи фIыщIэр КIыщокъуэ Алимщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

КIыщокъуэм и ныбжьым хиубыдахэм гугъуехь куэд къапэплъэу къыщIэкIат – революцэрэ зауэрэ, цIыхум я псэукIэр залымыгъэ хэлъу зэрахъуэкIыныр. Абыхэм къахуиухат гъащIэщIэ яухуэныр. Гурэ псэкIэ куэд яшэчми, зэхъуэкIыныгъэхэм хуэусэн хуейт. Хэкум укъыщхьэщыжын, абы уи щхьэр щхьэузыхь хуэпщIын, итIани, къару къызыкъуэпхыжу упсэун, улэжьэн хуейт. Алим а гугъуехь псори игъэващ, къыщрагъэкIуэтаи щатекIуаи щыIащ. Ауэ, сытми емылъытауэ, и пщIэр ихъумащ, и щхьэр зыми хуигъэлъэхъшакъым. УзэщIакIуэт, сэлэтт, къэрал, жылагъуэ Iуэхузехьэт.

И псэр къабзэт, гумащIэт, ауэ езым фIэзахуэмкIэ пхуигъэкIуэтынутэкъым. ЗэрыцIыху щабэри лIы нэсым и хьэл-щэн зэрыхэлъри абы и нэгум къиищырт.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим**

Зы щIэблэкъым икIи щIэблитIкъым КIыщокъуэм и усыгъэ жьгъырухэм, и роман купщIафIэхэм щIапIыкIар. Адыгэбзэм и IэфIыр зыхэзыщIэну хуей дэтхэнэми нэхъ игъэпажэ дыдэхэм ящыщщ абы и тхыгъэхэр. Адыгэ лъэпкъыр щыIэхукIи ди литературэм и жьантIэм Алим и цIэр, шэч хэмылъу, къыдэIукIынщ.

**IУТIЫЖ Борис**

УсакIуэ Iэзэ. ЗауэлI хъыжьэ. АдыгэлI щыпкъэ. Апхуэдэущ дэ ар зэрытцIыхур.

… УсакIуэм къалэмыр IэщIэхуами, сыт щыгъуи тщIыгъущ абы и усэ шэрыуэхэр. Гупсысэ дахэхэм я жылэу адыгэпсэм Алим щыхисахэр къыщыкIынури щыгъэгъэнури дяпэкIэщ. Аращ ар и гъащIэ псом зытелэжьари.

**МЭЗЫХЬЭ Борис**

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм псэуа урыс тхакIуэ куэдым жаIэу щытащ: «Дэ псори дыкъызэрыкIар Гоголь и «Шинелырщ». ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм халъхуа адыгэ усакIуэхэм жытIэ хъуну къысфIощI: «Дэри дыкъыкIуэцIыкIащ дуней псом КIыщокъуэ Алим къаригъэцIыхуа адыгэ цей дахэм».

Дэ дытетщ а лIы Iущ, а лIы хахуэ, зэчиишхуэ Алыхьым къызритам и «Шум и гъуэгум»; дыщыпсэу щIыналъэр «ЩIалэгъуэ щIыналъэщ»; ди псыхъуи дэлъыр «Мывэ хуабэщ»; дишми ди нэкIуми телъ «Дамыгъэр» адыгэ лIыхъужьыгъэм и дамыгъэщ; адыгэу дунейм тетым «Батырыбжьэ» къытхуаший – къэдлэжьащи. Ар зи фIыщIэр псом япэу КIыщокъуэ Алимщ.

**БИЦУ Анатолэ**

КIыщокъуэ Алим и цIэм епхащ адыгэ лъэпкъым и культурэмрэ литературэмрэ ягъуэта зыужьыныгъэ инхэр. Сурэтыр гъуджэм къызэрищым хуэдэу, КIыщокъуэм и усэхэм, поэмэхэм, романхэм IупщIу къагъэлъагъуэ Хэкумрэ лъэпкъымрэ я тхыдэр, цIыхубэм къикIуа лIыхъужьыгъэ гъуэгур. Зытетхыхь цIыхухэм я гъусэу тхакIуэр хэтщ гъащIэм и кууупIэм, я гугъуехьи гукъеуи ядигуэшу, я гуфIэгъуэр ядиIэту.

**БРАТ Хьэбас**

КIыщокъуэ Алим сцIыхуртэкъым и усэ тхылъ къасщтэу сыщеджам, нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, Ленинград консерваторием сыщыщIэсым сыкъэлъаIуэри къысIэрагъэхьат, уэрэд схуэхъун усэ къэслъыхъуэрти. Зэуэ сыдахьэхат хэкум, лъагъуныгъэм теухуауэ абы къиIуатэ гупсысэхэм, а гупсысэхэм къахуигъуэт псалъэхэм. …Уэрэд тIощI хуэдиз стхащ сэ Алим и псалъэхэр щIэлъу.

Куэд хузэфIэкIащ КIыщокъуэм, къызэринэкIа лэжьыгъэр игъащIэкIэ кIуэдыжынукъым. Дэри ди насыпщ жьыщхьэ махуэ хъуху ар зэрытхуэлэжьамкIэ, лъэпкъ щэнхабзэм зиужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIыфын цIыху Тхьэм къызэрыдипэсамкIэ.

**КЪАРДЭН Хьэсэн**

ЩIэблэ дапщэ щIапIыкIа КIыщокъуэ Алим и тхылъхэм, иджыри дапщэ щIапIыкIыну? Ар и щыхьэтщ Алим тхакIуэшхуэу, лъэпкъ цIыхуу, цIыхушхуэу зэрыщытым.

КIыщокъуэм и романхэр мыхъуамэ, Октябрь революцэм, граждан зауэм, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэм щыщ теплъэгъуэ куэд лъэужьыншэу кIуэдынт. Алим и усэхэр мыхъуамэ, ди усакIуэ куэдым я гъуэгу къахуэгъуэтыжынтэкъым.

**УЭРЭЗЕЙ Афлик**

*КIыщокъуэ Алим теухуа усэхэр*

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## ПСЭУПIЭ

1

ХуищIащ ажалым гъащIэ кIыхьми IущIэ,
Уриджэжащ уэ, лъэпкъым и уэлий.
ЩымыIэми уздэкIуэм щызэIущIэ,
Къыщыпхуэзэн къысфIощI абы Алий.

ХуищIащ ажалым гъащIэ кIыхьми IущIэ,
Пхуагъэувыж уэ нобэ фэеплъ сын.
ЩымыIэми уздэкIуэм щызэIущIэ,
КъыщыпхуэзэнкъысфIощI абы Къайсын.

2

«Щымщ къуршхэр», — уэ, Алим, зэгуэр птхыгъати.
Ар си гум илъу нобэ щIым уэ уох.
Уэ узыгъейм я макъым зиIэтами,
Къурш щымыр къыпкIэлъыгъыу зэхызох.

3

Нэхъыжь лъэрыгъыр быдэу пIыгъыу
Алий бгъэшэсу щытыгъат.
Жыжьэ укIуэныр уи нэрыгъыу,
Уэ «ШУМ и ГЪУЭГУ» утехьэгъат.

КIэ имыIэну уэ уи гъащIэм
Уахътыншэм лъэпкъым ухибжащ:
Уи пкъыр щIы фIыцIэм щызэгъами,
Уи псэр ШЫХУЛЪАГЪУЭМ техьэжащ.

4

Хэкум хуэпщIэну фIы упIащIэу,
ГъащIэм ущимыIа псэхупIэ.
Зи лъэпкъым езытам зи гуащIэ,
И лъэпкъым и гур хуохъу псэупIэ.

## ЕЛГЪЭР Кашиф

### АЛИМ И УНЭР

Щымытми си гъуэгу дыдэу мы уэрамыр,
СокIур щIы лей,
Уи унэр слъагъун папщIэ,
Мыр зи мылъку къабзэ къыхэкIар уэрами,
Солъагъу мыбдеж зыгуэрхэр щыпэщащэу.
Нобэ «пэщащэ» жысIэ щхьэкIэ, япэ
Къомым дзэ фIыцIэр,
Техникэр я Iэщэу,
Къежауэ
Лъапсэр ирах пфIэщIти и пIэм,
КъыщIиIуэнтIыкIырт бампIэгъуэшхуэм гущIэр.
Щытаи ар, щымытаи, жыпIэну
Лъапсэр
Къызэрыхухьар Iуахри напIэзыпIэм,
Унэр зей хъуахэм
Ирадзащ я лъабзэ:
Пащтыхь сэрейм ещхь хъуащ иджы мы щIыпIэр.
Дунейм тет къулеягъыр яIэу щытми,
Мы лъапсэр зыщэхуахэм семыхъуапсэ —
ПфIэфIмэ, гъэпсэуи ахэр гъищи-щитIи,
ЗэрацIыхунур мыр Алим и лъапсэущ.
Сэ, псалъэм папщIэ, мы уэрамыр кIуапIэ
ЩIэсщIар изоплъри аращ Алим и фэ.
Щхьэщэ зыхуэсщIри сэ аращ си гуапэу,
Армыхъу зыщIаркъым лъапсэр сэреифэ.
АтIэ сэр нэхърэ мынэхъыкIэу Iэджэм
ФIыуэ ялъагъу ди адыгэлI щэджащэр,
ИкIи, зэману сыт хуэдиз дэгъэкIи,
А лъагъуныгъэр хъун сфIэмыщI зэи кIащхъэ…
Емыгупсысыр абы ди хэку тетхэрщ,
Армыхъу КIыщокъуэ Алим и цIэр тептхэу
Фэеплъ-музей пщIы хъуртэкъэ мы унэр?
Дылъэпкъ тхьэмыщкIэщ, армыхъу арат хъунур!..
Дэлъэтэфынкъым бзу, — жыпIэн хуэдизу,
Лъапсэр къащIыхьу,
Ди Алим и унэр
ЩIэхъума хъуами,
Куэбжэм нэху къыдидзыр
Къызыхих бзийр
УсакIуэм и псэрщ, и нэрщ.
Апхуэдэущ ар игъащIэкIэ цIыху цIыкIум



8 Заказ № 150

Къызэрабжынур.
Ауэ ар зымыщIэу,
КъыкъуэгушхукIыу нобэ бгъэдэлъ мылъкум,
Алим и жьауэм щIэхуэр сфIэтхьэмыщкIэщ.
Ар зэщхьыр Уэгум,
ЩIыгум,
Дыгъэм,
Мазэм
Я цIэр къатепхыу яфIэпщыны рщ уи цIэр,
Ауэ, улIщ, цIыхур уэ абы пхуегъасэм,
КъэкIауи сощIри дыщэ защIэу уи дзэр.

## ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

### МАЗЭ НЫКЪУЭ НАЛ

*Хэт и шу пхъашэм и лъагъуэу*
*Шы кIэбдзкIэ уэгур итхъуа?..*
**КIыщокъуэ Алим**

Соплъ сэри куэдрэ жэщкIэ мо Шыхулъагъуэм,
КъэсщIэну вагъуэ жылэр тезысар.
И шыфэлIыфэр а шум сымылъагъуми,
Си фIэщщ ар адыгэшу зытесар.

Ар хэтми фIыкIэ ежьагъэнут зекIуэ,
Армырмэ дыщэ щыкъуейр хуэхъунт лъэужь!
Ар Тотрэшкъым, дауи, — Сосрыкъуэщ, —
Абы сыт щыгъуи хуиIащ ем гужьгъэжь.

Нарт къэпIыщIахэм къахуихьыну мафIэ
Ар ещыгуауэу шэсагъэнт Тхъуэжьейм,
Мо мазэ ныкъуэ налу хэлъри уафэм
Шы лъэгум къыщIэхуа хъунщ, зэу къэлъейу.

## КЪАГЪЫРМЭС Борис

### БГЪЭ ХАБЗЭ

Къуршхэм, пшэхэм къащхьэщыту,
Ар щохуарзэ уафэ лъащIэм.
Борэн къэхъуми, абы хэту,
Бгъэм мышынэу ехь и гъащIэр.

Мызэ-мытIэу бий хуэзами,
Къигъэзакъым абы дзыхэу.
Удын куэдрэ къылъысами,
Ар хуэлIакъым лей къезыхым.

Итщ ар ноби уафэ лъащIэм,
Япэм хуэдэу, лъэщу хуарзэу.
Бгъэм и биихэм ирыращIэ:
Ар псэуху — тетынщ и хабзэм!

БИЦУ Анатолэ

## КIЫЩОКЪУЭ АЛИМ ДЕЖ

*Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,*
*ФемыпIэщIэкIыу фыкъыспэплъэ.*
*МылIэжыныгъэм стелъщ и щIыхуи,*
*Абы и пщIантIэм фыкъыдэплъэ.*
**КIыщокъуэ Алим**



Уи унэ, уи бжэ темыуIуэу,
НыщIыхьэ хъухэм сахэтащ.
ПщIэ лей къысхуэпщIыр къызгурыIуэу,
Сыпхуэфэщэну сыхэтащ.

Узгъуэтт, сыпхуеймэ уэ, дапщэщи,
Иджы сэ дэнэ укъисхын?
Сэ сыхуеинущ уи чэнджэщхэм,
Ауэ уи псалъэ зэхэсхын?

Сыпхуэныкъуэнущ икъукIэ, сощIэ.
Уэрыншэу куэдрэ гугъу сехьынщ.
Уэ къыджепIат: «Си гъуэгум пыфщэ», —
Ар си гум илъу гъащIэр схьынщ.

Уэ хуэблэжьам хуэдиз ди лъэпкъым
Хуэзылэжьыни Тхьэм кърит.
Сэ слъэкIыращи, си Iэпкълъэпкъыр
ЩIэмылIэу, Iуэхум сыпэрытщ.

… Алим, сэ сщIэми уздэщыIэр,
Уи пщIантIэр сэркIэ зэхуэщIащ.
Ауэ уи куэбжэм, Iэмал иIэм,
СынеуIуну мурад сщIащ.

## ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн

*   *   *

Тызолъхьэ уанэ си шагъдийм,
Уи лъагъуэр скIуну шынэхъыжьым.
Уи тхыгъэу фIыгъуэм и лъхудийр
Тхуогъагъэр гъатхэм и Iэужьу.

Тызолъхьэ уанэ си шагъдийм,
Уи уэрэд-псынэр къэслъыхъуэну.
КъыщIож ар, жаIэ, дыгъэ бзийм,
Уэрэд хуэлIахэм ягу ихъуэну…

Тызолъхьэ уанэ си шагъдийм,
Уи нур-лъэужьым сытехьэну.
Дэтхэнэ щыгу утет, Алим,
Толъкъун дэтхэнэ ухыхьэну?!

Шагъдийр уи деж нызогъэлъэхъу,
Пхуэзубыдыну лъэрыгъыпсыр.
Уи гъуэгу кIыхь хъунуи сынохъуэхъу,
Тхухэпшу ди адыгэ къуэпсыр.



## КIЭМЫРГУЕЙ Толэ

*   *   *

Си сабиигъуэм и утыкур
Уи «Бажэ пшынэм» дэбжьыфIащ.
КъыщысцIыхуам уи «Елбэздыкъуэ»,
Сэ сытым хуэдэу сыгуфIа!

Удыхьэщ сигуми пасэу, сэри
Уи фочым IэплIэ есшэкIащ.
«Сэлэт сэламым» гури псэри
Гъатхэпэ уафэу дэхъуэпскIащ.

Дунейр щыжьапщи щымамыри
Тхуощхьэпэ ену уи чэнджэщ.
А уи Елдари Астемыри
Пхуэхъуныр гъусэ насып джэщ.

Уэ лIыхъужь нэсу къэбгъэщIахэм
КъагъэщIыжауэ зы лIыхъужь,
ЗэдагъэлъапIэ зи нэху щахэм.
Уэращ ар, фIыгъуэр зи Iэужь!

Уи дыщэ вагъуэм сфIэдурысу
(Зи гугъу сщIыр хэлъырщ а уи бгъэгу)
Тетхаи къуапитхум я зырызу:
Хэку, лIыгъэ, щIыхь, цIыхугъэ, жьэгу!

«УкIуэн нэхъ псынщIэу пхузэфIэкIыу,
Мычэму уи шыр уогъэлъэхъу».
Алим, ущыпкъэщ гукIи фэкIи,
Уи гъуэгу кIыхь хъуну дынохъуэхъу!

## КЪЭЖЭР Хьэмид

### ШУ ЗАКЪУЭ

*Балладэ*

**КIыщокъуэ Алим и фэеплъу**



1

Псыщхьэр еубыдри, Благъуэм —
псыншэу къегъанэ жылагъуэр.

Джатэпэрыжэу шууищэ,
зым япэ зыр ищу,

йобгъэрыкIуэ Благъуэм,
Благъуэ абрагъуэм!

Благъуэм едз псы Iуащхьи —
шу хыщIыр зэуэ зэтрегъащхьэ.

Къэнэжа шу плIыщIыр
йобгъэрыкIуэ щIэрыщIэу.

Аргуэру едз псы Iуащхьи —
шу шэщIрэ бгъур зэтрегъащхьэ.

Шу закъуэ псэууэ къэнэжар —
ари мэлъыхъуэ ажал:

йокIуэт, зызэщIекъузэри —
йолъ, къыхихыу гъуэзыр!

Ар егъэщIагъуэ Благъуэм,
Благъуэм ар егъэщIагъуэ:

— Мо шу факъырэ закъуэр,
хъарып, делауэ, мэжакъуэ!

2

Шу закъуэм факъырэу зимыбж.
Шу закъуэм икIуэт имыхабзэ.
Благъуащхьэр фIихыну и нетщ.
Шынагъуэу и джатэр егъабзэ.

Ауэ ар Благъуэм дежкIэ —
ХьэпIацIэ, хъумпIэцIэдж?
Ауэ сытми зы жыгъей дыдэщ —
Мещымщ е тхьэгъэлэджщ.

3

ФIэпсэкIуэду, мо цIыкIужьейм
щIонакIэ Благъуэ домбейр:

— Сыт мыгъуэ уэ плъэкIын!
Уэ ужыгъейщ, уи гугъэр инщ.

Си дежкIэ сыт — зы цIыв!
Упсэу щIыкIэ — кIуэжи нэхъыфIщ.

ЦIыв щхьэкIэ зызгъэхъеин сощхьэх.
Унэ уиIэмэ — кIуэж, зыIуегъэх!

Шу цIыкIум: «Зэ умыпIащIэ,
СыкIуэжынкъэ — уи щхьэр пызупщIмэ!»

Благъуэр мэдыхьэшх: «Хьа-хьа-хьа!
Апхуэдэ къару уэ дэнэ къипха!»

— Уэ благъуэжь абрагъуэр
уи ныбэрщ узэрыпагэр!

Уи ныбэрщ  узэрыиныр:
псыр бубыдащ, ткIуэпс къэмынэу!

Ауэ щхьэм и гугъу пщIымэ,
уфасикъщ, утхьэмыщкIэщ!

Уэ уи гугъэщ: сэ сыжакъуэу;
уэ уи гугъэщ: сэ си закъуэу.

ЗэгъащIэ: си джатэ Iэпщэкъур
ЗыIыгъыр сэрмыра — си хэкурщ!

Птездзэну удыныр мымахэ:
си щIыбагъ къыдэтщ си лъахэр!

Ди цIыхухэм я къару зэкъуэтырщ —
а уи щхьэ нэщIыр зыкъутэнур!



Дапхуэдиз удз къыщыкIми ди щIым —
я махъэр сэ къызат, лъэщ сищIу!

Дапхуэдиз жыг ди щIым къыщыкIми —
саIыгъыу, си Iуэхущ уэ сипщIыкIым!

Абыи я закъуэ! Езы Дыгъэр
нобэ есу хэсыну — псым щыгугъырт.

Псыр къэутIыпщыж! Псыр куэдым зэдайщ!
Сэ — а бэм сралIыкIуэ къудейщ.

Нобэ, слъокI жыпIэу, бэм иумых лей —
ар мину упшыныжынщ пщэдей!

Благъуэр губзыгъэкъым, — бзаджэщ;
гуитIщхьитI хъуащ, ауэ ебзыщI:
— Уэ цIыкIужьейм къыубжхэр
къанэ щымыIэу пцIыщ!

Уэ жьгъейр упцIыупси…
— Хьэуэ!
— ЖыпIэр, къанэ щымыIэу, пцIыщ:
сынодаIуэри — гъусэ уи куэдщ,
сыноплъри — слъагъур уэ зырщ…

Шу закъуэм пцIыупсу зимыбж.
Шу закъуэм икIуэт и мыхабзэ.
Благъуащхьэр фIихыну и нетщ.
Шынагъуэу и джатэр егъабзэ.

ГуащIэу зреч шу закъуэм,
И джатэр биищхьэм трегъапщэ
(ар зэбгъэрыкIуэм абы хуэдизу
жьэдидзэфынур мин дапщэт?!).

Дыгъэм къеутIыпщ зы бзий жан —
Лыхъужьым и джатэм къеIусэу.
Бзийр, мэлъеижри, Благъуэм
И нэм зыхесэ — маисэу!

Благъуэр къоскIэ,
Благъуэр къощтэ,
афIэкIа хэмылъуи, зещтэ,
зещтэри — макIуэ-мэлъей:
— Дыгъэр зи гъусэм удэмыджэгу…
Абы пэлъэщын темыт мы дунейм…

*КIыщокъуэ Алим теухуа гукъэкIыжхэр*

# МЫЛIЭЖЫНЫГЪЭМ И ЖЬАНТIЭР ЗИ ХЭЩIАПIЭ

*Къэзгъэзэнущ псыхъэлыгъуэу,*
*Къуэр си макъкIэ згъэпсэльэнщ.*
*Гъатхэ жылэу сахъумауэ*
*ЩIы вагъащIэм сыхальхъэнщ.*

**КIыщокъуэ Алим**

Бгы лъабжьэм укъыщIэкIыу уIукIуэта нэужь, абы и инагъыр, уардагъэр къызэрыплъагъум ещхьу, илъэсхэр блэкIыху КIыщокъуэ Алим зыхуэдэ щымыIэ цIыхушхуэу зэрыщытар, лъэпкъым дежкIэ ар зищIысыр нэхъри нэхъ IупщI, нэхъ нахуэ мэхъу. УсакIуэ щэджащэр дунейм щехыжам къэбэрдей литературэм, адыгэ тхыбзэ псом къатеуа зеиншафэр – цIыху нэхъ ин дыдэр лIакIи гъащIэр къэувыIэркъым – хуэмурэ щхьэщыкIауэ, Алим хиса жылэм фIыгъуэр къокI, мэбагъуэ. Апхуэдэу щытми, Алим хуэдэ цIыхум и пIэ иувэфын, лъэпкъ набдзэ хъун махуэ къэс къызэрамылъхур тщыгъупщэ хъунукъым. Пэж дыдэр жыпIэмэ, Алим и пIэ иувэфын гуэри щыIэнукъым, а увыпIэр езым еижщи. Ауэ КIыщокъуэм къыIэпыхуа къалэмыр къэзыпхъуэтэн, абы и Iуэху иным пызыщэн лъэпкъым къыхэкIахэщ, езы Алим Алий къыIэщIэхуа къалэмыр къызэрипхъуэтам, абы и Iуэхум зэрыпищам ещхьу.



Уеблэмэ ар зэрытхэкIыжрэ, и ныбжьыр илъэсищэ щрикъу махуэхэм нэхъыбэ тратхыхь, тражыIыхь, и творчествэм нэхъыбэ зэригъэныкъуэкъу хъуауэ сэ къысфощI, щыпсэуам нэхърэ. Тхыгъэхэм я нэхъыбэм КIыщокъуэм и усыгъэм, прозэм пщIэшхуэ щыхуащI, адыгэлI щэджащэм адыгэ культурэм щиубыд увыпIэм и инагъыр ягъэнахуэ. Ауэ, щыпсэуам щыгъуи хуэдэу, ноби абы и фIыщIэр зыгъэмэщIэн, и пщIэр зыгъэлъэхъшэн псалъэмакъ гуэрхэри къыщыIу щыIэщ, зыщагъэгъупщэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэ Iущхэр – фифI фымыгъэпуд. Зи цIыху зыгъэлъагэ цIыхум, лъэпкъым и щхьэр лъагэ мэхъу. ДыщылъэпкъкIэ, дунейм адыгэу тетыр зэрыгушхуэ тхакIуэр, усакIуэр, узэщIакIуэр къытщIэхъуэ щIэблэм нэхъ кууэ едгъэцIыхун, абы и IэдакъэщIэкI уахътыншэхэр ди тегъэщIапIэу хэкур, лъэпкъыр, анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу дгъэсэн хуейщ. Иужь зэманым КIыщокъуэм и цIэр Iэтыным, абы къилэжь щытхъур хуэIэтыжыным теухуауэ зыкъом ялэжьащ унафэщIхэми жылагъуэ организацэхэми – и цIэр уэрамхэм зэрахьэ, Налшык и курыкупсэм и фэеплъ телъыджэ итщ. Ауэ ар Iуэху иным и щIэдзапIэу аркъудейщ.

КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ и IуэхущIафэмрэ абрагъуэщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр кууэ зэпкърызых тхыгъэхэр зэрымащIэр гукъеуэщ. КIыщокъуэ Алим зытета дунейм ещхьыркъэпсщ и Iуэхури – кIэи пэи, гъуни нэзи иIэкъым. Ар цIыху дахэу дунейм тетащ – и теплъэкIи, акъылкIи, цIыху хэтыкIэкIи. Аращ апхуэдиз щIыхузэфIэкIар. Сэ мы тхыгъэ кIэщIыр Алим и усэхэр, романхэр зэпкърыхыныркъым зытезухуар. Абы куэд тетхыхьащ, нэхъыбэжи дяпэкIэ тетхыхьыну догугъэ. Девгъэджэж «Хъуэпсэгъуэ нур», «Эмирым папщIэ сэшхуэ», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ», «Нал къута» романхэм. Ди махуэхэм ахэр къаподжэж, нобэ цIыхухэр зыхэт хьэлэбэлыкъхэм ящыщ куэдым я жэуап щыбогъуэт. Сэ щIэджыкIакIуэм хуэсIуэтэнур

сыщыхуэза зэзэмызэм дэслъэгъуа Iущагъымрэ зэхэсха и псалъэ гукъинэжхэмрэщ.

Сэ мы сатырхэр сотх КIыщокъуэ Алим хузэхалъхьэ псалъэ удз гъэгъа Iэрамэхэм накъыгъэ закъуэу хэувэным сыщIэхъуэпсу.

## Алим и адэ Пщымахуэ



КIыщокъуэ Алимрэ абы и шынэхъыжь Рашидрэ е а тIум я шыпхъухэм я гугъу щащIкIэ, Щхьэлыкъуэ дэса нэхъыжьхэр псом япэу зытепсэлъыхьыр абыхэм я адэ Пщымахуэт. Ноби абы и хъыбар ди жылэм щызокIуэ, щIэблэ къэхъум ар иджы тхылъкIэ фIэкIа ямыцIыхуж пэтми.

«Хъуэпсэгъуэ нур» романыр журналым къытехуа, тхылъу къыдэкIа нэужь, си къуажэгъухэм зэIэпахыу яджащ. Романыр художественнэ тхыгъэу зэрыщытыр къызыгурыIуэхэми къызыгурымыIуэхэми тхыгъэм къыщалъыхъуэрт езыхэм я цIыхугъэ, благъэ, Iыхьлы гуэрым и образ. «Уэлэхьи, мыр мобы тритхыкIам», – жызыIэхэр мащIэтэкъым. Апхуэдэу щIыжаIэми, дауи, щхьэусыгъуэ иIэт: къацIыхужат Астемыр, Бэлацэ, Нурхьэлий сымэ зытритхыкIахэр. Псом хуэмыдэу Астемыр.



КIыщокъуэ Пщымахуэ теухуа сыт хуэдэ хъыбарри щхьэлыкъуэдэсхэм зыхуахьыжыр зыт: цIыхур егъэджэным, щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным а лIы Iущым и жылэгъухэр зэрыхуиущиярщ, иджы зэрыжаIэу, езыри абыкIэ щапхъэ зэрыхъуарщ.

ЖаIэж КIыщокъуэ Пщымахуэ и жыг хадэшхуэм и жьауэм щIэсу и быныр иригъэджауэ. Еджэныр зищIысыр къызыгурымыIуэм жаIэрт: Пщымахуэ и бынхэр кIапсэрыкIуэ ищIыну хэтщ.

Си гъунэгъу лIыжьхэми, нэхъ лIыкухэми жаIэу мызэ-мытIэу зэхэсхащ: бетэмал, Пщымахуэ жиIэм щхьэ демыдэIуащэрэт, зы мыхъумэ, нобэ къэрэндащкIэ дылэжьэнт, ди Iэгур шэмэджым щIимыуду.

ЖаIэж: дахэу утхэркъым, уегугъуркъым, уи тетрадыр фIейщ жиIэу Пщымахуэ зэшхыда гуэрым, укIытати, и Iустазым и гуапэ ищIыну мурад ищIауэ. ЕджапIэм къыщикIыжым щIалэр псыхъуэм дыхьащ тетрадыр къабзэу ижьыщIыну. ИкIи ижьыщIащ, дауи, тхылъымпIэр зэпкърыщэтащ.

Апхуэдэт зэманыр – бгырыс ябгэм и гущIэм щIэныгъэм и хъуаскIэр икъукIэ гугъуурэт мафIэу зэрыщызэщIэнэр.

Сигу къинэжащ мыри.

Бжьыхьэ уэлбанэ кIыхьыр щыета гъэ гуэрым (сэ сыцIыкIут, еджапIэм сымыкIуакIэу) жьэгум дэсу лIы гуп уэршэрт, дэпым пэрылъ нартыху цIынэм мыпIащIэурэ зрагъэгъазэурэ. НартыхудэчI къикIыжахэр уэшхым иуфэнщIат, зэ я зы бгъур, зэм адрейр мафIэм ирагъэуурэ загъэгъуущыжт, бахъэр къыхихуу.

– Дымыгъуэщыжмэ, пщэдей сызэрыдэкIын симыIэ, – жиIэрт ди хьэщIэхэм ящыщ зым.

– Хэт щыгъын лей зиIэр?

– Псыр къожэхыу губгъуэм уимытынумэ, уеджэн хуеящ, – жи нэгъуэщI зым. – ПщIэжыркъэ Пщымахуэ жиIэу щытар?

Мы цIыхухъухэр зэгуэр КIыщокъуэ Пщымахуэ иригъэджахэт, ауэ хуеджахэтэкъым. Ауэ абы и псалъэхэр ягу къинат.

– «Феджэ, си щIалэхэ, – жиIэрейт Пщымахуэ. – ЩIэныгъэ зимыIэ Iэхъуэу щамыгъэув зэман къэхъунущ». «Дауэ зэрамыгъэувынур? – ягъэщIагъуэрт, – Iэщ щхьэрыуар къебгъэзэн щхьэкIэ щIэныгъэ ухуей?»

– Уэлэхьи, езы Пщымахуэ и быныр иригъэджамэ-тIэ, дэ демыдэIуа щхьэкIэ.

– Еджамэ, нартыхудэчым хэткъым псыр къапыжу.

– КъищIат абы колхозыр зиIысыр. Уэлэхьи, къищIатэмэ...

# Япэ зэIущIэ

КIыщокъуэ Алим сэ япэу сыщыIущIар... «Шум и гъуэгу» тхылъ цIыкIуращ.

ЕджапIэм сыщIэтIысхьэри еджэкIэ-тхэкIэ тIэкIу сщIауэ, школ библиотекэм сыкIуат тхылъ къеIысхыну. Абы щыгъуэм библиотекэм и унафэщIыр иужькIэ егъэджакIуэ цIэрыIуэ хъуа Коммодов Геннадий Константинович, а зэманым псори ГенкэкIэ зэджэ, адыгэбзэкIэ Iэзэ урыс щIалэ сырыху щхьэпэлъагэрт. Тхылъхэм дахигъаплъэу жинт пIащIабзэ зытелъ «Шум и гъуэгу» усэ тхылъыр къыщысщтэм:

– Уэ иджыри уцIыкIущ, ар къыбгурыIуэнкъым, – жиIат абы, арщхьэкIэ си нэгу къыщIэплъэу фIэгуэныхь сыхъуа, сытми къызитащ: – зы усэ гукIэ зэбгъэщIауэ тхылъыр къыумыхьыжмэ, дяпэкIэ зыри уэстынкъым, – жиIэри.



Тхылъыр унэм щIэс псоми зэпаплъыхьащ. Тхылъ жинтым тетт нып плъыжь зыщхьэщыт, зи сэшхуэр Iэта шу, еплIанэ напэм лэч щIыхукIэ тедзауэ зауэлI фащэ зыщыгъ, ибгъукIэ щытраха цIыхухъу сурэт итт, «КIыщокъуэ Алим Балтийскэ тенджызым деж. 1945 гъэ» жиIэу щIэтхауэ. «Мыр ди къуажэщ, – жиIащ си анэм, – КIыщокъуэхэ Пщымахуэрэ Куэзрэ я къуэ нэхъыщIэращ». Си анэр къуажэ тыкуэнтетти, имыцIыхурэ къэзымыцIыхурэ жылэшхуэм дэстэкъым.

Тхылъ щIэрыпсыр сымыуфIеиным сыпылъурэ зэи-тIэуи седжащ, куэдыщи къызгурыIуауэ къыщIэкIынтэкъым, ауэ «Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ» усэр си псэм нэхъ къыкIэрыпщIэри гукIэ зэзгъэщIащ. Си ныбжьэгъу гуэрхэми езгъащIэри чы-бжэгъу бжыхьым дыфIэту хьэблэр къэдгъэпсалъэу дыкъеджэу щIэддзащ:

*ЕкIэ ди щIым бийр къихьати,*
*Сталин, ди адэр къыдэджащ:*
*«Си щIалэфIхэ, Iэщэр къафщтэ,*
*Бий дзэ фIыцIэр къыттеуащ...»*
.............................................
*Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ,*
*МафIэу ди гур зэщIэнэнщ,*
*ЩIы уи фIэщ уэ, Сталин лъапIэ:*
*Бий дищI лъэщым къидмынэн.*

Махуэ гуэрым дыкIийуэ а усэм дыкъеджэу дыздэщытым, ди пщIантIэ гъунэгъу фызитI-щы къыдыхьати:

– Уа, а тхылъым нэгъуэщI зыгуэр иткъэ? – жаIэри къыдэупщIащ.

– Итщ Iэджэ, мис фыкъедаIуэ, – сэ япэ къысхуэза напэм деж тхылъыр къыщызэгуэсхри «ЗэныбжьэгъуитI» усэм къеджэн щIэздзащ.

– Моуэ хуэм цIыкIуу, зэхэщIыкIыгъуэу къеджэ, – жаIащ, зей лъабжьэм деж щетIысэххэри, и кIэм нэс къедэIуахэщ. ЗанщIэуи къыщиудри къэгъахэщ: «Дыдей мыгъуэхэри апхуэдэу губгъуэм къинагъэнщ» жаIэри.

А махуэми иужькIи сэ а усэм куэдрэ сыкърагъэджащ. Сыкъеджэхуи я нэпсыр яхуэмыубыду.

А усэм щыщ сатырхэр ноби гукIэ сощIэж:

*УIэгъэу сэ стелъым*
*Сихъынущ, си къуэш,*
*Уэ псэууэ укъонэ –*
*Насыпыр мыгуэшщ.*
*Ди щIыпIэм уихъэжмэ,*
*Бгы щхъуантIэр къэплъыхьи,*
*Сэ си шым гъэ куэдкIэ*
*Дамыгъэу иIар*
*Бгы нэIум щистхъащи,*
*УкIуэжмэ къэлъыхъу.*
*Си анэжьым ухуэзэм,*
*И закъуэу мыр жеIэ:*
*Уи щIалэу уи пажэм*
*И гъуэгур кIэщI хъуащ:*
*Хъуэпсэгъуэу иIахэр*
*IэщIыби ищIащ.*
*КъищIэнущ си анэм*
*Хъыбару хуэпхьар*
*Игу махэм хыхьэнщи,*
*Ар щэхуу къэгъынщ.*
*Iэ гъуркIэ и нэпсыр*
*ИлъэщIу пыхьэнщ.*

Илъэс куэд дэкIа нэужьщ ахэр щIэгъыр къыщызгурыIуар. КъызгурыIуэри, «Нэ фIыцIэ» новеллэр стхыгъащ.

# Лъагъунлъагъу

И закъуэу сыхуэзэу Алим япэ дыдэ хуиту сыщепсэлъар Москващ. КПСС-м и ЦК-м Общественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием сыщеджэу, къалэшхуэм сыщыIэу, махуэ гуэрым мурад сщIат Алим деж лъагъунлъагъу сыкIуэну. СССР-м и Литературнэ фондыр здэщыIэр зэзгъащIэри сежьащ. Алим и лэжьапIэ кабинетым къыпэщыт пэIущIэ пэшыр нэщIт, секретарь цIыхубзым фIэкIа щIэмысу.

– Пщымахуэ и къуэ Алим IуэхукIэ щIэкIащ, нобэ къигъэзэжынуи къыщIэкIынкъым, – къызжиIащ абы. – Мыщэхумэ, укъызытекIухьар къыджеIэ, тхузэфIэкIмэ, дыбдэIэпыкъунщ.

– Сэ Налшык сыщыщщ. Алим зыхуэзгъэзэну арат.

А дакъикъэм пэшым къыщIыхьа лIыри къызоупщI:

– Налшык укъыщикIакIэ, IуэхукIэ ухуейуэ арагъэнщ, къызжеIэ, сэ КIыщокъуэм срикъуэдзэщ, уи Iуэху зэфIэзгъэкIынщ.

– Лъагъунлъагъу сыкъэкIуат, – щыжысIэкIэ, нэхъ нэ лейкIэ къызоплъри, Алим и телефоныр схуетх:

– ЯпэщIыкIэ къепсалъэ, армыхъумэ фызэблэкIынщ, – жеIэри.

ЕтIуанэ махуэм Алим сопсалъэ, сэлам изох. ДызэщIоупщIэ.

– Пщэдей шэджагъуэм къэпсэлъэж, – жи Алим. – Сэ сыхьэт 12-м щыщIэдзауэ 15 пщIондэ сылажьэу аращи, дызэхуэзэнщ.



КIыщокъуэ Алимрэ Мэзыхьэ Борисрэ



СыкIуащ етIуанэ махуэм. ПэIущIэ пэшым цIыху куэд щIэст. Абыхэм яхэтт зи сурэткIэ, тхылъкIэ сцIыху тхакIуэ гуэрхэри. ИужькIэ къызэрысщIауи, хэт зыгъэпсэхуакIуэ зэрыкIуэн тхылъ, языныкъуэхэр ахъшэ щхьэкIэ лъаIуэу арат. СыщIыхьэу Iэнкуну сыщыувым, секретарыр, дауи, сыкъицIыхужакъым, сызыхуеймкIэ къызоупщI:

– Алим зыхуэзгъэзэнут.

– Мы псори абы хуэзэнуращ.

– Сэ Налшык сыщыщщ. ТелефонкIэ сыкъепсэлъащ.

– Абы и деж и къуэдзэр щIэсщи къыщIэкIыжмэ уи хъыбар жесIэнщ.

Куэд дэмыкIыу ар абы деж щIохьэ. Секретарым и ужь иту Алим бжэр къызэIуехри:

– КъыщIыхьэ, – жери сыщIешэ.

СыхьэтитIым щIигъукIэ сыщIэсащ абы щыгъуэ Алим и деж. Ауэ сызэрыщIыхьэххэу «сыткIэ сэбэп сыпхуэхъуну, Борис», – жиIэу къыщызэупщIым пэжу жэуап естащ: «Сэ лъэIу гуэри сиIэкъым, Алим, лъагъунлъагъу сыкъэкIуауэ аращ». Алим си нэм и фIэщу къыщIэплъэри, жысIар и фIэщ хъуагъэнти, афIэкIа абыкIэ къызэупщIыжакъым, ауэ, «цIыху куэд къыппоплъэ», щыжысIэм:

– Абыхэм яхэткъым лъагъунлъагъу къэкIуа. Щыс умыгузавэу, – пыгуфIыкIащ ар. ИтIанэ телефоныр къищтэри и къуэдзэм жриIащ къыпэплъэхэм я Iуэху яхузэфIихыну. Абдежым къызгурыIуащ адрейхэм я нэ къызыхуикI щIыхьри пщIэри къелъэлъэхыжу зиIэ, къэрал псом щацIыху лIы Iущыр, дауи щрети, гу хуабагъэ, къызэрыгуэкI цIыху гулъытэ зэрыхуэныкъуэр. Псори хуейт зыгуэр къыпахыну. Езыми къыбгъэдыхьа игъэщIэхъуртэкъым: псом япэ къалэшхуэм щеджэ щIалэгъуалэр е Москва кIуауэ зи Iуэху зэблэуа гуэрхэр. Алим зыдэIэпыкъуа Iэджи ноби псэущ, фIыщIэ хуащIу ягу къагъэкIыжу.

ЦIыхур нэхъ иныху ныбжь нэхъ ини едз. А ныбжьыр зытридзэм ныбжьыр зейм дыгъэ къытримыгъапсэу къыщцыхъун хуейкъым.

# Щхьэлыкъуэ хуэрэджэхэр

ЗыпищI щымыIэу фIыуэ илъагъурт Алим къыщалъхуа къуажэжьыр. Сыхуэзауэ сщIэжыркъым Щхьэлыкъуэ, абы дэса цIыхухэм кIыхьу, гукъэкIыжхэм гукъыдэж кърату щытемыпсэлъыхьа. Абы щыгъуэми къыщалъхуа, къыщцыхъуа жылэм зэрыхуэзэшыр, илъагъуну и нэ къызэрикIыр и макъым къыхэщ, и нэхэм къыщIих зэпытт. И романхэм хэт лIыхъужьхэр и къуажэгъухэм къатритхыкIа къудейкъым, усэ сатыр мащIэ абы Щхьэлыкъуэ триухуакъым – дуней псом Щхьэлыкъуэр къащригъэцIыхуащ:

*Сыжейми, си нэр зэтехами,*
*Щхьэлыкъуэ къуажэр щIэтщ си нэгу.*
*Бжьыхьэ жыг тхьэмпэу пыщэщахэм*
*Сахэлъу жьыбгъэм сагъэджэгу.*

*Къалэшхуэм дэсым сыхабжами,*
*Щхьэлыкъуэ къуажэм сэ сахэтщ.*
*Ди унэ лъахъшэм сыхуозэшри,*
*ПщIыхьэпIэ дыдэм къуажэр хэтщ.*

*Си щхьэр щыдэсхми сыдэкIакъым,*
*Си псэр а къуажэм къыдэнащ.*
*Си адэ-анэр сэ къыспэплъэу*
*Ноби къысфIэщIу сыкъэнащ.*

*НэгъуэщI къэрали сэ сыгъакIуэ,*
*Сэ сызыхуэзэр согъэпэж:*
*Уи лъахэ хъужыр сыт? – жаIамэ,*
*ФеупщI Щхьэлыкъуэ, – жызоIэж.*

.........................................

*Сыкъуалэбзууэ къэслъэтыхьмэ,*
*Щхьэлыкъуэщ дамэ щызгъуэтар.*
*Мы къуажэр, къалэм езгъэпщамэ,*
*Япэ изгъэщу сыдэтаи.*

*Сыт хуэдэ унэ сыщIэсами,*
*Щхьэлыкъуэ ятIэр си чырбышщ.*
*Си псэупIэщIэр къэзгъэнами,*
*СфIэкIуэдыр куэду си дзэр мыш.*

*Си жьыщхьэ нобэ сыпхуэусэм,*
*Псы ІэфІ исфари сигу имыкІ.*
*Уэрэду си гум къопсэльыкІыр,*
*Къуажэжьыр си гум къошхыдыкІ.*

Зэгуэр Алим сыбгъэдэст, дыпсалъэурэ Щхьэлыкъуэ дынэсыжауэ. Іэджэм я щхьэфэ диІэбауэ, Алим зыкъызэкъуихри къызэупщІыгъащ:

– Борис, Щхьэлыкъуэ хуэрэджэхэр пщІэжрэ? – жиІэри. СщІэжырт – ІэштІым нэхърэ нэхъ ину, къыпыхуамэ, щІым зэрытехуэу зэхэмыпІытІэу тІууэ зэгуэчрэ я жылэр къихуу, Щхьэлыкъуэ къуажэкІэм щыІа жыг хадэми, нобэ ГАИ-м и унэр здэщыт гъуэгубгъухэми къыщыкІыу щытащ. – Дэнэ щІыпІэ сыщымыІами, апхуэдэ хуэрэджэ зы щІыпІи сыщрихьэлІакъым! – игъэщІагъуэрт Алим.

Дуней псор зылъэгъуа лІы щэджащэм щхьэлыкъуэ хуэрэджэм пищІын илъэгъуатэкъым. Ари и жылэжьым хуиІэ фІылъагъуныгъэм и зы щапхъэщ.

И гугъу щІын хуейуэ къыщІэкІынщ Алим щхьэлыкъуэдэсхэм усэ-уэсят къазэрыхуигъэнами. А усэм КІыщокъуэм щетх:

*Сэр щхьэкІэ Іэджэм Іэджэ жаІэр:*
*Жагъуэгъу зимыІэ тет дунейм?*
*Хэт сыт жиІами сыщхьэлыкъуэщ.*
*Ар гурыфІыгъуэу мэхъу сэтей.*

*Сыфщымыгъупщэм – ар си гуапэщ.*
*Ди Іуэм итауэ зы жэмыжь*
*ДыщимыІэжкІэ, сыгузавэу*
*Ноби зызохуэ и лъэужь.*



# «Шум и лъагъуэ»

БлэкІа лІэщІыгъуэм, 80 гъэхэм я пэщІэдзэм Налшык и уэрам нэхъ дахэм, Ленинымм и цІэр зезыхьэм, срикІуэу, «Восток» киногъэлъэгъуапІэм бгъэдэт тхылъщапІэ тыкуэным сыщІыхьат. Мыбы нэхъыбэу щащэр цІыхухэр зыхуэмеижу ятыжахэрт. Арат абы «букинистическэкІэ» щІеджэри. Зи гугъу сщІы лъэхъэнэм абы куэду ущрихьэлІэу щытащ адыгэ, балъкъэр литераторхэм я тхылъхэм. ТелъхьэпІэ щхьэхуи яІэт.

НтІэ, а тыкуэным сэ мызэу къыщысщэхуащ тхылъыжь гъэщІэгъуэн куэд. Псалъэм папщІэ, ПащІэ Бэчмырзэ и тхылъ 1943 гъэм къыдэкІар. ХьэхъупащІэ Амырхъан и усэ тхылъ, КІуащ БетІал и тхылъ «Сэлам» зыфІищар, СулътІан гуэрым иритар. Абы тетхащ: «Дорогому Султану, на долгую память. От автора этой скромной книги» жиІэу.

ЗэрыжаІэу, сеуэсауэ сэ тыкуэным сыкІуэрт. Зэгуэр си Іуэху къикІыпащ: дапхъэм телът КІыщокъуэ Алим и «Шум и гъуэгур». Ари тхылъитІ хъууэ – зым и жинтыр тхылъымпІэ Іув къащхъуэу, адрейр тхылъымпІэ пІащІэу. Дауи, тхылъхэр къэсщэхуащ – зы тхылъыр кІэпІейкІэ 90 и уасэу арат.

Арати, япэ Москва сыщыкІуэм жинт Іув зытелъыр къыздэсщтащ, илъэс 50 и пэкІэ къыдэкІа тхылъым автограф къытрезгъэдзэн си мураду. Сыхуэзэу щезгъэлъагъум сІихри гумащІэ къэхъуауэ зэпиплъыхьащ – пщІэнтэкъым Іэджэ щІауэ имылъэгъуа сабий и куэщІ ис фІэкІа.

– Мыр дэнэ къипхыжа? – игъэщІагъуэрт абы, тхылъыр зэтрихри ар зейуэ щытам и Іэ телъу къигъуэтащ. – N и бынхэм тыкуэным иращэжауэ

арагъэнщ, – нэгъуэщI мыхъуми я адэ и фэеплъу библиотекэ гуэрым иратамэ нэхъ щхьэпэти...

Ауэ Алим тхылъым автограф къысхутритхакъым:

– Сэ къызэт мыр. Мо си тхылъхэм хэди, дэтхэнэр ухуейми къащтэ. Тхыгъэ къыхэхахэр уиIэ?

– СиIэщ.

– Мыр уиIэ?

– СиIэщ.

– Си тхылъ псори уиIэу ара?

– СиIэщ.

Апхуэдэурэ тхылъ зыбгъупщI деплъа нэужь, «Эмирым и сэшхуэ» романым дыкъытеувыIащ. ИужькIэ Алим и стIолым пэрытIысхьэжри «Шум и гъуэгур» аргуэру зэпиплъыхьащ, напэкIуэцI гуэрым деж щызэгуихри и нэгум пшагъуэ мащIэ къытрихуащ:

– НапитIыр мыбыи дэтыжкъым, – жиIащ.

«Шум и гъуэгур» къэбэрдей поэзием лъэбакъуэ абрагъуэ хуэхъуа тхылъ пэтми, абы псалъэмакъ гуэр ирамыщIылIэу къэнакъым. Алим игу къэкIыжар «Насып», «Нартыжь уэрэд» уситIым совет псэукIэр игъэлъахъшэу, пессимистическэ усэу къалъытэу псалъэмакъ гуэрхэр кърагъэкIауэ зэрыщытарщ. «Шум и гъуэгу» тхылъым щыщу куэдым 85-86 напэкIуэцIхэр къыдатхъат. Ар а зэманым и нэщэнэщ, ауэ гъэщIэгъуэну нэгъуэщIи итт абы – 87-нэ напэм ит «Къесын К. папщIэ» усэм зыми гу зэрылъамытарщ – 1946 гъэм Кулиев Къайсын теухуа тхыгъэ къытебдзэныр псэзэпылъхьэпIэт, апхуэдэу пщIэн папщIэ лIыгъэ ухуейт.



КIыщокъуэ Алим апхуэдэ лIыгъэ зыхэлъ цIыхут.

Мы хъыбарыр къэрал университетым и егъэджакIуэу щыта тхыдэтх Къардэн Чэлимэт къызжиIэжри 1997 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5 махуэм стхыжауэ щытащ.

– Зэгуэр, тхылъ тедзапIэм и унафэщIу сыщылэжьа лъэхъэнэм, КIыщокъуэ Алим сриджэгъащ. Ар а зэманым Къэбэрдейм и Министрхэм я Советым и тхьэмадэм и къуэдзэт.

– Уа, Чэлимэт, КъардэнгъущI Зырамыку уоцIыху уэ.

– Уэлэхьи, соцIыхумэ.

– ПцIыхумэ, апхуэдэ цIыху лэжьапIэншэу уэрамым дэт хъунукъым. ЩIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэ къыщилэжьын IэнатIэ гуэр къыхуэгъуэт абы, лэжьакIуэу къащтэ. Сыт хуэдэ IэнатIэми хъунщ.

А лъэхъэнэм Зырамыку и цIэ IейкIэ ягъэIуауэ щытти, къулыкъу гуэр ептыну гугъут.

Сытми, етIуанэ махуэм къэкIуащ Зырамыку, «лэжьапIэ сыбгъэувмэ» жиIэри. Сэри езыми КIыщокъуэм и цIэ жыдмыIэу, ауэ тIуми ар дигу илъу дызопсалъэ.

– Редактор нэхъыкIэу сыувынукъым, – жи. – Сэр нэхъыфIу адыгэбзэ зыщIэ, ирилажьэ бгъуэтынукъым, – жи. АрщхьэкIэ сэ дзыхь сщIыркъым – зэманыр зэман угъурсызт. НэгъуэщI IэнатIэ гуэр естыну си хьисэпщ. Езыми, уIэли-ууди, нэгъуэщI Iуэху и пщэ дызигъалъхьэркъым. ИкIэм:

– А къопсэлъам къыбжиIар...

– А къэпсэлъам и псалъэ си унафэкъым, – здэркъым сэри. – Обкомым щIэс инструкторыжь цIыкIум къысхуищIращ унафэр, армыхъумэ КIыщокъуэм и лъэIуракъым. Сэ узгъэувынщ, ауэ а цIыкIухэм ящыщ гуэрым унафэ къысхуищIмэ, уэлэхьи, фийуэ уIузмыхужу мыхъуну.

Арати, згъэуващ. Абы щыгъуэм Жаным Борис закъуэт редактору диIэххэр.

Ауэ бзэгур кIыхькъэ? Уэлэхьи, махуэ гуэрым партым и обкомым и секретарь адыгэ щIалэм, идеологиер зыIэщIэлъым, среджэмэ.

– ЕIмэ-еIщ, КъардэнгъущIыр зищIысыр умыщIэу ар уэ щхьэ редактор пщIыхха?

– Ар псысэ, шыпсэ, таурыхъ хуэдэхэрщ зэзгъэлэжьыр, – зызогъэзахуэ сэ.

Сытми тач-тау щыжригъэIэм:

– КIыщокъуэм и псалъэкIэ згъэуващ, – жызоIэ. Сэ сщIэрт а тIум яку псалъэ, гужьгъэжь гуэр зэрыдэлъыр, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым, убзыщI хъунукъым.

Сытми, си тхьэкIумэр фIыуэ къысхуиIуантIэри сыкъиутIыпщыжащ.

ИужькIэ зэхызохыж мыпхуэдэу.

Еуэри партым и обкомым и бюро екIуэкIыу секретарь-идеологыр пхъашэ цIыкIут, Iуэху къиIэтащ:

– Василий Иванович! Мы КIыщокъуэр мыпхуэдэу куэдрэ тшэчыну? Ди унафэр икъутэ зэпытщ. Приспешникыр тхылъ тедзапIэм иригъэгъэуващ уэ мэлажьэ.

Абдежым КIыщокъуэр къызэфIэувэри секретарым ткIийуэ иридзащ жаIэ:

– Уэ цIыхум дзы яфIэпщу, ярлык якIэрыплъхьэжу дунейм утемыт. КъардэнгъущIым лажьэ иIэкъым. ЦIыхум дзы яфIумыщ!



Сытми, псалъэмакъыр обкомым и япэ секретарь Бабич В. И. зэтриуIэфIэри, КъардэнгъущIри и IэнатIэм къыIунащ.

КIыщокъуэ Алим обкомым и секретарым щыщыхьа зэманым апхуэдэ Iуэху щхьэкIэ цIыхур хьэ щыщIащIэм лъэсу яхуу щытащ.

Алим захуагъэм щхьэкIэ апхуэдэ куэдрэ власть зыIэщIэлъхэм япэщIэуващ, езыр сыт щыгъуи власть зыIэщIэлъхэм яхэта пэтми.

# Яхуэмыкъута нал

КIыщокъуэ Алим и «Нал къутар» лъэпкъ напэр тезых тхыгъэу жаIэу зыгуэрхэр утыку щитами, а Iуэху еплъыкIэ Iушэр ди лъэпкъым къищтакъым – тхылъым емыджам и махуэ мыгъуэу ар къали къуажи щызэIэпахащ. Си фIэщ хъункъым а романым хуэдэу яджа нэгъуэщI тхылъ Алим иIэу. АрщхьэкIэ адыгэр зыгъэулъий абы ирагъуэтакъым. Абы къыхэкIыу лъэпкъым езым и къуэ пэжым нэлат ирихакъым.

А илъэсхэм, дауи, цIыхухэм я нэхъыбэм къагурыIуэрт усакIуэм лей зэрырахыр, ауэ зыкъомми ар IумпIэм ящIырт, гъащIэм и шхуэIур зыIыгъхэм зыдащIу. Республикэм и интеллигенцэм и фIыпIэм Алим зэи ибгынакъым, епсэлъэн, хуэзэн щхьэкIэ шынакъым. Кулиев Къайсын и ныбжьэгъум гуащIэу къызэрыщхьэщыжар псоми дощIэж. Ауэ а цIыхушхуэм и псалъэр зэхэзыхыпхъэм зэхахакъым.

Алим емыпцIыжахэм ящыщщ тхакIуэ нэхъыщIэхэр, абы и гъукIэгъэсэну зызылъытэу щытахэр.

СщIэжыркъым ар зи жэрдэмыр, Бицу Анатолэу си гугъэжщ, ар Алим нэхъ и кIуэгъужэгъуу щытащ, зыгуэрым зэхиублэри КIыщокъуэр Налшык къыщыкIуэжыр литературэм, цIыхугъэм я махуэшхуэ хъуауэ екIуэкIащ. А махуэхэм Алим и дерсхэм щIалэгъуалэри нэхъыжьыIуэхэри щедэIуа махуэу уеджэкIэ ущыуэну си гугъэкъым, сыту жыпIэмэ, а зэIущIэ мащIэхэм дэ абы куэдым дыщыщIигъэдэIуащ, куэдым дыщыхуиущиящ.

9 Заказ № 150

Iуэхур зэрыщытыр мырат. Алим къэкIуэжауэ зэрызэхэтхыу лIыкIуэ хуэтщIырт, къыщытIущIэфыну махуэр иубзыхуну дельэIуу. Сыт хуэдизкIэ зэманыр къемэщIэкIыу (а махуэхэм усакIуэр унэм щыщIэсыр зэзэмызэххэт – ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэм, и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъу куэдым ирагъэблагъэрт) е гукъыдэмыжуи щрырет (ныбжь щиIэкIэ, зауэм и курыкупсэм щыхэтакIэ) дыкъыщигъэщIэхъу зэи къэхъуакъым. Дэри Iэнэ духуэрт, ПсыкIэху Iуфэм тшэрти, махуэ псом дыбгъэдэст.

Мыри жысIэнут. Iэнэм фадэ тет пэтми, хъуахъуэу я Iупэ хащIэ мыхъумэ ефа, чэф хъуа зы цIыху ди гупым къыхэкIакъым, апхуэдизкIэ абы фIэлIыкI хуаIэт, нэмыс, пщIэ хуащIырти. Апхуэдиз утыр зыхуэтщI езы Алим нэрзанынпс нэхъыщхьэ Iухуауэ сщIэжыркъым, ерыскъым хэIэбауи къысхуэгубзыгъыжыркъым. ЩIыхэмыIэбари фошыгъу уз иIэти хэплъыхьауэ фIэкIа шхэ зэрымыхъурт.

НтIэ, нэхъыщхьэр аракъым. Нэхъыщхьэр, дауи, а зэIущIэхэм щаIуатэу щытарщ. НэщхъыфIэу, жытIэм мыхьэнэшхуэ иримыт хуэдэу зищIми, гу лъыптэрт ар зэригуапэр. Абы емыкIуи хэлъкъым – зи гъащIи зи гуащIи лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщI цIыхум и цIэр хаутэрти, абы и лэжьыгъэшхуэр зрамыгъапщэ щыIэтэкъым.

Алим тхутепсэлъыхьырт романым зэрелэжьа щIыкIэм, абы лъабжьэ хуэхъуа Iуэхугъуэхэм. Зы сигу къинэжащ быдэу: архив лъабжьэ имыIэу сэ зыри стхыркъым жиIащ Алим. А тхыгъэм итыр пэж защIэщ. Псалъэмакъыр къыщIрахьэжьар «лIыхъужь» зыкъомым зэрызыкъацIыхужар, щIэукIытэжын Iуэху зэракъуэлъыр аращ.

Тщыщ гуэр Алим еупщIащ:

– Уи тхылъым теухуа зэIущIэ зэрекIуэкIам и хъыбар щызэхэпхам сытым уегупсыса, сыт пщIа?

– Iуэхур зытетыр къызэрысщIэу, сэ си щхьэм жесIэжащ: уэлэхьи, КIыщокъуэ и къуэ, уифI зэрамыхуэ, а псом уегупсысу ущыс мыхъуну! Лэжьыгъэращ уэ укъезыгъэлынур. Ар жысIэщ абыжми, мохэр зэрызехьэху, «Восход луны» романыр урысыбзэкIэ стхащ.

УсакIуэм иращIэкI псалъэмакъым къызэщIигъаплъэ гуэрхэри ди щIалэхэм яхэтти, ахэр Алим игъэупщIыIурт:

– Фэ мы Iуэхум фыкъыхэмыхьэ. Сэ абыхэм зыри къызащIэфынукъым. Фэ фапIытIынщ. Фыхэмыхьэ мы псалъэмакъым.

Ауэрэ псалъэмакъыр хуэкIуэжырт тхакIуэм и пщэ къыдэхуэ къалэнхэм, абы итха дэтхэнэ тхыгъэмкIи цIыхум я пащхьэ жэуап зэрыщихьым, а псом къыхэкIыуи пэжыр и гъуэгугъэлъагъуэу ар щытын зэрыхуейм.

ЖысIам къикIыркъым Алим а махуэхэм лекцэ къытхуеджауэ, Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхур диущий зэпыту къытхэтауэ. ТхакIуэ цIэрыIуэхэм, къыщикIухьа къэралхэм ятеухуауэ Iэджи къытхуиIуэтэжащ.

Мис абыхэм ящыщ зы.

Африкэм щыщ къэрал гуэрым – Эфиопием – Алим кIуат СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и лIыкIуэ гупым и унафэщIу. Зэрыхабзэу, щIыпIэ Iэджэ ирагъэлъэгъуащ. ИужькIэ дзэ пакIэ гуэрым яшэри, хьэщIэм и щIыхькIэ хыв домбей яукIащ, псынщIэу зэIахри лыр хуабэу я пащхьэм кърагъэуващ зэрыщIынэу, сэрэ шыбжий шыпс сыррэ щIыгъуу.

– ХэIэбэ, – къыжреIэ бысымым.

Алим ерыскъым щыхэмыIэбэм, зи хьэщIэр зыгъэлъэпIэну хуей бысымым аргуэру жеIэ:

– Уи дзэм сэкъат яIэмэ, мо сэлэтыр къездджэнщ, фIыуэ езгъэгъэныщкIунщи къыбжьэдезгъэлъхьэнщ. Аращ ди хабзэр.

– Ар щызэхэсхым, – дыхьэшхащ Алим, – сэр къэспхъуатэщ, лыр къыпызупщIщ, фIыуэ шыпсым хэскухьри езгъэлъэтэхащ, сымаджэу сыкъызэрыриудынум шэч лъэпкъ къытезмыхьэу, арщхьэкIэ зыри къызищIакъым.

Псом хуэмыдэжу гукъинэж тщыхъурт Алимрэ Сокъур Мусэрбийрэ я псалъэр. ЩIэныгъэшхуэ, зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ адыгэлIитIым я дэтхэ-

нэ псалъэри гупсысэ куукIэ гъэнщIат. Литературэм и къалэнхэм, лъэпкъым зиужьын, зихъумэжын, и дыгъуасэр щымыгъупщэу пщэдейм ар зэрыхуэлэжьэн хуейм теухуауэ жаIэр икъукIэ щхьэпэт дэ тщыщ дэтхэнэм дежкIи. Тегузэвыхьу я псалъэр траухуэрт адыгэбзэр, хабзэр хъумэн, тхыдэр кууэ джыжын зэрыхуейм.

Адыгэ тхыбзэм, тхыдэм, бзэм ятеухуауэ абыхэм зэжраIахэр уигу къыщыбгъэкIыжкIэ, уогъэщIагъуэ а тIур кууэ гъащIэм кIуэцIрыплъу, къэхъункIэ хъуну лъэпощхьэпохэр къалъагъуфу зэрыщытар.

Дунейпсо поэзием, прозэм тепсэлъыхьами, абыхэм адыгэ литературэм деж Iэмал имыIэу къагъэзэжырт.

Сыт хуэдэу дахэу, шэщIауэ Алим и усэхэм къеджэрэт Мусэрбий!..

Зэхуэсым щызэхэтха псалъэ щхьэпэхэми усэ телъыджэхэми щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ дерс къыхихащ. Ноби къыхыдох. Сыту жыпIэмэ, цIыху Iущым и дерс жьы хъуркъым, зэман дэкIыху нэхъ кууэрэ къызэкIуэцIих мыхъумэ.

Мыбдежым илъэс зыкъомкIэ а зэIущIэхэм зрезыгъэхьэлIэфахэм ящыщ зыбжанэм я цIэ къисIуэну сыхуейт. СыщIыхуейр абыхэм лIыгъэшхуэ зэрахьауэ къащыхъужу аракъым, атIэ усакIуэм дежкIэ гугъуу щыта илъэсхэм абы зыщIэзыгъэкъуа, ар лъэпкъым дежкIэ зищIысыр къызыгурыIуэу щытахэм я цIэр псоми ящIэн хуейуэ къысфIощIри аращ. Ахэр Сокъур Мусэрбий, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Елгъэр Кашиф, Къэрмокъуэ Хьэмид, Бицу Анатолэ, Джэрыджэ Арсен, Тхьэзэплъ Хьэсэн, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КIэщт Мухьэз, Махъсидэ Анатолэ сымэщ. Зи цIэ сIэщIэхуахэм губгъэн къысхурамыщI.

## «СыщIагъэсыну щыта тхылъым…»



КIыщокъуэ Алим игу традза уIэгъэр жэпхъами, мыкIыжауэ дунейм ехыжащ. Ауэ зэманым псори и пIэм иригъэувэжа хуэдэщ. Тхылъыр СССР-м и тхылъ тедзапIэ нэхъ ин дыдэхэм экземпляр куэдыкIейуэ къыщыдэкIащ. ИужькIэ езы Алими ягъэфIэжащ: Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ, и илъэс пщIей махуэшхуэр лъэпкъ Iуэхуу республикэм щагъэлъэпIащ, пщIэрэ щIыхьу хуэфащэр хуащIу. Ауэ псалъэмакъ дыджыр ткIыбжьу игу илъу къекIуэкIащ. Абы и щыхьэтщ, иджыри зэ жызоIэри, мы письмор. Ар къызэрысхуитха бзэ дыдэмкIэ къызохь. Мы письмор къыщысхуитхам «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу сылажьэрт.



Дорогой Борис!

Посылаю ксерокопию диплома о присуждении премии моим романам «Сломанная подкова» и «Вершины не спят». Полагаю, эти документы представляют интерес и для тебя и для твоей газеты. Поступай, как тебе совесть велит.

Я сам очень рад этому. Присуждение произошло неожиданно для меня. Но факт есть факт. Книга, за которую чуть не сожгли меня на костре, удостоилась литературной премии.

Думаю, что твои читатели будут удивлены, если на страницах твоей газеты увидят копию. Я не думаю, что ты ещё придерживаешься мнения Шекихачева. Я не точно выразился: я никогда тебя не подозревал в этом. Если напечатаешь, пришли мне пару экземпляров.

С приветом Алим.
29 мая 1996 г.

Дауи, дэ газетым теддзащ Дипломым траха сурэтыр, хъыбар кIэщI щIыгъуу.

* * *

«Сэр щхьэкIэ Iэджэм Iэджэ жаIэр» щитхащ иужьрей дыдэ усэхэм ящыщ зым Алим. Пэжщ, жаIэ. Ауэ «Жагъуэгъу зимыIэу хэт тет дунейм?» щIигъужащ абы. Сыт къыхужамыIами, езыр зэрызахуэр, бэуэн щигъэтыху къызыхэкIа лъэпкъым зэрыхуэлэжьэнур ищIэжу ар псэуащ. Езыр зылIыми лIипщI ящIэн илэжьащ. Абы къыхэкIыуи, адыгэ щыIэху Алим щыIэнщ, Алим щыIэху адыгэ щыIэнщ. Сыту жыпIэмэ, къызыхэкIа лъэпкъым сыт хуэдиз хуимылэжьами, абы и хьэкъ телъу къыщыхъуу ар дунейм ехыжащ:

*Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,*
*Дунейр збгынауэ фи мыгугъэ.*
*ЗылI къигъэщIэн сэ къэзгъэщIами,*
*Сыт щыгъуи гъащIэр си щIэщыгъуэщ.*

*ЩIыхуэ зытелъыр, хуэмытыжмэ,*
*ХэкIыпIэ куэдрэ ар мылъыхъуэу,*
*Зи щIыхуэ телъым дежым кIуэрти,*
*Хуэув и хабзэт ар Iэщыхъуэу.*

*Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,*
*ФемыпIэщIэкIыу фыкъыспэплъэ.*
*МылIэжыныгъэм стелъщ и щIыхуи,*
*Абы и пщIантIэм фыныдэплъэ.*



Дыдоплъэ. Дыдоплъэри, Алим мылIэжыныгъэм и жьантIэм дыдолъагъуэ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*тхакIуэ, 1982-1997 гъэхэм*
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор*
*нэхъыщхьэу лэжьа*

# АПХУЭДЭР ЗЫРЫЗТ

КIыщокъуэ Алим теухуауэ гукъэкIыжуи усыгъэуи куэд стхащ сэ. Ауэ махуэ къэс къыщIэкI дыгъэри и чэзум къэунэху мазэщIэри зэрыпфIэщIэщыгъуэм, а тIур зэи зэрумыжэгъум хуэдэщ дэркIэ Алим.

ЦIыхушхуэу дунейм тета, зи цIэмрэ лэжьыгъэмрэ игъащIэкIэ мыкIуэдыжыну къытхуэна си къуажэгъу лIы щэджащэм сэ нэхъыфIу сыкъуилъагъуу, адрейхэм яхуимыщIэ къысхуищIэу щытащ жысIамэ, «Пушкинымрэ сэрэ зы лъэмбым дитщ», жызыIэурэ зэрыщымыту закъыфIэзыгъэщIыну зи мурада Хлестаков щхьэщытхъум ещхь сыхъунт. Ауэ сызэрикъуажэгъур си напщIэм зэрытелъым, си псэр абы нэхъ хуэмыгъуэу зэрыщытым пцIы хэлъкъым. ЗифI плъагъу уи къуажэгъум урогушхуэ, ин урохъу. Сэ Алим фIы куэд дэслъэгъуащ.

Езыр щыпсэуми дунейм ехыжа нэужьи, мызэ-мытIэу адэ-мыдэкIэ къыщысIуэтэжащ КIыщокъуэм сызэрыхуэзахэр, абы и фIыгъэу къызэкIар. Ахэр сэркIэ лъапIэщ, гум имыхужщ. Апхуэдэхэм нэхъыбэу согупсыс Алим къыщалъхуа, дунейм щехыжа махуэхэр къыщыблагъэм, и гугъуфI ящIрейуэ щызэхэсххэм, и тхылъхэр къыщысщтэм деж. Абы щыгъуэщ гукъэкIыжхэр нэхъ къыщыбэтэжыр. МызэкIэ зи гугъу сщIынур ар сэ къызэрысхущытамрэ сэ абы сызэрыхущытыжамрэкъым – езы КIыщокъуэм ехьэлIа Iуэху пыухыкIауэ сызыщыгъуазэхэм щыщ гуэрхэрщ.

... Абы щыгъуэ сэ Москва сыщеджэрт. Зыдгъэпсэхуну лекцэм дыкъыщIэкIауэ: «МыбыкIэ упсэлъэну къолъэIуащ», – жаIэри, телефон номер гуэр къызат. Сыпсалъэмэ, «къызэлъэIур» КIыщокъуэ Алиму къыщIокI. «Зэман уиIэмэ, къыщIыхьэ, дызэрылъагъунщ», – жи.



КъыкIэлъыкIуэ лекцэм сыщIэмыхьэжыххэу хьэщIэщым (ар ди еджапIэм пэжыжьэтэкъым) сокIуэ, абы сынэсыху си нэгум щIэтар, си гум илъар Алим и тхылъитI («Шум и гъуэгу», «Партыр ди пашэу») сыкъызэджахэрщ. Зы жылэ дыкъыщалъхуами, махуэ къэс дэнэ къэна, зэзэмызэххэт, зэIущIэ гуэрхэр Щхьэлыкъуэ школым щекIуэкIыну ныщыкIуэжххэм дежт, ар щыслъагъур. Абыхэм щыгъуи сытегушхуэу сыбгъэдыхьэу сэлам есхатэкъым.

Мис иджы 1956 гъэр еух, декабрым и 4-щ. Езы КIыщокъуэ дыдэм сригъэблэгъауэ сожэ. Сынэсрэ сыщIыхьэмэ, щIалэ бжьыфIэ къекIур къыпыгуфIыкIыу къыспожьэ. Сэлам къызех. Си Iэблэ ижьыр иIыгъыу жьантIэм сыдешэри, шэнтиуэм срегъэтIысхьэ. Езыри къотIысыжри, си Iуэху зыIутыр гупсэхуу жызегъэIэ. Нэхъыбэу зыщIэупщIэр си еджэкIэ, псэукIэ-щыIэкIэхэрщ.

– Уи тхэн Iуэхум и гугъу щIэзмыщIыр, ди деж къыщытрадзэ уи усэхэм сыкъоджэри аращ. Ди Щхьэлыкъуэр къэрал псом зэрыщыбгъэлъапIэри си гуапэ хъуащ, – жеIэри къысщогуфIыкI. – Сыкъеджащ «Комсомольская правда» газетым тета уи усэми. Еуэ егъэкIуэкI апхуэдэу, укъимыкIуэту еджэ, тхэ.

Апхуэдэу сиущиящ Алим. Москва къыщыдэкIа и тхылъыщIэм псалъэ гуапэ схутритхэри къызитащ.

Ди зэхуэзэр иухауэ къэслъытауэ зыкъыщысIэтыжым: «Зэ умыпIащIэ, шэджагъуашхэр къэсащ», – жеIэри сыкъызэтрегъэувыIэ.

А къатым тет шхапIэм и бжэм дыщыIухьэм, Алим къоувыIэри, цIыху цIырхъым яхоплъэ: «НакIуэ. Мобдеж ди адыгэ щIалэ щысщи, абы и Iэнэм дытIысынщ», – жи.

– ФызэрыцIыху. Мыр Мэлбахъуэ Тимборэщ. Iэджэрэ ухуей хъуну къыщIэкIынщ, – жеIэри къыпогуфIыкI Алим сэлам нэужьым. – Мыр ди усакIуэ щIалэщ, – си цIэ-унэцIэр жреIэ. – МазитI-щы япэкIэ «Комсомоль-

ская правда» газетым тета и усэм укъеджагъэнщ...

Алим ар щIыжиIэр сигъэгушхуэну, «адыгэ щIалэр» нэгъуэщIынэкIэ къызигъэплъыну, и къуажэгъум щхьэкIэ и ныбжьэгъум зыхуигъэщIэгъуэну арагъэнт...



КIыщокъуэ Алим и Iыхьлыхэмрэ и ныбжьэгъу тхакIуэхэу Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф, Бицу Анатолэ сымэ я гъусэу



А тIум я зэныбжьэгъугъэр зыхуэдэр сэ сыткIэ сщIэнт, ауэ жагъуэу зэрызэрымылъагъур я зэпсэлъэкIэм къыхэщырт. Зыгуэрхэм тепсэлъыхьу тIэкIуи зэдэгушыIэху, пащтыхь бжаблэм итыр ирибгъэхьэщIэ хъуну Iэнэр къэуззэдащ. Зи Iэнэ дытIысам фадэми шхынми хигъэщIышхуэ щыIэтэкъым: шыр псы щIыIэ хэIубэ нэхъей, и пащхьэ ит коньяк тIэкIум щыщ и Iупэм хуихьырт, чех пивэм теIубыхьыжырт, джэдыл щIыIэм, бдзэжьей хугум хуэм дыдэурэ хэIэбэрт... ЖыпIэнуракъэ – хьэщIэмыгъашхэт. Ар плъагъуу сыти ипфын, сыти пшхын, – согупсыс сэ. Зызэхуэсшэу сыздэщысым, мо щIалэм зыдищI нэхъей, Алим кумбыгъэ цIыкIум аркъэ тIэкIу ирегъахъуэ. «Сэри апхуэдэу срагъэфэн я гугъэу пIэрэ?» – жысIэу си гум къыщыкI дыдэм, си пащхьэм къит кумбыгъэ лъакъуэ лъагэ иным и бжьэпэм къепкIэрэ жыпIэну, фадэр къерегъахъуэ.

– Апхуэдизи?! – жысIэу си нэр къыщизгъэжым:

– Уи ныбжь сыщитам, птулъкIэр сутхыпщIт, згъэщIейрти абдж нэщIыр си щхьэ щIыбымкIэ щхьэдэздзыхыжырт. Ефэ адэ! – щыжиIэм, ужыIэзыфIэщмэ, ущIалэмэ, куэдрэ? Си ныбжь фыщитам фэ фщIэфу щытар сэ схузэфIэмыкIыну фи гугъэмэ фыкъопцIэ жыхуэсIэу, делагъэм зыщIызогъэхьэ: бащырыбэ Iыхьэ щанэ хъуныр зэуэ изодзых. ЗэрыжаIэу, занщIэуи факъырэлъым хедзэ. Ауэ, си бзэр тIэкIу нэхъ къиутIыпща мыхъумэ, хабзэм семыбакъуэу сошхэри сыщысщ. Алим хигъэщIышхуэ щымыIэу, фадэбжьэр и кIэм щынэзгъэблагъэм, «адыгэ щIалэм» и шхэкIэри и ефэкIэри сигу зэрыримыхьыр схуэбзыщIакъым: «Аращ уэ апхуэдизу ущIэгъурыр», – жысIэу сыкъызэрыкIауэ ескъутэкIырти, си къуажэгъур си лъакъуэм къытоувэ, ибогъэлеиIуэ жыхуиIэу.

Мыбдеж а псори кIыхьу къыщIезгъэкIуэкIыжар а махуэхэм ди республикэм и Iэтащхьэ ящIа къудей, зи къулыкъур Алимрэ сэрэ

«зыхуэттхьэщӀа» Мэлбахъуэ Тимборэрэ КӀыщокъуэ Алимрэ ядэслъэгъуа зэхущытыкӀэ дахэр, сэ щӀалэжь цӀыкӀур сызэрагъэгушхуар къэсӀуэтэжын папщӀэщ. Мо тӀур адэкӀи зэщӀыгъуну къыщӀэкӀынти, сэри, езыхэм я щхьэм пщӀэ зэрыхуащӀым и щыхьэту, бжэм сыкъагъэсыжри, ягъэзэжауэ щытащ.

Выбжьэ… хьэуэ, жэмыбжьэ зэрынамрэ «Нал къутамрэ» ер къыщикӀар, мо «си ныбжьэгъуитӀыр» щызэщыӀеижар, уеблэмэ зэбий щащӀар нэхъ иужьыӀуэкӀэщ. Алимрэ Тимборэрэ я кум псом япэ хьэ къарэжьыр къыдэзыутӀыпщхьауэ щытар ди районым и Ӏэтащхьэ ажэ цӀыкӀу бжьакъуэшхуэ гуэрт. ПыӀэр къэхь жыпӀэмэ, – и сэбэп къыхэкӀыну ищӀэмэ, – щхьэр къыпхуигъэсынут.

Напэр къулыкъум япэ иригъэщырт Алим. Зи ныбжьыр илъэс плӀыщӀым щӀигъуа къудей КӀыщокъуэм къэрал унафэщӀхэм уапэувмэ, фӀы зэрыщӀумыхынур, къулыкъущӀэхэм я пэшыбжэр зэрыӀуах парт билетым упагъэкӀынкӀэ зэрыхъунур къыгурымыӀуэу аратэкъым ар бэм я уэчылу къыщыува лъэхъэнэм – къуажэдэс мэкъумэшыщӀэхэм я хьэсэпэр хуагъэкӀэщӀу, унагъуэхэм псэуэ яхэт жэмыжь зырызыр ӀэщӀагъэкӀыну и ужь щихьам щыгъуэ. Ар зэралэжьри къэрал унафэкӀэт. Ауэ унафэхэми гъэзэщӀэкӀэ Ӏэджэ яӀэщ: хэти абы «Стахан» ирохъу, хэти нэхъ Ӏэпэдэгъэлэлу Ӏуэхум бгъэдохьэ.

ИщхьэмкӀэ къикӀа унафэ мышыур псынщӀэу икӀи нэхъ ехьэжьауэ гъэзэщӀэнымкӀэ лъэкӀ къагъанэртэкъым ди республикэм и къулыкъузехьэхэми. Бжьыпэр зыубыдахэм ящыщт ди куейри. Уи пщӀэнтӀэпс, уи мылъку къабзэкӀэ зэбгъэпэща жэмыжь закъуэм ухуимытыжу къыщыщӀрагъэдзым, си адэ Мысости яхэту, цӀыхухэм я щхьэр къыфӀэхуащ. Зэхуэтхьэусыхэжхэу, уэрамыщхьэхэм батэр щагъэшу щӀадзащ. АрщхьэкӀэ абыхэм я тхьэусыхафэри я «уэрам революцэри» щай и уасэтэкъым ди район унафэщӀ ажэ цӀыкӀу бжьакъуэшхуэм дежкӀэ. Ар парт лэжьакӀуэ жыджэрти, езыри жейртэкъым (пщэрылъ къыщащӀар псынщӀэу зэфӀигъэкӀыу абы къыпэкӀуэнкӀэ хъунур зыӀэригъэхьэн папщӀэ) къуажэдэсхэри игъэжейртэкъым – щыблэу ятеуэрт, уафэгъуагъуэу ятелъадэрт, бзаджэр уэшхыу ятрикӀутэрт.

Лей къызытехьэ щхьэлыкъуэдэсхэм къадэӀэпыкъуфынкӀэ хъуну къахуэгъуэтар я къуажэгъу КӀыщокъуэ Алимщ. Ӏуэхум щегупсысым, дауи, абыхэм ягу къагъэкӀыжагъэнщ Алим и адэ Пщымахуэ къуажэдэсхэм егъэджакӀуи уэчыли яхуэхъуу зэрыщытар. Арати, зочэнджэщхэри нэхъыжьыфӀхэм ящыщу лӀы зытхух КӀыщокъуэ Алим деж ягъакӀуэ. А лъэхъэнэм КӀыщокъуэр Унэшхуэм щылажьэрт, Министрхэм я Советым и тхьэмадэ Ахъуэхъу Аслъэнбий и къуэдзэхэм ящыщт. Алим хузэфӀэкӀынур, зэрыцӀыху зэтетыр, абы и деж пэжыр зэрыщыбгъуэтынур ямыщӀэу я щхьэр ирахьэлӀатэкъыми, зэрагугъа дыдэм хуэдэу къахущӀокӀ.

МэкъумэшыщӀэхэм я жэмыжь зырызыр къеӀыхыным теухуауэ партымрэ правительствэмрэ къащта унафэ «Ӏущыр» дыкъуакъуэт: зы лъэныкъуэкӀэ, жэмхэр залымыгъэкӀэ къатепхыну ухуимыт хуэдэт, ауэ мыдрейхэм бзаджагъэрэ Ӏэмалу щыӀэр къэгъэсэбэпу ахэр къыӀэщӀагъэкӀыну и ужь итт. Гъэшу зыхуейм хуэдиз щыхуей дакъикъэм уэрам щхьэӀум пуду къыщращэжыну жаӀэрт, Ӏэщ зэралъафэу гугъу зыщӀрагъэхьын щымыӀэу я фӀэщ ящӀыну хэтт.

Уи фӀэщ пхуэмыщӀын шыпсэ дахэт мэкъумэшыщӀэхэр зыщӀагъэдэӀур. Ауэ къэралым къызэригъапцӀэри зэригъэшынэри куэдрэ зи нэгу щӀэкӀа цӀыхухэр нэхъ губзыгъи хъуат, я ныбжьхэми апхуэдэу щыщтэжыртэкъым. А псори къалъытагъэнт, щхьэлыкъуэдэсхэр партымрэ правительствэмрэ я унафэ «ӀущымкӀэ» мыарэзыуэ къыщыувам.

НтӀэ, арати, щхьэлыкъуэдэс лӀыкӀуэхэр я къуажэгъу КӀыщокъуэм хуоблагъэ, хуотхьэусыхэ. ЛӀыжьхэм жаӀам гупсэхуу едэӀуа Алим, дауи, щы-

гъуазэт Iуэхум, абы ехьэлIауэ къащта унафэм и дыкъуакъуагъым.

– Фэ фыарэзыуэ евмытмэ, фи жэмхэр фтрахыну хуиткъым, – къажриIащ КIыщокъуэм.

Апхуэдэ жэуап къызыпахар хэтми зыщIэ мэкъумэшыщIэхэр Iейуэ пхуэшынэжынт! ПсэупIэ къезымыту къателъадэ район унафэщIым поув-хэри:

– Уэр нэхърэ нэхъыщхьэж и деж дыщыIати, дэ тфIэфIу фэдмытмэ, ди жэмхэр залымыгъэкIэ ттрихыну зыри зэрыхуимытыр къыдгуригъэIуащ. Ди жэмхэм дыхуэмеиж хъумэ, дэ хъыбар фэдгъэщIэнщ. АпщIондэху фыкъытпэплъэ...

Зэрыхабзэу, IуэхуфIри Iуэху Iейри псынщIэу зэлъащIыс. Район унафэщIым зи пыIэхэр хуэзыгъэтIыса щхьэлыкъуэдэсхэм я хъыбарыр куейм къедза къуажэу хъуам нэсащ. Ар игу техуэнт зызыгъэбжьакъуэш-хуэ ажэ цIыкIум? АдэкIэ зимыIэжьэу, Унэшхуэм мажэри:

– Партым и обкомым зы унафэ къытхуищIу, ар ди правительствэм икъутэжу... – жери Мэлбахъуэм и пащхьэм йотIысхьэ.

Щэрэ минкIэ гъэбэтауэ хуеIуатэ «правительствэм икъутэжа» унафэм кърикIуар. – Ди районым хиубыдэ къуажэхэм, сэ сыкъыщалъхуа си жылэри яхэту, сызрагъэпсэлъэжыркъым, щхьэлыкъуэдэсхэм кърамщIэр дэри къыдащIэнщ, жаIэри...

Щхьэлыкъуэдэсхэм кърамщIэнур псынщIэ дыдэу къагъуэт: я къуажэгъу лIы мышынэжыр, пэжыр зи гъуазэ КIыщокъуэ Алим Унэшхуэм къыщIагъэлъеикI.

Бэм я уэчылу къэувыфын апхуэдэ адыгэлI къыхэпшыфыну пIэрэ нобэ ди лъэпкъым? Си фIэщ хъуркъым. Ар пщIэфын щхьэкIэ КIыщокъуэм и лIыгъэм, и акъылым, и зэчийм хуэдэ пкъуэлъын хуейщ. УзищIысыр, плъэкIынур зыхуэдизыр пщIэжын хуейщ. КIыщокъуэ Алим и дуней тетыкIар щапхъэ зыхуэмыхъухэми я лIыгъэр ящIэжу арагъэнщ...



Алим и Iуэхур адэкIэ къызэрекIуэкIам щыгъуазэр си закъуэкъым. Хуэмеижу зэлъэпэуэжыр КIыщокъуэм хуэдэлIтэкъым: куэд щIат абы къэрал усыгъэм езым и Шыхулъагъуэ зэрыщыпхишрэ. ЛIыгъэ зыхэлъ адыгэлI нэсу «Шум и гъуэгу» кIыхьыр щIыхь пылъу къызэпичырт илъэс щэщIым щIигъуауэ. Ар а гъуэгум зэрыпхутемыкIынури зэрыпхутемыхунури ящIэрти, и гъуэгуанэм адэкIи щыпищэн къулыкъу ират – 1958 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэу ягъэув.

А къулыкъур абы къызэрылъагъэса щIыкIэри гъэщIэгъуэнт. Уи къулыкъум елъытауэ депутатыгъэри (нобэ ар нэхъыбэу зэхьэлIар мылъкуращ) къыплъагъэсу арати, КIыщокъуэм и Iуэхур сыт щыгъуи а лъэныкъуэмкIэ къикIырт: депутату, партым и обкомым хэту и гъащIэр кърихьэкIырт, езыр ди дежи къэралми щыцIэрыIуэ усакIуэшхуэт. АпхуэдэлIыр лэжьапIэншэу дауэ щыбгъэсынт? Ауэ, партым и унафэр «къызыгурымыIуэу» мэкъумэшыщIэхэм къащхьэщыжам къэрал IуэхущIапIэхэм къулыкъу щебгъэщIэж мыхъуну къалъытэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэм лэжьапIэ къыщыхуагъуэтауэ арат. Абы гъэщIэгъуэну хэлърат: дагъуэ лъэпкъ къыхуамыщIу а IэнатIэр Iэджэ щIауэ зэрихьэрт усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. Ари, и къулыкъум елъытауэ ягъэдепутату, партым и обкомым хэт зэпыту къекIуэкIырт. Ауэ ер жэмыбжьэм къыщикIым, лажьи-хъати зимыIэ Iэдэм трагъэкIри, КIыщокъуэр абы и пIэм ирагъэувэ.

Iуэху зехьэкIэ мыхъумыщIэм зыгуэрым и сэбэп къыхэкIамэ, ар сэращ. Дауэ? ИлъэситI и пэкIэ Мэлбахъуэ Тимборэ и къулыкъур «щыхуэттхьэщIам» си къуажэгъу Алимрэ сэрэ нэхъыфIу дызэрыцIыхуат. Иджы ар тхакIуэхэм я къру пашэ хъуати, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм Москва сыкъикIыжамэ, нэ лейкIэ къызэплъырт, къысщыгуфIыкIырт.

«Гъуэгупщlэ пхуэхъунщ», – жиlэрти, Тхакlуэхэм я союзым ахъшэ гуэрхэри къыщызигъэлэжьырт (апхуэдэ къигъэхъуапlэхэр щыlащ абыхэм щыгъуэ).

Ахэр си щхьэ lуэхум ехьэлlауэщ. Кlыщокъуэр тхакlуэхэм я тхьэмадэ зэрытхуэхъуар псоми къытхуэщхьэпат, абы езыми и сэбэпышхуэ къыхэкlати, еш имыщlэу тхэрт. Шэч хэмылъу, Алимт зи фlыгъэр Тхакlуэхэм я союзми, «lуащхьэмахуэ» журналми, «Шуёхлукъ» альманахми игъащlэм ирамыгъэлъэгъуа егъэзыпlэ дэгъуэ къылъагъэсауэ зэрыщытар. И къулыкъум къытрагъэкlами, абы и пщlэмрэ и цlэмрэ къытепхыфынутэкъым, ахэр къезытар нэгъуэщlт...

Ауэ Кlыщокъуэр Москва зэрашэу (1970 гъэм и пэкlи Алим илъэс къэс Москва ираджэурэ РСФСР-м и Тхакlуэхэм я союзым и секретару мазищкlэ ягъэлажьэрт) Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэхэу Кулиев Къайсын, Щоджэнцlыкlу lэдэм, Щомахуэ Амырхъан, Отаров Керим, «lуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэзит Зубер сымэ зэрыдипашэу тхакlуэхэри журналистхэри Профсоюзхэм я унэшхуэм дыкъыщlагъэлъеикlыжат.

Мыбыхэмкlэ жысlэну сызыхуейр гурыlуэгъуэу си гугъэщ: Кlыщокъуэр зищlысыр къыгурыlуэрт Мэлбахъуэ Тимборэ. 1964 гъэм и октябрым Хрущёв Никитэ и къулыкъухэм трахури, къэралым щекlуэкl политикэми зихъуэжат. Шы жэр тесу зи гъащlэ ябгэр зыхь шууейми и зэфlэкlым, и лlыгъэм хэхъуэ зэпытт. Е мыхъу фlы хъужыркъым жыхуаlэм ещхь хъуати, зым зыр кlэлъыкlуэу дунейм къытехьэрт Алим и романхэри и усэ тхылъхэри. Зи гъуэгуанэ дахэр кlыхьу зыукъуэдий шууейм и шы жэрым щlэлъ «Налри къута» щlыкlэтэкъым.

Пэжыр жыпlэмэ, ар зэи къутакъым. Насып нэщэнэу ябжу адыгэхэм зэрахьэу щыта налыр «зыщlар», шэч хэмылъу, гъукlэ lэщlагъэм хуэlэзэт. Аращ, а Налыр яхуэмыкъутэурэ, Шум щlыхь зыпылъ гъуэгуанэшхуэ щlызэпичыфар. Абы еныкъуэкъуа къомым яхэтащ lулъхьэ зышхыу лъэхъуэщыр зи натlэ хъуаи, художественнэ творчествэкlэ зэджэр бжэгъукlэ къраудми зымыщlэ къулыкъущlэхэри, абыхэм я пшынэм къызэрыдэфэм щхьэкlэ яlэтахэри. А псоми я цlэ къисlуэну сыпlэцlеижми, лlахэр къыщlэтлъэфыжынкъым, псэухэми я щхьэ зэрыхьщ. Ауэ нэхъ къулыкъущlэшхуэ дыдэхэми къахуимыкlуэта, яхуэмыгъэшына Кlыщокъуэр и шы жэрым щlэлъ «Налыр мыкъутауэ» ноби Шыхулъагъуэу уэгум идолъагъуэ.



Апхуэдэ гъуэгум пищэ фlэкlа, къэгъазэ зэримыlэм ехьэлlа гупсысэ щlэгъэщхъуахэмкlэ гъэнщlат Москва щитхауэ Алим зэгуэр зы письмо къысхуеджати. Ар къызыхуигъэхьыр ди республикэм и lэтащхьэшхуэхэрат. Абы итхауэ хъуар гукlэ сымыщlэжми, сыщедаlуэм си щхьэфэцым зиlэтауэ зэрыщытар пцlыкъым. «Уэру къежэх къуршыпсым lудзэ зыхуэфщlкlэ, ар къыфхуэгъэувыlэнукъым икlи абы древгъэгъэзеижыфынукъым. Апхуэдэ мурад мыхъумыщlэ зыщlахэр зэрыхэкlуэдэнур, и гъуэгум пищэурэ къуршыпсыр зэрежэхынур хьэкъщ. Ар къызыгурымыlуэхэм сехъуапсэркъым».

Мы псалъэхэри аргуэру зэ щыхьэт тохъуэ Кlыщокъуэ Алим, и lэзагъым, и пэжагъым нэмыщl, лlыгъэшхуи зыхэлъ адыгэлlу дунейм зэрытетам...

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Кlыщокъуэм ехьэлlа гукъэкlыжхэмкlэ къыддэгуэшэфын куэд щыlэжкъым. Си гуапэу седэlуэнт, седжэнт къэнэжа закъуэтlакъуэми къаlуэтэжхэм. Апхуэдэхэм я щlэщыгъуагъыр зэи икlыркъым.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**<br>
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ тхакlуэ

# Жагъуэгъу и куэдт

Лъынтхуэ псори цIыхум и гум къызэрыбгъэдэкI-зэрекIуэлIэжым хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым унафэу илъыр къыщежьэри зэкIуэлIэжри унэшхуэрт. Абы и кIуэцIими, мы дунеишхуэ гъащIэ толъкъуным щыщу, ауэ емыщхьу, езым и гъащIэ цIыкIу щыIэжт. Абы щызекIуэрт пэжи пцIыи, унафэ щхьэпи щыуагъи, нэмыси нэмысыншагъи, хабзи хабзэншагъи. Абы псори щыгъуазэт, ауэ япэ лъэныкъуэм фIэкIа етIуанэм зыри щыхьэт пхутехъуэнутэкъым. Пэжым, щхьэпэм, нэмысым, хабзэм къыхуигъэщIауэ щытын хуейт а унэр, ауэ щыттэкъым. Ар апхуэдизкIэ къабзэрэ бегъымбар тIысыпIэу щытын хуейуэ ягъэувати, нэгъуэщI гуэр уигу къэкIын къудейр гуэныхь пэлъытэт. Вожэр ткIийуэ зыIыгъ шыгухум здиIуантIэмкIэ жыIэщIэу ягъэшу, къыжьэдикъуамэ, пхэщIкIэ хэтIысхьэу абы щIэс товарищ къомыр езыхэр хэти ешхыдэ хъунут. Ауэ езыхэм зыри къахуэшхыдэ хабзэтэкъым. Ар зыщIыпIэ дежи тхауэ иттэкъым, ауэ зыри зыхэмыIэбэж хабзэ ткIийуэ уват. Зыгуэр ебэкъуами, къыхуэгъуртэкъым.

Ар зэрыпэжым щапхъэ нэрылъагъу хуэхъуат адыгэ тхакIуэ пажэ КIыщокъуэ Алим иращIар. ЕзыщIамрэ зращIамрэ ящIэж нэхъ лажьи щымыIэу, хуэм цIыкIуурэ къыщIагъэкIат тхакIуэшхуэр а унэшхуэм.

Ар Хрущёв и зэманыгъуэу ищIэр щыхъу, мыри хъунщ жиIэу мэкъумэшыщIэхэм къахуэнэжа жэмыжь закъуэр ятрихыну мурад щищIа лъэхъэнэрт. Алим къулыкъу нэхъ лъагэ зыIыгъхэм ящыщу унэшхуэм щIэст. И щIалэгъуэ-лэжьэгъуэт, и бгъэр дамыгъэм къикъутэу зауэм къикIыжат, щIэныгъэфI бгъэдэлът, и акъылкIи цIыхур чэнджэщакIуэ зыхуэкIуэм хуэдэт. А псом и щIыIужкIэ езыр лъэпкъым и усакIуэ пажэт икIи цIэрыIуэт. А адыгэлI щэджащэр зей лъэпкъым хиIэтыкI щхьэкIэ, ар езыудыхыну я ужь ит гуэрхэри щыIэт, а унэшхуэм къыдыщIэсу. Зыми зыри ирищIаи хуэдэтэкъым, лъагапIэ нэхъыщхьэр яфIиубыдынкIэ къыщымышынамэ. Сыту мыхъуми, Алим зэкугъуафIэу щыт лIы тIасхъэ цIыкIутэкъым. Адрей гуэрхэм хуэдэу, ар къимылэжьа Iэрыхьэуи, и мыIыхьэ ишхыуи, ишх имыпшыныжуи, адэ-мыдэ щызеджадэрэ здыхуэхъу щетIысэхыуи пхуэгъэкъуэншэнутэкъым. Аратэкъым абы и гъащIэм щынэхъыщхьэри, атIэ усэнырт. БзафIэу, купщIафIэу, зэщIэжьыуэу, уи псэр къигъэхуабэрэ уи гур игъэгушхуэу, гъуджэм уиплъа хуэдэ зыуигъэлъагъужу, унэшхуэм щIэсри губгъуэрыс лэжьакIуэри зэрызэхуэдэр, тIури псэ яIуту Тхьэшхуэм къигъэщIауэ дунейм зэрытетыр хьэкъ къыпщищIу усэнырт. ЩымыIэр къалъыхъуэурэ зыгуэркIэ ягъэкъуэншэн хуей щыхъукIи, а зырт абы ныкъусан хуащIыфыр — зэрыусэрт. ЖаIэрт кабинетыр къигъэбыдэу усэ щитх щыIэу. Ауэ кабинетыр къагъэбыдэу (е къамыгъэбыдэххэу) щефэхэм и гугъу ящIыртэкъым. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, атIэ жэмыжь зырызыр щытрах лъэхъэнэти, Алим и къуажэгъу лIыжь гуп тхьэусыхакIуэ къыхуэкIуащ. Армырми, езы КIыщокъуэми фIэтэмэмтэкъым къэрал унафэ фIащу утыку къралъхьа Iуэху мыщхьэпэр. ЛIыжьхэм, къызэре-

зэгъым хуэдэу, адыгэбзэ яжриIэщ, ягу фIы яхуищIри иутIыпщыжащ. Езыр район тхьэмадэ Ахъмэт Мусэбий епсэлъащ Iуэхум апхуэдизу емыпIэщIэкIыну, а лIыжьхэм псом япэу ятримыкъуэну. ИтIанэ, мыр зэгупсысын хуей, баштекъуэзэ зыхэмылъ Iуэхуу зэрыщытыр игу къигъэкIыжащ.



КIыщокъуэ Алимрэ Къэрмокъуэ Мухьэмэдрэ

«Джатэ къиха» жыхуаIэм хуэдэ лэжьакIуэт, «Жьым тесу псым йопыдж» хужаIэу жьы зыщIэт цIыхут районым и унафэщI а лIы ес цIыкIур. Хуэмыдэ икIи емыщхь пэтми, ар КIыщокъуэм зыкIи пикIуэтыну мурад зимыIэ лIы пхъашэт. Лэжьыгъэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэтт, хэкум къыщаIэт унафэр гъэзэщIэным псом япэу щIэтаджэрт, куэди хузэфIэкIырт. Езыр зэрызыщымысхьыжым хуэдэу, цIыхуми ящыс-хьыртэкъыми, ятелъ хьэзабыр щимылъагъуи щыIэт, езым ищхьэкIэ къытракъуэзэр ищIагъымкIэ ятрикъуэзэжу. Ауэ апхуэдэ къулыкъу щIэкIэр зэманым игъэдурысырти, апхуэдэм и цIэри фIыкIэ къаIэтырт.

Мэкъу Iэмбатэ шыдыгукIэ унэм зышэ лIыжь гуэр губгъуэм ириубыдэу жэщыбг хъухукIэ къыщрихуэкIауэ, шыдым увыIэу щы-лъэмыкIыжым, мэкъу Iэмбатэр зэрылъ гур и машинэм кIэрищIэу фер-мэм ишэжауэ жаIэрт. Апхуэдэ Iэджи ищIэрт Ахъмэтым, ауэ абыхэм цIыху Iеифэ къытрагъауэртэкъым, уеблэмэ къекIурт, апхуэдэу щымы-тамэ, зыгуэр хуэчэмын пфIэщIу.

Абы нэхъ хэмылъу унэшхуэм щIэс КIыщокъуэ Алимрэ районым и тхьэмадэ Ахъмэт Мусэбийрэ зэпэуващ. Алим и къулыкъур нэхъ лъагэ щхьэкIэ, ар зэпхар культурэ, литературэ, щIэныгъэ, еджапIэ сытхэрт. Жэм къеIыхыным и Iуэху хэлътэкъым. Мусэбий ищIэр ищIэжырт.

«Сэ парт унафэ согъэзащӀэ, уэ ар бдэкъым», жиӀэри зыкъыхуритӀащ. Абыи къыщымынэу, Ӏуэхур утыкушхуэм кърилъхьэри дзасэм фӀиӀуащ. Ари щхьэусыгъуэ хъарзынэ хуащӀщ, «уэ укъызыхуалъхуар тхэнырщ...» жари адыгэбзэ къыжраӀэ, къедэхащӀэ защӀурэ, унэшхуэм къыщӀагъэкӀри тхакӀуэхэм я тхьэмадэу ягъэуват. ТхакӀуэ Ӏэзэ къудей мыхъуу, цӀыху губзыгъэуи ущытын хуейуэ къыщӀэкӀынт, уи Ӏуэху зытетыр къыбгурыӀуэжым къыщымынэу, ар зыхуэкӀуэнури къэплъагъуфын папщӀэ. Зэ еплъыгъуэкӀэ, чэми леи щымыӀэу псори и пӀэм иувэжа хуэдэт. Мылъкур зэрыуэсэпсым хуэдэу, къулыкъури абы ещхь гуэрт, нобэ ущытрэ удалъэмэ, пщэдей ущылърэ уубзэу. Къэнэжынур лъэпкъым ӀэщӀэплъхьэ тхылъхэрти, уи акъыл къызэрихькӀэ къыдэгъэкӀ, дэри уи фӀыщӀэ дгъэкӀуэдыркъым жаӀэри, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ усакӀуэ» цӀэ лъапӀэри къыфӀащащ. Ауэ а псом нэхърэ нэхъыщхьэжу Алим зыгъэпӀейтей щыӀэт. Иджы абы къытеухьыфынут акъылкӀи щӀэныгъэкӀи езым къыщӀэмыхьэн, къызыщӀагъэкӀа унэшхуэм къыщӀэплъу зыщӀагъэтӀысхьа унэ цӀыкӀум къыхуеплъых гуэрхэри. Абыи игъэдзыхэн хуэдэлӀтэкъым ар, ауэ зи щхьэр фӀыуэ зылъагъуж, зи пщӀэр зыщӀэж, зи щӀыхь зыхъумэжыф цӀыхути, къемыкӀун лъэпкъ и гум техуэнутэкъым.

Хуабжьу загъэнабдзэгубдзаплъэу къеплъхэм къыкӀэрамылъэгъуэфыр езым зыдилъагъужыфащ КӀыщокъуэм. Абы щыуагъэншэу, уеблэмэ адрейхэм ягу къэмыкӀауэ, и гъуэгур езым къилъагъужыфащ.



КъызыщӀагъэкӀа унэшхуэм щӀэсхэм я гущӀэгъуи я Ӏуэхутхьэбзи хуеижтэкъым ар, уеблэмэ я унафи хуэныкъуэтэкъым. Дауи, щӀэпсэури зыхуэтхэри щыгъупщэртэкъым. Ар нэмрэ псэмрэ хуихь и адыгэ лъэпкъырт. Ауэ а лъэпкъым укъыӀурачу, уеблэм абы и цӀэкӀэ лей къуэзэрахыфынуми щыгъуазэт КӀыщокъуэр. НатӀэ хуэхъуа усакӀуэ къалэным гуащӀафӀэу хуэлэжьащ ар, и цӀэмрэ и щхьэмрэ жыжьэ нигъэсыфу. Губзыгъэу, лъэ быдэу бакъуэурэ къэрал утыкушхуэм ихьащ, дуней псом къыщацӀыху, къыщалъытэ тхакӀуэшхуэхэм ныбжьэгъу, гъунэгъу, итӀанэ лэжьэгъу яхуэхъуащ. Къэбэрдейр къемэщӀэкӀа къыпфӀэщӀырт абы, и дамэр апхуэдизкӀэ лъэщу езы Мэзкуу дыдэм щишэщӀыфати. Тхылъ Ӏув Ӏэджэ зи Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа тхакӀуэ цӀэрыӀуэхэм, дуней псом къыщацӀыху артистхэм, художникхэм, къэрал къулыкъушхуэ зезыхьэхэм я пашэу, хэку унафэ и пщэ дэлъу ар хамэ къэралхэм ягъакӀуэрт. Иджы абы и тхылъхэр, Налшыки хуэдэу, Мэзкууи нэгъуэщӀ къэралхэми гъунэжу къыщыдэкӀырт. Ауэрэ, и тхыгъэхэм къеджэ зи мыхэбзахэр хэщыпыхьу, хэлъыхъуухьу хуежьэри, зыгуэрхэм зыкъыщалъагъуж хъуащ. ЗэкӀэщӀэлъадэ-зэкӀэщӀэжыжхэр куэд хъууэрэ «КӀыщокъуэм лъэпкъ напэр трихащ...» жаӀэу зи ӀэштӀымыр зыгъэдалъэхэр къахэкӀащ. «Дауэ?» жыпӀэрэ уеупщӀмэ, тхылъым емыджэхахэри къыпхуэумысырт.

КӀыщокъуэм иращӀэкӀа къайгъэм и зэхэублакӀуэу къэувахэм Ахъмэтри яхыхьат. Ар иджы нэхъ лъэрызехьэж, цӀэрыӀуэж хъуат, Лэжьыгъэм и Лыхъужь цӀэ лъапӀэри къыфӀащауэ и псалъэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпхыкIырт. Ауэ КIыщокъуэр ди къэралым и щыхьэрым щыбжьыфIэ цIыхушхуэ хъуати, Налшык иIэбыкIхэм я Iэр абы лъэIэсыртэкъым. Адыгэм къахэкIа тхакIуэ пашэр зейхэм яубыжырт, газети радиори ежауэ, собранэшхуэхэр иращIэкIрэ хэутэн, пуд ящIын я гугъэу. Ауэ Мэзкуу щыщ тхакIуэ цIэрыIуэхэр, зи псалъэм пщIэ иIэ еджагъэшхуэхэр къыщытхъурт. Зи, кIуэаракъэ, Къэбэрдей псом лэжьыгъи IуэхущIафи имылъыж хуэдэт, КIыщокъуэм иращIэкIа псалъэмакъым нэхърэ нэхъыщхьэ. Ауэ зыри яхуещIэртэкъым.

КIыхьи кууи хъуауэ екIуэкI псалъэмакъым хэлъ псор къызыгурымыIуэ адыгэ лIыжь гуэр сыкIуэжауэ къызэупщIат. Iуэхур зытетыр гупсэхуу щыгурызгъаIуэм, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри жиIащ: «А-а-а! Зэныкъуэкъуным ди лъэпкъыр зэригъэунэхъуар къагурыIуэжа си гугъати…»

Зэманым псори я пIэ иригъэувэжащ: пэжыр сэтей къищIащ, жэкъуахэм закъригъэщIэжащ, щыуахэр щIригъэгъуэжащ, щIихьахэр къыжьэдикъуэжащ. «Ар сэращ», жаIэу зи бгъэм теуIуэу кIияхэри зригъэплъыжри, игъэукIытэжащ. Ауэрэ и чэзу къэсри, тхакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэр хуагъэлъэпIэну Мэзкуу кърашыжри Къэбэрдейм къашэжащ. Абы и пэ къихуэу, къызэщIэпхъуэтауэ и къулыкъум текIат унэшхуэм зи унафэ нэхъ щызекIуэ дыдэхэм ящыщ зы. Ар КIыщокъуэм еныкъуэкъуахэм я шу пашэрэ гуп зэхэшэ нэхъыщхьэ зыуэ щытат. И пэжыпIэр зыми ищIэртэкъым, ауэ куэдым хуагъэфащэрт абы и Iуэхум КIыщокъуэм и Iэужь хэлъу. Апхуэдэу зи гугъэхэм сэри сащыщти, пэжыр къыщысщIэн щIыпIэ сихуауэ къэслъытэжащ. ТхакIуэр къыщалъхуа махуэм и саулыкъукIэ тхыгъэшхуэ згъэхьэзырыну, кIыхьу сепсэлъэну мурад сщIыри сыкIуащ. И гур утIыпщауэ къызэпсэлъащ КIыщокъуэр. Апхуэдэу щыхъум, згъэпщкIуам хуэдэу гукIэ схъумэурэ и ужь къизгъэна упщIэр къызыкъуэсхащ:

— Сэ схуэтхыжмэ, уэ сызыхуей псори, гъэщIэгъуэн куэди къызжепIащ, Алим. Иджы, Iуэхум хэмыту, сэ сщIэну сызыхуей зыгуэркIэ сыноупщIыжынут.

— КъызэупщI, уэ сыткIэ ухуейми, Мухьэмэд.

— Уи тхылъыр Iуэху щащIам щыгъуэ абы и пашэу щытар уощIэ, дауи, Алим.

— СлIо щIэзмыщIэр, фIы дыдэу сощIэ. Псоми ящIэ ар.

— АтIэ, ар и къулыкъум апхуэдэу къызэщIэпхъуэтауэ текIын хуей щIэхъуам сыт хэпщIыкIрэ?

— Уэлэхьи, псори хызощIыкIым. Ауэ зыкъомым зэрагугъэм хуэдэу, езыр текIакъым ар, трагъэкIащ.

— И пэжыпIэр сщIэркъым, ауэ езыр лъаIуэри текIауэ жаIэ.

— Езыр лъэIуар пэжщ, ауэ хуэмыхъуущ зэрагъэлъэIуар. Мыдэ къызэрекIуэкIам къедаIуи псори къэпщIэнкъэ.

Си нэр къызыхуикI хъуэпсапIэр къызэхъулIауэ сыбжу, гупсэхуу содаIуэ КIыщокъуэм къиIуэтэжым.

— Мыбы гъэщIэгъуэныщи хэлъкъым, езыри Iуэху къабзащэкъым. УкъыщызэупщIакIэ бжызоIэ, армыхъу нобэр къыздэсми сытепсэлъы-

хьакъым. СыбзыщӀуи аракъым. КъыщӀэупщӀэн сыӀумыщӀауэ аркъудейщ. Птхыжми, содэ, пхутрадзэмэ.

— Хьэуэ. Стхыжын Ӏуэхуи сыхэткъым.

— УзэрегуакӀуэщ. — Алим къызэплъащ, ар зэрыптхыжын лӀыгъэ уимыӀэу ара жыхуиӀэу. — АтӀэ, а фэ фщӀэ къайгъэр ужьыха щхьэкӀэ, абы кӀэ иӀэтэкъым. Уэрэдус икӀи пшынауэ цӀэрыӀуэ Тхьэбысым Умар хуэфащэ дамыгъэкӀэ и цӀэ къраӀуэну Ӏуэху къаӀэтат. ЗэӀэпахыурэ, а уэ пщӀэм деж нэсри къэувыӀащ. Мази мазитӀи и стӀолым телъри, Ӏэ тримыдзэу къыщӀригъэхыжащ. Щхьэусыгъуэм зыри щӀэупщӀэфакъым, езы Умар кӀэлъыкӀуати, «ЗэкӀэ депӀэщӀэкӀынкъым» къыжриӀа мыхъумэ, жэуап гуэри къритакъым. Ауэ щхьэусыгъуэр белджылыт. Тхьэбысымым дагъуэ хуащӀар си усэхэм макъамэ щӀилъхьэу уэрэд зэрищӀарт, пшынэкӀэ езыр дежьуужу ахэр зэригъэзащӀэрт. КӀэщӀу жыпӀэмэ, и псэр сэ къызэрысхуэгъэзарт. Апхуэдэурэ, зи Ӏуэхур и пӀэм инауэ Ӏэджэрэ зэфӀэлъа уэрэдусым къыгурыӀуащ и пхъэр абы деж къызэрыщимыкӀынур. Къыхуэнэжауэ къилъытар арагъэнти, къыпэувам ехьэлӀауэ Ӏейуэ ищӀэу хъуар тӀысри итхащ, имыщӀэр зригъащӀэри ари дыщӀигъужащ. Ар коммунист, коммунизмэ жиӀэу кӀийуэ утыку ит щхьэкӀэ, езым дагъуэ хуэпщӀ хъун гуэрхэри щыӀэу къыщӀэкӀащ. А псор зэрыт письмо Ӏувыр ныздитхари ди дежщ — къэрал тхакӀуэ союзышхуэрщ. Абы сэ зыгуэр зэрыщысхузэфӀэкӀым Ӏуэхур триухуауэ къыщӀэкӀынт. Ауэ тхыгъэр япэщӀыкӀэ сэ къысӀэрыхьакъым. ИтӀанэ, Ӏэджэрэ зэӀэпаха нэужь, тхакӀуэ союзышхуэм адыгэ зэрыщӀэсыр ягу къэкӀыжщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къикӀа тхыгъэм ар щыгъэгъуэзамэ нэхъ тэмэму къалъытэри, унафэ тесщӀыхьыну си пащхьэ кърalъхьащ. Сэри ар куэдрэ зэзгъэдзэкӀакъым. Мыхъур иныжь гуэр диӀэт, моуэ Ӏэгу хуэдиз хъууи, ар тедгъауэщ, тхылъымпӀэ тхьэмпи щӀыдгъужри езы ЦК дыдэм едгъэхьащ, къэзыгъэкӀри зышхыжри езырщи, зэрыхуейуэ унафэ трырещӀыхь жытӀэри. Ауэ Ӏуэхур зэрыхъум дэри дылъыгъуэзэжу, Тхьэбысымым жэуап еттыжын хуейт.

Мы Ӏуэхур накӀэнащхьэ хэмылъу тэмэму зэхэгъэкӀ, жаӀэу зи пщэ иралъхьар цӀыху губзыгъэу къыщӀэкӀащ. Зы цӀыхубзрэ зы цӀыхухъурэ гъусэ ищӀри, ар Налшык къэкӀуащ. Нэхъыщхьэхэми я деж мыкӀуэу, замыгъэпщкӀуу икӀи замыгъэпӀийуэ хьэщӀэщ зэгъуэкӀ гуэрым къыщыувыӀащ. КъызытекӀухьа тхыгъэм зытриша лъагъуэ цӀыкӀухэм Ӏэзэу ирикӀуэурэ, ахэр пэжым и гъуэгум теуващ. Ар езыр ауэ сытми адрей-модрей мыхъуу, нэр изыщӀ пэжт. ЗэупщӀынум еупщӀщ, жаӀэм едаӀуэщ, ятхынур ятхри, хэӀэбапӀи зэдзэкӀыпӀи имыӀэжу Ӏуэхур зэхэгъэкӀауэ яӀыгъыу, обкомым и япэ секретарым деж кӀуащ. Абы занщӀэу къыгурыӀуащ пащӀэгъэлыгъуэ джэгу зэрыхэмылъыжыр. Хъуну щытамэ, ар мобы къызэрыщхьэщыжынур пщӀэртэкъэ? Ауэ Ӏэмал иӀэжтэкъым. Мобы кӀэралъхьэхэм щыщ гуэр езым дежи къэсынкӀэ шынагъэнщ. Сытми, Ӏэ ижьу илъэс куэдкӀэ иӀар зэрыхупаупщӀынур къыгурыӀуэри, абы и унафэр езым къызыхуигъэнэжащ.

Мэзкуу къикӀахэр, пэжыр я Ӏэгу илъу, кӀуэжащ. АдэкӀэ къыхуащӀыну унафэр зыхуэдэр ящӀэрт. Абы намыгъэсу, мобы езым

ирагъэтхщ сымаджэшхуэ хъуауэ мылэжьэжыфынуи, кърак1ыхыну щыта ф1еипсым гъущэу къыхэк1ащ. Пэжу, япэщ1ык1э Тхьэбысым Умар ираджэу ди деж нитхахэр пц1ыуэ жрагъэ1эжыну къелъэ1ужауэ, дамыгъэ лъап1эк1и къагъэгугъауэ жа1э, ауэ къахуик1уэтакъым: «Сэ Къэбэрдейм хуэсщ1ар щызэхэвмыщ1ык1к1э, фи ц1и фи щхьи сыхуейкъым», — яжри1эри ежьэжащ…

К1ыщокъуэм къысхуи1уэтэжам сф1эгъэщ1эгъуэну сегупсысыжурэ лэжьап1эм сыздэк1уэжым, сигу къэк1ыжащ, адэ, дыщ1алэжь ц1ык1уу, зауэм и пэк1э хьэ зэрыдгъэшхыу зэрыщытар. Дыгъужьым пэлъэщу тхьэ зытет1ухь ди хьэ бэлацэжьхэр къыдэтшырти, зэдут1ыпщырт. Хэт и жьафэ 1урышхык1ауэ, хэт и тхьэк1умэ патхъауэ, хэти ещ1экъуауэу зэбгрытшыжырт а насыпыншэхэр. Къэмытэджыжыфу я п1эм къинэхэри щы1эт. Сыщысабийм сф1эф1у сызэплъу щыта хьэзэрышхым нэхърэ нэхъ гъэщ1эгъуэныжт иджы балигъынэк1э сызыхэплъэ ц1ыху зэрышхыжыр. Ар зыхуэгъэувы1эн къаруи щы1этэкъым, ажалым ф1эк1а. Ажалри мып1ащ1эурэ къэблагъэрт, зи чэзу къэсыр зэщ1икъуэрэ хейри мысэри зэхэгъэж имыщ1у. Сыту ф1ыт ари — зэхэгъэж зэримы1эр.

Сыкъыздэк1уэжым, нэгъуэщ1и сигу къэк1ыжащ. Адыгэ театрым щ1э гуэр игъэувауэ къагъэлъагъуэрти, хьэ1усыпэ зратыр зэхуэсат. К1ыщокъуэм зи хъыбар къысхуи1уэтэжа къулыкъущ1эм абы щыгъуэ и уэлиигъуэти, ар къазэрыхуеблэгъам театрым и щ1ыхьыр къы1этат. Спектаклыр и зэхуэдит1ым нэсауэ щызэпагъэум, ц1ыхухэр къызэрыщ1эхри, к1элындор к1ыхьым тез къэхъуати, къакъэ-пщ1ыпщ1у зэхэтт. «Зэдэтщ1эри къэк1уа хуэди» жа1эрт. А «зэдэтщ1э» зыф1ащар нэхъ къулыкъущ1э лъахъшэ1уэ къыбгъурыту, к1элындор к1ыхьым къытохьэ. Ц1ыху 1увыр зэлъы1уок1уэт. Уэршэрыныр щагъэтыжри, щымджэдык1амп1э мэхъу. Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъ тхак1уэхэр, еджагъэшхуэхэр, артистхэр, художникхэр блыным йоувэк1ри, мохэр яку дагъэк1. Модрей т1ури нэхъ бжьыф1и нэхъ щ1али къэхъужа хуэдэщ, зэхуэгуф1эурэ зопсалъэ. К1элындор к1ыхьым и к1эм нэс ирок1уэри къагъэзэж, аргуэру ирок1уэ.

Абы як1элъыплъу блыным к1эрытхэм дащыщщ си ныбжьэгъужь Нало Ахьмэдхъанрэ сэрэ. Мохэр къыкъуэмык1 щ1ык1э спектаклым теухуауэ дукъуэдия псалъэмакъыр зэпыдгъэуауэ к1элындорым, зыри къэмыхъуам хуэдэу, ирик1уэхэм дак1элъоплъ, дызоплъыж, зэжедмы1э1ами, дигу къэк1ахэмк1э дызэрощ1э. Мы дуней дызытетыр а дызыщ1эт театрым идогъэщхь. Театрым укъыщ1эплърэ дунеижьым укъытеплъэмэ, ц1ыху гъащ1эр зэманым пебжык1…

Пщ1ыхьэп1эм хэтым хуэдэу, сыкъызэщоужри, си щхьэр соутхыпщ1. Зэрытелъыджэ мы дунейр. Зи пэр щ1ым щахъуэн я гугъа тхак1уэшхуэм зыри яхуемыщ1ауэ къыщалъхуа махуэр утыкушхуэм щагъэлъап1э, абы еныкъуэкъуар къиук1уриик1ауэ къуагъым къуэтщ. Зэрытелъыджэ, пэж дыдэу, мы дуней нэпц1ыжьыр.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и ц1ыхубэ тхак1уэ*

# Гуауэри гуапэри зэдэдгуэшырт

Гуауэри гуапэри зэманым къехь, апхуэдэ дыдэуи ехьыж. Ауэ гум псори къонэ.

Минрэ щибгъурэ плIыщIрэ тIу гъэр екIуэкIырт. Нэмыцэхэр Бахъсэн Iуфэ къыщызэтрагъэувыIат. Къуажэр нобэ-пщэдей фашистхэм яубыдыну хъыбар къэIуати, цIыхухэр гузавэрт. Зауэм кIуахэм я хъыбар илъэсым нэсауэ щыIэтэкъым. Пщыхьэщхьэ хъуамэ, дэнэкIи зэчыр къиIукIырт. Дэри дыгузавэрт. Ди дэлъху нэхъыжь Рашид Ставрополь НКВД-м щылажьэрт, ауэ а къалэри нэмыцэхэм яубыдати, и Iуэху зытетым зыри хэтщIыкIыртэкъым.

Алим и бынунагъуэр Налшык щыпсэурт: и щхьэгъусэ Надеждэ, я сабийр, Москва къикIыу и шыпхъум деж лъагъунлъагъу къэкIуа и дэлъху нэхъыщIэр – етхуанэ классым щеджэр я гъусэу. Тхьэмахуэ къэс ахэр къэкIуэжурэ дызэрылъагъурт. Надежди гузэвэгъуэшхуэм хэтт, Москва щыпсэу и адэ-анэм, и шыпхъум, и дэлъхум я Iуэху зыIутым зыри хищIыкIыртэкъыми. Алими хъыбарыншэт. Махуэ гуэрым, Надеждэ сабийхэр и гъусэу къэкIуэжауэ псори дызэхэсу, шу гуэр куэбжэм къыIулъадэщ, пхъэрыгъажэр къыIуихри, шы IумпIэр иIыгъыу, пщIантIэм псынщIэу къыдыхьащ. Шыр пщIантIэм дэт щихушхуэм ирипхри «Уа, дянэ, сыкъыумыцIыхужу ара, укъыспежьакъыми?!» – жиIэри лIыр къыбгъэдыхьащ. Ди анэр абы и нэгум щIоплъэри: «А къурмэн сызыхуэхъун, Рашид, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн, уафэм укъехуэха?» – жеIэ. Зэшыпхъухэм Рашид зыдодз, IэплIэ худощI. Ар къыпхуэмыцIыхужыну жэщIат, и пащIэ-жьакIэр зэщIэкIат, сабэм иуат. Шым мэкъу иритщ, псы пэгуни хуигъэуври, къыдбгъэдыхьэжащ. Алим ипхъу Таня цIыкIур тIихри, и IэплIэм иригъэтIысхьащ. Надеждэ и Iуэхухэр зытетым щIэупщIащ. Рашид ешат, ауэ хуабжьу зэрыгузавэр, зыгуэрым зэригъэпIейтейр наIуэт.

Ди анэм джэд иукIыну, пщэфIэну и ужь ихьати, Рашид идакъым, «СопIащIэ, пщыхьэщхьэ Орджоникидзе штабым сынэсын хуейщ, хьэзыру зыгуэр уиIэмэ, дегъэдзакъэ», – жиIэри. Абы и ужькIэ псори дызэхуэсыжри пэшым дыщетIысэхащ. Рашид жеIэ: «Уа, дянэ, сэ сыпIащIэу сыкъыщIэкIуэжар мыращ: нэмыцэхэм къуажэр яубыдмэ, фызэтраукIэнущ, большевик жаIэнурэ. Зывгъэхьэзыр, хьэпшып, щыгъын нэхъ фызыхуейхэр зэхуэфхьэс, гъуэмыли къафщтэ, сэ пщэдей жэщ маршынэкIэ сыкъэкIуэнщи фыдэсшынщ». ЗэшыпхъуитIыр, Надеждэ къытхэту, щыму дыщытщ, Рашидрэ ди анэмрэ жаIэм додаIуэри. Ди анэр куэдрэ гупсысащ, зыри жимыIэу. Надежди ди шыпхъу нэхъыжь Таужани хуабжьу тегузэвыхьырт Iэпхъуэным. Таужан и щхьэгъусэр зауэм щыIэт, куэд щIауэ хъыбар лъэпкъ имыIэу. ЗытэлайкIэ псори щыму дыщыса и ужькIэ, ди анэр мэщатэри: «А, си щIалэ, а къурмэн сызыхуэхъун, псори дызэхэту зэрыбыний дохъу, здетхьэжьэн ахъшэбохъши диIэкъым, джэдкъазымрэ жэм закъуэмрэ пIалъэ кIэщIкIэ тхуэщэнукъым, Алим и сабий цIыкIури дауэ езэгъыну гъуэгу кIыхьым, уэри дзэм ухэтщи, къыпхуащI уи унафэщ. Тхьэм жыхуиIар къэхъунщ, Алыхьым дыкъихъумэнщ, зыщIыпIи дынэкIуэфынукъым», – быдэу пеупщI. Рашид къыгурыIуащ ар жиIам зэрытемыкIынур. Арати, псоми IэплIэ къыдишэкIыжщ, ди щхьэфэхэм Iэ къыдилъэри, Рашид шэсыжащ. Ди анэм: «Тхьэм укъытхуихъумэ, гуфIэгъуэкIэ Алыхьым дызэхуигъэзэж!»

– жиIа и ужь, Рашид гъуэгу техьэжащ, дэри шур дымылъагъужыху дыкIэлъыплъу уэрамым дытетащ. ПщIантIэм дыкъыдыхьэжри, ди анэр лъэIуащ тас, къубгъан, напэIэлъэщI къыхуэтхьыну. Андез ищтэри шэджагъуэ нэмэзыр ищIа нэужь куэдрэ тхьэм елъэIуащ, и щIалитIыр зауэм къригъэлыну, и бынунагъуэ адэншэр къихъумэну.

Дэ псоми хьэкъыу ди фIэщ хъуащ нэмыцэхэм дызэраубыдынур. Таужан и чэнджэщкIэ ди жыг хадэм щIыунэ къыщытIтIат, бомбэ кърадзыхмэ, зыщытхъумэну. Ар яхэтат зауэм Iут сэлэтхэм папщIэ зэхуахьэса саугъэтхэр фронтым зышахэм икIи бомбэ «артобстрел» жыхуаIэр зищIысыр и нэгу щIэкIауэ фIыуэ ищIэрт.

Бжьыхьэт. Октябрым и 25-м, пщэдджыжьым жьыуэ, си анэмрэ сэрэ дыкъэтэджащ. Абы жэмыр къиишащ. Жэмыр зыдэсхуа хъупIэ губгъуэшхуэм данэпсым хуэдэу пIащIэу пшагъуэ телът, ауэ дыгъэ къыщIэкIым и бзийхэр абы къызэпхидзу хуежьат. Былым къыдахуар Iэхъушэу яхузэхэмыхьэу бууэрэ зэбгрыжырт, къуажэм ягъэзэжт, Iэхъуэ лIитIым яхузэщIэмыкъуэу. ЛIыжь гуп зэхэтт Iэщым я щытыкIэм тегузэвыхьу. Абыдэ Лэкъумэн, фIыуэ сцIыху ди гъунэгъу лIыжьым, жеIэ: «Мы былымхэм я псэр зыгуэрым игъэпIейтеящ, абыхэм дэ нэхърэ нэхъ пасэу зыхащIэ гузэвэгъуэр, тхьэм дыщихъумэ ем». Пшагъуэ пIащIэр бзэхыжа и ужькIэ, губгъуэшхуэм къыщхьэщохьэ кхъухьлъатэ куэд, абыхэм я макъ шынагъуэм былымхэр, щхьэж и занщIэр и гъуэгуу, зэбгреху, сэри жэрыжэкIэ унэмкIэ сыщIопхъуэж, сыносыжри, пщIантIэм сыдыхьэжа къудейуэ бомбэхэр кърадзыхыу щIадзэ. А махуэм фашистхэм яубыдащ Бахъсэнрэ Налшыкрэ я зэхуакум дэт къуажэ псори... Къуажэдэсхэм заущэхуат, къэхъуным пэплъэу. Налшыки хуабжьу бомбэхэр дадзэрт, абы щхьэщыт Iугъуэмрэ мафIэ бзиймрэ Щхьэлыкъуэ удэту плъагъурт. ПщыхьэщхьэкIэрэ цIыхухэр щэхуу зэхуэзэрт, зэкIэлъыкIуэхэрт, къэхъун-къэщIэным и хъыбар зэхахмэ яфIэфIу.



Фашистхэм занщIэу къуажэм къыщызэрагъэпэщащ унафэщI гуп, старостэр я Iэтащхьэу, полицай гупышхуэ, IэщэкIэ зэщIэузэдауэ, унафэщIхэм жаIэр ягъэзэщIэну, «мыбы фебэн, мыбы федзакъэ» жаIэмэ, зрадзын хьэзыру. Абыхэм яхэтт къуажэдэсхэм ящыщу нэмыцэ фашистхэм акъылэгъу ядэхъуахэри, шынагъэкIэ IумпIафIэ ящIахэри.

Налшык нэмыцэм щаубыдам, Алим и бынунагъуэр щыпсэуа унэшхуэр бомбэм икъутащ, я хьэпшыпри хисхьащ. Надеждэ сабиитIыр и гъусэу, мафIэсым къела хьэпшып тIэкIу иIыгъыу лъэсу къежьащ Щхьэлыкъуэ къэкIуэжыну. Гъуэгушхуэм тету къыздэкIуэм зы шыгу къоувыIэ, лIыр къокIри Надеждэ къыдэIэпыкъуурэ гум ирегъэтIысхьэ, ди уни къеШэж. ГущIэгъу зыхэлъыр ди гъунэгъу Къуныжь Жанхъуэтт. Дунейм темытыжми, и цIэр фIыкIэ жысIэну си гуапэщ ноби.

Бжьыхьэ кIасэт. Уэсыр Iуву телът. Уэрамым куэд щIауэ уэздыгъэ щыблэртэкъым. Жэщ щIыIэ кIыфIыр хэкIуэтауэ бынунагъуэшхуэр дыгъуэлъыжащ. Дыщэхут, гузэвэгъуэм дигъэжейртэкъым. «Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ» – жыхуаIэрати, полицай гупым ди унэр къаувыхь, абы щыщу цIыхуитI автоматхэр яIэщIэлъу къыщIохьэри, нэху къызэрекIыу ди анэр старостэм деж кIуэну унафэ къыхуащI. Жэщ «хьэщIэхэм» я щытыкIэмкIэ наIуэт гущIэгъу лъэпкъ къызэрытхуамыщIынур. Пщэдджыжьым ди анэм зигъэхьэзыращ. ДигъэтIысри, зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, тщIэн хуейр къыджиIащ. Гузэвэгъуэшхуэ дыхэхуат. Ди анэр къамыутIыпщыжынуми, дымылъагъужынуми тщIэртэкъым. Старостэми абы и къуэдзэхэми ящIэрт ди адэ Пщымахуэ псэуху большевик пар-

10 Заказ № 150

тым зэрыхуэлэжьар, и къуитIри партым зэрыхэтыр.

Ди анэм и гъусэу здешэ ди шыпхъу курыт Мэрусхъан, «сэ сыкъамыутIыпщыжмэ, абы Iуэхур зытетыр къывжиIэнщ», – жеIэри. Надеждэ тхуэпщэфIащ, джэдхэр дгъэшхащ, жэмыр псы едгъэфащ. Догузавэри зытедгъэуну Iуэху дощIэ. Шэджагъуэнэужьым ди анэр къэкIуэжащ, Мэрусхъан и мыгъусэу. Къэхъуар мырат: ди анэр старостэм и деж щыщIашам, унафэщI гупыр зэхэст, полицайхэр къащхьэщыту. Нэмыцэхэми ящыщу зауэлIитI старостэм къыбгъурыст. Ди анэмрэ Мэрусхъанрэ щIашэри абыхэм я пащхьэм ирагъэуващ. УнафэщIым жеIэ: «Зы махуэ пIалъэу узот контрибуцэу сом мин пщыкIутху къэпхьу мы стIолым къытеплъхьэну, армырамэ зэрыбынунагъуэу Пщымахуэ большевикыр здэкIуам фыдгъэкIуэнщ. Мы хъыджэбз цIыкIур къэбгъэнэнщи, ди тутнакъэщым и щIыунэм исынщ, ахъшэр къэпхьыхункIэ».

ПолицаитIым Мэрусхъан тутнакъэщым яшэ, ди анэр къаутIыпщыж. Шэч хэмылъу, абыхэм я гугъащ, зэман кIэщIкIэ ахъшэр едмытмэ, ар и щхьэусыгъуэу дызэтраукIэну.

Ди анэм псори къыджеIэжри икIэщIыпIэкIэ я ужь йохьэ ахъшэр зэхуихьэсыну. Ди анэр, Надеждэ, Таужан сымэ зочэнджэщри унафэ ящI жэмымрэ джэдымрэ ямыщэну. ИтIанэ, нэгъуэщI сыт пщэ хъуну диIэми йогупсыс: ди адэм и фэеплъу иджыри къэс зэрихьа дыщэ къамэр, бухъар пыIэр, ди адэм къыщыдэкIуам и дэлъхум хуригъэщIауэ щыта бгырыпхыр, бгъэIулъыр, Рашид къыхуиша фэ джэдыгур. А псоми къыщIэкIакъым зыхуейм хуэдиз. Жэщ хъури, ди анэр хьэблэм яхыхьащ, лъаIуэу: «Хэт сыт хуэдиз фигу пыкIми фыкъыздэIэпыкъу, псапэщ, бынунагъуэр кIуэдыпIэм дихуащ». МащIэми, къратащ нэхъыбэм, ауэ ахъшэр мин пщыкIутхум хунэгъэсакъым. Жэщыбгым ди анэр къыщIохьэж нэщхъейуэ, ешауэ. Зэхуихьэсар ябжри, мащIэщ. Надеждэ жеIэ: «Алим и щыгъын нэхъыфIыIуэхэр: кIэстум зэфIэту тIу, вакъэ тIорыкIуэгъуэ, джанэ, галстук згъэпщкIуауэ щытахэр, дывгъэщэж». Ахэр бэкхъым щыщIатIэри, и гущIыIум шхалъэр трагъэувэжат. Жэщыбгым уэздыгъэ щIэгъэнар ди анэм иIыгъыу, Таужанрэ Надеждэрэ зэдэIэпыкъуурэ къыщIахыж, псори ягъэкъабзэ, ету традзэж. Жэщыр хэкIуэтауэ догъуэлъыж. Надеждэ жейм емызэгъыу, зигъазэу куэдрэ хэлъащ, сэ абы и лъэпагъым силът. Пщэдджыжьым тIури жьыуэ дыкъэтэджын хуейт. ТIэкIу докIри Надеждэ зэщыджэу гъыуэ къыщIедзэ, абы гущIыхьэ щыхъуат Алим и щыгъынхэр зэрищэжынур: игъэкъэбза, ету зытридза кIэстумхэр зэкIуэцIилъхьэурэ сумкэм щрилъхьэм слъэгъуат, ба хуищIу и бгъафэм зэрырикъузылIар.

Пщэдджыжь нэмэзым Надеждэрэ сэрэ ди анэм дыкъегъэтэджри докIуэ бэзэрым лъэсу. Куэдрэ зытIэжьэ хъунутэкъым – шэджагъуэ мыхъуу унэм дыкъэсыжащ. Зэхуэтхьэсар ябжри, сом щищ ирикъуртэкъым, мин пщыкIуплIрэ сом щиблрэт диIэр. Ди анэм зихуэпащ, Тхьэм елъэIури, щIэкIащ, ахъшэр унафэщIхэм яритыну. Полицайм старостэм и деж щыщIишэм, ар зыбгъэдэс стIолым бгъэдохьэри, унэм щIэс псоми зэхахыу, жеIэ: «Мэ, ахъшэр, мыр ирикъуакъым, сом щищ хуэныкъуэщ. Мыр уэ пхуэмыгъуэн, Пщымахуэ и бынунагъуэм хуэмахуэн тхьэм ищI». Старостэм и жьэр зэтримых щIыкIэ, щIэсхэм ящыщу зылI стIолым бгъэдохьэри, зыхущыщIэ сом щищыр трелъхьэ. Куэшмэн Къесынт ар – тщымыгъупщэжу ди гум фIыкIэ къинащ. Ди анэр щIоупщIэ: «Дэнэ щыIэ си хъыджэбз цIыкIур?» «Абы и унафэ дэ тщIынщ, кIуэ, кIуэж», – жеIэри пеупщI старостэм. Ди анэр, сыт ищIэжынт, къокIуэж Мэрусхъан и мы-

гъусэу. Мышхауэ, псы тIэкIуи ирамыгъэфауэ а тхьэмыщкIэр щIыунэм ист. Таужан гъуэмылэ тIэкIу хуихьати, Iахакъым. ЕтIуанэ жэщым, Куэшмэн Къесын и фIыгъэкIэ, Мэрусхъан къаутIыпщыжащ.

А лъэхъэнэ гугъум Надеждэ къигъэлъэгъуащ Алим лъагъуныгъэ ин зэрыхуиIэр, нысэ гумащIэу зэрыщытыр. Ар ди анэм дэщIыгъуу жьыуэ къэтэджырти, абы жэмыр къишыхукIэ езыр псыхьэ кIуэрт, пщафIэрт, жьыщIэрт. И дэлъху Мишэ ди гъусэу мэзым пхъашэ накIуэрт, сыт хуэдэ Iуэху тщIэми къыддищIэрт.

Нэмыцэ фашистхэр къуажэм дахужри, хуиту дыпсэууэ щIэддзэжащ. ЦIыхухэм зауэм къикI письмохэр къаIэрыхьэ хъужат. 1943 гъэм февралым Алим и письмо къытIэрыхьащ. А гуфIэгъуэшхуэм къару къытхилъхьэжат... Куэд дэмыкIыу Надеждэ сымэ Налшык Iэпхъуэжащ, фэтэр къратыжри. ТхакIуэхэм я унафэщI Теунэ Хьэчим къыдэIэпыкъури ар лэжьапIэ уващ.

ЦIыхугъэр здынэсыр къыщыпщIэр псэзэпылъхьэпIэ ущихуам дежщ. 1944 гъэм, гъэмахуэм и кIэм, ди анэр сымаджэ хьэлъэ къэхъуащ. Надеждэ занщIэу Рашид хъыбар иригъащIэри, къэсыжащ. Рашид занщIэу унафэ ещI Ставрополь здишэу сымаджэщым щIигъэгъуэлъхьэну, и нэIэ тригъэтыну. Мэрусхъани здешэ, ди анэм кIэлъигъэплъыну. Зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу Таужан письмо къыIэрохьэ, и щхьэгъусэ зауэм щыIэр уIэгъэ хьэлъэу Краснодар сымаджэщым щIэлъу. Таужан тредзэри Краснодар макIуэ. Абы и щхьэгъусэ Ильяс шапсыгът, и анэр Краснодар пэгъунэгъу АфIыпс щыпсэурт, дауи, Таужан Щхьэлыкъуэ къигъэзэжынутэкъым.

Си шыпхъу нэхъыщIэ илъэс пщыкIутI зи ныбжьымрэ сэрэ ди закъуэ дыкъэнат, сэ а зэманым илъэс пщыкIуплIт сызэрыхъур. Ди анэм и узыншагъэм теухуауэ хъыбарегъащIэу диIэр Мишэт. Надеждэ Рашид и деж псалъэрти зригъащIэрт ди анэм и узыншагъэр зыхуэдэр, Мишэ къакIуэрти ар дэ къыджиIэжырт. Махуэ гуэрым, декабрым и кIэм, абы хъыбар гуфIэгъуэ къытхуихьащ: ди анэр хъужат, Рашид ар сымаджэщым къыщIишыжри Адыгейм щыпсэу и дэлъху закъуэм деж лъагъунлъагъу ишат, абы зы тхьэмахуэ щыIэмэ, къригъэшэжынут. Мэрусхъан Ставрополь дэт мединститутым щIэтIысхьэну яужь итт. Аслъэнхъанрэ сэрэ Надеждэ и нэIэ хуабжьу къыттетт, абы къыдитырт шыгъури, сабынри, сенычри, фэтыджэнри – а зэманым ахэр зэпэубыдат. Надеждэ Алим хуитхат хъыджэбз цIыкIуитIыр ди закъуэу дыкъызэрынар. Аслъэнхъан пщэдджыжьым школым кIуэрт, сэ – шэджагъуэм. Махуэ гуэрым, пощтзехьэ щIалэр гуфIэжу куэбжэм къыIуохьэри, письмо щимэ, фронтым къикIар, къыдет. Ар Алим и письмот. Сыкъоджэ: «Зым нэхърэ зыр нэхъ дахэжу си шыпхъу цIыкIухэ!» – жиIэу къыщIидзэрт, куэд щIауэ зэхэдмыха псалъэ дахэм гумащIэ сащIри, си гъын къэкIуат. АдэкIэ къитхырт: «Фигу фымыгъэныкъуэ, лIыгъэ зыхэвгъэлъ, щIымахуэм зыхуэвгъэхьэзыр». МахуитI хуэдиз дэкIауэ, пощтзехьэм къыдитыжащ Алим къытхуигъэхьа сом щихыр. ЗэшыпхъуитIыр дегупсысри, унафэ тщIащ жэмым едгъэшхын нартыху бзий къэтщэхуну, етIуанэрауэ, бжэнышхуэ, и цыр мыщауэ, къэтщэхуу и цыр лъэпэд, IэлъэщI тщIыну, и лыр дгъэгъуу, ди анэм хуэдгъэтIылъыну. Апхуэдэуи тщIащ. Декабрым и кIэм Рашид ди анэр къыщишэжам, а псори диIэу кърихьэлIэжащ.

Зауэр иухащ. Дуней насыпыр тлъагъужащ: Алими Рашиди зауэм къикIыжри, гуфIэгъуэкIэ дызэхуэзэжащ. Алим къыддэIэпыкъуурэ деджащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэдгъэгъуэтащ... Зэманыр сыт хуэдизу мы-

хьэлъами, дыкъелащ. Гугъуехь дыIуухэху, унагъуэр нэхъри дызэкъуэувэрт. ДызэрыIыгъыу, гуауи гуапи зэдэдгуэшу дыкъэгъуэгурыкIуащ.

Алим 1982 гъэм къэкIуэжри зы мазэ щыIати, зэшыпхъухэр делъэIуат къэIэпхъуэжыну. «Си псэм гугъуехь телъынущ», – къыджиIауэ щытащ. Алим псэкIэ, бзэкIэ зыпыщIа лъэпкъым и нэр къыхуикIт, ауэ, нэмыплъ къызэрыхуащIыр игу хутегъахуэртэкъым.

Сэ зы зэманкIэ сыщыпсэуащ Алим и унэ-лъапсэ Налшык дэтым. «СылIэмэ, мыр музей ящIыну къыщIэкIынщ – схуэхъумэ», – къызжиIэри, абы сыкъыдэтIысхьат.

Зы махуэ гуэрым балъкъэр тхакIуэ гуп накIуэри бгъэдэсащ. ЖаIар зэхэсхакъым, ауэ Алим зыгуэрым зэрытегузэвыхьыр IупщIт. Езым зыри щыжимыIэм сэри сыпкърымыупщIыхьу дыгъуэлъыжащ.



КIыщокъуэ Алим и шыпхъухэу Хъамсинэрэ Лизэрэ я гъусэу

Жэщым, сыхьэтищ нэужьым зыгуэр Iейуэ ди бжэм къытоуIуэ. Сэ япэ къатым сыщыжейти, бжэм сыкъыбгъэдыхьащ: «Хэт ар?» – жысIэри. «КъыIухи къэпщIэнщ», – жиIэу гурбияныгъэ зыхэлъ жэуапыр щызэхэсхым, етIуанэ къатым сыдэкIуейри сыкъеплъыхащ. Бжэм зы щIалэ пIащэ къыIутщ, нэгъуэщI зыи псей щIагъым щIэтщ. КъыIусхакъым бжэр. Iейуэ сышынауэ, си напIи зэтезмылъхьауэ нэху дыкъекIащ. «Зыгуэр бжэм къытеуIуа си гугъэщ», – жиIащ Алим пщэдджыжьым. Ар иджыри зэрыхэплъэт. «Хьэтау къысхуэгъуэт, Москва сыкIуэжынущи», – жеIэри Хьэтау къызоджэ, билет кърегъэщэхури йожьэж.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэу пщIантIэм сыдэсу а щIалитI дыдэр къыдохьэ. Сышынэри унэмкIэ щIэзмышэу, пщIантIэм дэт тетIысхьэпIэмкIэ си Iэр сщIыри «фынэтIыс» яжесIащ.

– Алим дыхуейт, – жеIэ зы щIалэм.

– ЩыIэкъым.

– Дэнэ кIуа?

– Нобэ шэджагъуэм Москва лъэтэжащ. СыткIэ ухуейт си дэлъхум?

– Абы и «Нал къутам» си адэшхуэр IейкIэ къыщIыщигъэлъэгъуам и щхьэусыгъуэмкIэ сеупщIынут, – жиIащ, Алим къигъуэтыххатэмэ, къытегуплIэну зэрыхьэзырыр IупщIу.

Бэлыхь дыхэзыдза старостэрт зи гугъу ищIыр. Алим и романыр зигу нэмыса парт унафэщIхэм я жыIэ зэхэзыха щIалэм къилъытагъэнут тхакIуэм и псалъэр Iуригъэупщ|ыIуэжмэ, зыри къыхухэмыкIыну.

Дэ, Алим и шыпхъухэр, сыт щыгъуи дыщIэхъуэпсырт ар и лъапсэм къитIысхьэжу щыпсэуну. 1982 гъэм сэ Алим усэ щIыкIэу хуэстхат а ди хъуэпсапIэр.

Жэуап къызитыжат «Къэзгъэзэнущ сэ» усэмкIэ. Ар «Щхьэлыкъуэ» тхылъым ихуащ.

Псыежэхым къимыгъазэ,
Псыхъуэм дэтщи, пхудэмыж.
Псым симыхьмэ, къэзгъэзэну
СщIащ уэрэдыр сэ лъэмыж.

ЩIым и гъуни сыщыщIэфлъхьэ,
Мывэ сынри сыту сщIын?
СыздыщIэлъыр хы адрыщIми,
Дыгъэмыхъуэ пхуэмыщIын.

Уэгум итщи щхьэуназэу,
Пшэ Iэрамэм уэшх къахьынщ.
Жьым симыхьу къэзгъэзэнщи,
Сэламышхуи къыфхуэсхьынщ.

Бзухэм гъатхэм къыдагъазэр,
Уаер къэсмэ, дэгызынщ.
Сэ жэщ вагъуэм сакъыхэту
Аркъэн хужьыр къывэздзынщ.

Къэзгъэзэнущ псыхьэлыгъуэу,
Къуэр си макъкIэ згъэпсэлъэнщ.
Гъатхэ жылэу сахъумауэ
ЩIы вагъащIэм сыхалъхьэнщ.

Къыщызгъазэм уафэр бзыгъэу,
Уэшхи уэси зэщIэлъынщ.
СыхэбдзынкIэ Iэмалыншэу,
Гъыбзэм псалъэу сыхэлъынщ.

**КIЫЩОКЪУЭ Хъамсинэ**

# Уахътыншэ

Сызэрысабийрэ, школым и пэщIэдзэ классхэм сызэрыщIэсрэ, тхылъ сыкъеджэф зэрыхъурэ абы и цIэр сщIэрт, и тхыгъэхэм сыщыгъуазэт.

СызэрыщIалэ цIыкIурэ, ебланэ классым сыщеджэу си япэ усэ нэмыщIысахэр Аушыджэр къисхыу Налшык къэсхьу и пащхьэ зэрислъхьэрэ — ар си цIыхугъэт.

Балигъ сызэрыхъурэ, литературэр зищIысыр, абы и мыхьэнэр къызэрызгурыIуэрэ, си IэдакъэщIэкI гуащIэмащIэхэр, тхэным сытригъэгушхуэмэ фIэфIу, «мыхэр хъарзынэщ» жиIэу, гъуэгу зэрытригъэувэрэ, къысхуэсакъыу, къыскIэлъыплъу зэрыщIидзэрэ, псом ящхьэращи, езыр зыхуэдэр, лъэпкъым дежкIэ и уасэр къызэрысщIэрэ — а цIыхур фIыуэ слъагъуртъ...

«Си гъащIэ ябгэр щызухынум шы жэр сытесу сpеух», — псоми гукIэ тщIэ а псалъэхэр жызыIа, адыгэ литературэм и классик, Социалистическэ Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат КIыщокъуэ Алим дунейм ехыжащ 2001 гъэм январым и 29-м, и ныбжьыр илъэс 87-м иту. Зэгуэр зэрыжиIа дыдэм хуэдэуи иухащ и гъащIэр: поэзием и шагъдий щхьэмыгъазэм къемыпсыхыу — ажал уз бзаджэ къеуэлIар къыпэмылъэщу, къалэм жанкIэ лъащэу. Абы и щыхьэтщ иужь дыдэу КIыщокъуэм къыдигъэкIа, ауэ дунейм къытехьауэ имылъагъужа «Щхьэлыкъуэ» тхылъыр. Абы и Iэрытхыр Москва къикIыу сэ сыщылажьэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм пощткIэ къыщиутIыпщам си цIэкIэ къыдыщIигъуауэ щыта тхыгъэм мыпхуэдэу итт: «Зи гугъу сщIа тхылъыр мыращ. Тхылъыр нэхъ Iув сщIыфынут, ауэ си къарур къемэщIэкIащ. Дыпсэумэ, адрей схутемытхэжахэри незгъэхьынщ. МысыхьэткIэ си къарум хэщI защIэурэ йокIуэкI. Зыгуэр къысщымыщI щIыкIэ, зэзакъуэ ди дей сыкIуэжу сигу къызыхуэкIахэр слъагъужащэрэт, жысIэу сигури си псэри фи дейкIэ нэгъэзауэ сопсэу...»



Шэч хэлъкъым а «хутемытхэжахэми», игу хуэмызагъэу, Алим зэрелэжьам, ажал гущIэгъуншэм ихьыху. Яужь дыдэу телефонкIэ сепсалъэу а усэхэм сыщыщIэупщIам, КIыщокъуэм жиIат: «Хьэзыркъым. Фыкъыпэмыплъэу «Щхьэлыкъуэр» къыдэвгъэкI...»

Щхьэлыкъуэ къуажэм, и адэанэр зыщIэлъ кхъэм щыщIалъхьэжыну пасэу уэсят къэзыщIа тхакIуэшхуэм фIэлъапIэ дыдэт а тхылъыр — «Щхьэлыкъуэ» зыфIищар, нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэу къилъытэм теухуар. Апхуэдэу Алим къилъытэр псом хуэмыдэу иужьрей илъэсхэм зи гухэлъ мафIэм и псэр ис, «зыгуэр къыщымыщI» щIыкIэ илъагъужыну зыхуея и жылэжьырт, и лъахэрт, «сыжейми, си нэр зэтесха-

ми, Щхьэлыкъуэ къуажэр щIэтщ си нэгу», «пэслъыт уэ уи цIэм щремыIэ, уи дежщ сэ си лъэр щыувар», «си гъащIэр сыухми, схуэухынкъым си хэку нур хадэм и уэрэд» зыхужиIарт. Илъагъужакъым КIыщокъуэм слъагъужащэрэт жиIэу и нэ къызыхуикIахэр, ауэ ар и куэщI иралъхьэжащ и псэм пищI щIыналъэм икIи я гъусэ хъужащ «ди щхьэр зэхуэмызэми, ди псэр зэхуэзэнкъэ» зыжриIа и адэ-анэм…

Лъэпкъым куэд хуэзыщIа, тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнэну зи натIэ хъуа цIыхушхуэр дунейм ехыжа нэужь, ар зигу «къэзыгъэкIыж» Iэджи жыджэру «къыкъуокIыж» — зи щхьэ щымыIэжыр фIы дыдэу яцIыхуу, ублэмэ я ныбжьэгъуфIу щытауэ жаIэу. Абы щыгъуэми сэлам гъущэ фIэкI яку дэмылъауэ, щызэрихьэлIари зэзэмызэххэу. Тхьэм апхуэдэхэм япэIэщIэ дищI! Алим дэрэ ди зэхущытыкIам куэд щыгъуазэщ…

Зэи си дзэ шакъым сэ КIыщокъуэ Алим сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи сыбгъэдыхьэну, сыт хуэдэ лъэIукIи зыхуэзгъэзэну, езыри зэи щхьэхакъым къызэпсэлъэну, чэнджэщ къызитыну, зыкъысщIигъэкъуэну, сигъэгушхуэну, сигъэгуфIэну…

Сыстуденту, Москва сыщеджэу дунейм япэ дыдэу къытехьа си усэ тхылъ цIыкIум цIэ фIэзыщауэ щытар Алимщ. КъыдэзгъэкIыну згъэхьэзыра Iэрытхым си лъэIукIэ хэплъэу ар къабыл ищIа нэужь, жиIат: «Мыбы фIэщыгъэцIэ иIэмэ нэхъыфIщ, зыгуэрым тумыубыдамэ, мыр пхуэзгъэтIыгъуащи, уигу ирихьмэ, къащтэ. «ГуфIапщIэ» жиIэу фIэщ. Япэ тхылъым ар йозэгъ. Дунейм уусэу утетыну Тхьэм къуита насыпым узэрыщыгуфIыкIам къыхэкIыу пщIы фIыщIэу, тыгъэу ар мэIу». Абы нэхъыфI къысхуэгъуэтынутэкъым, сыгуфIэу къэсщтат.

СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым, абы хэтхэм елъытауэ сыщIалэ дыдэу, 1974 гъэм сыхэзыгъэхьауэ къэслъытэри Алимщ. «Мыр адыгэбзэкIэщ зэрытхэри, и зэфIэкIыр здынэсыр фэр нэхъри нэхъыфIу сэ сощIэ, «усакIуэ» цIэр хуэфащэщ», — жиIэу комиссэм хэсхэм яхэмыпсэлъыхьамэ, а зэманым щыIа чэзуушхуэм илъэс зыкъомкIэ сыпытынт, тхакIуэу сыкъалъытэркъым, жысIэури си пкъыр щIэлIэнт.

Еджэн къэзухри Налшык къэзгъэзэжауэ тхылъ тедзапIэм редактору сыщылажьэу, унагъуэ зэзгъэпэщыну мурад сщIауэ фэтэр IуэхукIэ гугъу сыщехьам, а гугъуехьыр сщхьэщызыхари Алимщ. СССР-м и Литературнэ фондым и унафэщIти, ахъшэ хъушэ къиутIыпщри, тхакIуэ зыбжанэм зыщыпсэун унэ къахудихауэ щытащ. Сэри абыхэм ящыщ къыслъигъэсыгъащ.

Тхылъеджэ нэхъыбэм сакъригъэцIыхун, утыкушхуэ сришэн, абыкIи си щхьэр лъагэу сигъэлъагъужын папщIи лъэкI къигъэнакъым Алим. ЗэдзэкIакIуэ Iэзэхэу Къэшэж Иннэ, Гребнев Наум, Шерешевский Лазарь сымэ, нэгъуэщIхэми сапищIащ, абыхэм урысыбзэ ящIа си тхыгъэхэр Москва къыщыдэкI газетхэм, журналхэм къыщытрадзэм, тхылъ щхьэхуэу къыщыдэкIым пэублэ псалъэ гуапэхэр сэ стеухуауэ итхащ…

Мыхэр сигу къыщIэзгъэкIыжыр «флъагъуркъэ КIыщокъуэр къызэрысхущытар» жысIэну, абы зризгъэщIэгъуэну аракъым, атIэ Алим, сыт щыгъуи Iэдэбу зиIыгъми, егъэлеяуэ цIыху ткIийуэ зэзэмызэ къыпцыхъуми, икъукIэ гу щабэ-псэ щабэу зэрыщытар, гулъытэшхуэ зэриIар, творческэ щIэблэм и нэIэ ятригъэт зэпыту зэрекIуэкIар къыхэзгъэщхьэхукIыну аращ. Апхуэдэу щытащ Кулиев Къайсыни, Гамзатов Расули, ар я хьэлащ Кугультинов Давиди, Айтматов Чингизи — зэныбжьэгъуфIу къызэдэгъуэгурыкIуа цIыху щэджащэхэм. Дэтхэнэ зы тхакIуэ, усакIуэ пашэми и пщэ къыдэхуэ къалэну

къилъытэжу къыщIэкIынщ ар — щапхъэ игъэлъагъуэ къудей мыхъуу, и лъэужь ирикIуэхэм я гъуэгур «яхузэлъыIуихыну», нэхъ бгъуфIэ, сэтей ищIыну. КIыщокъуэмрэ Кулиевымрэ я закъуэ къащти, сэ жысIэ дыдэхэм хуэдэ а тIум папщIэ жаIэфынущ нобэрей адыгэ, балъкъэр литературэм лъэ быдэкIэ хэува куэдым.



КIыщокъуэ Алимрэ Бицу Анатолэрэ. ПсыкIэху псыхъуэм



Сэ Алим сригъукIэгъэсэну зызобжыж. Ар си егъэджакIуэ-гъэсакIуэу солъытэ. Ар сэркIэ сыткIи щапхъэт — и творческэ лэжьэкIэкIи, и къэрал Iуэху, къулыкъу зехьэкIэкIи, и цIыхугъэкIи, и лIыгъэкIи... Сигу къокIыж: зэгуэрым, журналист къызэпсэлъылIэу, мы иджыпсту жысIахэр есIуэтылIэри, дыщIызгъужат: «КIыщокъуэм апхуэдизкIэ пщIэ хузощIри, си къуэ закъуэм фIэсщар абы и цIэрщ». А ди псалъэмакъыр «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытрадзауэ щытат. Ар хуэзат «Нал къута» романыр щхьэусыгъуэ ящIауэ Алим хаутэну щыхэта зэманым. Абы щыгъуэ си цIыхугъэ щхьэцпэщтэ гуэрым телефонкIэ къызжиIат: «Партым и обкомым и «спискэ фIыцIэм» уи цIэр ихуауэ бжы, щIалэ. Сыт КIыщокъуэм хуэдэ щыIэкъым жыпIэу ущIэкIийр?» Сэ абы щыгъуэ зыми сегупсысатэкъым. Сегупсысри — сышынэным ипIэкIэ, си щхьэр лъагэу слъагъужат. КъызэрыщIэкIымкIэ, сэ «лIыгъэ зесхьат» — Алим сыщытхъуат, апхуэдэу щыщыткIэ — сыкъыщхьэщыжат. СыгушыIэнщи, аращ КIыщокъуэм игъащIэм хуэсщIэфар! СыгушыIэнкъыми, си дежкIэ нобэ хьэкъщ: зым и гущIэгъуи, и фIыщIи, и щытхъуи зэи хуэмыныкъуа, къеныкъуэкъу щыIами, зыкIи мышына, къимыкIуэта, къэмыскIа цIыху лъэщ, къуршым хуэдэу уардэу, быдэу, пагэу дунейм тета КIыщокъуэ Алим дэ, абы и гъуэгу ирикIуэхэм, хуэтщIэжыфынур зыщ — къызэрытщыгугъам хуэдэу дыкъыщIэкIыпырщ. Мис ар си гугъапIэу, си мурад-плъапIэу сопсэу...

КIыщокъуэ Алим хуэдэ цIыху уахътыншэхэм я лъэхъэнэгъу ухъун, зы

щIы кIапэ уадытетын къудейр — насыпщ. Уаригъусэну, я кIуэгъужэгъуу ущытыну уи натIэ хъуамэ — ар насыпышхуэщ.

2003

* * *

Сэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм «сыкъыщалъхуауэ» жыпIэ хъунущ. 1971 гъэм Литературнэ институтыр Москва къыщызухри илъэс 40-м щIигъукIэ абы сыщылэжьащ — редактору, редакцэм и унафэщIу, редактор нэхъыщхьэу. АдыгэбзэкIэ тхылъ къыдигъэкIын IуэхукIэ КIыщокъуэ Алим нэхъыбэ дыдэу зыпыщIауэ щытар сэращ — ар «Батырыбжьэ», «Вагъуэ махуэ», «Щхьэлыкъуэ» усэ тхылъхэрауи щIы, томиплIым, томихым щызэхуэхьэса и тхыгъэхэрауи щрет.

Алим и иужьрей «Щхьэлыкъуэ» тхылъыр къыщыдигъэкI зэманым и узыншагъэр екIэкIуат. Псалъэурэ и макъыр тIысырт. Телефон трубкэр иритын ипэкIэ и щхьэгъусэ Надеждэ Федоровнэ къызэлъэIурт: «Толик, уэ нэхъыбэу псалъэ, и гукъыдэжыр къэпIэту, езыр мащIэу псалъэмэ нэхъыфIщ». Сэлам-чэламхэм я ужькIэ, сэ сызыщIэупщIэр «Щхьэлыкъуэм» хигъэхьэну зыхуея усэхэрт — «дыпсэумэ, адрей схутемытхэжари незгъэхьынщ» жыхуиIахэрт. Иужьрейуэ телефонкIэ сыщепсэлъам, Алим жиIат: «Хэкум, къуажэм теухуа си япэрей усэ гуэрхэри дэщIывгъуи «Щхьэлыкъуэр» псынщIэу къыдэвгъэкI». «ПсынщIэм» къикIыр гурыIуэгъуэт. ПIащIэрт ар и псэм нэхъ пэгъунэгъу дыдэ усэхэр зэрыт тхылъыщIэр илъагъуну. ЗэрыжиIам хуэдэуи тщIащ. Тхылъыр хьэзыр хъуауэ традзэрт Алим и усэ гуп аргуэру къыщысIэрыхьам, пощткIэ къиутIыпщауэ. Ахэр «тримытхэжыфахэм» (къримытхыкIыжыфахэм) ящыщт, «черновик» жыхуаIэм хуэдэт, зэрытхар и IэкIэт, ауэ ксерокопиет (усакIуэшхуэм и тхыгъэхэм копие трихыу зэрыщытам сыщыгъуазэщ, мыхэри и «унэ архивым» къыхэнауэ къыщIэкIынщ).

«Щхьэлыкъуэ» тхылъыр къыдэкIащ мы зи гугъу сщIы, кIасэу къытIэрыхьа усэ гупыр хэмыту, нэхъ гуузыжыращи, КIыщокъуэм а тхылъыр илъагъужакъым...

«Iуащхьэмахуэ» журналым еджэхэм фи пащхьэ ислъхьэну сыхуейщ КIыщокъуэ Алим и усэхэу «Щхьэлыкъуэ» тхылъым хэмыхьа зыбжанэ:

## ПСАЛЪЭМАКЪ

Псы къиуари IузыщIэфым
Мывэ дамбэм къыдегъафэ.
Шы емылыджри Iэмалыншэ —
Дэубыди, мэхъу IумпIафIэ.

Гугъур уи бзэр утIыпщамэщ —
ГузэвапIэ уихутэнущ.
Уи бзэр зэщхьыр шы емылыджщи,
Шэс — ущIихьэм гу лъыптэнущ.

Лыгъэ зиIэр псэлъэрейкъым,
Мыпсалъэххэу гу къылъатэ.
Уафэр гъуагъуэу зэхыумыхми,
ПIалъэр къэсмэ, зэм мэятэ.

И зы псалъи къэмыIуами,
ЩыIэщ сэшхуэм хуэшэрыуэ.
Уэ дыгъапIэ улъыхъуэнум,
Дыгъэм хэтым уапемыуэ.

Зи бзэр быдэу зыIыгъыфыр
Дзэм пэщытым изолъытыр,
Уэгум шууэ иутIыпщхьи —
Уафэм щещIыр вагъуэ къутэ.

Я бзэр бзаджэм яубыдатэм,
Быкъуэкъуэныр зыханэнут.
Лей жызмыIэу зезгъэсатэм,
ЖысIэм и пщIэр нэхъ инынут.

## ЩТАУЧ

Зауэм сокIуэ, си анэр магъ,
Мывэ кIани и гукъэкIщ:
— Мэ, си щIалэ, мыр къыздэщтэ,
Ди жьэгу мафIэр уигу къегъэкI.
Сеплъмэ, сIыгъыр мывэ тIэкIущ,
Ар щтаучуи умыщIэн…
МафIэр жьэгум щыужьыхамэ,
Дэ щтаучкIэ щIэдгъэнэжт.



СыIухьауэ сэ зэуапIэм
Мывэр дэнкIи зыдызохь,
Соплъыр, соплъыр, нэр тенауэ,
Си нэм, си псэм ар хузохь.
Сызэрысыр мыокопу
Си унэжьу къысфIегъэщI,
Бийм и топым зифыщIыжми,
Зэхэзмыхыу зызогъэщI!

Жьапщэщ, жьапщэщ мы дунейри,
Гур окопым изэгъэн?
Соплъ аргуэру сэ щтаучым,
Уэси къесу уи гугъэн?
Си гур, си псэр щыгузавэм,
Мывэ тIэкIур дамэ хъуащ,
Си къаруми къыхигъахъуэу
Ар жьэгу мафIи схуэхъужащ.

Гъуэгу сытехьэм, сэ щтаучыр
Си хъуржыным изгъэлъащ,
Сивашыхым сыщыхыхьэм,
Мывэ тIэкIур мыхьэлъа.

Псыр тенджызу си мыгугъэу,
Кхъухьым сису къысфIэщIащ,
Сешыпауэ лъэр щыщIэхум,
Си гъуэгуанэм хигъэщIащ.

Зауэ хьэлъэр зэфIэкIауэ
Сэри унэм сыкъокIуэж,
Iэм Iэбжьанэр къехьэлъэкIрэ? —
Арат мывэр. Гукъыдэж
Зэм сигъэщIырт, зэм си нэпсыр
Схуэмыубыду къыщIигъэжт.
Сянэм унэм сыщIишэжмэ,
Iэнэм мывэр тызолъхьэж:

— Мэ уи тыгъэр, сянэ дыщэ,
Уи щтаучыр къэсхьыжащ,
Си ныбжьэгъухэр хэкIуэдами,
СамыукIыу сыкъелащ.
СщIэркъым, сщIэркъым сыкъихъумэу
Си окопым щхьэщытар,
Уэ уи фIыгъэ, сэ си фIыгъэ? —
ЖысIэу си гурщ къэетар.



* * *

ФыкъитIысхьэ си Iэгу, къуалэбзухэ,
Фыбзэрабзэу — абгъуэ ар фхуэхъунщ.
Фи шыр цIыкIухэр, бзаджэм щыхъумауэ,
ФагъэгуфIэу фэри къывдэхъунщ.

Фыабгъуэншэу мэзым фыкъыщIэнэм,
Фихъумэнкъым мазэ хъуами из.
СощIэр сэ: унэншэу губгъуэм къинэр
Унэхъуащи — хъунущ къулейсыз.

Псэ згъэнакъым сэ си гъащIэ кIыхьым,
Дзыхь къысхуэфщIи — шыри фи куэдынщ.
СощIэр фIыуэ сэ: абгъуэншэу къанэм
Псэ тыншыпIэ дэнэ щигъуэтын?

ФыкъитIысхьэ си Iэгу, къуалэбзухэ,
Фыбзэрабзэу — абгъуэ ар фхуэхъунщ.
Шыру къифшми дахэу сахуэсакъыу
Фи бзу лъэпкъым зыри хэмыщIын.

Дунейм тетыр махуэм зэзэгъамэ,
Зэзэуэжу жэщым нэху ягъэщ.
ФыкъитIысхьэ си Iэгу, къуалэбзухэ,
Фыбзэрабзэу — абгъуэ ар фхуэхъунщ.

## СТАНЦУ ЦIЭ ЗИМЫIЭ

МафIэгур станцым куэдрэ тетрэ?
Къытелъэдэнци — текIыжащ.
Абы сыхуэдэщ — зызмыIэжьэу
Си техьи текIи зы сщIыжащ.

Хьэпшыпу сIыгъыр зы тIэкIу дыдэщ,
Мылъку тIэкIу згъуеямэ, фызотыж.
Фи щIыхуэ стелъу схуэмытыжыр
Пэувмэ усэм, нэхъыфIыжщ.

ЩIымахуэ дыгъэр зэм къыстепсэу,
Зэм мазэ нурыр нэм хузохь.
МафIэгур макIуэ къэмыувыIэу,
Сэлам къытпэплъэм яхудохь.

Си станцыр сщIэркъым зыдэщыIэр,
СеупщIмэ, гъусэм заущэху.
Ауэ мафIэгум зэ сикIынущ,
ЩысщIынущ губгъуэм лъагъуэ нэху.

Мэз фIыцIэ жыжьэм сунэтIауэ
МафIэгум и кIэм сэ сиплъэнщ.
Я напэр хужьу тIу зэхуэзэм,
Дэ тIум а махуэр ди пIалъэнщ.

ЩымыIэ плъапIэ, гъащIэр бухмэ,
Дунейм къытехьэм уахуэзэн?
Уи лъагъуныгъэрщ сигу къыщIитхъри,
Сыт гъуэгу сытетми къэзгъэзэнщ.

Си тхыгъэм мыри дэщIызгъужынут. КIыщокъуэм и IэдакъэщIэкI куэд къэнащ, «Щхьэлыкъуэми» хуэдэу, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ и тхылъхэм хэмыхьауэ. Ахэр усэщ, повестщ, рассказщ, очеркщ, статьящ. Игъуэ хъуащ тхакIуэшхуэм и творческэ щIэиныр зэхуэтхьэсыжу лъэпкъым и пащхьэ итлъхьэжыну. Алим ди набдзэщ, ди напэщ, ди гъащIэм и гъуджэщ. Апхуэдэ цIыхухэр, зэрыжаIэу, илъэсищэм зэ къалъхуу аращ. КIыщокъуэ АлимкIэ Тхьэр къытхуэупсащи, абы и цIэр мыкIуэдыжын тщIыну адыгэу щыIэм ди къалэнщ.

**БИЦУ Анатолэ**
*2014*

# КIЫЩОКЪУЭ АЛИМ И БЗЭМ И ПСАЛЪАЛЪЭР

Урыс тхакIуэшхуэ Горький Максим зэгуэр жиIэгъащ мыпхуэдэу: «Бзэр къэзыгъэщIыр цIыхубэрщ. Бзэр литературэбзэрэ цIыхубэм я бзэу щызэхагъэкIым деж, абы къикIыр бзэ «цIынэрэ» мастерхэр зыхэлэжьыхьарэ зэрыдиIэрщ». «Мастер» хъужыр, дауикI, тхакIуэ-усакIуэхэрщ – ахэращ псом япэу цIыхубэм Iурылъ бзэр къэзыщтэу езыгъэфIакIуэр. Шэч хэмылъу, литературэр зи IэщIагъэ псоми я зэфIэкIыр абы и лъэныкъуэкIэ зэхуэдэкъым. Псалъэм папщIэ, урысхэм Пушкиныр адрей псоми къыхаIэтыкI, абы иджырей урыс литературэбзэм и лъабжьэр игъэтIылъауэ къалъытэри. Адыгэхэм (къэбэрдей-шэрджэсхэм) апхуэдэу диIэщ ЩоджэнцIыкIу Алий. ГурыIуэгъуэщ мы зи цIэ къитIуахэм я бзэр джынми гулъытэ лей щIагъуэтыр, аращ Пушкиным и бзэр лъэныкъуэ куэдкIэ къахутэу абы томиплI хъууэ псалъалъэшхуэ щIыхузэхалъхьар (Словарь языка А. С. Пушкина. В 4-х томах. М.: Государственное издательство иностранных и национальных словарей, 1956-1961), ар щапхъэ хуэхъуу Зэхъуэхъу Лиуани ЩоджэнцIыкIум и бзэм и псалъалъэм щIелэжьар (Зэхъуэхъу Л. ЩоджэнцIыкIу Алий и бзэм и псалъалъэ. Налшык: Эльбрус, 1975). Иужьрейм и псалъэпэм зэрыщыжиIэщи, «Алий и дэтхэнэ псалъэри купщIафIэщ, шэрыуэщ, гъэхуащ. Адыгэ усакIуэшхуэм адыгэ литературэбзэр иригъэфIакIуэ зэпыту зэрыщытар абы и тхыгъэхэр щыщIупщытыкIым деж икъукIэ наIуэ мэхъу».

Литературэм и классикхэм я къалэмыпэм егъэбатэ, зэщIекъуэ бзэм и фIыпIэр. ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэм къыщигъэсэбэпар псори псалъэ мини 7-рэ 200-м щIигъу фIэкIа мыхъуми, Зэхъуэхъум тэмэму гу зэрылъитащи, абы и бзэм и псалъэхэр адыгэ литературэбзэм нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпхэр арауэ къэплъытэ хъунущ. Абы нэмыщIкIэ, усакIуэм а зы псалъэ дыдэм и мыхьэнэщIэхэр къигъэхъуурэ литературэбзэр абыкIэ нэхъ къулей ищIащ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и лъэпкъым хуилэжьам и инагъыр жыIэгъуейщ, ауэ, дауи, ди литературэми, ди бзэми я зыужьыныгъэр абы и деж щиухакъым. Алий къызэрытхэмытыжрэ илъэс 70-м зэрыщIигъуар къэплъытэмэ, и чэзу хъуакъэ Алий и лъэужь ирикIуахэм я зэфIэкIыр наIуэ къэтщIыну? Апхуэдэ гупсысэм къыхэкIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ щIыным яужь ихьэныр.

Къыхэдгъэщынщи, мыпхуэдэ псалъалъэ зэхэлъхьэным хуабжьу дытригъэгушхуат КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум теухуауэ Налшык 2004 гъэм щекIуэкIа Урысейпсо щIэныгъэ конференцым и лэжьыгъэм хэтахэр ди мурадым щыгъуазэ щытщIам щыгъуэ, абыхэм ди гуращэр къыддаIыгъауэ зэрыщытам. А зэIущIэшхуэм кърикIуахэр къызэщIэзыкъуэж резолюцэм пункт нэхъыщхьэу хэтахэм ящыщщ зи ужь дихьа псалъалъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэнур, икIи абы елэжьыныр, тхылъу къыдэгъэкIыныр Iэмал зэриIэкIэ щIэгъэпсынщIэн зэрыхуейр.

НэгъуэщI гуэр мыхъуу, КIыщокъуэ Алим къыщIыхэтхар, дауи, зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым. Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ.

Псом япэу, зыми шэч къытрихьэу къыщIэкIынкъым КIыщокъуэм и творчествэр къэбэрдей литературэм и нэхъ лъагапIэшхуэ дыдэу зэрыщытым. КъыщIэна тхыгъэхэм я фIагъкIи, я куэдагъкIи, я зэмылIэужьыгъуагъэкIи (ар зыхэмылэжьыхьа жанр литературэм хэткъым) абы къыпэхъун дэ мызыгъуэгукIэ диIэкъым. Ауэ щыхъукIэ, ди нобэрей адыгэбзэм и зэфIэкIыр псом япэу къызэрыбгъэлъэгъуэфынур

КIыщокъуэм и тхыгъэхэмкIэщ. 1999 гъэм къыдэкIа Адыгэбзэ псалъалъэр щызэхалъхьэм, абы елэжьахэм тегъэщIапIэу яIар Алим и тхыгъэ нэхъ пIащэхэм ящыщу «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ» романхэрщ, и усэхэм ящыщуи нэхъ пасэу (1950-60 гъэхэм) итхахэрщ. Ауэ щыхъукIэ, КIыщокъуэм и бзэм и къулеягъыр къэтIэщIа мыхъуауэ къэнат.

ЕтIуанэрауэ, Адыгэ псалъалъэм и гугъу щытщIакIэ, къэгъэлъэгъуапхъэщ абы и тIасхъапIэ нэхъыщхьэр. Ар псалъэр щыбгъэнахуэкIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ хъун хуей лъэпкъ художественнэ литературэм и щапхъэхэмкIэ а псалъалъэр зэрыкъулейсызырщ. Мыр зэхэзылъхьахэм я зэранкъым – псалъалъэ ящIыну я мураду иллюстрацэхэр ягъэхьэзырын щыщIадза 1950-60 гъэхэм нобэ елъытауэ икъукIэ мащIэщ адыгэ тхылъу щыIар. Ахэр зэрахуримыкъум къыхэкIкIэ, хэкIыпIэу къагъуэтар урыс, нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэм ящыщу а зэманым зэрадзэкIыурэ куэду къыдагъэкIыу щыта тхыгъэхэри къэгъэсэбэпынырщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэбзэ псалъэгъэнахуэм и Iэрытхым щапхъэу ихуауэ щытащ Горький М. и «Анэ» романыр, Родари Дж. и «Чипполино къыщыщIахэр», Чаплинэ Г. и «Си гъэсэнхэр», нэгъуэщI Iэджи. Нэхъ иужькIэ, 1980-90 гъэхэм, псалъалъэм щелэжьыжым щыгъуэ, апхуэдэу пщIэныр зэрыщыуагъэр нэрылъагъути, ахэр хагъэкъэбзыкIыжащ. Ауэ щIэрыщIэу абыхэм я пIэкIэ нэгъуэщI щапхъэхэр къэлъыхъуэным зэманышхуэ ихьынут, арыншами илъэс куэд лъандэрэ къыдэкIын хуейуэ гувэ псалъалъэр аргуэру адэкIи кIыхьлIыхь пщIыныр къемызэгъти, ар къыдэкIыным хуэзыгъэхьэзырахэм пIэщIэгъуэкIэ езыхэм къагупсыса щапхъэ гуэрхэр дыщIагъури, псалъалъэр икIэм-икIэжым дунейм къытрагъэхьащ.

Мы къыжытIахэм къикIыркъым Адыгэбзэ псалъалъэм и пщIэм ныбжь гуэр тредгъэдзэну дыхэту. Хьэуэ, мыр абы елэжьахэри, ди лъэпкъыр зэрыщытуи зэрыгушхуэ хъун ехъулIэныгъэшхуэщ, къызэщIиубыдэ псалъэхэм я бжыгъэкIи, ахэр зэрыгъэнэхуам, урысыбзэкIэ зэдзэкIа зэрыхъуам я фIагъкIи къапэхъун псалъалъэ зиIэ лъэпкъ ноби Кавказ Ищхъэрэм искъым, Урысейр зэрыщыту къапщтэми, апхуэдэ зиIэр зырызыххэщ. Ауэ итIани дэ щIэдмыуфэу къыжытIэн хуейщ абы и щыщIагъэу дяпэкIэ къызэднэкIын хуейхэри. Ар, иджыри зэ къытыдогъэзэжри, ди иджырей литературэр псалъалъэм и лъабжьэу щытын зэрыхуейрщ. Апхуэдэу хъун папщIэ, ди тхакIуэ, усакIуэ, драматург пажэхэм я тхыгъэхэр зэхэтхыкIауэ картотекэ щIыпхъэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм щIэдзапIэ хуэхъун хуейр, дауи, КIыщокъуэ Алимти, абы и деж къыщедгъэжьауэ аращ. Зэманым къигъэлъэгъуащ абыкIэ дызэрыщымыуар: Алим и тхыгъэхэм мымащIэу къыщыдогъуэт иджыри къэс ди зы псалъалъи мыкIуа псалъэхэр – ар зы лъэныкъуэкIэ; нэгъуэщI лъэныкъуэкIи, псалъалъэхэм ит псалъэхэм я мыхьэнэр къызэрыгъэнэхуар гъэтэмэмыжын щыхуей, псалъэм мыхьэнэуэ иIэхэм ящыщ мыгъэнэхуауэ къыщына куэдрэ къыщIощ Алим и щапхъэ нэIурытхэм я фIыгъэкIэ. Мис ар дыдэращ КIыщокъуэм и псалъалъэм къалэн нэхъыщхьэу хуэдгъэувари – адыгэбзэ псалъэхэр нэхъ щызу, ирикъуу зэхуэхьэсауэ дяпэкIэ къыдэкIыну псалъалъэхэм гъэкIуэн, а псалъэхэм я мыхьэнэхэр тэмэму зэхэхуауэ, ахэр уи фIэщ зыщI щапхъэ тэрэзхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ къэхьын.

Адыгэбзэ псалъалъэр къызэрызэIуих япэ дыдэ статьяхэр къэтщтэнти. Мыбы «А» статьяуэ щы итщ. Япэр зыхухэхар алфавитым и япэ хьэрфыр аращи, ар Iуэхум хэдбжэнкъым. Мыдрей тIум щыщу зыр щхьэ гуэр е предмет къигъэлъагъуэу къагъэсэбэп зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэрщ, етIуанэр къигъэлъагъуэ мыхьэнэ елъытауэ Iыхьищу зэпауда междометиещ: 1) гъэщIэгъуэныгъэ, къэуIэбжьыныгъэ; 2) зыгуэр къызэрагубзыгъыжар,

къызэрацIыхужар къегъэлъагъуэ; 3) зыгуэрым пщIэ зэрыхуамыщIыр, мыхьэнэ иIэу къызэрамылъытэр къегъэлъагъуэ [Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап.19]. Иджы деплъынти ар дыдэр КIыщокъуэм и бзэм тещIыхьа псалъалъэм къызэрыщыхьам. Мыбдеж «а» статьяуэ тху къыщыкIуэнущи, зэхэдгъэкIынщ апхуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэр къыздикIыр. Алфавитым и хьэрфымрэ зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэмрэ я статьяхэр псалъалъитIми щызэтохуэри, абыхэм я гугъу тщIынкъым. АдэкIэ зы статья урысыбзэ союз «а» жыхуиIэм теухуащ, ар КIыщокъуэм и адыгэбзэ текстым къызэрыхэхуэм къыхэкIкIэ: – *А ваша?* (Уэ-щэ?) – *жиIэу Ерул урысыбзэкIэ щIэупщIэри, зэрыщIэупщIам щышынэжауэ, цIыхухэм захигъэпщкIуэжащ* (Хъуэпсэгъуэ нур).

Мыпхуэдэ статья Адыгэбзэ псалъэгъэнахуэм хэтыни хуеякъым – мыр абы и къалэнхэм хыхьэркъым. АдэкIэ междометием теухуа статьяр КIыщокъуэм и псалъалъэм мыхьэнитхуу щызэщхьэщыдзауэ къыщокIуэ:

1) гъэщIэгъуэныгъэ: *А телъыджэ!* (Хъуэпсэгъуэ нур); *А лIэун, блын кIэзяти щыIэ?* (Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ);

2) гухэщI, гущIэгъу: – *А зи анэ мыгъуэ тхьэр еуа, – жиIэри уIэгъэ къомыр щилъагъум, Хьэбибэ и щхьэфэцым зиIэтащ* (Нал къута);

3) хъурджауэ: *А лIэун, дэ къомыр къулыкъущIэ дыхъумэ, вакIуэ хэт дэкIын?* (Зи лъэрыгъыпс тIыгъа);

4) гухэхъуэ, дэрэжэгъуэ: *А дуней, ислъэмей хэт къэфа!* (Бажэ пшынэ);

5) хъуэпсэныгъэ, фыгъуэныгъэ: *Адакъэм ехъуапсэ Iэджи щыIэщ: – А зи насып, тхьэм и пщIантIэм щыулъэпхъэщэнущ Джэлил* (Бабыщыкъуэ ада-къэпщ).

Зэрытлъагъущи, мы статьямрэ Адыгэбзэ псалъалъэм итымрэ зы мыхьэнэкIэ (гъэщIэгъуэныгъэ) фIэкIа зэтехуэркъым, КIыщокъуэм и псалъалъэм къыщыгъэлъэгъуа мыдрей плIыр модрейм итыххэкъым. ЗэщхьэщыкIыныгъэр абдежи щиухыркъым – Адыгэбзэ псалъалъэм и мыхьэнитI къэнар КIыщокъуэм ейм статья щхьэхуэу къыщокIуэ, нэгъуэщI зы мыхьэнэи щIыгъужауэ:

**А–а** (49). междом. **1.** Зыгуэр зэхэщIыкIыныгъэ, къыгурыIуэныгъэ къегъэлъагъуэ. *А-а, къызгуроIуэ, сымаджэ нэпцI зищIащ, мыбы къэмыкIуэн щхьэкIэ* (Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ). **2.** Зыгуэр къызэращIэжар, къызэрацIыхужар къегъэлъагъуэ. *А-а, къысщыгъупщэрти, мы тIэкIур къыпхуэсхьат* (Хъуэпсэгъуэ нур). *Псоми гу лъатащ, Инал Къэзмай дадэ стIолым бгъэдэсу щилъэгъуам, ар зыхуихьынур имыщIэу зэригъэщIэгъуам, арщхьэкIэ и гум иль уигъэщIэнт: «А-а, Къэзмай, къеблагъэ, хъарзынэщ укъэкIуамэ, укъызэрыкIуар»* (Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ). *А-а, сщыгъупщэжати Iэмэпсымэ хъарзынэ зэрызиIэр* (Тепщэч къэзылъэтыхь). **3.** Зи гугъу ящIым пщIэшхуэ зэрыхуамыщIыр, мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрамылъытэр, Iумпэм зэращIыр къегъэлъагъуэ. *[Шлоссер:] А-а, Кавказ къуажэцIэхэр емынэми хузэгъэщIэнкъым, Ростов къыщыщIэдзауэ мыбы къэс нэкIэ узэплъын зы къуажи щыIэкъым* (Гъуэгуанэ). *А-а, игъащIэми делэIуделафэщ жаIэ абы щхьэкIэ...* (Хъуэпсэгъуэ нур). *А-а, фэ къывгурыIуэ щыIэкъым, – жиIэри адакъэр бабыщым щыбгъэдыхьэм, бабыщхэри къэгузэващ: – А-дыдыд!* (Бабыщыкъуэ адакъэпщ). **4.** Гукъанэ зэрыхуащIыр, зэрыщIэнакIэр кърагъэлъагъуэ. – *А-а, щхьэл-мэл, жыфIэурэ вгъэщхьэрыуащ [хьэщIэхэр]* (Хъуэпсэгъуэ нур). – *А-а! Укъэсаи уэри, уи шыкIэ мафIэ егъэуауэ* (Щынэхужьыкъуэ). *[Гесиод:] Сыкъэгубжьщ абдежи, адакъэм и щхьэр пызгъэлъэтщ къамэмкIи, адакъэм и лъымкIэ си джанэри лъызащIэ сщIыри ди гъунэгъум я унэм къамэр сIыгъыу сыщIэлъэдащ: - «А-а, фыкъэзгъуэтакъэ иджы!»* (Тепщэч къэзылъэтыхь).

Мы иужьрей къэхьыкIэр нэхъ зэрытэмэмым шэч хэлъкъым: Адыгэб-

зэ псалъалъэм зэрищIым хуэдэу, зи тхыкIэкIи, зи къэпсэлъыкIэкIи зэтемыхуэ псалъитIыр – *«а», «а-а»* жыхуиIэхэр – зы статьям щызэхэбгъэзэрыхьыныр щыуагъэщ.

АдэкIэ КIыщокъуэм и бзэм и сэбэпкIэ иджыри зы псалъэ зэфIэгъэувэжа хъуащ, Адыгэбзэ псалъалъэм IэщIэхуауэ:

**А II** (62). Зыгуэрым зыщыхуагъазэкIэ къагъэсэбэп псалъэ, *«ей»*, *«мыдэ къакIуэт»* мыхьэнэ иIэу. *А тIу, а си псэ тIэкIур зышхын, тхьэ къыджепIэн – си щIалэ цIыкIу мыгъуэм ухуэмызауэ пIэрэ?* (Хъуэпсэгъуэ нур). *А Тембот, а си щIалэ цIыкIу, а си Iэбыдэлъэбыдэ цIыкIу, угъукIэну къебгъэжьати, абы гу щыпхуакъым, уи кIыщ тIэкIуми и щхьэр иуэжащ* (Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ). *А Саружан, а си хъыджэбз цIыкIу, уи щхьэгъусэм тхьэм къигъэзэжыну жиIэ, къигъэзэжмэ, си псэ закъуэ, зыщумыгъэгъупщэ* (Къалэн).

«Абдж» статьяр псалъалъитIми ярытщ, Адыгэбзэ псалъалъэм мыхьэнищ щиIэу, КIыщокъуэм и бзэм мыхьэниплIу къыхэхуэу. ТIуми щызэтохуэ мыхьэнитIыр: 1) Щхьэгъубжэ, бжэхэм халъхьэ пкъыгъуэ; 2) птулъкIэ с.ху. кумбыгъэ. Абыхэм нэмыщIкIэ, КIыщокъуэм и щапхъэхэмкIэ наIуэ къохъу иджыри мыхьэнитI: 1) витринэ, гъэлъэгъуапIэ: *Мис а сэшхуэр абджым илъу Тыгъэ псоми хэлъкъэ дахэу* (Лъэпкъхэм я тыгъэ). 53; 2) уэздыгъащхьэ: *Классышхуэм зы уэздыгъэ закъуэ и абджыр къутауэ щIэтрэ, гъунэгъуу щысым зыгуэр илъагъуми, щIыбагъымкIэ щысым илъагъу щIагъуэ щымыIэу и тетрадым тефыщIыхьу щыст* (Зи лъэрыгъыпс тIыгъа).

Мыпхуэдэу узэрыхуэзэр зэкъым икIи тIэукъым – КIыщокъуэм и псалъалъэм и сыт хуэдэ Iыхьэ къащти, адыгэбзэм и зы псалъэри иджыри имыхуа мыхьэнэхэр псалъэ куэдым къалъыкъуокI, апхуэдэу мыхъункIи Iэмал иIэкъым Алим хуэдэу бзэ къулей зыIурылъым и тхыгъэхэр тегъэщIапIэу ущиIэм и деж. Деплъынти иджы нэгъуэщI хьэрфкIэ – «б»-кIэ къригъажьэ псалъэ зытIущ.



«Бэлыхь» плъыфэцIэм и мыхьэнэуэ иджыри къэс псалъалъэхэм итар «фIагъышхуэ зыбгъэдэлъ» жыхуиIэрщ (Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап. 35). КIыщокъуэм и деж а псалъэм къыщыхудогъуэт «мыхьэнэшхуэ зиIэ» жыхуиIэр: *[Къыдырым бажэм жреIэ:] Къоджэ, жыIэ, кхъухъыпщыр, Iуэху бэлыхь гуэркIэ къыпхуейуэ* (Кхъухь пхэнж).

АдэкIэ къэтщтэнщ «бзаджэ» плъыфэцIэр. Адыгэбзэ псалъалъэм абы къыщыхуахь мыхьэнищ: 1) е зигу илъ; 2) гуащIэ; хьэлъэ, Iей; 3) хьэгъэщагъэ зигу илъ, Iэмалшы (Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап. 470). Пэжщ, мы щыми КIыщокъуэм и тхыгъэхэм щапхъэ куэд къащыхуэбгъуэтыфынущ. Ауэ абыхэм ящIыIужкIэ къыкъуокI «егъэлея» мыхьэнэри: *Уэшхышхуэм и ужькIэ ятIэ бзаджэти, шым лъэбакъуэ ичыху, фIалъэкIэ ятIэр иупцIырт.* (Хъуэпсэгъуэ нур).

«Бзэгу» псалъэм къигъэлъагъуэр жьэ кIуэцIым жьэдэт пкъыгъуэрщ, абы къытекIыу псалъэ зэпха щыIэщ «бзэгу хьын» – «щэху гуэр Iуэтэн» къикIыу (Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап. 48). КIыщокъуэм и тхыгъэхэм къахыдогъуатэ а фразеологием и къалэныр «бзэгу» псалъэм и закъуэ игъэзащIэу: *Темыркъан мыгъуэр нэхъыбэу зытекIуэдар Мысост и бзэгущ, – жиIэри пэгуным псы иригъэжыхьащ [Хъэбибэ]* (Нал къута).

Ауэ адэкIэ къэхъур нэхъ гъэщIэгъуэныжщ: *А махуэм «бзэгу» къаубыдыну я хъисэпу нэмыцэр атакэ къэкIуати, зыхуей дыдэр япэщIэхуащ – Къазыхъуэр зэрыуIэгъэ хьэлъэу яхьащ* (Щынэхужьыкъуэ). Мыбы хэт «бзэгум» къикIыр бийм щыщу абыхэм я щэху къыпахыну гъэр ящIырщ. Шэч къытумыхьэу жыпIэфынущ мыр урысыбзэм къыхэха калькэу зэрыщытыр. А бзэм «язык» псалъэм зи гугъу тщIа мыхьэнэр иIэу убгъуауэ къагъэсэбэпын щыщIадзар Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэрщ – 1941-1945

гъэхэм. Ар урысыбзэм къыхэзыхыу адыгэбзэм япэу къизыгъэтІэсари а зауэм хэта ди тхакІуэ-усакІуэхэрщ – зауэм теухуауэ я Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэм хэту. КІыщокъуэм нэмыщІкІэ, мырдыдэм ущрихьэлІэнущ Шортэн Аскэрбии, Къардэн Буби, Нало Ахьмэдхъани я тхыгъэхэм.

«Быдэ» плъыфэцІэм мыхьэнищ щетащ Адыгэбзэ псалъэгъэнахуэм: 1) къутэгъуей, мыщабэ, зэпычыгъуей, зэфІэтхъыгъуей; 2) хьэл ткІий зыхэлъ, къыпхуимыгъэкІуэтын, лъэщ; 3) нэпсей, къэзэр (Адыгэбзэ псалъалъэ, 1999, нап. 53). Япэ мыхьэнэм къызэщІрагъакъуэу къытфІощІ Іуэхугъуэ зэхэмызагъэхэр: къутэгъуей – ІункІыбзэ быдэ, мыщабэ – щхьэнтэ быдэ. Иужьрейр мыхьэнэ щхьэхуэ щыщІыжащ КІыщокъуэм и псалъалъэм: *Асыхьэтым лІыжьыр щхьэнтэ быдэм теджэлащ* (Бдзэжьеящэм ипхъу). Иджыри нэгъуэщІ зы мыхьэнэи егъуэт «быдэм» – ткІий, фІэкІыпІэншэ; узытекІ мыхъун: *Бэлацэ щІалэ цІыкІуитІым унафэ быдэ къахуищІащ уІэгъэхэр зыщІэлъ унэм псэ зыІут щІамыгъэхьэну* (Хъуэпсэгъуэ нур).

Иджыри къэс зи гугъу тщІар псалъэ щхьэхуэхэрщ, ауэ абыхэм нэхърэ я мыхьэнэр, мынэхъ инмэ, нэхъ цІыкІукъым фразеологизмэхэм. Мыхэр, шэч хэмылъу, бзэр нэхъ къулей, нэхъ дахэ, нэхъ щІэщыгъуэ зыщІ Іэмал нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. АтІэ апхуэдэ къулеигъэу ди бзэм хэтхэр зэхэбгъэкІынумэ, зэхуэпхьэсынумэ, КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм хуэдэ уагъэлъыхъуэнщ. Къардэн Бубэ адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ щызэхилъхьэм, тегъэщІапІэ нэхъыщхьэ хуэхъуар КІыщокъуэ Алимщ. Абы щыгъуэ фразеологизмэхэмкІэ зи бзэ нэхъ къулей дыдэу диІэр КІыщокъуэр зэрыарам гу лъитати, Къардэным КІыщокъуэм и бзэм къыхэхуэ фразеологизмэхэм къэхутэныгъэ щхьэхуэ триухуауэ щытащ (Карданов Б. М. Семантико-стилистические функции устойчивых выражений в прозе А. Кешокова. Нальчик: Эльбрус, 1982). Бубэ гупсэхуу щІипщытыкІат а Іуэхум и ужь щихьам ирихьэлІэу КІыщокъуэм и тхылъу дунейм къытехьауэ щытахэр. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, абыхэм яхэтакъым нэхъ иужькІэ къыдэкІа романхэри («Щынэхуужьыкъуэ», «Нал къута», «Лъапсэ»), новеллэхэри, усэхэри. Аращи, КІыщокъуэм и псалъалъэ иджы зэхалъхьэм фІыуэ хигъэхъуэнущ Къардэным зэхуихьэса фразеологизмэхэм – КІыщокъуэм и псэлъафэхэм – я бжыгъэм.

Иджы и гугъу тщІынщ Псалъалъэм и зэхэлъыкІэнум. Абы и проектыр щызэхэслъхьэм сэ, дауи, щыгъуазэ зыхуэсщІащ апхуэдэ лэжьыгъэу нэхъапэІуэкІэ дунейм къытехьахэм. Ди тхыгъэм и пэхэм деж къызэрыщызгъэлъэгъуащи, тхакІуэ щхьэхуэм и бзэм псалъалъэ хузэхэлъхьэныр къыщежьэр ди деждкъым. Апхуэдэ псалъалъэхэр ди къэралми, нэгъуэщІ щІыпІэхэми къыщыдэкІащ. Къэтщтэнщ Пушкиным и бзэм и псалъалъэр. Абы Пушкиным и тхыгъэхэм къыхэхуэ псалъэ къэс анализ зэрыщамыщІа лІэужьыгъуэ къагъэнакъым. Псалъэм папщІэ, щыІэцІэ псалъэ къэсыхукІэ абы и бзэм дапщэрэ къыхэхуэми зэрабжам къыщымынэу, а псалъэр сыт хуэдэ падежым иту дапщэрэ къэкІуами, ар закъуэ е куэд бжыгъэу дапщэрэ ухуэзами – ахэр нэгъунэ къапщытащ. АдэкІэ, глаголым дыІэбэнщи, ар сыт хуэдэ зэман формэм иту дапщэрэ къэкІуами зэхагъэкІащ. ГурыІуэгъуэщ а псом къаруушхуэ зэрытекІуэдар. Ауэ иужькІэ нэрылъагъу хъуащ апхуэдэу къатІэщІа информацэм и нэхъыбэм мыхьэнэ зэрамыІэр, ар зым и дежкІи сэбэп зэрымыхъур.

Адыгэ лексикографиемкІэ дыкъэІэбэмэ, зэрыжытІащи, Пушкиным и псалъалъэм и щапхъэм ирикІуэри, ЩоджэнцІыкІу Алий и бзэм и псалъалъэ зэхилъхьэгъащ Зэхъуэхъу Лиуан. Алий и тхыгъэ псори зэхитхыкІри карточкэ мин 60-м щІигъу хъуащ, ахэри зэхидзыжри псалъэ миниблрэ щитІрэ къыхэкІащ. Адыгэбзэм и адрей псалъалъэхэми къадэкІуэу, мыри,



11 Заказ № 150

шэчыншэу, щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ адыгэбзэм и иужьрей псалъалъэхэр зэхэзылъхьахэм. Ауэ мыри къэгъэлъэгъуэн хуейщ – Пушкиным и псалъалъэм информацэ лейр къебэкIмэ, ЩоджэнцIыкIум и псалъалъэр хущощIэ информацэ нэхъыщхьэм – мыбы псалъэхэм я мыхьэнэр щыгъэнэхуакъым. ЩIэджыкIакIуэм ар езым и къару къызэрихькIэ иубзыхужын хуейуэ къыхудокI, контекст зыхэтым щигъэзащIэ къалэным елъытауэ. Аращи, Зэхъуэхъум и IэдакъэщIэкIыр псалъэгъэнахуэу убжыныр щыуагъэщ. Зи гугъу тщIы щыуагъэхэр КIыщокъуэм и псалъалъэм хэтыжынукъым.

КъыжытIа псор зыхуэкIуэжыращи, нэхъапэIуэкIэ дунейм къытехьа псалъалъэхэр зыгуэркIэ гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъуами, КIыщокъуэм и бзэм и псалъалъэм яужь дыщихьэм, абы къигъэув къалэн куэдыр дэ езыхэм япэ дыдэу дубзыхужын, зэфIэдгъэкIыжын хуей хъуащ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: КIыщокъуэм и псалъалъэр «лъэпкъ псалъалъэ» жыхуаIэм хуэдэщ. Абы сыт къикIыр? Апхуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэм бзэм и псалъэхэмрэ и фразеологиемрэ я мыхьэнэхэр езы бзэм и IэмалхэмкIэ игъэнахуэу ащ, абы къыхэкIкIи абыхэм «псалъэгъэнахуэкIэ» (урысыбзэкIэ – толковый) йоджэ. Дызэрыщыгъуазэщи, 1999 гъэм къыдэкIа ди япэ псалъэгъэнахуэм псалъэхэм я мыхьэнэр езы адыгэбзэмкIэ зэрызэхихум и мызакъуэу, урысыбзэкIи зэредзэкI. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мыбы псалъалъэ лIэужьыгъуитI щызэхэухуэнащ – лъэпкъ псалъалъэмрэ зэзыдзэкI псалъалъэмрэ. Мыпхуэдэ ухуэкIэм и сэбэпынагъ нэхъыщхьэу къалъытэ псалъалъэр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъыбэ зэрищIыр – ар пэжынщ. Ауэ дэ гурыщхъуэ дощI мыбы зэраныгъэу къишэр сэбэпынагъэм нэхърэ нэхъыбэу. Япэрауэ, бзэ къэс езым и «гупсысэкIэ», и ухуэкIэ зэриIэжым къыхэкIкIэ, икъукIэ гугъущ псалъэм теухуа статьям ар а бзэм ирипсалъэхэм къазэрыгурыIуэмрэ абы и мыхьэнэр нэгъуэщIыбзэ зыIурылъхэм къагурыIуэн хуэдэу зэбдзэкIынымрэ щызэхэбгъэзэгъэну. АдыгэбзэкIэ зы мыхьэнэуэ къэIуэтэн хуейр урысыбзэм деж мыхьэнитI е нэхъыбэ щIын щыхуей Iэджэрэ къохъу, е урысым зы мыхьэнэуэ хузэдзэкIын хуейр адыгэм мыхьэнэ зыбжанэу къыщыгурыIуэри гъунэжщ. Аращи, зы псалъалъэ лIэужьыгъуэр адрейм зэран хуэхъу зэпытщ.

ЕтIуанэрауэ, лъэпкъ псалъалъэм, е нэгъуэщIу жыпIэмэ, псалъэгъэнахуэм и къалэнщ а цIыхур езым и бзэмкIэ тэмэму гупсысэу, ар Iэрыхуэу къигъэсэбэпу ищIыну. Ауэ абы и пIэкIэ къэхъур сыт? Псалъалъэр къэзыщтэр нэхъыбэу зэплъыр ар зэрызэдзэкIарщ, зыгъэнахуэ Iыхьэр нэхъыбэм гулъытэншэу къагъанэ. А псом къыхэкIкIи дэ къыдолъытэ псалъалъэ зэхэзылъхьэхэр дяпэкIэ апхуэдэ гъуэгу теувэн хуэмейуэ, ащ КIыщокъуэм и псалъалъэми нэгъуэщIыбзэкIэ зэдзэкIын Iуэху къыщIыхэдмыгъэхьар.

Псалъалъэм лъабжьэ хуэхъур КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр карточкэкIэ зэрызэхэттхыкIам къэрикIуа картотекэрщ. Абы къанэ щымыIэу хыхьащ усэрэ поэмэу адыгэбзэкIэ дунейм къытехьахэр, нэхъ тхыгъэшхуэхэм (романхэм, пьесэхэм, новеллэхэм) ящыщу дэтхэнэми и Iыхьэ ныкъуэр, нэхъ мащIэрамэ, Iыхьэ щанэр карточкэ щIащ (мыбы яхэткъым КIыщокъуэм и адыгэбзэ Iэрытхыр зэрыкIуэдам къыхэкIкIэ зи урыс текстыр щIэрыщIэу адыгэбзэ щIыжын хуей хъуа «Кхъужьыфэ», «Эмирым папщIэ сэшхуэ» романхэр). Апхуэдиз тхыгъэ къызэщIэубыда зэрыхъуам и фIыгъэкIэ (карточкэхэм я бжыгъэр мин 400-м ноблагъэ!) КIыщокъуэм и бзэм къыхэхуэу щыта псалъэхэм ящыщ щIагъуэ псалъалъэм имыхуэу къэнэн хуейкъым.

1. Псалъэхэр алфавиткIэ зэкIэлъыхьащ. Дэтхэнэ зы псалъэри абзацкIэ къыщIедзэ, хьэрф фIыцIафэ цIыкIухэмкIэ къэщыпащ. АдэкIэ а псалъэр карточкэу къызэрыхатхыкIа бжыгъэр хьэ-

рып цифрэкIэ скобкэм дэту къыщыдогъэлъагъуэ. Псалъэм зы мыхьэнэ фIэкIа имыIэмэ, а мыхьэнэр адэкIэ щыдогъэнахуэ, мыхьэнэр зыбжанэ хъумэ, ахэр хьэрып цифрэ фIыцIафэ точкэ зи ужь итхэмкIэ зэкIэлъыдохь (**1**... **2**...), мыхьэнэ къэси дызэрырихьэлIа бжыгъэр къыдогъэлъагъуэ. Щыдгъэнахуэ Iыхьэр хьэрф (зэрыб) къызэрыгуэкIкIэ къэщыпауэ щытынущ, абы иужькIэ точкэ догъэуври, а мыхьэнэр наIуэ зыщI щапхъэ (щапхъэхэр) къыдохь Iэрытх (курсив) хьэрфхэмкIэ, дэтхэнэ щапхъэри, прозэу щытмэ, къызыхэтха произведенэм и цIэр, усэбзэкIэ тхамэ, и цIэм нэмыщIкIэ ар зэрыт усэ тхылъым и цIэри, зэрыт напэкIуэцIри къыдогъэлъагъуэ зэрыб къызэрыгуэкIхэмкIэ. Щапхъэ:

**ауэ II** (18). нареч. **1.** (10). Сытми, щхьэусыгъуэншэу. *Инал ирикъутэкIырт: Мэтхъэн Къаздзэрий ауэ къигъэзэжакъым и хэкум.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 592. *Жыраслъэн ауэ къэкIуатэкъым нобэ.* Хъуэпсэгъуэ нур, 88. **2.** (2). Уасэншэу, пщIэншэу. *[Рахьим Дисэ жреIэ:] Мыр ауэ узот.* Хъуэпсэгъуэ нур, 128. *Ауэ къыдэт жытIэрэ, и уасэр уэттынщ е къыдохъуэжыр.* Нал къута, 272. **3.** (1). Апхуэдэу. *Хьэбибэ ауэ жиIэ щхьэкIэ, жэмыр уасэ хуэдэу Бекъан къызитауэ къыщIэкIынщи, щIестыжын щыIэкъым, жиIэу арат зытриухуар.* Нал къута, 275. **4.** (5). Ауэ сытми, хуабжьу. *Ауэ укIытэгъуэ, ауэ укIытэгъуэ!* Хъуэпсэгъуэ нур, 141. *Артистхэр ауэ артист къудейт, сыткIи IэкIуэльакIуэт: зэм пхъащIэт, зэми гуэщыр ятIэ зэрахьэрт, зэми декорацэм иужь итт.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 629.

2. Статья щхьэхуэу къокIуэ псалъэ зэхэлъхэр, зэрызэхэлъ Iыхьэхэр зэпыхауэ ятхыу щытми:

**ауэ щыхъукIэ** (8). союз. Апхуэдэу щыщыткIэ. *Лу здэкIуэнури здэжэнури имыщIэу щытт, мыбы псори ещIэ икIи илъэгъуащ, ауэ щыхъукIэ зызумысыжмэ, нэхъыфIщ, жиIа е и адэм папщIэ псалъэ гуапэ зэрыжиIар ара, сытми, Лу и гур зыгуэру къэхъури псори къиIуэтащ.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 595. – *Ауэ щыхъукIэ Iэхъуэу хъупIэм ситым нэхъыфIщ, – жиIэри аращ жэуапу къритар.* Нал къута, 232.

**абы щыгъуэ** (10). *нареч.* **1.** (7). А зэманым, а лъэхъэнэм. *Абы щыгъуэ текIуар Иналщ, Къазджэрий шэрихьэт полькур къыдэщIу щытами.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 516. **2.** (1). Апхуэдэхэм деж, апхуэдэу хъумэ. *Абы щыгъуэ Думэсарэ къытехьэ хуэдэу зищIт: «ауан сыщIэпщIын щыIэкъым, уи гур зыдэплъэр уи нэм елъагъу, аращ пщIыхьэпIэр зищIысыр», жиIэрти.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 564. **3.** (2). Апхуэдэу щыщыткIэ, ахуэдэу щыхъуакIэ. – *Уэ хъэзыр ибот, сэри зыгуэр естын хуейщ абы щыгъуэ, – жысIэри Инали къигъэзэжащ.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 537. *Абы щыгъуэ уцIыху кIуэдакъым.* Мазэ никъуэ щхъуантIэ, 542.

3. Статья яхудогъэпс КIыщокъуэм и тхыгъэхэм къыхэхуэ фIэщыгъэцIэхэми: цIыхум и цIэ, и унэцIэ, псэущхьэхэм зэреджэ, щIыпIэ (къуажэ, къалэ, хэку, къэрал с.ху.), псы, бгы, н.къ. я цIэхэм. Апхуэдэ статьяхэр зэрыдухуэнур мыпхуэдэущ:

**Абдул** (18). ЦIыхухъуцIэщ, «Хъуэпсэгъуэ нур» романым и персонажхэм ящыщ зыщ, Рахьим лафкIэтетым и шыгухущ. *Абдул псым щыхэхуэм, тенджызым хэхуа къыфIэщIат, апхуэдизкIэ гужьеяти.* Хъуэпсэгъуэ нур, 144. *Абдул адыгэбзэ дахэ-дахэу ищIэртэкъым, къэжэр лъэпкъти, ауэ тыншу къыгурыIуэрт, унэм щIыхьэу хъыджэбз дахэ цIыкIу и IэплIэм илъу къыщIихын зэрыхуейри, зыри жимыIэу ежьащ.* Хъуэпсэгъуэ нур, 143.

**Армавир** (7). Краснодар крайм щыщ къалэм и цIэщ, «Хъуэпсэгъуэ нур», «Мазэ никъуэ щхъуантIэ», «Нал къута», «Лъапсэ» романхэм ущрохьэлIэ. *Щымыхъум, мафIэгур Армавир къагъэкIуащ, Армавирт нэ-*

*хъеижри, мафIэгур станцым къытенащ.* Хъуэпсэгъуэ нур, 171. *ЯмыщIэххэу фронтыр Армавир деж нэмыцэхэм къыщызэпатхъати, окопэ къагъэхъэзырауэ щытар ди дзэм яубыдыпIэ имыхуэу къызэрыIухащ.* Нал къута, 211.

4. Статьяуэ хыдогъэхьэ нэгъуэщIыбзэ псалъэхэри, ахэр текстым къызэрыщыхьам хуэдэу. Псалъэм папщIэ, адыгеибзэкIэ (кIахэбзэкIэ), урысыбзэкIэ персонажхэм жаIэхэр. Апхуэдэ псалъэхэм къарыкIыр адыгэбзэкIэ зыдодзэкI, абыхэм щапхъэу къахуэкIуэ псалъэухахэри нэгъуэщIыбзэмэ, ахэри зыдодзэкI:

**тщIэрэп** (1). КIахэбзэкIэ: тщIэркъым. *ЕдгъэIу, нэхъ нэлиекIэ къэуэплъынуми тщIэрэп* «ЖедгъэIэ, нэхъ нэ лейкIэ къыдэплъынуми тщIэркъым». Хъуэпсэгъуэ нур, 102.

**дорогой** (1). УрысыбзэкIэ: пщIэ зыхуэсщI. – *Дорогой, где здесь дом Астемира Боташева? «ПщIэ зыхуэсщI, Ботэщ Астемыр и унэр дэнэ деж?» – жиIэри Долэт зы урыс щхъэцыгъуэ гуэр къеупщIащ, къыздикIари къыздихуари имыщIэу.* Хъуэпсэгъуэ нур, 136.

**побачьте** (1). УкраиныбзэкIэ: Феплъ. **[Матренэ:]** – *Да вы тилко побачьте, шо це таке «Феплъ къудей, сыт мыр зищIысыр».* Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ, 485.

5. Щапхъэу къэтхь псалъэухахэр ирикъуу, гурыIуэгъуэу щытыпхъэщ. Абы папщIэ, зыгуэрым и псалъэу щытмэ, ауэ жызыIэри зыжраIэри псалъэухам къыхэмыщмэ, ахэр тхыгъэ къызыхахам къыщыдогъуэтри квадратнэ скобкэм дэту хыдогъэувэ:

*[Астемыр жиIэу:] – Лу, жэи Елдар къашэ.* Хъуэпсэгъуэ нур, 136.

6. ДогъэнаIуэ щапхъэу къэтхь псалъэухам цIэпапщIэкIэ къыщыгъэлъэгъуа субъектыр, объектхэр:

*[Нурхъэлий Елдар къоупщI:] – Сыт ар [IункIыбзэр] зэрыпщIынур?* Хъуэпсэгъуэ нур, 162. *Пэжым ухуеймэ, абы [Лу] Iуэху иIэт.* Хъуэпсэгъуэ нур, 235.



7. Псалъалъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ КIыщокъуэм и бзэм фразеологизмэхэм щаубыд увыпIэр къэгъэлъэгъуэныр. Фразеологизмэхэр щызэпкърыдох ахэр къызэрыригъажьэ псалъэм теухуа словарнэ статьям, езы псалъэм и мыхьэнэм (мыхьэнэхэм) теухуа материал псори къэтхьа нэужь, абзацкIэ сатырыщIэм къыщыдогъажьэ, дамыгъэ ◇ (ромб) ипэм иту, езы фразеологизмэр хьэрф Iэрытх фIыцIафэхэмкIэ тхауэ. АдэкIэ а фразеологизмэм и мыхьэнэр (мыхьэнэхэр) догъэнахуэ къызэрыгуэкI зэрыб хьэрфхэмкIэ, итIанэ ар зыхэт щапхъэхэр къыдохь, ар къызыхэхар къыдогъэлъагъуэ. Щапхъэ:

акъыл (89). ЦIыхум гупсысэну Iэмал къезыт зэфIэкI. – *Ди акъылкIэ пхузэхэгъэкIынукъым ар, – жиIэри Ерули Бэлацэ еувэлIащ.* Хъуэпсэгъуэ нур, 264. *Гуэгушыхъу Мэзани и акъылкIэ егупсысати, арэзы техъуащ адакъэм жиIам.* Бабыщыкъуэ адакъэпщ, 482. *Акъыли хуейкъым цIыху ерыщыр, ем хутрелъхьэ гъущI лъэмыж; Псыкъуийр и закъуэ исеинщи, ЦIыху губзыгъищэм къатIэщIыж.* Делэ, 114.

◇ **Акъыл зэхэлъхьэн** (1). Зэчэнджэщын, зэгъусэу зыгуэрым егупсысын. *[Астемыр]: Фыпсалъэ, ди акъыл зэхэдвгъалъхьэ.* Хъуэпсэгъуэ нур, 249. **Акъылым къызэрихькIэ** (5). КъызэрыгурыIуэкIэ, и губзыгъагъэр здынэсым хуэдизкIэ. *Ди акъылым къызэрихькIэ нэхъ тэмэм зэрыхъуным и ужь дитынщ, – жиIэрт Астемыр.* Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ, 569. *НэгъуэщIым ущыгугъ нэхърэ уи акъылым къызэрихьым хуэдэу щIы.* Щынэхужьыкъуэ, 14. *Акъыл къыхэхын* (1). Зыгуэрыр дяпэкIэ къыпхуэщхьэпэн, дерс пхуэхъун. *Долэт мурад ищIащ а илъэгъуам акъыл къыхихыну.* Мазэ ныкъуэ щхъуантIэ, 639.

8. Фразеологизмэм яхэдмыгъэзэрыхьу щхьэхуэу къыдохь КIы-

щокъуэм и тхыгъэхэм куэду къыщигъэсэбэпу щыта псалъэжьхэр. Ахэри щызэтпкърытхыр псалъэжьыр къызэрыригъажьэ япэ псалъэм теухуа статьям дежщ, сатырыщIэкIэ кърригъажьэу, ипэм дамыгъэ къиту. МыбыхэмкIэ статьяр еух. Псалъэм папщIэ, ищхьэIуэкIэ къэтхьа щапхъэм – **акъыл** псалъэм теухуа статьям – псалъэжь къыпыувэнущ:

**Акъылыр щагуэшым дурэшым дэсащ.** Акъылыншэм, зэхэщIыкIыншэм, губзыгъагъэ и лъэныкъуэкIэ зи къэухьыр мыин цIыхум хужаIэ. *– Акъылыр щагуэшым дурэшым удэсащ уэ, – жиIэри Тембот пичащ, жиIэнур тэмэму къыщыхуэмыгъуэтым: – Бэлшэвычыщхьэ пхупылъэрэ иджы?* Хъуэпсэгъуэ нур, 247.

9. Псалъэ лъэпкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэпкърыхыкIэ хъунумкIэ гъуазэу щытынущ 1999 гъэм къыдэкIа Адыгэбзэ псалъалъэр, ауэ абы къикIыркъым псомкIи абы ещхьу щытын хуейуэ. ИщхьэмкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, зи гугъу тщIы псалъалъэм зы мыхьэнэ фIэкIа къызыхуимыхь псалъэм дэ мыхьэнэуэ тIу е нэхъыбэ къыщыхуэдгъуэт щыIэщ, е абы мыхьэнитIу игуэшыр дэ зы мыхьэнэуэ щызэгуэдгъэхьэжи урохьэлIэ, КIыщокъуэм а псалъэр къызэригъэсэбэпым тещIыхьауэ.

10. ПлъыфэцIэм *плъыф.* нэщэнэгъэлъагъуэ иIэнущ, ауэ абы щыIэцIэ мыхьэнэ игъуэтмэ, ар мыхьэнэ щхьэхуэ дощI, *щыI. мыхь.* нэщэнэгъэлъагъуэ иIэу. Псалъэм папщIэ:

**плъыжь** *плъыф.* **1.** Зи фэр, зи теплъэр дэп жьэражьэм хуэдэ, лъыфэ. **2.** щыI. мыхь. «Совет властым, большевизмэм и теплъэ», «Дзэ Плъыжьым щыщ» къокI. *Плъыжьхэр текIуащ.*

11. Глаголыр инфинитив формэу статья дощI, ауэ абы нэмыщIкIэ скобкэм дэту къыдохь ит зэману, ещанэ щхьэм и закъуэ бжыгъэу, адэкIэ къыдогъэлъагъуэ ар лъэIэсрэ лъэмыIэсрэ:



**кIуэн** (макIуэ) *лъэмыI...*

КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэм илъэсих енкIэ елэжьащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэлI гуп. А гупым хохьэ, сэр нэмыщIкIэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Дзыгъуанэ Ритэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Шэру Нинэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь Токъумакъ Мадинэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, щIэныгъэлI нэхъыжь Жылэтэж Хьэжысмел, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, щIэныгъэлI нэхъыжь Къардэн Мусэдин, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, щIэныгъэ лэжьакIуэ Хэжь Залинэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Токъу Анжелэ, апхуэдэу литературэмкIэ къудамэм щыщ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат, щIэныгъэ лэжьакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэ.

Мы зэманым зи цIэ къитIуа институтым и тхылъ тедзапIэм Псалъалъэм и оригинал-макетыр щагъэхьэзыр, езы тхылъри мы гъэм, тхакIуэ щэджащэр къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъум, абы къыхэкIкIи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм КIыщокъуэ Алим и илъэсу игъэувам, къыдэдгъэкIыну ди гугъэщ.

Ди мурадыр къыдэхъулIэрэ КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэр дунейм къытехьэмэ, абы наIуэ къищIынущ адыгэбзэм нобэ иIэ щытыкIэмрэ зэфIэкIымрэ. Мыр апхуэдэу увынущ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэза, зэрыщытыпхъэ мардэм тет адыгэбзэм и япэ псалъэгъэнахуэу.

**БИЩIО Борис,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым*
*адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI*

# КIыщокъуэ Алим теухуа псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **5.** КIыщокъуэ Алим и къуажэгъу шууей цIэрыIуэ, СССР-м и чемпион щэнейрэ хъуа. **6.** «Иджы и … къыщIэхуами, / ИтIани щIэкIэ ар схъуэжын?» — «Сэлэт шырыкъу» усэм щыщщ. **7.** Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, а адыгэ усакIуэри, КIыщокъуэм ещхьу, фронтым кIуащ. **8.** «Адыгэ …» — Алим и усэ цIэрыIуэ. **11.** «ЩIэпхъуэжахэр» усэр мыпхуэдэу къыщIедзэ: «Къарэр бгъэлъэхъумэ, уи шы соку / Жьы щIихумэ, … хиудын?» **12.** «Дэ …, …, деуэу бийм». — «Салют» усэм щыщ сатыр. **13.** КIыщокъуэм и егъэджакIуэу илъытэ ЩоджэнцIыкIу

Алий и усэ цIэрыIуэ. **14.** УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм зи гугъу щищI нарт гъукIэ. **17.** КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэсищэ щрикъур махуэкIэ зытехуар. **18.** «... и гъуэгу» — КIыщокъуэм и усэ тхылъ. **24.** Алим и ... купщIафIэхэр Iэзэу зэпкъ-рызыха критик щэджащэ Сокъур Мусэрбий. **25.** КIыщокъуэм и псалъэхэр щIэлъу яусащ ... дахэ зыбжанэ. **27.** «Эмирым и ...» — тхакIуэм и роман. **28.** «Ухэт, сэ ... сыздэплъэфыр?» / — УIэгъэр хуэму къеупщIащ». — «ЗэкъуэшитI» усэ цIэрыIуэм щыщщ. **29.** Алим и усэ. Е Iэщэ лIэужьыгъуэ. **30.** «Хэт гъащIэр ... зылъытэр?» — КIыщокъуэм и усэ. **32.** «... пыIэ» — Хэку зауэшхуэм теухуа усэ. **33.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар псэхэлъхьэжщ. А псалъэм КIыщокъуэм и усэхэм куэдрэ ущрохьэлIэ. **34.** Алим и поэмэ. **36.** «... нэхъ псынщIэу, схузэфIэкIым, — / Мычэму си шыр согъэлъэхъу». — КIыщокъуэм и усэ цIэрыIуэм щыщщ. **37.** Алим зыхуэуса, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий и шынэхъыщIэр (ари Совет Союзым и ЛIыхъужьщ).

*Къехыу:* **1.** Къурш лъэныкъуэмкIэ кърихуу жьы щIыIэтыIэ. Е Алим и усэ. **2.** КIыщокъуэм и роман зыбжанэм хэт абрэдж щхьэмыгъазэ, шыдыгъу. **3.** Хэку зауэшхуэм теухуауэ тхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа романхэм хэт персонаж нэхъыщхьэхэм ящыщ ... Апчарэ. **4.** УсакIуэм и IэдакъэщIэкI зыбжанэм ущрохьэлIэ зэпымыууэ уэс зытелъ а бгым. **9.** ИлъэситI-щы зи ныбжь шыщIэ мыгъасэ. КIыщокъуэм и усэхэми куэдрэ къыхощ. **10.** Дыгъэр къыкъуэкIын ипэ уафэ лъащIэм къищI нэху. Е Алим и усэ. **15.** «Уэ, хьэжы, ... щыптIагъэ щхьэкIэ, уи гур Алыхьым хуэкъабзэкъым». — Астемыр йощ Инусым («Хъуэпсэгъуэ нур» романым щыщщ). **16.** КIыщокъуэ Алимрэ ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ зэдатха «Телъхьэ уанэр си шым» уэрэд цIэрыIуэр зыгъэзащIэ уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **19.** «Зы чысэм илъу тIуми ди псэр / Дэ зы илъэскъым къэдгъэщIар. / Ди зэшыныгъэм хэхъуэ фIэкIкIэ, / Зы ткIуэпс улIэхукIэ хэмыщIа». Мы сатырхэр КIыщокъуэм зыхуиуса щIэныгъэлI, усакIуэм и къуажэгъу. **20.** Адыгэ тхакIуэр ... куэдкIэ пэрытащ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ — СССР-м и Литературнэ фондым и тхьэмадэу щытащ. **21.** Алим и творчествэм увыпIэшхуэ щеубыд ... лъэхъэнэ лирикэм. **22.** КIыщокъуэм и «Ладонь для птиц» усэм макъамэ щIэзылъхьа адыгэ композитор. **23.** «УIэгъэу сэ стелъым сихьынущ, си ... , / Уэ псэууэ укъонэ — насыпыр мыгуэщщ». — Алим и «ЗэныбжьэгъуитI» усэ цIэрыIуэм щыщщ. **24.** КIыщокъуэм и усэ зыбжанэм макъамэ щIэзылъхьа уэрэдус, уэрэджыIакIуэ. **26.** «Хъуэпсэгъуэ нур» романым хэт бзылъхугъэ, Астемыр и щхьэгъусэ. **30.** «Бажэ ...» — Алим сабийхэм яхуитха псысэ-поэмэ. **31.** «Телъхьэ уанэр си шым» уэрэдыр япэу плёнкэм трезыгъэтха уэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **35.** МафIэм пхъэр иса нэужь, жьэражьэу къанэ сахуэ. Е Алим и усэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

---

**Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **1.** Баруди. **5.** Шапсыгъ. **8.** Псэ. **9.** Лашын. **10.** Къэшэж. **12.** Есэнокъуэ. **18.** Дзэмыхь. **20.** «ЛъыщIэж». **21.** Абрэдж. **22.** Лъэрыгъ. **30.** Дагъуэншэ. **31.** Угъурлы. **32.** Уанэгу. **33.** Фоч. **34.** Къайсэр. **35.** Бэджэнд.

*Къехыу:* **2.** Рушди. **3.** Дуней. **4.** Эсенч. **6.** Аркъэн. **7.** Сэшхуэ. **9.** Лабэ. **11.** Жанэ. **13.** УнэIут. **14.** Жэнэт. **15.** Бысым. **16.** Гъыбзэ. **17.** Нып. **19.** Хэку. **23.** БакIуу. **24.** Хъунэгу. **25.** Сэрей. **26.** «Адыгэ». **27.** Уэкъуоу. **28.** Мэунэ. **29.** ЖьантIэ.

**ӀУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00087 от 31.10.2013г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 06.08.14. Формат 70х108 $^1/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,7.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 2740 экз. Заказ № 150
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов